Ахмадов М.М., Алиева З.Л.-А.



# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

## 10 КЛАСС

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)
А85

**Дагахь латтаде!**

– хаттарш, тIедахкарш;
– текстана комментари;
– ешначух ойла е вай;
– произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай;
– вайн мотт кхиабе вай;
– культурийн диалог;
– билгалйинчу теманашна проекташ кхолла;
– гIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дар;
– шуна, хIума довза лууш.

А85 **Нохчийн литература.** 10 класс. Нохчийн Республикин юкъарадешаран учрежденешна дешаран пособи / ХIоттийнарш: Ахмадов М.М., Алиева З.Л.-А. – Соьлжа-ГIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2019. – 208 агIо.
ISBN 978-5-4314-0394-1

10-чу классан дешархошна лерина Iамат юкъайогIу 10–11-чуй классийн дешаран-методически комплектана. 10–11-чуй классийн керлачу программица а, Федеральни пачхьалкхан стандартаца а йогIуш хIоттийна ю.

Iаматца цхьаьна зорба тоьхна: «Нохчийн литература: нохчийн литература кхиорна лерина белхан тетрадь. 10 кл.», «10-чу классехь нохчийн литература хьехар. Хьехархочунна гIоьнна методически куьйгалла», «Нохчийн литературина лерина гергарчу хьесапехь белхан программа. 10 кл.»

ISBN 978-5-4314-0394-1
9 785431 403941

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)

© Ахмадов М.М., 2019
© Алиева З.Л.-А., 2019
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2019
Все права защищены

# НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕШАН МАХ

Хьомсара дешархо! Хьан ҡарахь ю юккъерчу дешаран школан 10-чу классана лерина Іамат.

Іаламат хала зама ю таханлерниг нохчийн маттана а, гIиллакх-оьздангаллина а. Царна тIаьхьарчу хенахь электронан хаамийн гIирсаша а, интернетан машано а беш болу тIеIаткъам алсамбаьлла. Церан кIоршамалла а, эхь цахетар а лакхадаьлла. Цара хIора денна жимйо къоман бакъйолчу синкультурин хила хьакъйолу меттиг. Вайн кегийрхошна шайн мотт а, гIиллакхаш а диццолуьйту. Шайн дайша сийлахь леринарг, царна бен ца хоьтуьйтуш, дайдо.

Цундела хIора нохчичо къастам бан беза хан ю хIара: вайна лаьий халкъо эзар шерашкахь Іалашбеш схьабеана тахана вайга кхаьчна мотт буьйцуш кхидIа а даха я ца лаьа? Нагахь лаахь, хIора денна къахьега деза, нохчий хилла дисархьама. Ша-шаха хIумма а нислур дац. Цуьнца доьзна вайн кегийрхошна тIехь ду Іаламат даккхий декхарш: тахана шайга кхаьчна мотт а, синкультура а Іалашъяр, шайл тIаьхьабогIучаьрга, цхьа а эшам боцуш, дIаялар. Цу тIехь вайн кегийрхошна гIо дийр ду школехь нохчийн литературин предмет хьехаро, Іаморо.

Вайн меттан дешнийн йозаллех лаьцна цхьа дийцар далор ду вай.

XIX бIешарахь, ткъе пхеа шарахь лаьттина Кавказан тIом дIабирзича, ламанан къаьмнийн дуккха а нах Хонкара, Туркойн махка дIабахара, паччахьан Іедална кIел совца ца лууш. Царна юкъахь бара нохчех пхи эзар доьзал а. Туркойн дозанал дехьабевлча, ламанхойн цхьана ханна эрначу арахь совца дезаш хилира, шайна цигарчу Іедало гуттаренна а даха меттиг билгалъяккхалц.

Цкъа кавказхой севцинчу туьшахула схьавогIучу цхьана туркойн Іедалан стеган тидам хилира, уллехь воккхачех цхьа а воцуш, вола-велла лелачу ши-кхо шо кхаьчначу кIентан. Юххерчу нахе цу кIантах дерг хаьттича, гучуделира, иза да-нана дIа а кхелхина, масех де хьалха байлахь висна хилар, дола дан цхьа а гергарниг а воцуш. Оцу хьаькамо и кIант шена дIавигира, шен бераш санна, хьоме хеташ, хьала а кхиий-ра. Дикка воккха хилча, оцу кIанта хаьттира ша кхобучу туркочуьнга шен бакъдолчу дех-ненах лаьцна. Къеначу туркочо дийцира, шена и мичахь карийна а, муха карийна а. Цо иштта элира:

– Суна, хьан да-нана мила хилла-м муххале а ца хаьа, ур-атталла хьо муьлхачу къомах ву а, ца хаьа.

ТӀаккха оцу кӀанта аьлла, шена хаа лаьа ша муьлхачу къомах ву, шена довза лаьа шен орамаш.

Туркочо аьлла:

– Бакъ ду иза, орамаш доцуш дитт ца лаьтта ирахь. Иза дакъало… Иштта оьшу хӀора стагана а шен орамаш. Со хьожур ву цу тӀехь хьуна гӀо дан. Хьо, суна карочу хенахь, мотт Ӏама волалуш вара. Хьайн даснанас буьйцуш хиллачу маттах цхьа а дош дагадогӀий хьуна?

– ДогӀу! – аьлла кӀанта. – Ши дош дагадогӀу суна: дех *дада* олура, ненах *нана* олура аса.

– И дешнаш-м дуккха а меттанашкахь ду. Уьш доцурш, кхин хӀун дешнаш догӀу хьуна дага?

– Кхин кхо дош дагадогӀу суна, – элира кӀанта. – *Хи, цӀе, сискал*… Церан маьӀнаш-м ца хаьа суна.

ТӀаккха, и къена турко хьалха а ваьлла, Кавказера баьхкинчу нахана тӀехӀитта волавелира и шиъ. Черкасий болчу а вахара, абазой болчу а вахара, лаьзгий, жӀай, абхазхой болчу а кхечира. Амма кху кӀанта дуьйцу дешнаш девзаш нах бацара царна юкъахь. Эххар а нохчий бехачу цхьана туьша кхечира и шиъ. Озаца довзийтира кӀанта шена жимчохь дуьйна дагахь дисна дешнаш.

Хазахетарх къегира туьшахь бехачу нохчийн яххьаш. Царах вокхачо элира:

– И дешнаш нохчийн меттан дешнаш ду. *Хи* молуш дерг ду, Дала догӀанца лаьтта доссош дерг а, ломах чууьдуш дерг а. *ЦӀе* – иза хӀора хӀусамехь дӀа ца йойтуш, нохчийн доьзалехь Ӏалашъеш ю, цуьнца хӀусам йохъеш я кхача кечбеш пайда оьцу. *Сискал* – иза хьаьжкӀийн ахьарх бина нохчийн кхача бу, иза малх санна горга хуьлу.

Самукъаделира оцу кӀентан а, и хьалакхиийнчу туркочун а: и шиъ шаьшшиммо лоьхучу Ӏалашоне кхаьчнера. Царна хиира, и кӀант нохчи хилар. ТӀаккха цигахь бевзинчу нехан гӀоьнца аьтто хилира кӀентан гергара нах бовза а, цуьнан орамаш билгалдаха а.

Оцу ширчу дийцаро гойту, мел деза, мел мехала ду нохчийн меттан хӀора а дош, мел чӀогӀа лардан деза уьш хӀора а нохчичо, кху дуьненан букъа тӀехь доь доцуш ца ван, шен орамаш довза. Шен дай баьхначу лаьттах а хаьдда, цхьацца бахьанашца хийрачу махкахь Ӏенваха дӀаваханчу стагана къаьсттана чӀогӀа хаа деза иза.

*Ахмадов Муса,*

Нохчийн Республикин халкъан яздархо



## АРСАНОВ Арсанбекан СаьIид-Бей

***(1889–1968)***

### Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Нохчийн исбаьхьаллин литература, къоман культура кхиорехь, Нохчийчохь йоза-дешар даржорехь XX бIешеран хьалхарчу эхехь Iаламат доккха гIуллакх дина Арсанов СаьIид-Бейс. Мехала ю цуьнан кхолларалла. Къоман литературехь йоккхачу эпически жанрехь чекхъяьлла йолу произведени – роман – дуьххьара Арсанов СаьIид-Бейс язйина.

Чолхе а, хала а хилла яздархочун дахаран, кхоллараллин некъ.

Арсанов СаьIид-Бей вина 1889-чу шеран 2 октябрехь Нохчийчохь, Жимчу АтагIахь, ахархочун Арсанбекан доьзалехь.

ЧIир тIеяр бахьана долуш юьртах вала дезна Арсанбекан. Шен доьзалца Владикавказе кхелхина а вахна, цигарчу дашший, детий доккхучу заводе балха хIоьттина иза.

1905-чу шарахь, Россехь белхалой меттахбевлла, революцин болам болабелча, цу юкъа вахна Арсанбек. Революцин боламехь дакъалацарна 1907-чу шарахь пачхаьхьан Iедало лаьцна Сибрех вахийтина иза.

СаьIид-Бейс Владикавказехь деашеран училище чекхъяьккхина. 1907-чу шарахь Баку-гIалахь цхьана гIишлошъяран организацин конторехь копировальщикан, чертежникан болх бина. Цул тIаьхьа Одессе а вахна, цигара электротехнически училище чекхъяьккхина, дешарца цхьаьна болх а беш. Юха цIа а вирзина, цхьана муьрехь Владикавказехь болх бина, «Терек» газетаца юххе-

ра уьйр а латтош. 1910-чу шарахь Петербургерчу политехнически институте деша вахна Арсанов СаьIид-Бей. Цигахь революционни ойла йолчу студенташца цхьаьнакхетта иза. Политически демонстрацешкахь дакъалацарна чувоьллина иза. Ши бутт чохь а баккхийтина, Вятски губерни ссылке хьажийна. Цигара вада аьтто а баьлла, Варшаве а, цул тIаьхьа дозанал дехьа Германи а кхаьчна иза. Цигахь цхьана машенаш ечу заводехь слесаран, монтеран белхаш бина цо. Студентийн гIаттамашкахь виллина дакъалоцуш хилла иза. Арахьа дуккха а хало, гIело лайна цо, амма дуьне а, адамаш а довзарехь мехала хан хилла иза яздархочунна. Хьалхара империалистически тIом болабелча, Россе юхавеана СаьIид-Бей. ЦIа вирзинчул тIаьхьа, 1917–1921-чуй шерашкахь, Иркутски университетехь дешна цо. Колчакан кIайчу эскаршна дуьхьал бинчу тIемашкахь дакъалоцуш а хилла иза.

1921-чу шарахь кхайкхина Нохчийчу схьавалийна Арсанов СаьIид-Бей, идеологически болх дIабахьарца доьзна гIуллакхаш тIедехкина цунна. Цо белхаш бина тайп-тайпанчу серлонан, бахаман, партийни учрежденешкахь. Доккха гIуллакх а дина Нохчийчохь йоза-дешар даржорехь.

Нохчийн дуьххьарлера газет арахецаран гIуллакх тIедиллина Арсанов СаьIид-Бейна. Корматалла вовшахтохараллин оьшу болх дIабахьа дезна. Цу тIехь цунна, Нохчийчу а веана, дика гIо дина хIетахь Ростовехь «Советский Юг» газетан редакцехь балхахь хиллачу Александр Фадеевс. Оьрсийн гоьваьллачу яздархочунна даггара баркалла аларца хьахийна СаьIид-Бейс и хан.

1923-чу шеран 23 апрелехь, иза редактор а волуш, араяьлла «Советская автономная Чечня» газетан дуьххьарлера номер. ТIаьхьо, «Серло» цIе а йолуш, нохчийн маттахь арахеца долийнчу цу газетан доккха маьIна хилла къоман литературий, культурий кхиорехь.

Цул тIаьхьа Москва балха дIавигна Арсанов СаьIид-Бей. Цхьана муьрехь Кремлерчу Оружейни палатехь Iилманан секретарь Iийна иза, тIаккха масех шарахь ВЦИК-ан Президиумехь Нохчийчоьнан векал а хилла.

ТкъолгӀа шераш чекхдовлуш Нохчийн областан партин органашкахь болх беш нохчий кӀезиг хилла. Дуьххьара Нохчийн обком ВКП(б) балха хӀоттийна веккъа цхьа нохчи – Авторханов Ӏабдурахьман, орготделан заведующи. Цо гӀайгӀабарца обкоме дӀаэца болийна нохчийн къомах болу белхахой. Иштта обком партин культпропотделан заведующи хӀоттийна Арсанов СаьӀид-Бей. Цу хьокъехь яздина шен дагалецамашкахь Авторханов Ӏабдурахьмана.

Партин ЦК-н тидамехь хилла лаккхара дешар а дешна, кӀорггера хаарш а, доьналла а долу Арсанов СаьӀид-Бей. Тайп-тайпана жоьпаллин гӀуллакхаш тӀедеххкина цунна. 1933-чу шарахь иза хьажийна Колыме, пачхьалкхан органашка балха. Цигахь шина шарахь райисполкоман председателан болх бина. 1935-чу шарахь Нохчийчу цӀа веача Нохч-ГӀалгӀайн меттан, историн Ӏилмананталламан институтан директор хӀоттийна. Цу даржехь волуш цо доккха гӀуллакх дина нохчийн, гӀалгӀайн метттанаш а, истори а Ӏилманца таллар вовшахтохарехь. Леррина тидам тӀебахийтина къоман барта кхолларалла гулъярна а, иза зорбанехь арахецарна а.

1937-чу шеран 3 октябрехь Арсанов СаьӀид-Бей НКВД-н белхахоша, лаьцна чу а воьллина, буржуазин националисташна гӀо деш хилла аьлла, бехке а вина, Сибрех вахийтина. ТӀаьхьа, яздархочун цхьа а тайпа бехк цахилар билгал а доккхуш, мукъа витина.

Нохчийн къам махкахдаьккхинчу шерашкахь (1944–1957) яздархочо Казахстанехь халкъан образованехь болх бина. Республика метта а хӀоттийна, цӀа дирзинчул тӀаьхьа, 1957-чу шарахь Нохч-ГӀалгӀайн республикин Яздархойн Союзан правленин председатель хаьржина иза. Цу даржехь болх бина цо 1959-чу шеран март баттахь пенсе ваххалц.

Арсанов СаьӀид-Бейн произведенеш дуьххьара зорбане евлла 1924-чу шарахь. Цу хенахь «Советский юг», «Известия» газетийн агӀонаш тӀехь кест-кеста арадийлина цуьнан дийцарш, очеркаш, статьяш. ТӀаьхьо Арсановн произведенеш арайийлина «Красная новь», «Народный учитель» журналаш тӀехь а.

Арсанов СаьIид-Бейн цIарца дозаделла ду къоман литературехь романан жанр кхоллаялар. 1930-чу шарахь «Революция и горец» журналан кхаа номерехь зорбане ййилина яздархочун йоккхачу эпически произведенин дакъош. Цул тIаьхьа цхьа шо даьлча нохчийн маттахь «Ши тIаьхье» роман араяьлла. 1930-чу шарахь зорбанехь араяьлла Бадуев СаьIидан «ПетIамат» чекхъяккхаза йисна роман а. Цу тайпана, Бадуев СаьIид санна, къоман литературехь романан жанр йолорхо ларалуш ву Арсанов СаьIид-Бей а. Билгалдаккха деза, Бадуев СаьIид юьззина чекхъяьлла роман язъян ца кхиънехь, Арсанов СаьIид-Бейс эпически йоккхачу форманан берриг а лехамашна жоп луш йолу роман нохчийн, гIалгIайн литературашкахь дуьххьара язйина хилар. «Маца девза доттагIалла» романан хьалхара вариант ларалуш ю «Ши тIаьхье». Турпалхойн васташ даржош, сюжетан зIенаш тIеюзуш, идейно-исбаьхьаллин чулацам кIаргбеш болх бина авторо шен произведенехь.

«Маца девза доттагIалла» роман араяьлла 1956-чу шарахь Алма-Атахь. XIX бIешо чекхдолучу – XX бIешо долалучу муьрехь Нохчийчоьнан юкъараллин дахаран социальни хьелаш гайтина романехь. Цу хенахьлерчу дахаран суьрташ эпически шуьйра а, кIорггера а дехкина. Тайп-тайпанчу географически меттигашкахь кхочушхуьлу гIуллакхаш, дуккха а исторически хиламаш бу романан чулацамехь. Къинхьегаман халкъо, тайп-тайпанчу къаьмнийн векалша паргIатонехьа латто къийсам гайтар ду романехь коьртаниг. Къаьмнашна юкъахь интернациональни доттагIалла кхолладаларан а, иза чIагIдаларан а хьелаш гайтина авторо.

Шина чкъурах бу романан турпалхой: Арсбий, цуьнан магIарера берший; Беной, цуьнан нийсархой. Царах хIора чкъор а шайн хенаца догIуш, шайн амалшца, лехамашца гайтина. Дегайовхонца кхоьллина Арсбин, Джабраилан, Джон, ТIатIашан, церан накъостийн васташ. Цаьргахула гайтина адамийн ойланехь хуьлуш болу хийцамаш. Дахаран, шайна гонаха гуш долчун социальни маьIна дан Iема уьш. Арсбин кхетам кхиарехь мехала яра цуьнан Ивашинца а, Ульяшеваца а хилла уьйраш. Романехь дикачарех ду

зударийн васташ: Хедижат, Селима, Ульяшева. Боккхачу деган лазамца, амма царах воккхаверца гайтина уьш авторо. Шатайпана хьежамаш бу авторан кегийрхошка: Бенога а, цуьнан накъосташка а. Сирла хиндерг царах доьзна лору авторо.

Яздархочо шуьйра пайда эцна шен романехь халкъан барта кхолларалех. Цунна кӀорггера евзаш хилла нохчийн фольклор. Цо гулйина, зорбанехь арахецна къоман барта кхоллараллин ши гулар. Шен къастамаш бу «Маца девза доттагӀалла» романехь халкъан барта произведенех пайдаэцаран. Фольклоран битамаша гӀо до авторна къоман ламасташ, гӀиллакхаш, оьздангалла йовзийта, адамийн ойланехь дерг гучудаккха, церан лаамаш, сатийсамаш гайта, халкъан дахаран къеггина долу суьрташ дахка. Джабраилан иллеш, Селимас шен шина йоӀана дуьйцу туьйранаш, хабарш романан хиламех, къасталур доцуш, дӀаийна ду. ДуххьалдӀа барта произведенеш текстана юкъаялорца кхачалуш яц романан барта кхоллараллица йолу уьйраш. Яздархочун идейни, исбаьхьаллин Ӏалашонаш кхочушъярехь шайн маьӀна ду церан. Романна цхьа шатайпа аьхналла а луш, йоьшуш волчунна исбаьхьаллин Ӏаткъам бан гӀо до цара.

«Маца девза доттагӀалла» романан шолгӀачу книги тӀехь болх беш хилла яздархо. ЦхьакӀеззиг долу дакъош зорбанехь ара а девлла. Схьахетарехь, революци хиллачул тӀаьхьа вайн махкахь керлачу дахарехьа къинхьегамца къийсам латтор гайта дагахь хилла яздархо романан шолгӀачу книги тӀехь. Амма шен Ӏалашо кхочушъян ца кхиъна иза.

Арсанов СаьӀид-Бейн «Серебристая улыбка» («Детех велакъажар») книгина зорба тоьхна 1965-чу шарахь. Ткъе иттех шо хьалха ша болх бинчу Колыма а вахна, хӀетахь ша лелла меттигаш гина, цигарчу адамашца цхьаьнакхетарш а хилла, цӀа веача, арахецна яздархочо и книга. Оцу мехкан буьрсачу хазаллех, цигарчу адамийн хьуьнарех дуьйцу яздархочо шен барамца йоккха йоцчу книги тӀерачу дийцаршкахь, очеркашкахь.

Арсанов СаьӀид-Бей гоьваьлла яздархо вара, цуьнан произведенеш, Нохчийчохь евзина ца Ӏаш, йоккхачу советски пачхьалкхехь

а евзаш, лоруш яра. Мехала хазна йиллина цо дукхакъаьмнийн литератури юкъа. Яздархочух, цуьнан кхоллараллех лаьцна алссам материалаш, статьяш арайийлина цӀеяхна девзаш долчу журналаш тӀехь («Дружба народов», «Дон», «Новый мир» кхечарна а), центральни газетийн агӀонаш тӀехь. Яздархочун «Маца девза доттагӀалла» роман маситтазза зорба тоьхна оьрсийн а, нохчийн а меттанашкахь Алма-Атахь, Москвахь, Соьлжа-ГӀалахь. Цуьнан дийцарш, очеркаш арайийлина дуккха а меттигашкахь, изданешкахь. Яздархо кхелхинчул тӀаьхьа, 1969-чу шарахь, араяьлла «О близком и далёком» цӀе а йолуш, коьрта долчу декъана зорба тохаза хиллачу произведенийн книга. Цу тӀехь дийцаршца, очеркашца цхьаьна зорба тоьхна дара «Маца девза доттагӀалла» романан шолгӀачу книгина яздархочо лерина хилла дакъош а. Кхузахь, цуьнан дукхахйолчу произведенешкахь санна, гӀиллакх-оьздангалла, къонахалла, доьналла долуш бу книгин турпалхой, масала, райисполкоман председатель Диас, заводан директор Бено, кхиберш а.

Оьрсийн маттахь язйина СаьӀид-Бейс шен произведенеш, амма чулацамца, идейно-исбаьхьаллин къастамашца нохчийн къоман литературин произведенеш ю уьш. Иза шен дахар, исбаьхьаллин похӀма къоман литература, культура кхиорна дӀаделлачарех ву.

Арсанов СаьӀид-Бейн дахаран некъ хедира 1968-чу шеран 12 июлехь, амма цо вайн литературехь йитина лар цкъа а йовр йолуш яц.

## РОМАНАХ КХЕТАМБАЛАР

*Роман* – иза исбаьхьаллин прозин уггар йоккха жанр ю. Романехь дахар шуьйра а, кӀорггера а гойту, дуккхачу турпалхойн амалш кхиаран хьелаш къастош, гӀуллакхаш, хиламаш шаьш кхиарехь бӀаьрла а дохуш. Романехь дуккха а турпалхой, дуккха а хиламаш, проблемаш хила йиш ю, авторан коьрта маьӀне Ӏалашо кхочушъеш.

Нохчийн литературехь романан жанрехь дуьххьарлера лехамаш беш къахьийгира Бадуев СаьӀида. Иза кхиира «ПетӀамат»

романан хьалхара дакъа яздан. Ткъа нохчийн литературехь дуьххьарлера роман язйинарг ву Арсанов СаьIид-Бей. 1930-чу шарахь «Революция и горец» журналан кхаа номерехь зорбане дехира яздархочун йоккхачу эпически произведенин дакъош. Цул тIаьхьа цхьа шо даьлча нохчийн маттахь «Ши тIаьхье» цIе а йолуш араелира и роман. «Маца девза доттагIалла» роман араяьлла 1956-чу шарахь оьрсийн маттахь. Исаева Марьяман «Ирсан орам» романан хьалхара книга араяьлла 1964-чу шарахь, ткъа романан шолгIа книга «Ирс кхоллархой» – 1970-чу шарахь.

Романан жанр кхиош къахьегна Мамакаев Мохьмада, Ошаев Халида, Айдамиров Абузара, Музаев Нурдина, Мусаев Мохьмада, Сулаев Мохьмада, Окуев Шимас, Ахмадов Мусас, кхечара а.

## «Маца девза доттагIалла» романан дIахIоттам

«Маца девза доттагIалла» роман зорбанера дуьххьара араяларх лаьцна иштта дийцира Арсанов СаьIид-Бейс ша къоначу яздархойн кхеташонехь динчу къамелехь:

«Роман язйина а ваьлла, тIаьххьара тIадам аса хIоттийна дукха шераш дара. Амма кхеташ долчу бахьанашна, нохчичо нохчех язйина произведени зорбане йоккхийла дацара. Цхьажимма вайнахана маршо яьлча, аса куьйгайоза Алма-Атара издательстве дIаделира. Редакторо ешна ваьлча ша хоуьйтур ду аьлла, со цIа вахара. Ала деза, редакторо дукха сиха ешнера иза. Цхьа кIира даьлча, цо со издательстве дIакхайкхира. Редакторо соьга элира: «Хьан роман боккхачу хьагамца йийшира аса. Иза зорба тоха хьакъдолуш ю, иштта произведенеш тхьога наггахь а ца кхочу. Амма цхьа дехар хир дара сан: романан турпалхой муьлххачу а къомах я хIирий хилийтахьара ахьа – шун гIиллакхаш, амалш цхьаьнайогIуш ма юй, тIаккха цхьа а дуьхьало хир яцара иза араяккха. Ткъа кху кепара…», – корта ластийра цо.

Тхойшиннан барт ца хилира. ШолгIачу Iуьйрана издательстве а вахна, сайн йозанаш схьа а эцна, цIа вахара со. Цул тIаьхьа иттех де даьлча и редактор ша веара со волчу цIа. «Схьаял хьайн

роман. Зорба тухур ю вай, – элира цо. – Аса сайна гечдийр дац, и роман зорбане ца яккхахь». Иштта нисделира 1956-чу шарахь «Маца девза доттагIалла» роман араялар. Нагахь санна цхьажимма кIадвелла-малвелла (ткъа шен книга зорба тоьхна ган массарна а ма лаьа), хIетахь редакторо бохучунна тIетевжинехьара, тахана муха хьожур вара со шун бIаьра?» – шен къамел чекхдаьккхира СаьIид-Бейс.

«Маца девза доттагIалла» роман еха а, чолхе а истори йолуш ю. Араяьлла книга дагалаьцначу романан цхьа дакъа бен дац. Яздархочо шена хьалха хIоттийнарг инзаре йоккха Iалашо хилла: XIX бIешеран 80-чу шерашкара дуьйна XX бIешеран 40-чу шерашка кхаччалц долу халкъан дахар гайтар. Хьалхарчу декъехь шайх буьйцу хиламаш 1887–1907-чу шерашкахь кхочушхуьлу. Россехь а, Нохчийчохь а бIешераш хийцалучу муьран дахаран шуьйра сурт хIоттийна яздархочо. ШолгIачу книгехь XX бIешарахь дерриг дуьненан а историехь лар йитинчу хиламашкахула чекхбаха дагахь хилла яздархо шен турпалхой – хьалхара дуьненан тIамехула, 1917-чу шеран революцешкахула, Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехула. Амма и дерриг а кхочушдан ца кхиъна СаьIид-Бей... Арсанов СаьIид-Бейн коьртачу тидамехь ду магIарерчу стеган дахар юкъараллица цуьнан йолу уьйр, Iоттабаккхамаш.

## «Маца девза доттагIалла» романан чулацам

Романан коьрта турпалхо Арсби велахь а, нийса хир ду оцу произведенин коьрта турпалхо къинхьегаман халкъ ду аьлча. Арсби ша ву оцу халкъан юкъара стаг. Цу заманахь нохчийн къомах хьакхалуш болу баккхий хиламаш Арсбин а, цуьнан доьзалан а кхолламца гайтина авторо.

Романан хьалхара дакъа долало XIX бIешо чекхдолуш Россин империн паччахь Александр III Нохчийчу варца. Паччахьан вайн махка вар къечу нахана зуламе доьрзу. Генара веза хьаша ган дагахь дуьхьалхьаьдда миска бежIу, тухий, вожаво. Ткъа паччахьан коврана некъ бита ца кхиъна йоккха стаг а, кхин цхьа бере а бердах

доьду. Цхьана диттан генах тасаелла, кхозуш йолу зуда дийна йисний хиъча, Мурад юьрта юхавоьду, орца даккха. Арсби а, цуьнан накъостий а сихонца орцахбовлу. Яздархочо оцу хиламехь къеггина гучуйоккху паччахьан ковранехь болчу хехойн амалш, суртсибаташ. Цхьаннан а бала ца кхочу шаьш бахьанехь бердах яханчу йоккхачу стеган, цхьа Мурад воцчун. Орцана кхайкхича нохчийн гIиллакххехь дац бахьанаш хетта, хIун хилла бохуш. Арсановс шен романехь и гIиллакх дика гайтина. Арсби а, цуьнан накъостий а, бохам хиллачу берда йисте а боьлхий, бердах яхна декъаза йоккха стаг хьалаяккха хIуьтту. Ша уггар жима хиларе терра, Арсбис шена тIелоцу и гIуллакх. Шен гIодах муш хьарчабойтий, муьшан юьхьиг шен накъосташка дIа а лой, бердах чувуссу иза. Йоккха стагана тIе а кхаьчна, иза шегахьа ерзийча, цунна евза шен нана Хадижат.

Кхерамо Iадийна, ша схьалаьцна га дIахеца ца туьгу Хадижат. Арсбис шен шаьлтанца хададо и га. Иштта бохамах хьалхайоккху цо шен нана. Оцу хиламо дагадоуьйту къоначу Арсбина, мел сийлахь-деза ду адаман дахар, къаьсттана шен гергарчу стеган дахар. Ма экаме, лераме хила деза цуьнца.

Арсанов СаьIид-Бейс цу масаллица гойту, стеган дахаре диллича, мел мах боцуш ду дуьненан хьал, даржаш, паччахьалла, адамийн дахаре кхочуш хIумма а цахилар.

Романехь авторо гайтина нохчийн юкъараллехь социальни декъадаларан процесс йолаелла хилар. Цхьатера дац адамаш шайн хьал-бахамца а, оьздангаллин хьежамашца а. Хьал долчу нахана юкъахь бу юьртан урхаллин хьаькам Хьаьжбекар, совдегарш Бакар, Хьамзат, говрийн реманийн да Туган, даьхнийн да ИбрахIим. Къехойн тобанехь бу ахархой Арсби, цуьнан доттагIий Джо, ТIатIаш, илланча Джабраил, БатIал. Оцу тобан юкъахь бу баккхийчарех волу халкъа юкъахь дикчу агIор цIе йоккху Джанхот, Арсбин нана Хадижат.

«Маца девза доттагIалла» роман автобиографични хиларан тоьшалла ду авторо дуьйцург даггара а, дахаран тайп-тайпана агIонаш гойтуш а хилар. Яздархочо ша даре дина Арсбин васт шен

ден Арсбекана тӀера кхоьллина хилар, ткъа Бенон вастехь гойтург автор ша хилар.

Вайн къоман бакъйолу амалш гойтуш ду БуритӀехь нохчийн векалийн Россин паччахьца Александр III хилла цхьаьнакхетар. Къаьсттана шена тӀе тидам бохуьйту воккхачу стага Жанхота:

«Жанхота, шен можах масех беха чо а боккхий, туьран ирачу дитта тӀе а лоций, хӀуп олу. Цуьнан пӀелгаш юккъехь кхо юьхьиг юьсу, детин хьаса санна долу хадийна кхо дакъа лаьтта охьадужу.

Инарла Орца, куьйга мекхаш хьийзош, маж а шаръеш, цкъа паччахье хьожуш, тӀаккха Жанхоте хьожуш, лаьтта: «шен» ламанхочух дозалла до цо.

«СовгӀатана ши гомаш лур ю аса цунна», – сацийра цо дагахь, амма оцу сохьтта шен комаьрша ойла йицъелира цунна.

Жанхота, ойла а йой, къамкъарг екош, дехха дуьйцу: цкъа соцуш, цхьанхьа цӀаьнкъа а хьоьжуш, цӀаьнкъара коре, генна ара а хьоьжуш… ТӀаккха, шен пӀелгаш а сеттош, юха а дӀадоладо цо. ТӀаьххьара а, Орце а хьожий, соцу иза.

Цо, мелла а даццеш, воккхачу стеган къамел гочдо:

«…ХӀара тур кхузткъа шарахь сан ден дас лелийна. Цул тӀаьхьа, шовзткъа шо даьлча, цо сан дега аьлла: «Вайн цӀийнан тӀаьхьенах хьо шуьйтталгӀа ву»… Со, иштта, кхойтталгӀа ву… Тхан борхӀалгӀачу дена борза бухахь карийна хӀара, башхачу болатан гӀаманах дина тур ду хӀара… «КӀенташка, кӀентан кӀенташка лолаш хӀара, – баьхна цо, – вайн хӀу кхачадаллалц ларделаш хӀара»… Со тхайн цӀийнан тӀаьхьенах тӀаьххьарниг ву. Сол тӀаьхьавуьсуш цхьа а вац… Наггахь бен хуьлуш йоцу хӀума хьомечу, уггар а хьомечу хьешана яла лаьа суна».

Паччахье тур дӀа а кховдош, Жанхота оьрсийн маттахь элира:

– Поджалист!

Паччахьо, ира а хӀоьттина, тур схьаийцира. Цуьнан бесачу бӀаьргаш чохь серло къегира, шуьйра балдаш делакъежира: хӀуьхӀуъа хьовха, герззий, тӀеман гӀирссий дага а доьхна бара берриг а РомановгӀар, тӀеман хьуьнарца гӀараваьллачу, шайн цӀийнах вол-

чу Петран Хьалхарчун верасаш шаьш лоруш. ТІаккха тур кІанте дІаделира цо, ткъа цо, хьажа а хьаьжна, паччахьан дежурни адъютанте дІаделира».

Жанхота паччахьна дина совгІат шен символан маьІна долуш ду. Цуьнан маьІна иштта ду: паччахьна делла шен дайх дисна тур дерриг а нохчийн къоман бІахаллин, турпалаллин историн маьІне хьаьрк хуьлий дІахІутту романехь. И совгІат даларца Жанхота нохчийн халкъан цІарх дуьненахь а нуьцкъалчу империн паччахье машар кховдабо. Оьрсийн эскаршца хиллачу тІемашкахь берриг а гергара нах, доьзалш хІаллакьхиллачу Жанхота ша дечу совгІатца гойту, тІемаш дІа а берзийна, лулахошца машарехь даха вайн къоман ондда лаам хилар.

Литературоведо Минкаилов Эльбруса иштта яздо: «ТІаьххьарчу шерашкахь историга хьажар хийцаделла дела, и роман, кхийолу исторически романаш а санна, юхаеша а, керлачу кепара тида а езаш ю. Хетарехь, леррина тидам тІебахийта беза хьалха башха хьахийна а йоцчу проблемина – романан автобиографизмана, хІунда аьлча оцу романехь а, кхечу произведенешкахь а яздархочо шен а, шен гергарчийн а кхолламех дуьйцу дела. Наггахь волчу нохчийн яздархочун бен, къаьсттана прозаикан, ца хуьлу иштта произведенеш. Арсанов СаьІид-Бейн цу кепара нисдалар, цуьнан дахар дуккха а хиламех дуьзна а, иза ша, оцу хиламийн теш хилла а ца Іаш, жигара дакъалацархо а хиларна ду. Цундела и зама йовза а, яздархо вовза а лууучо цуьнан книгаш еша еза...»

Фадеев Александра билгал ма-даккхара, шен харц-экзотика (тІех дестийна) йоцуш, нохчийн, иштта кхечу ламанхойн а амалш, гІиллакхаш, кхетам, дуьнене хьежамаш ма-барра гойту романехь, хуьлда уьш (ламанхой) Кавказехь я Россехь. ХІетахьлера (XIX бІешеран чаккхе – XX бІешеран юьхь) политикин, экономикин, социальни хьелаш шаьш ма-хиллара гайтарехь нуьцкъала ю романан сюжет. Іаламат боккха кхиам бу ламанхошна (ма-дарра аьлча, нохчашна) юкъахь къехойн а, хьолахойн а классаш кхиар гайтар, царна юкъарчу Іоттабаккхамийн бахьанаш а, церан тІаьхье бохаме ерзар а гайта Арсановн ницкъкхачар.

## «Маца девза доттагIалла» романан исбаьхьаллин башхалла

Литературоведо Бурчаев Хьаьлима «Маца девза доттагIалла» романах йолчу шен статьях, иштта яздо:

«Юьззина халкъан хилла «Маца девза доттагIалла» роман дIахIоттаран коьртачу бахьанех цхьаъ ду авторо цу тIехь халкъан барта кхолларалех Iаламат говза, шен-шен меттехь пайдаэцар. Нохчийн юьртан, цигара бахархойн дахар, сатийсамаш, лехамаш бовзийтарехь онда, тешаме тIетовжийлаш ю Арсановна шен романехь ламанхойн иллешший, туьйранашший, шира дийцаршший, кицанашший. И иштта кхочуш ца динехь, цуьнан ницкъ кхочур бацара ша шена хьалха хIоттийнчу Iалашоне – шен халкъан баккъал а долу дахар гайтаре – кхача. Муьлхха а халкъан эс, сатийсамаш, дуьнене хьежамаш, ятх-юьхь а, гIиллакх-оьздангалла а цуьнан барта кхолларалехь гуш ма ю. Масала, нохчийн юьртахь дезчу денна вовшахкхетарехь илланчо Жабраила майрачу Дуин Iумин кIентан – Дадин – илли алар. Авторо шен романан юьххьехь дуьйна гойту халкъан лаам – сел къиза кочадеана паччахьан Iедалан дукъ шайн белшаш тIера охьакхоссар. Оцу тIехь меттигера хьолахойн, къехойн дуьхь-дуьхьал латтар шен ираллe бирзина мур хилар гойту цо. Цу тIехь халкъан илланчин – меттан говзанчин – доккха маьIна хилар а шера гойту. Халкъан илли, оцу халкъан дахар санна, хала, чIогIа хала кхоллалуш хилар гайтарехь-дийцарехь лаккхарчу синхаамашка дIавоьду, церан йийсархо хуьлу хIокху романан автор. Кхузахь юха а къеггина гучудолу Арсанов СаьIид-Бейн похIмалла – адамийн психика (синхаамаш, амалш, синмехаллаш, синлехамаш) гайтар: «Хала кхоллало илли, атта дац и шен даг чохь хаадала. Даго хьехна долчу керлачу иллина оьшу дешнаш стигалара охьаоьгуш дац, цхьа бахьана доцуш кхоллалуш а дац. Уьш дерриг дуьненахула дIасадаржийна ду – дIасадаржийна тайп-тайпана: хаза а, маьттаза а, бакъдерш а, мекарнаш а. Уьш леха деза, схьахоьржуш, гулдеш, накхармозаша зезагашна тIера лахьо дургал санна».

Нохчийчоьнан Іаламан охІланча, баккъал а аьлча, илланча хилла, ала догІу Арсановх: «Сатосучу хенахь баьццара бос эцначу стигалхула партала нека дора мархаша. ХІинца уьш лаьмнийн баххьашна тІе хІитти, берда̇йисте хІордкеманаш санна, даккъийн баххьех хьаьрчи, уьш юькъачу дахкарлахь къайладехи: ира дукъ хила а хиллий-те аьлла, хетало. Мох айабелира – цкъа дуьххьара байн, аьхна. ТІаккха и, стенна делахь а, сакх хуьлу, эххар а шакарца хьуьнехьа дІахаххкало. Хьун карзахъелира, цуьнан нуьцкъалло техко йолийра, ткъа мох-м хІинцале а севцца лаьттачу мархашна тІе кхечира, уьш, этІош, дІасакххийсира – тІаккха юха а дерриг а дІатийра. Юха эххар а схьаІенира зІенарш, цІен бос ийцира ламанан даккъаша, лепа дуьйлира хиш. Йистйоцу аренаш, ардаш гучудевлира. БІаьрго мел кІезиг долу хІума а схьалоцуш, цІинделира хІаваъ: кхузахь тхишалахь къега буц, ткъа дІогахь цу юккъера зезагаш а схьакъеда…» ХІара нохчийн ломара Іуьйре ю, кхузахь оцу муъран сурт гуш дацахь а, яздархочо ма-хиллара вайн бІаьргашна хьалха-м хІоттадо и шен говзачу маттаца.

Ткъа хІара ломара суьйре ю: «Бутт схьакхетталц цхьабосса, къегина догура седарчий. Амма даккъашна тІехула хьалабели дашо марс, лаьмнийн баххьаш тІе серло Іенош, и баххьаш тера ду эмкалийн баккъех, серло Іена даккъийн месалчу кортошна, аренашна тІе. Седарчийн оцу сохьта бос байра: уьш кхин ца лепара, къайлаха, вовшашка догдохуш санна, гІийла бІаьргаш теІабора цара вовшашка.

Амма малхбузехьара, хІордкеманан гатанаш санна, севсина, Іаьржа мархаш тІетаттаелира, бодано шена чухьарчийра дерриг а: лепа стигал, ира даккъаш, боккха бен санна, ламанан басех дІалетта юрт а».

Билгалдаккха догІу, кхечу меттигашкара я мехкашкара Іалам дийцарехь Арсанов СаьІид-Бейн хІокху романехь, ишттa кхечу произведенешкахь а, оццул лакхарчу синъайаман, синшовкъан локхаллица, йовхонца ца дека авторан дешнаш.

Шен турпалхойн синхаамашкахула, ойланашкахула, церан хаддаза лехамехь хиларехула лоьху авторо роман язъеш ша шена

хьалха хIиттийнчу хаттаршна жоьпаш, уьш кара а до цунна, хIунда аьлча иза ша а ма хилла дахаран халонаш хьегна, шен кхолламан атта боцчу некъан доккха зеделларг долуш, шена дуккха а мехкаш а, халкъаш а девзина хиларна. «Юьрто паздар дIадаьхьна майда яссаелча, вовшашка цабезамах буьзна нах маьркIаж-боданца дIаса-боьхча, Жабраил цигахь висира. Вехха лаьттира и ножан гIода тIе а тевжина, цхьанхьа шен хьажар а доьгIна. Самукъане яцара цуьнан коьрте хьийза ойланаш.

ХIокху дуьненахь иштта хIунда ду? Дика а, вон а – и шиъ хIунда ду адаман аганна тIера лахьти тIе кхаччалц цуьнан хаддаза некъахо? И шиъ ший а, вовшах ца къаьсташ, тIаьхьахIоьттина лела цунна, шаьшшиннах цхьаъ доцуш дахар а дац цушиннан, шайна юкъахь даим мостагIалла делахь а, вовшашна неIалташ цара бахарх а». Уьш доцуш дуьне хуьлийла а дуй-те? Цкъа мацца а иштта дIаала хьекъалча вер а вуй-те: «ХIан-хIа, нийса ца деха шу, адамаш! Дуьне кхечу кепара хила деза!»

Ткъа дика а, вон а адаман куьйгаший, ойланаший кхуллуш ма ду. Жабраила дIакъовлур бу вонна некъ, маршо лур ю диканна. Халкъан илланча халкъан эхь-бехк ма ду! Ткъа эхь-бехко вонан агIо лоцур бац!

«Маца девза доттагIалла» романан турпалхой, хуьлда уьш ламанхой я кхиберш, ешархочун дагахь лаьтташ бу хIора а. Цуьнан къайле лехар хала хIума а дац: уьш, берриг бохург санна, авторна шена бевзина, зебелла нах бу, коьрта турпалхойх ша цхьаъ а волуш. ХIара роман дукхахдолчу тIехь АрсановгIеран доьзалан декъазчу кхолламан буха тIехь язйина ю. Адамийн дахар (Къилбседа Кавказера, Россера, Европера халкъийн дахар) шен шина бIаьрга гина, девзина, церан Iоттабаккхамийн дуьнене кхиъна, царна маршой, паргIатой, нийсой хьакъхиларх тешна, и кхочушдан лиъна стаг ву Арсанов СаьIид-Бей. Цундела ду цуьнан романехь мел дерг ешархо дика кхеташ, цуьнан дагна гергара. Цу тIе, муьлхха а хиламан бахьана довзийтарна тIера бен рогIерчу хиламна тIе а ца воьрзу автор вай юьйцучу романехь.

## Арсбин васт

Арсби бакъволчу къонахчун амалш йолуш турпалхо ву. Уггар хьалха иза ненан дика кIант ву, къинхетаме а, догцIена а. Шен нанна цатам ца хилийта, шен бохамаш а, шена хилла халахетарш а, боцу аьтто а лечкъабо кIанта.

Нохчийн гIиллакх-оьздангаллехь вехачу стеган ма-хиллара, Арсби доттагIалла деза хеташ, лело хууш стаг ву. Балхахь воцуш йолу хан ерриг а шен доттагIашца дIахьо цо. Цунна дукхабеза шен доттагIий, сий а до церан. ДоттагIашна иза а веза иштта дукха. Иза массарел жима хиларе терра, шатайпа юкъаметтиг ю доттагIийн Арсбица, шайн жимахволчу веши санна дола до цара цуьнан. Царна иза дукхавеза, цуьнан цIена амалш бахьана долуш, ткъа цунна уьш карабо оьшучу хенахь. Арсбин, Селимин безам кхоллабеллийла шайна хиъча, доттагIаша вовшахтуху и шиъ. ГIо до царна керла доьзал кхолла аьтто хилийта чохь Iен хIусам ян а. Арсби муьлххачу а стагана орцахвала кийча ву, бердах яханчу йоккхачу стагана орцахволу иза, иза шен нана юйла а ца хууш. Иштта каде а, майра а, тIахъаьлла а ву. Иза гучудолу юьртахь дIахьочу паччахь Нохчийчу варна леринчу даздаршкахь. Цигахь тоьллачу берешна юкъахь говраш хоккучохь толам боккху цо. Арсби мискачу нахаца къинхетаме хилар къеггина гучудолу воккхачу стеган ТIунтIин карах стаг велча:

«ТIунтIа сецира:

– Арсби, – элира цо, – аса вийначу стагана дуьхьал вуьйр ву со. Вен лууш ца вийна аса иза. Гуш а вацара суна иза. Топ ирх а ерзийна кхоьссира аса, амма иза муха кхетта, суна сайна а ца хаьа. Доьзал дукха бу сан, дуьхьалдIа сан диъ бер тоьур ду, кхин хIумма а ца хилча а. Со хIинца жима а вац... Бераш а эцна, къайла мичахь вер ву со? Аса доьху хьоьга, мостагIалла хьайна тIе а эций, тхо маьршадахар.

Воккхачу ТIунтIас дехар дира, Арсбис иза кхочуш а дира: оцу кепара дина дехар кхочуш ца дича ца долуш Iедал дара нохчийн. Кхин цкъа а вовшашна гур а воцуш, дIасакъаьстира и шиъ».

### *Хаттарш, тIедахкарш*

1. Муьлхачу историн хиламца дIайолалуш ю роман «Маца девза доттагIалла»?

2. ХIун Iалашо йолуш вогIу паччахьан кIант Николай Александрович Нохчийчу?

3. ХIун кечамаш бо паччахьан кIант тIеэца нохчийн хьоладайша а, совдегарша а?

4. ХIун бохамаш хуьлу новкъахь паччахьан кIантана дуьхьалбоьлхучу нехан бехкенна?

5. Мила волу бердах яханчу зудчунна орцах?

6. Муха нисло бердах яхна зуда кIелхьаръяккхар?

7. Муха гойту шаьш нохчаша БуритIе паччахь волчу бахча?

8. ХIун совгIат до Жанхота паччахьна? ХIун маьIна ду билггал и совгIат даларан?

9. Дийца Жанхотан амалх лаций.

10. Коьртачу турпалхочун Арсбин васт даста.

11. Арсбин, цуьнан доттагIийн Джон, ТIатIашан, Жабраилан гергарлонах дийца.

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Нохчийн барта кхолламаллех муха пайда эцна авторо шен романехь?

2. ХIун маьIна леладо Джабраила олучу иллеша турпалхойн васт кхуллуш, романан сюжет кхиош?

3. Билгалдаха романехь далийна киcанаш, дустарш.

4. Муха гайтина романехь турпалхойн сурт-сибаташ, церан духарш? Масалш даладе.

5. ХIун маьIна леладо романехь Iаламан суьрташа?

### *ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай*

1. Муха гайтина романехь коьртачу турпалхойн доттагIалла?

2. Нохчийн къоман гIиллакх-оьздангалла муха гучуйолу турпалхойн амалшкахь?

3. Муха гайтина романехь Арсбин ненаца йолу лераме юкъаметтигаш?

4. Нохчийн синкъераман куц-кеп, кегийрхойн къовсамаш муха гайтина романехь?

5. ХIун маьIна леладо говраца хьуьнарш гойтуш хиллачу нохчийн ширчу къовсамо (берда йистехь говр сацор, кхидолчу а)?

6. Керла кхоллабеллачу доьзална хIусам яран гIиллакх – белхи – муха гайтина романехь?

7. Динца долу хIума дихкина долчу заманахь язйинчу шен говзарехь коьрта турпалхо Арсби Дала тIедеххина долу парзаш кхочушдеш гойту яздархочо. Схьакарае цунах лаьцна дуьйцу меттигаш.

8. Амалан хIун башхалла билгалйоккхуш ду, нехан чIир шена тIе а лаьцна, Арсби цIеравалар?

### *Ешначух ойла е вай*

1. Хьалха заманахь йоI, кIант хин йистехь, синкъерамехь я белхехь девзаш хилла. Романехь гайтинчу синкъерамехь довзар хуьлу Арсбин, Селимин. Ойла е, хIун башхалла ю таханлерчу синкъераман, хIетахьлерчуьнца бустуш дийцича.

2. Романехь гойтучу синкъерамехь кегийрхойн хIун гIиллакхаш бIаьрладовлу?

3. Шуна хетарехь, таханлерчу заманахь хIун хийцамаш хилла оцу гIиллакхашкахь? Масалш а далош, дийца.

### *Проект*

«XIX бIешо чекхдолуш, XX бIешо доладуш Нохчийчохь даьхначу адамийн дахаран башхаллаш» темина лерина доклад кечъе, историн хиламаш тидаме а оьцуш.



## МАМАКАЕВ Іамин Мохьмад

*(1910–1973)*

### Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Къонахчун некъ
Къаьхьа безам бу.
Хьанала сий даккха атта дац.
Кхета со,
Хало лан хала ду.
Делахь а, стаг хила веза стаг!

Мамакаев Мохьмада шен ткъе цхьаъ шо долуш яздина и лакхахь далийна дешнаш. Къонахчун некъ хаьржина цо, халонех, харцонех чекхваьлла иза, цу новкъара юха ца волуш. Мамакаев Мохьмад халкъан дика а, вон а дІалистар шен декхар лоручу нахах хилла. Дукха жимчохь и декхар, и деза дукъ шена тІехь дуйла хиъна цунна. Бексултанов Мусас шен Мамакаев Мохьмадах йолчу эссехь иштта яздо: «Къонахчун Іожалла даим ю-кх хеназа… Иза нохчех дуьххьарлера поэт а ву, шен заманахьлерчу поэзица къоман амалх дІа а ийна, поэт а волуш, къонах висна: ша къонах а, юха ша – поэт а хилла, ваха йиш йолуш. Суна иза бІешерашкахь вуьсур вуйла хаьа, тахана вайна санна волу Мамакаев Мохьмад а хилла…»

Мамакаев Мохьмад вина 1910-чу шеран 16 декабрехь ТІехьа-МартантІехь. Шен ворхІ шо долуш дех-ненах ваьлла, байлахь висна жима Мохьмад. Гергарчу наха а, Іедало а терго йина кІентан. Иза дІаэцна Асламбековски берийн цІийне (хІинца – Серноводск),

цигахь дешна юьхьанцарчу школехь. Юккъера школа чекхъяьккхина Соьлжа-ГӀалахь. «Со вина де», «Ненаца дина къамел» поэмаш тӀехь дийцина яздархочо шен бераллех, дешаран шерех. Шен пхийтта шо кхаьчча дуьйна язъян волавелла Мамакаев Мохьмад.

Школа чекхъяьккхинчул тӀаьхьа, 1926-чу шарахь, Москва Малхбалехьарчу къинхьегамхойн коммунистически университете деша вахийтина Мохьмад. Шен вуьрхӀитта шо долуш нохчийн яздархошца Исаева Марьямаца, Эльдарханов Ӏисаца цхьаьна цо дакъалаьцна нохчийн маттахь литературин журнал арахецар вовшахтухуш. «Латта» журнал арахеца долийна 1927-чу шарахь.

Мамакаев Мохьмад «керла зама» кхуллучу хенахь юьххьехь лаьттина ву. Иза тешна хилла советан Ӏедал вайн халкъана беркате хир ду бохучух, хӀунда аьлча цу Ӏедало дӀакхайкхош йолу идеологи мискачу нехан хьашташка хьаьжжина хилла. Нохчийчохь чӀагӀлучу Советан Ӏедална йоза-дешар хууш нах оьшуш хилла. 1926–1938-чуй шерашкахь лакхенга боьдуш хилла Мамакаевн некъ. Москвахь деша а дешна, лаккхарчу даржашкахь болх а бина цо: 1930-чу шарахь Хьалха-Мартанан ВКП(б)-н Окружной комитетан секретарь хаьржина иза. 1931–1934 шш. – «Грозненский рабочий» газетан коьртачу редакторан заместитель, ВКП (б)-н Нохчийн обкоман школийн, Ӏилманан декъан куьйгалхо, Нохчийн меттан, литературин, историн Ӏилманан-талламан институтан директор. 1934-чу шарахь Нохчийн областан прокурор хӀоттийна Мамакаев Мохьмад. Яздархочо Кагерманов Доккас иштта яздо цунах болчу шен дагалецамашкахь: «Харцоно гӀелвина, гӀелонан гӀайгӀано дуккха а зийна вара Мамакаев Мохьмад, къаьсттана Нохч-ГӀалгӀайн республикин прокурор ша волчу хенахь. Харцонах бакъо еш, бакъонах харцо еш, Советийн Ӏедал чӀагӀлуш латтар гуш вара прокурор. Чекистийн къизаллин бала ловш дара вайнехан халкъ. Бехк-гуьнахь доцу маьрша нах, харццӀерш кхуллуш, лоьцура. Соьлжа-ГӀалин набахтеш юзуш лаьттара, кхузарнаш хьовха, Дона-тӀерачу-Ростован набахтешка дӀа а хьийсош, цигарчу жоьжахатешкахь Ӏазап дора вайнахана.

ХӀетахь Дела воцчу охӀлано бале лецначу тутмаккхех цхьаммо яьккхинчу гӀайгӀанечу назманан мукъам бара цхьанхьара, набахтин

буточу пенаш юккъера, борзанан неIаршна тIехьара, чекистийн-чалтачийн бертаза арабуьйлуш:

Мел йогIу суьйренаш тхан дуьхьа йоьлхийла,
ЙогIучу Iуьйрана тхо Деле доьхийла,
Ва беза безамаш тхан къина боьлхийла,
Делан кхел хилла-те, хIай динан вежарий?..

Мамакаев Мохьмад-прокурор Соьлжа-ГIалин набахтешкахула шен даржан бакъонца волавелира харцой, бакъой къасто, бехк-гуьнахь доцуш лецна нах маьршабаха. ХIокхо хIора тутмакхе хоттура:

– Хьо хIун бехк болуш лаьцна?

Тутмакхо, шалхо-шеко йоцуш, жоп лора:

– Далла а, нахана а хьалха соьгара даьлла бехкаме а, зуламе а цхьа а тайпа хIума ма дацара, хIетта…

Мохьмад юристийн формица, петлицашца, кечвелла вахна вацара набахтешкахула, камершна чухула лелаш, цо, тутмакхашкара хаттаршца латкъамаш оьцуш, талламаш бечу хенахь. Набахтийн чалтачаш цецбовлура республикин прокурор хиларан тоьшалла Мамакаев Мохьмада, шена тIерачу тужуркин кисанара хьаладаьккхина, дIагайтича.

Ша бинчу талламехь, бехк цахилар чIагIдина, дуккха а нах набахтешкара арахецийтира Мохьмада. Цунна хаьара, ша дийриг хIун ду, Москван-Кремлан коьртачу хьаькамаша, чоьхьарчу гIуллакхийн комиссариатан баьччанашна товр доцийла а, прокуроран даржах ша вохор вуйла а, вохийна а ца вуьтуш, уггар ирча «халкъан мостагI» цIе шена туьллур юйла а. Амма Мамакаев Мохьмадна ца лаьара, бехк боцуш лаьцна, набахтийн Iазап ловш вайнехан цхьа стаг а волуш, ког хецна дIавижа. Лакхарчу даржах Iеха а велла, Делан а, нехан а къа шех хьарчаран дагахьбалламан эхь-бехко ша вагор ловр долуш къонах вацара иза – прокурор.

Мохьмадан даго хьоьхург, гIайгIано туьдург, декхаделла гIан санна, хьалхахIоьттира цунна. «Соьлжа-ГIалин набахтешкара берриг а тутмакхаш арахецна ваьлла Мамакаев!» – аьлла, Москвага динчу арзана орца кхечира Соьлжа-ГIалин прокуратуре.

Москван векалан, Нохч-ГIалгIайн АССР-н прокуроран Мамакаев Мохьмадан шога къамел хилира:

– Прокурор Мамакаев, – элира хьешо-векало, – дукха лоцийтехьа ахьа хьайна тIе?

– Сайн бакъонехь долчул сов хIумма а ца лоцу аса сайна тIе, – майрра жоп делира Мохьмада.

Дол-долуш, къамел девне делира, долалучу юьххьехь дуьйна а ира доладелла долу. Мохьмада Москван векална шен кабинет чохь стоьла тIехь льатта шекъанан гIирс тIеластийра. Цунна, иза дIатаIа кхиар бахьанехь, шекъанан тIадамаш бен ца кхеташ, дисира… Мохьмадан къонахаллина, бакъонна дуьхьал берш – советски чекисташ – дукха хиларе терра, цара харцтолам баькккхира. Мохьмад прокуроран даржера вохийра…»

1934–1936-чуй шерашкахь цо чекхъяькккхина ВКП (б) ЦК-хь йолу партийни белхалойн Лакхара школа. Цхьана хенахь «Грозхимстройн» хьаькаман гIовс льаттина иза, юха а – ВКП (Б)-н Нохч-ГIалгIайн обкоман дешаран а, Iилманан а декъан куьйгалхо, тIаьххьара а «Ленинан некъ» газетан коьрта редактор хIоттийна. Оцу балхахь волуш дуьххьара лаьцна иза 1938-чу шарахь. 1940-чу шеран 19–25 мартехь дов хьттина цуьнан (цуьнца цхьаьна цхьамогIа нохчийн, гIалгIайн интеллигенцин векалийн а – Яндаров Хьамидан, Висаитов Ахьмадан, Мациев Ахьмадан, Сальмурзаев Мохьмадан, Авторханов Iабдурахьманан, Льянов Мустафан, Мальсагов Дошлакъан, Ведзижев ГIазмохьмадан) НГIАССР-н Лакхарчу Кхелехь, уьш берриш паргIат а баьхна.

Мохьмад бехкевеш хилла газетехь зорба тоьхна СССР-н Конституци нохчийн матте йоккхуш гIалаташ довлийтарна, амма «… и цхьацца корректорийн, зорбанан белхахойн бехк болуш нисдалар а, Мамакаевс… рогIерчу газетийн номершкахь оьшшучу кепе далош хилар а…» тидаме а эцна, хан ца тухуш витна иза а… Цул тIаьхьа, 1940-чу шарахь, Нохч-ГIалгIайн АССР-н яздархойн цхьаьнакхетараллин консультантан а, Потребсоюзан Урхаллин куьйгалхочун а болх бина цо.

Амма иштта атта тӀаьхьара дер долуш ца хилла Ӏедал. Оццу шеран 7 сентябрехь иза юха а лаьцна. Пхийтта шо даьккхина цо набахтешкахь, ссылкехь…

Оцу шерашкахь цо лайнарг цуьнан стихашкахь девза вайна.

Советан Ӏедална муьтӀахь, цо бохург а деш чекхволучех ца хилла Мамакаев Мохьмад. Иза уггар хьалха шен халкъана пайде хила гӀиртина, цкъа республикин лакхара прукурор хуьлуш, юха Ӏилманехь къахьоьгуш, тӀаккха – литературин тайп-тайпана жанраш денъян гӀерташ. Амма мел дукха гӀуллакхаш лелорх, лаккхарчу даржашкахь ша хиларх, шен коьрта декхар литература, нохчийн мотт кхиорехь гина Мамакаев Мохьмадна. Цунна тоьшалла ду цо язъеш хилла произведенеш.

## Мамакаев Мохьмадан поэзин башхалла

Дуьххьара нохчийн поэмин жанр караерзийнарг ву Мамакаев Мохьмад. Шен берхӀитта шо долуш, 1928-чу шарахь, язйина цо нохчийн литературехь дуьххьарлера лиро-эпически поэма «ЦӀий хуьйдина лаьмнаш».

Литературоведо Арсанукаев Ӏабдуллас яздина: «ЦӀий хуьйдина лаьмнаш» поэмехь шатайпана цхьаьнаийна лирически, эпически, драматически билгалонаш. Поэмин эпически агӀо билгалйолу, коьрта долчунна, цуьнан чулацамехь халкъан турпалаллин къийсам хиларца. Шайн паргӀатонехьа къехоша къийсам латтош бинчу тӀеман суьрташ кхоьллина поэми тӀехь, майра, турпала амалш гайтина».

Вайн къоман историхь XIX бӀешарахь хилла драматически хиламаш бу поэми тӀехь буьйцуш. Арсанукаев Ӏабдуллас яздина цу поэмех: «ПаргӀатонехьа къийсам латточу къехойн тхьамда ву поэми тӀехь Таймин Бийболт. Къехойн лаам, адамийн дегаӀийжамаш шега схьаэцна ву Бийболт. Цуьнан васт дукха даьржина ца диллина авторо. Кхин а кӀезиг гайтина поэми тӀехь кхийолу персонажаш. Поэмин коьрта турпалхо халкъ ду. Иза даим а къийсамехь гайтина. Цуьнца цхьаьна вайна хьалха хӀуьтту «цӀий

хуьйдинчу лаьмнийн» васт, Даймехкан васт. Поэмин оцу эпически агIонашца цхьаьна къеггина лирически агIонаш ю. Авторан ойланехь схьахIуьтту хьалха дIадахна халкъан балане дахар, цо поэтан дог Iовжадо, ойланаш, синхаамаш меттахбоху. Адамийн таханлера дахар ирсе хила лаьа цунна. И поэма тахана а тоьллачех лоруш ю вайн литературехь. Цул тIаьхьа поэто язйина шен биографица йогIуш йолу «Со вина де», «Ненаца дина къамел» поэмаш. Царна тIехь шен бераллех, дешаран шерех дийцина цо».

Поэто Яралиев Юсупа «Даймехкан косташ» стихотворенех иштта яздо: «Даймехкан косташ» – назма ю, тIекхуьучу тIаьхьенна къоман гIиллакх Iаморан кодекс ю. «Шун оьзда гIиллакхаш – Даймехкан безам бу». Мел дика аьлла ду и дешнаш! Мел сийлахь-деза дIахьедар ду и деш дерг. Даймехкан декхаро гIаттийна вогIучу къоман верасо, шен ницкъкхочу накъосталла дан лууш, къоман дикчу кIенташка дIаала, боху: «Iаьржачу халоно хьовзийча, собарах, стогаллех ма довла!» Иштта деза весет дитина поэто тIаьхьенашна. «Даймохк» бохург – ворхIе дайх йисна нах бехашIаш йолу меттиг хилла ца Iа Мамакаев Мохьмадан кхолларааллехь; иза – «къомалла», «нохчалла», «ворхIе дайшкара схьадеана гIиллакх» бохург ду. Доьзалан ден лерам бе, «массанхьа Iу хилла» волчу (делахь-хIета, къомаца дуьстича, ша автор а санна, дерриг а шен хьомсарчу къомана!), массо хIуман тIехь дола деш хилла волчу. Къомалла, нохчалла, ворхIе дайшкара схьадеана гIиллакх къинтIера дер дац, стогаллех валахь, мехкан сий дан дог кхоадахь. Дог кхоо йиш яц мехкан сий дечохь!» Иштта ша а ваьхна поэт.

Мамакаев Мохьмад кхеташ хилла, къоман кхане йозанан мотт кхиарца юйла. Цо шен дахарехь коьрта даржаш, цIерш ца лерина, цо хаьржина некъ цхьаъ хилла – шен халкъан дуьхьа ваха а, цу халкъан эс дан ца дайта, иза йозанехь дита а. Советан Iедалан идеологица богIуш ца хилла Мохьмада хаьржина некъ. Цу Iедало шуьйрачу новкъа ваьккхинехь а, цуьнан харцо шена тIехь лов цо. Бехк боцуш, лаца а лоций, Сибрех хьажаво, баланаш лан:

Со шелвелла,
Ша санна, шелвелла лелла:

Ша тIехь оьгуш,
Дарцаца тилвелла лелла.
ГIорийнчу
Балдаш тIехь цIий соьцуш…

Со
ГIийла узам беш лелла.
Оццул дуьне гуш,
И некъ ас ца бинехь,
Шелоно чахчавеш,
Хало ас ца лайнехь,
ХIара узам
Бан сан йиш хир яцара,
Дог хьадеш,
Сан илли а хир дацара.

ХIара стихотворени Мамакаев Мохьмада ГУЛАГ-ан лагершкахь, геннарчу Сибрехахь язйина ю, иштта хилла цуьнан дахаран некъ, «шелонаша а, халонаша а» чахчийна, амма, бохамашна кIел ца вуьсуш, чекхваьлла иза. Цундела ду цуьнан хIора дош ницкъ болуш, шех тешош, дахарехь а, кхолларалехь а ша цхьаъ хиларна.

Бексултанов Мусас нийса тидам бина Мамакаев Мохьмадан кхолларалин. «Къонахчун Iожалла» шен эссехь иштта яздо Мусас:

«Iамин Мохьмад шен дахарехь шина шовкъаца ваьхна хиллера – Даймахкаций, Безамций. Цуьнан ерриг а кхолларалла цушиннах лаьцна а ю. Даймохк дукхабезаш буьйцура, мохь бетташ, кхойкхуш, цу мехкан къонахий а, хиш, лаьмнаш, тогIенаш а.

Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, бIарзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан тIулган белшах
Гуш ду-кх яздина сан дайшка кхаьчнарг...

Безамца дерг халла къедадора, деган къайле ларъеш, кхиъна йогIучу йоIа шен сий санна, къонахчо – дош а.

Ас хьуна го туьйсу,
И гаре сатуьйсуш.
Алахьа ахь соьга,
Ца яйра и хьуна?
Схьайийца ахь къайлеш,
И бац цо левзина ког?
Хьаьъна хи кегадеш,
Ца дийци цо шен дог?
Шен хаза кІайн куьйгаш,
Хьоьца цо дилирий?
Шен деган къайленаш,
Цо хьоьга йийцирий?
Хьо, шовда, ма сихло,
Саз-латта ма айде...
Ца яьккхи хьоьга цо
Шен дагахь волчун цІе?

ЭхІ, амал, коьртан таж, дешан мах – дуьне а. Ма бахам бацар-кх хьо, синан бІаьргашна гуш берг, къонахчун даге хьаьжча, цуьнан амалца буьстича, дуьненан сема эккхийттал чІогІа долчу собарца а!

ГІайгІанца делхар
ТІедуьйжи хьуна, дог!
Хьайн цІийла керчар
ТІедуьйжи хьуна, дог!
Ирсаца вай доьлуш
Хир дац хьуна, дог!
Даим цхьаъ вехаш
Дуьне дац хьуна, дог!
ГІайгІано хьо гІелдеш
Мел ирча хета, дог!
Вайн гонна а гича,
Осала хета, дог!
Шен гІайгІа ша Іовшар
Стогалла хета, дог!

Къурдашца къежвалар
Дозалла хета, дог!
Ма доха, делало,
Кийрара дилхан дог!
Хьан гIайгIа цалайнарг
Хьох кхетар вац, сан дог!

Мохьмадан стихашкахь – ахьа мел дукха ешарх – эвхьазлонан цхьа зирх бац я цхьа дош, цхьа хьаьрк а.

Дерриг а дог сецорца ду – цIарца эккха кечделла дог; юха дерриг а шен даг чохь а, нахала дала ца дуьтуш: хуьлда иза цхьа безам я Даймохк, гIело шерашкахь цо лайна, хьаьшна, Iаьвшина йолу.

Вовшашца яхь дуьйлуш,
Шелонца къийсалуш,
Стешханиг вохочохь,
Тхо новкъадевлира...
Цу халчу некъаца,
Накъостех къаьстина,
Кога тIехь шершинарг
МагIарха къаьстира.
Ницкъ эшна кIелвиснарг,
Куьг делла, тергалвеш,
Вовшеха тевжина,
Тхо новкъа даьхкира...

Дуьненан литературехь цо санна собарца бала лайна, и хьахор осала хеташ, цхьа а яздархо ца го суна».

Шен коьрта исбаьхьа говзарш язйина Мамакаев Мохьмада 1950–1960-чу шерашкахь. МаьIнин кIоргалла, исбаьхьаллин говзалла шайца йолу дуккха а произведенеш язйина цо поэзехь а, прозехь а. Нохчийн, оьрсийн метtанашкахь ткъех сов книга араяьлла цуьнан оцу пхийтта-ялхитта шарахь. Царах ю поэтически гуларш «Сан некъан кехат» (1958), «Хаьржинарш» (1962), «Со вухавогIур ву» (1963), «ТIулгаша а дуьйцу» (1966), «Утро над Аргуном»

(1958), «Разговор с матерью» (1959), «Дуб над Ассой» (1961), «И камни говорят» (1968), прозин книгаш «Ша меттахбаьлла» (1957), «Даймехкан некъаш» (1960), романаш «Революцин мурд» (1962), «Зеламха» (1968). Хьалхара роман Асламбек Шериповх язйина ю, шолгIаниг – Харачойн Зеламхех. Уггар хьалха ойла кхоллало: и ший а нохчийн къоман ши къонах ву, цундела царах дош алар шен декхар лерина Мохьмада. Цул сов, и шиъ ший а шайн цхьайолчу амалшца гергара а ву авторна шена а. Иза нохчийн къоман бакъволчу къонахчуьнгахь болу лехамаш шен дахарехь кхочушбан гIерташ ваьхна. Царах коьртаниш иштта бу: дуьненан хIуманах, кIеззигчух, ца хилча йиш йоцчух, тоам бар, адамийн юкъаметтигашкахь, юкъараллехь нийсо лахар, оцу нийсонна тIехь, дIасатаIар а доцуш, латтар, шен цIей, сий наха ала тарлучу дашах лардар. Оцу нохчийн къоман философин буха тIехь латташ бара цуьнан дуьненах, дахарх болу хьежамаш, хетарш.

1962-чу шарахь дуьйна, ша валлалц, 1973-чу шаре кхаччалц, «Орга» альманахан редактор вара Мамакаев Мохьмад.

## «ТIулгаша а дуьйцу» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин шатайпаналла а

Мамакаев Мохьмадан кхоллараллехь йоккха меттиг дIалоцуш ю Даймехкан тема. Даймехкан Iаламан суьрташ гайтина ца Iа поэт, цаьрца цхьаьна цо йовзуьйту шен дай баьхначу латтах, дахаран маьIнех, къонахчун декхарх йолу ойланаш. «ТIулгаша а дуьйцу» стихотворени къаьсташ ю шен исбаьхьаллин гIирсашца, поэтан ойланийн карзахаллица. Ойланашца вайн махкахь висна ца Iаш, поэто дагалоьцу маьршачу Кавказо кхолларалин ницкъ белла, дуьнен чохь гIарабевлла поэташ Коста Хетагуров, Михаил Лермонтов. Цуьнца цхьаьна поэто шордо шен поэзин дозанаш а. Вайн дайша яздина тептарш ца дитинехь а, вайн Даймохк йоза а доцуш, бIарзбелла баьхна бохучуьнца реза вац поэт. Маршонца дIабаьхьначу къийсаман лараш, моьнаш го цунна тархаш тIехь. Иза ду, боху цо, шатайпа йоза, и деша, тида, тIулгийн аз хаза къо-

начу тIаьхьенан бIаьрса а, лерса а хилахь. И говзалла шеца йолуш хилла поэт ша а. Цу хьокъехь яздина Дикаев Мохьмада шен хьехамчина лерина хIара могIанаш:

Тlулгаша а дуьйцур ду
Даймахкахь хилларш,
Дог оьцуш, декор ду
Вайн халкъан иллеш,
Цаьрга ладоьгIуш верг,
Даймахках тешна ву.
ТIулгийн аз туьдуш верг,
Бакъволу поэт ву.

«ТIулгаша дуьйцу» стихотворени язйина барам нохчийн поэзехь кеста-кеста пайда оьцучех цхьаъ бу – дактиль. Стихотворенехь авторо пайда оьцу жIарин рифма яран кепах. И рифмаш юьззина ца хуьлу Мамакаев Мохьмадан поэзехь. Дукхахьолахь цо цхьатера нисдо могIанийн чаккхенехь долчу дешнийн хьалхара дешдакъош:

Со лам чу вогIура кху ширчу новкъа,
Некъаца тидам беш тIулгашка хьийжи.
Дай баьхна гIирсаш а, хилларг а довзош,
Цу тIулгийн тархаша шайн мотт а бийци.

Стихотворени дIайолало лирически турпалхо лам чу вогIуш, цунна гуш долчу Iаламан сурт хIоттош. Амма и сурт дуьххьалдIа сурт хилла ца Iа. Iалам лирически турпалхочуьнца къамелс долу: «Цу тIулгийн тархаша шен мотт а бийци». Циггахь кхоллало авторан исбаьхьаллин хаттар:

Хьан бах хьо, Сан Даймохк, яханчу хенахь
Йоза а хьайн доцуш, бIарзбелла баьхна…

Цу хаттарна жоп луш авторо чIагIдо вайн йоза бIешерашкахь дIабаьхьначу къийсаман лараш тIехь – тIулгаш тIехь – дисна моьнаш хилар.

***Хаттарш, тӀедахкарш***

1. Шен чулацаме хьажжина дакъошка екъа стихотворени.
2. Дуьххьара бӀаьрг тоьхча хӀун гучудолу поэтана?
3. МаьӀна деш талла могӀанаш:

   Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
   Йоза а хьайн доцуш, бӀарзбелла баьхна?
   Къийсамо аьгначу хьан тӀулган белшах
   Гуш ду-кха яздина сан дайшка кхаьчнарг…

4. Муьлхачу билгалонашкахь го поэтана вайн дайша хатӀ кӀорга яздина йоза?
5. Дахарехь шен коьрта Ӏалашо хӀун лору поэто?
6. ХӀун гучудолу поэтана йирзинчу чевнийн лорах вахча?
7. Дагахь Ӏамае стихотворени.

***Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай***

1. Муьлхачу исбаьхьаллин гӀирсех пайда эцна шен стихотворенехь Мамакаев Мохьмада?
2. Схьакараде стихотворенехь поэто пайда эцна исбаьхьаллин (риторикин) хаттарш. ХӀун маьӀна леладо цара?
3. Билгалдаха стихотворенехь тӀедеанчу маьӀнехь далийна васташ.
4. Дешнийн маьӀна даста: «тӀулгийн тархаша шайн мотт бийци»; «го цӀийца язйина хьан хӀора а агӀо»; «дӀадахнарг моьнаша, тӀулгаша дуьйцу».
5. Муьлха яздархой дагалоьцу поэто стихотворенехь? Шуна хетарехь, хӀун бахьана ду уьш дагалецар?
6. Муьлхачу исбаьхьаллин гӀирсех пайда эцна поэто шен стихотворенехь?

***Вайн мотт кхиабе вай***

1. Дийца, муха кхета шу дешнийн цхьаьнакхетарех: «Чевнаш дӀайирзина хӀиттина моьнаш, уьш ду-кха хатӀ кӀорга яздина йоза».
2. Стихотворенехь далийна хандешнаш билгалдаха, билгалъяха церан хенаш.

## «Даймахке» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин башхалла а

Нохчийн поэташа тайп-тайпанчу дешнашца бийцина Даймахке болу безам. Шен Даймахке йолчу лаккхарчу ойланех ю Ма-

макаев Мохьмадан «Даймахке» байт. Мохьмадна Даймохк цхьа лаьмнаш, хиш, аренаш хилла ца Iа. Даймохк – иза уггар хьалха хIокху лаьттара адамаш ду, церан вовшашца йолу юкъаметтигаш, гIиллакхаш, марзонаш, баккхийчеран хьекъал, Iеламнехан беркате серло, кегийрхойн доьналла, мехкарийн оьздангалла, нахана юккъера нийсо. «Даймахке» стихотворени язйина 1956-чу шарахь. Даймахках, шен халкъах къастийна, маршо йихкина, пхийтта шо, лаьцна, набахтешкахь даьккхина араваьллачул тIаьхьа. Поэто боху, муьлхха а хало, Iазап лан тарлуш ду «вай вайн Даймахкахь дисчахьана» – оцу ойлан тIе вогIу Даймахкана херехь хало, Iазап лайна волу поэт. Цо дуккха а язйина Даймахках, ойланаш йо шен некъах, къоман исторех, цуьнан хиндолчех. Даймехкан илланча а хилла висна вайн дегнашкахь Мамакаев Мохьмад.

«Даймахке» стихотворени кхаа гIулчех лаьтташ йолчу дактиль барамехь язйина ю. Кхузахь поэто пайда эцна шалго рифма яран кепах, юх-юххера ши могIа вовшашца тера богIуш хиларца. Цо шен стихотворенехь пайда эцна хIокху исбаьхьаллин гIирсех: риторикин хаттарх, рефренах. Рефренца поэто шен ойланан коьрта маьIна тIечIагIдина: «ХIан-хIа, аса хьо дашца буьйцур бац». Мамакаев Мохьмада иштта пайда эцна тIедеана маьIна долчу дешнех, метафорех: «дош дижна», «вайн безам Iалашбал дош ма дац», «дош махо дIахьур ду»…

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Даймахке вистхилар муха доладо авторо?
2. Даймахке болу безам чIогIа хилар муха гайтина поэто стихотворенехь?
3. Шен безам дашах стенна ца тешабо поэто?
4. Поэтана хетарехь, Даймахке болу безам муха Iалашбан беза?
5. Дагахь Iамае стихотворени.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалбаккха авторо пайда эцна стихкхолларан барам а, рифма яран кеп а.

2. Стихотворени хаттарца дIайолало. ХIун маьIна ду цуьнан?
3. Билгалбаха поэто пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.
4. Ойла е стихотворенин чулацаман, исбаьхьаллин башхаллин.

## «Зама» стихотворенин исбаьхьаллин башхалла

Адамийн ойла тIаьхьакхиа йиш йоцуш, Делан яккхийчу къайленех цхьаъ ю зама. Мел чIогIа ойланаш ярх, цуьнан амал а, болар а довза йиш яц. Цундела Мамакаев Мохьмад, заманан маьIна даста кIоргенашка кхийда а ца гIерташ, цуьнга, замане, вистхуьлу шен дахарх йолу ойланаш йовзийтаран Iалашонца. Поэто дагардо дуьнен чохь вехачу стагана тIехь лаьтта тайп-тайпана декхарш: шен къомана, махкана, гергарчарна хьалха долу сийлахь декхарш.

Шен ойла къегина гайта тайп-тайпанчу исбаьхьаллин гIирсех пайда оьцу поэто: тIедерзарх, могIанаш юх-юха далорах (рефрен), эпитетех *(сийначу молханца, готтачу лахьти чохь, кура дог, доггаха дош, сийлахьа декхар),* метафорех *(со дахарх Iаьбна вац, таллаза шортта ю ареш, сатуьйсуш къежвелла хьуна).* Стихотворени, лирически турпалхо замане вистхуьлуш, цуьнца дечу къамелан кепехь язйина ю. Стихотворени язъяран барам дактильца ийна хорей ю. ЖIарийн, шалгон рифмаш ярца нисйина ю.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. ХIун аьлла вистхуьлу поэт замане?
2. ХIун дагахьбалламаш бисна поэтан дахарехь?
3. Муьлхачу дешнашца гойту поэто дахар дезар, цунах ша Iаьбна цахилар?
4. ХIун ду, боху поэто, шена массо хIуманал деза дерг?
5. Муха лору ахьа стеган вахаран Iалашо?

***Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай***

1. Стихотворенехь поэто говза пайда оьцу тIедерзарх. Схьакараде тIедерзар юкъахь долу могIанаш.

2. Муьлхачу дешнашца гойту авторо заманан билгалонаш?

3. Муьлха васташ карадо поэтана безамах, яздархочун Iалашонех, Даймахкана хьалха долчу декхарех дуьйцуш?

4. Билгалбаха стихотворенехь пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.

5. МаьIна де могIанийн:

Зама, ма сихло, сан зама,
Цхьажимма некъ бита ахь суна.
Доггаха дош аьлла ваьлла вац,
Дуьненахь ас битна цхьа зил бац.

**Проект**

Дагаев Валида мукъам а бaьккхина, илли дина хIокху стихотворенех. И илли нахана дезаш, дегнех кхеташ ду. Цуьнга ладогIа, иллино кхоьллина ойланаш йийца.

## «ЗЕЛАМХА» роман

**Текстана комментари**

Мамакаев Мохьмад шина романан автор ву: «Революцин мурд», «Зеламха». Хьалхара роман «Революцин мурд» Шерипов Асламбекан халчу некъах яра. ШолгIа роман «Зеламха» – Хорачойн Зеламхех лаьцна. Уггар хьалха ойла кхоллало и ший а нохчийн къоман ши къонах ву, цундела царах дош алар шен декхар лерина Мохьмада. Цул сов, и шиъ ший а шайн къонахаллин амалшца гергара а ву авторна шена а. Иза нохчийн къоман бакъволчу къонахчуьнгахь болу лехамаш шен дахарехь кхочушбан гIерташ ваьхна. Царах коьртанаш иштта бу: дуьненан хIуманах, кIеззигчух, ца хилча йиш йоцчух, тоам бар; адамийн юкъаметтигашкахь, юкъараллехь нийсо лахар; оцу нийсонна тIехь, дIасатаIар доцуш, латтар; шен цIей, сий наха ала тарлучу дашах лардар… Оцу нохчийн къоман философин буха тIехь лаьтташ бара Мамакаев Мохьмадан дуьненах, дахарх болу хьежамаш, хетарш.

***Зеламхин васт.*** Мамакаев Мохьмада «Зеламха» романан эпиграфна далийнера Шерипов Асламбекан дешнаш: «Паччахьан Iедало халкъаца харцонаш лелайора, ткъа обаргаша паччахьан Iедална иза доьккхура». Оцу дешнашкахь ду романан коьрта маьIна.

XIX бIешо чекхдолуш, XX бIешо долалуш Нохчийчохь ваьхначу ерриг Кавказехь вевзина ца Iаш, Россехь а, цул арахьа а гIараваьллачу обарган дахарх ю роман. Зеламхас дахарехь лелийна некъаш, цунна тIехIиттина хала киртигаш, царах иза, корта айъина, стогаллех ца вухуш, чекхвийларх лаьцна ю роман. «Зеламхин» васт литературехь кхолла Мамакаевна дукха жима волуш дагадеана хилла. Цу хьокъехь яздархочо иштта яздина: «ГIараваьллачу маххахочун сурт-сибат литературехь дита ойла сан кхоллаелира дуккха а шераш хьалха.

1926-чу шарахь аса цунах стихотворени язйира. ХIетахь дуьйна оцу турпалчу стеган дахарх лаьцна материалаш гулъеш вара со».

И роман язъян яздархочунна дага муха деара, дуьйцу шен дагалецамашкахь Мохьмадан кIанта Мамакаев Тура: «Мамакаев Мохьмадна чIогIа гергара а, хьоме а дара Зеламхин васт. Иза ша а (Мохьмад) цхьадолчу хIуманаш тIехь тера вара Харачойн Зеламхех. Шен къинхетаме дог хиларца, харцо, ях, эхь доцуш хилар, синкIезгалла, кIиллолла лалуш цахилар, шен хьежамашца чIогIа а, ша вийча а, бакъонна тIера вухавер воцуш хиларца».

Мамакаев Мохьмада Зеламхин васт кхолларан ша лардинчу дозанех лаьцна иштта яздина: «Зеламхас обаргалла шен вон амал бахьанехь тIелаьцна дац. ХIан-хIа. Суна цкъа а Зеламха революционер санна, шен билггал политикин хьежамаш болу стаг санна ца гина. Суна иза ца гина цхьа къинош доцу, массара а шех масал эца хьакъволу стаг санна. Мелхо а, иза, муьлхха а стаг санна, шен карзахечу, чолхечу дахарехь дуккха а гIалаташ дохуш стаг хилла хилар билгалдаьлла. Амма, Зеламхин дахар хьо леррина талла воьлча, гина, юхавер воцуш, къовсамхочун, обарган чкъурахь вехаш чIогIа кIеда-мерза стаг хилар, наггахь беро санна, ойла яр доцуш, гIуллакхаш дар».

И тайпа Зеламхин мах хадо ойла кхоьллина яздархочун Зеламхех йолу халкъан говзарш ешаро а, талларо а, хIунда аьлча оцу говзаршкахь мел хьоме, бакъдолчунна тIетийжаш мах хадош хилла халкъо Зеламхин: «Зеламхас цкъа а дитна дацара хьанал къахьегар, цо гота охура, ялта доьра, даьхни кхобура, иза комаьрша, оьшучу хенахь орцахвала кийча вара. Амма, цхьа кхерам тIехIоьттича, цуьнан догкIедачу юьхь тIехь гучудолура хьуьнарна кийча хилар а, синкарзахалла а. Зеламха къонахалла, майралла йолуш стаг хилла, цо къийсина халкъан дуьхьа, халкъан бакъонаш ларъян гIерташ. Цуьнан лаам хилла хIетахьлера дахаран низам хийца. Амма, и муха хийца деза, ца хиъна цунна.

Мамакаев Мохьмадан романехь вайна хьалха хIутту бакъдолчу дахаран шуьйра сурт. И дахар дуьзна ду тайп-тайпанчу къаьм-

нех, тайп-тайпана динан хьежамаш болчу баккхийчу, кегийчу нахах. Цуьнан «Зеламха» романан сюжетан бухехь Іуьллу къовсам, диканан-вонан, маршонан-лоллин тасадалар, кху дуьненахь тоьллачара ницкъбар, гІийлачара царна дуьхьало яр, Россин империс шен Іедалан къиза чарх нохчийн къоманна коча йолла гІертар, цунна дуьхьал гІаьттинчу халкъо шен паргІатонехьа къийсам дІабахьар.

И роман нохчийн къоман дахаран, цо шен маршонехьа дІабаьхьначу къийсаман шатайпа исбаьхьаллин таллам бу, цу юкъара дукхахболу хиламаш коьртачу турпалхочуьнца Хорачарчу Зеламхица боьзна хилла. «Зеламха» романехь хаало нохчийн барта кхолларалло авторна бина тІеІаткъам. Халкъо кхоьллина «Обарг Вара», «Зеламха» иллеш яздархочунна дика девзаш а, цо теллина а хилла Зеламхин васт кхуллуш. Романехь яздархочо гайтина, сингаттамо хьовзийча, Зеламхас ша илли олуш я узам беш.

Зеламхин васто шина тобане йоькъу романан кхийолу персонажаш: дика а, вон а, бакъахьара а, харцахьара а. Бакъахьарчу турпалхошна юкъахь бу Зеламха а, цуьнан гергара нах а, цунна гІо деш болу цуьнан накъостий а: СагІопшара Саламбек, АтагІара Аюб, воккха стаг ЗІока, Дуда, Зеламха орцахваьлла болу къен, миска нах а. Царна дуьхьал лаьтта мискачу халкъана тІехь харцонаш лелош болу пачхаьан инарлаш, юьртдай, къуй, талорхой. Оцу дуьхь-дуьхьал латтарехь керла-керлачу хиламашца тІеюзуш дІаяьхьна авторо сюжет кхиор, иза лаккхарчу тІегІане яккхар, Зеламхина тешнабехк а бина, иза дІакхелхаш ястаяллалц.

Коьртачу турпалхочун васт яздархочо, цахилларш дуьйцуш хаздан а ца гІерташ, романтикин турпалхо ван а ца гІерташ (Масала, Гатуев Дзахон «Зеламха» романехь санна), нохчийн халкъан иллешкахь санна, цуьнан хьуьнарш дестийна а ца дуьйцуш, бакъдолчунна тІетийжаш, цуьнан амалан дика а, вон а агІонаш билгалйохуш, гайтина.

Зеламха магІарерчу нохчийн доьзалехь хьалакхиъна, нохчийн гІиллакх-оьздангаллин дозанашкахь, жимчохь дуьйна хІора стагана уггар сийлахьниг, дезаниг хІун ду хууш, уьш шеца лар-

деш, кхиош. Къоман оьздангаллин культурехь коьрта билгало ю доьзалхочун шен деца, ненаца, йиша-вешица лело езаш йолу юкъаметтигаш. Зеламхин шен деца Гушмазукъца болу лерам, массо хIуманна тIехь иза цунна муьтIахь хилар гучудолу церан доьзална тIе бохам хIоьттинчу дийнахь. Лаьцна дIабуьгуш, шовдан йистехь сецначу хенахь иштта сурт хIутту:

«– И дIо бердах схьадеттарг шовда ду аьлла, хета суна. Вало, хьалхавалий, цигахь совцабай, куьйгаш дIадастий, са а доIуьйтуш, хи малийта тутмакхашка, – дошло дIахьаьжийра поручико.

Тутмакхех жимахволчо, шовдан йистехь Iуьллучу кхийрачу кедахь схьа а эцна, хи воккхачу Гушмазукъе кховдийра. Хих цхьаши къурд а бина:

– Хьанна хаьа, кхузахь хIара тIаьххьара молий а, – аьлла, кедара хи дерриг а дIамелира цо.

– ХIумма а дац, Гушмазукъ, вайн гIуллакх Делан карахь ду, Цо динчунна реза хир ду вай, – элира цунна юххехь лаьттачо, шена кховдийна хин кад схьа а оьцуш.

– Баркалла, Домби, баркалла хуьлда хьуна. Цо динчунна реза ву со-м.

– Далла хастам бу, хила веза Цо динчунна реза. Массо а, паргIатваьлла, цIа вогIур ву.

– Дала мукъ лахь.

Дукхахберш, шайн ма-хуьллу сиха, ламазаш эца гIерташ боххура. Нацкъаро ваьлла, шен накъосташна тIехьа а хIоьттина, Iаьржачу атлазан хечин кисанара схьадаьккхина чIогIа томкий, луьйдиггий шена юххерчуьнга дIа а луш:

– Гушина[1] кхуьнан хьожа кхетарна кховруш вогIу со, – элира Iаьржа мекхаш долчу къоначу стага, харцхьадаьккхина, шен киса а дегош».

ТIехIоьттина хала киртиг елахь а, Зеламхина диц ца ло шен дена хьалха долу кIентан декхар, цуьнан бан беза сий-ларам. Халачу киртиго, мелхо а, шена тIехь лаьтта декхарш карладоху цунна.

---

[1] Иштта йоккхура Гушмазукъйин цIе цуьнан бераша.

Зеламха, тIом-дов ца дезаш, машаре стаг хилар, баккхий нах лараpца цхьаьна, ша шел кегийчу вежаршна дола дан дезаш хилар къеггина гучудолу пурстоьпан гIоьнчица хиллачу дар-дацарехь: «…юха а вуно чIогIа дийхира Зеламхас, дIадахийтахьа шаьш аьлла, амма жоьпан метта топ елира. Хьалха схьакхеттачу тоьпан даьндарго кагбинчу тIулган тIуьхк Солтамурдан юьхьа тIе кхийтира. Цунна топ тоха гIоьртина Солтамурд саца а вина, юха а чIогIа дийхира Зеламхас, дIадахийта шаьш аьлла. Амма жоьпан метта юха а тоьпаш евлира, царах цхьаммо Зеламхина яйн чов а еш. Ша боьхучу машарх дош ца хилча, Зеламхас, схьа а яьккхина, тапча тоьхна и пурстоьпан гIоьнча, цуьнан буйнара топ генна дIа а йохуьйтуш, нийсса Iункар говрара вожийра. …

– Солтамурд, хьуна кхузахь хIумма а ца гина, хьуна хIокху гIуллакхах хIумма а хааац. Кхетий хьо аса бохучух? – элира ницкъ ма-кхоччу чIогIа кху зуламна юкъахь шен ваша ца хилийта лиъначу Зеламхас».

### Мамакаев Мохьмадан «Зеламха» романехь зударийн васташ

Нохчийн барта кхолларaллина тIетевжина ду Мамакаев Мохьмада «Зеламха» романехь далийна зударийн васташ. Ненах лаьцна уггар довха, даггара дешнаш карийна яздархочунна: «Иштта ду-кх и – шен берашка хуьлучу безаман мах хиъначу ненан дог, уьш дуьнен чу а дохий, цул тIаьхьа царна дахаран гIиллакхаш а Iамадой, диллина царна сагатдан кху дуьнен чу дIахоьцучу ненан дог. Иштта ду-кх и – еха буьйса чекхъяллац ца юьжуш, кхерчахь цIе Iалашъеш, кхекхашна дабагIа деш, шен куьйга къажбинчу тIергIах маша деш, цу берашна тIе а, кога а юхучу ненан дог, миччара а гулдой, пхьор вовшахтухий, и шен бераш дузийнчул тIаьхьа бен, ша ца юуш, массарел а тIаьхьа дIаюьжучу, массарел хьалха гIоттучу ненан дог. И ю-кх, лаьтта тIехь вайна дахаран хьалхе а лой, кхин шен цIе ца юьтуш, вай делхарна кхоьруш, тийна кхелха нана…».

Профессоро Джамбекова Тамарас «Мамакаев Мохьмадан «Зеламха» цIе йолчу романехь зударийн васташ» статьяхь яздо:

«Ширчу заманахь ма-хиллара ю-кх нохчийн нана, хIунда аьлча заманийн зIе цкъа а ца хаьдда; бIешерийн дохаллехь ондда лаьттина и синъоьздангаллин тIегIанехь.

Нохчийн ламастехь ма-хиллара, шен доьзалан хьаштийн бен, ойла ца йо нанас: юкъараллин гIуллакхашкахь жигара дакъа ца лоцу цо; доьзалехь божарша дIахьочу кхеташонехь ца хуьлу и. Амма нанас кхиабо оьзда доьзал, ларбо кхерч, ламасташ. Нанас кхиадо бераш гIиллакххехь, баккхий хиллачу кIенташна дахаран новкъахь гIо до. Оьшучу меттехь цуьнан дош сацам болуш ду уггар а чолхе хьелаш къасточу хенахь: «...хьо цIийнан сий лакхадаккха водахь, гIо, сан кIант, цу Дала гIо дийр ду хьан. Осала ма хилалахь», – иштта боху Солтамурдан къеначу нанас. Цуьнан кIентий набахти чохь бу, ткъа цIахь висна цхьаъ бен воцу кIант шен тIехьийза йоI схьаяккха дагахь ву, еккъа цхьа шаьлта йоцург шегахь кхин герз доццушехь, ткъа цуьнан мостагIий дукха бу, цаьргахь тоьпаш а ю. Iожалла-м кIадда боцург дара, сий дайаре хьаьжча!

Романан турпалхочун нана Далла Iамал еш стаг ю, цунна доккха вон ду шен кIант Зеламха обарг валар. Ша лен сахьт тIехIотталц тешна ю иза нийсонах, иза Iедалца товр ву бохучух: «Аса бохург хезий хьуна, Зеламха, и кхел Делан карахь ю хьуна, – аьлла, еха йист ца хуьлуш а Iийна, юха а шениг чIагIдира йоккхачу стага. – Амма, хIуъа хилахь а, ахьа Iедалца машар лаха беза...»

Зеламхас ца къуьйсу шен ненаца, цо бохург ша къобал ца дахь а, иза кхета, цIийнда а, кIант а вийна йисна нана шен воккхахверг мукъана а ларван гIертийла. Iедалан нийсонах теша иза, лаккхара деган цIеналла а гойту цо: «Ненан лаккхара социале кхетам, кIорггера хьекъал, меран зудчун оьздангалла, йоIарийн майралла, доьналла – уьш ю-кх нохчийн турпалаллин иллешкахь юьйцуш, массеран дозалла хилла лаьтташ йолу ламанхойн зударийн амалийн коьрта хьаьркаш.

Билгалдаккха догIу, авторан «Зеламха» романехь кхидолу зударийн васташ а къоман ламастехь гайтина хилар; церан дегнаш дуьзна ду безамой, тешаме хиларой. Масала, хаза йоI Зезаг, Солтамурдана еза йоI, – цуьнгахь ойла лаьтташ ву юьртден кIант а. Зуда –

иза цIеналлин, тешаман билгало ю, хьакъволчу къонахчунна бен луш бац цо шен безам.

Къоман башхаллаш йолуш ду Мамакаевн «Зеламха» романера зударийн васташ, буьйцучу хиламашкахь жигара дакъа а лоцу цара. Масала, тийна-гIийла Зезаг шен синхаамаш хьулбан хууш ю, амма ша нуьцкъашха йигначун хIусамера яда доьналла кхочу цуьнан. Фольклорера зударийн вастийн билгалонаш ю Зезаган леларехь а; ницкъ мел кхочург до цо цIийндеца хилархьама, ден цIенна а дуьхьалйолу иза, шен сацамна уьш реза ца хилча. Зезагна коьртаниг ду шена везачу стагаца хилар. ЦIийнда набахти чу кхоьссича, ден цIа дIаяха реза ца хуьлу Зеламхин зуда Бици. Халонаш лан а реза ю иза, амма шен майрачун цIийнан сий дайа реза яц. Бицис Зеламхе боху: «Со сайн берийн нана ю, церан дена тIаьххье дIаяха декхар долуш. Суна коьртаниг хьоьца цхьаьна хилар ду».

Биций, Зезаггий шайн цIийндайшна тIаьхьа лома дIабоьлху, обаргийн дакъа цаьрца декъархьама. Уьш Iема герз кхосса, кхерам юхатоха, нохчийн ламастехь зудчо уьш лелош доццушехь.

Нохчийн ширчу иллешкахь дукха нисло турпала зударий. Масала, «Дадин-Юрт яккхаран иллехь» Iаьмаран Зазин а, Сийлахин а къеггина исбаьхьаллин васташ ду, цара шайн майраллица, масалца юрт ларьян гIовттабо къонахий, толам хирг хиларх тешам а ойу церан дегнашкахь.

Мамакаев Мохьмадан произведенешкахь болчу зударша иштачу тасадаларшкахь дакъа ца лоцу, амма шайн доьналлица, къонахаллица уьш буста богIу эпически иллийн турпалхошца, иллин ламасталла шайца дIа а хьо цара».

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. ХIун бахьана ду Зеламхех обарг винарг?

2. Лакхарчу хаттарна жоп луш, караде Зеламхас Пачхьалкхан Думе дахьийтийнчу кехат тIера дешнаш.

3. Муьлхачу заманан аматаш, билгалонаш гучуюьйлу романехь?

4. Билгальяха Зеламхин дика амалш.

5. ХIун юкъаметтигаш хилла Зеламхин шен доьзалца?

6. Хьуна хетарехь, хIун маьIна ду Зеламха хьуьнхахь шен кIантаца Мугица лечкъаргех ловзуш гайтаран?

7. Муха гайтина яздархочо Зеламха хала киртигаш тIехIиттича? Масалш даладе.

8. Муьлха зама ю романехь гайтинарг?

9. Муха кхолладелла ЗIокиний, Зеламхиний юкъара доттагIалла?

10. Муха ду Зеламхас ша цхьаъ висаран хьокъехь ечу ойланийн маьIна?

11. Хьуна хетарехь, хIун маьIна ду Зеламхас латтийнчу къийсаман?

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. «Зеламха» роман иштта йолалуш ю: «Дерриг доладелира Хорачуьрчу Хушуллин хаза йоI Зезаг бахьана долуш. Ткъа бекхе ярий-техьа Зезаг а, хан кхаьчна самабаьлла къона безам эцна, шен довхачу даго лоьхучунна и тIеерзарх?» Муьлхачу Iалашонца йолайо яздархочо иштта шен роман?

2. Билгалъяккха романан композицин (дIахIоттаман) башхаллаш.

3. ХIун зIенаш карайо романехь нохчийн халкъан иллешца?

4. Муха гайтина Зеламхин Iаламца йолу юкъаметтиг?

5. Муьлхачу хьостанех пайда эцна авторо «Зеламха» роман язъеш?

6. Муха го Зеламхина шен дахаран тIаьххьарчу дийнахь-бусий дуьненан исбаьхьалла? ХIун ойланаш кхоллало цуьнан?

***ГIиллакх-оьздангаллех дийций вай***

1. Муха лов Гушмазукъас шена а, шен доьзална а тIейожийна харцо?

2. Юьртарчу наха хIун гIо лоцу церан?

3. Къонахчун хIун амалш гучуйовлу Зеламхин вастехь?

4. Муха гайтина романехь хьаша тIеэцаран гIиллакх? Масал даладе.

5. Муха гайтина романехь дуьхь-дуьхьал маьIнаш долу синмехаллаш: къонахалла – кIиллолла, тешам – тешнабехк, кхиерш?

6. Масалшца тIечIагIде шайна хетарш.



**ГАДАЕВ**
**Мохьмад-Салахь**

***(1909 – 1972)***

## Дахаран а, кхолламаллин а некь

Нохчийн халкъ цІа дирзинчул тІаьхьа, 1957-чу шарахь, Нохч-ГІалгІайн яздархойн Союзан гуламехь Гадаев Мохьмад-Салахьа иштта къамел дира:

«ХІинца вай вайн цІахь ду. Махкахдаьхна, даьржина лелаш хІуъа лелийна хиллехь а, хІинца доллучунна тІехь вайн халкъана масал хилла дІахІитта декхар ду вай. Доккха жоьпалла ду яздархочунна тІехь. Цундела муьлххачу а ледарлонах, муьлхха а воних шегара даларх ларлуш хила веза яздархо. Сихвала мегар дац цхьана а хІуманна тІехь. «Собар! Собар! Кхин цкъа а собар!» – баьхна вайн дайша. Иза цкъа а дицдан мегар дац».

Чолхе а, хала а хилла Гадаевн кхоллам, амма, эшамашна, харцонашна кІел ца вуьсуш, шена а, ша санна болчу яздархошна а тІехь долу деза декхар, къоман синъоьздангалла кхио, лакхаяккха, кхочушдан дезий хууш хилла цунна. Оццул сатийсина болчу Даймахкахь хилчахьана, дерриг а ловр долуш хилла яздархо.

Гадаев Мохьмад-Салахь вина 1909-чу шеран декабрь баттахь Нажин-Юьртан кІоштарчу Чуьрча-Ирзехь.

Юьртара школа чекхъяьккхинчул тІаьхьа, 1928-чу шарахь, Ростов-гІала рабфаке деша вахна иза. Цигахь доьшучу заманахь цо дукха литература ешна философех а, искусствох а, литературех а лаьцна.

Цу заманахь Мохьмад-Салахь кхеташ хилла кхолларалллица уьйр йолчу стага шен хааршлакхадаха дезарх. Дуьненах шуьйра хаарш ца хилча, язъеш йолу говзарш лаккхара мах болуш хир яц, цундела цо къахьегна цу тIехь. Дешна а ваьлла цIа вирзича, лаккхарчу даржашкахь, куьйгаллехь белхаш бина цо. Амма литературе болу безам дIа ца баьлла цуьнан, мелхо а, IаьIаш, керла говзарш язъян шовкъ алсамъяьлла.

1930-чу шерашкахь Гадаевн стихотворенеш арайийлина газетийн, журналийн агIонаш тIехь.

1938-чу шарахь цо язйина «Й-те» стихотворени. И стихотворени безаман лирически жовхIар хилла ехаш ю тахана а.

1940-гIа шераш дуьйлалуш Соьлжа-ГIалахь Нохч-ГIалгIайн яздархойн Союзехь литконсультантан болх бина Гадаев Мохьмад-Салахьа. Синъайамца болх бина цо дукха а оьрсийн классикийн говзарш гочъеш, дакъалаьцна школашна лерина Iаматаш хIиттош.

Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болабелча, цо язйина вайн турпалхой-бIахой хестош стихотворенеш «Мехкан лоьмашка», «ДоттагIашка», ткъа «Герздалар» поэма Тарковский А. гочйина араяьлла «Поэты Чечено-Ингушетии» гулар тIехь 1938-чу шарахь.

1944-чу шарахь шен халкъаца махкахваьккхина яздархо. Йоза-дешар хууш хиларна, сурсаташ долчу складе балха эцна Мохьмад-Салахь. Мацалла, гIело ловш болчу нохчашна складера сурсаташ дIадекъар бахьана долуш, итт шо хан тоьхна, чувоьллина иза. Шозза махкахвалар нисделла яздархочун – Даймахках валар а, шена бевза-безачарех валар а. Амма, набахтин хала хьелаш лан дезаш велахь а, сица иза Даймахкахь висна, цо цигахь язйина шен тоьлла стихотворенеш: «Даймахке сатийсар», «Мунаева Саибате». Набахтехь цамгар кхетта цунна. Лоьраша рак ю аьлла хилла поэтан, цу хенахь весет тайпана язйина цо «ЦIен-Берд» стихотворени. Шен гIайгIанаш, баланаш кхолларалллица йоькъуш хиларна а хила мега, цамгарна тIехь а толам баьккхина поэто. Оцу лазарх хьалхаваьлла иза.

1953-чу шарахь амнисти хилла, лаьцначуьра мукъавалийтина Гадаев Мохьмад-Салахь.

Алма-Атахь арадолучу «Къинхьегаман байракх» газетехь зорбане евлла цуьнан стихаш. 1957-чу шарахь шен халкъаца Даймахка цIа вирзина иза. Ерриг республика юхаметтахIотто езаш хилла Iилманехь, искусствехь, литературехь жигара къахьега дезаш. Цунах кхеташ, боккхачу синъайамца белхаш бина Мохьмад-Салахьа. Амма юха а хаьдда цуьнан кхолларалли некъ – Мохьмад-Салахьан карх стаг велла. Тоьпаш тоха йина кхел хилла цунна. Яздархойн Союз, шен коьртехь Арсанов СаьIид-Бей волуш, Нохчийчохь вевзаш волу поэт ву аьлла, дехаршца орцахъяьлла цунна. Хьалха йина кхел дIа а яьккхина, пхийтта шо хан тоьхна Мохьмад-Салахьна.

Цул тIаьхьа дукха хан яьлла поэтан цIе а, цуьнан кхолларалла а йийца а, хьахо а йиш йоцуш. Нохчийн яздархоша дукха къахьегна, поэтан цIе къайлаха а юьтуш, нахана цуьнан кхолларалла йовзийта гIерташ. Иштта Шайхиев Iалвадис газетийн агIонаш тIехь Салахь Магомедов псевдонимца зорбане яьхна цуьнан стихаш.

Гадаев лаьцначуьра мукъавалийтина 1972-чу шарахь. Цул тIаьхьа эхашарахь бен ца ваьхна иза.

Мохьмад-Салахь кхелхина 22 декабрехь 1972-чу шарахь.

Цуьнан дуьххьарлера книга араяьлла 1993-чу шарахь «Буьйсанехь бере» цIе а йолуш, амма цу книги юкъа ерриг произведенеш ца яхна.

2010-чу шарахь, поэтан бIе шо кхачарна лерина, Нохчийн Республикин Iилманан Академис кечйина арахийцира Гадаев Мохьмад-Салахьан произведенийн ши том: «Безаман бIарлагIа» (1-ра том), «Синлехамаш» (2-гIа том). Нохчийн литературехь а, культурехь а йовр йоцуш цIе ю Гадаев Мохьмад-Салахьан.

### ***Шуна, хIума довза луурш***

Яздархочо Бексултанов Мусас Гадаев Мохьмад-Салахьах йолчу шен эссехь яздо:

«Суна дагадогIу, дуьххьара «Даймахке сатийсар» стихотворени, автор мила ву а ца хууш, сайна хезна бутт а, шо а, кIира а… 1971-чу шеран февралехь дара иза, 22 дийнахь, Олхазар-КIотарарчу юккъерчу школан

9 «А» класса чохь. Стихотворени ешнарг Сулейманов Ахьмад вара. Цуьнан бIаьргаш чохь лаьттина хиш суна тахана а гуш ду. ДагадогIу цо, Ахьмада (авторан цIе, фамили ца йоккхуш – цIерадахар хьахо дихкинчех дара), класса чохь хIоьттина тийналла минотехь гергга яхъелча: «Даймахке сатийсар ма кхочийла шуьга… Iожалла хала яц шуна, хала Даймохк бу шуна, Дала хьуна белла мохк, оззийна хьоьгара дIа а баькхина, нехан когашкахь сагIадоьхург а хилла, гIорасиз хьо висар…» Гадаевх хабарш дара, дийцарш а. Цхьацца эшарш а хезара, цуьнан дешнаш тIехь ю бохуш. Царах «Дарта» яра, берриг а чулацам Поэтах шех болуш санна, шен хеназа хIаллакьхиллачу маьршачу дахарх. «ЦIен-Бердаца» дайна ирс дара, дегаIийжамаш, барам боцу гIайгIа, бераллин марзонаш, байтамал, дахаран Iодика яр, авторан тIаьххьара дIабузучу маьлхан цхьа сирла зIенар а. И ши стихотворени тоьур яра Гадаевна езачех еза Поэт боху сийлахь цIе тилла. Дешархочун ойла гIаттош йоцу произведени ала хIума доцчу яздархочо язйина ю, Гадаев царах вац: цуьнан ойланаша Iадаво. Мохьмад-Салахь дуьненан поэзи а, бакккхийсийлахь поэташ а бевзаш стаг хилла хилар гуш ду, амма цхьаннах а тера воцуш, я тарвала ца гIерташ, шен некъ лоьхуш, шен некъ кхуллуш, шен меттан поэт хилар, шен мехкан сурт-сибат шен маттаца дерзош, нохчийн поэзин керла мукъам лоьху илланча ву».

## Гадаев Мохьмад-Салахьан лирикин васташ

Вевзаш волчу литературоведо Бурчаев Хьаьлима Гадаев Мохьмад-Салахьан поэзех йолчу статьяхь яздо:

«Гадаев Мохьмад-Салахьан – гIараваьллачу поэтан – лирика нохчийн поэзин жовхIарех цхьаъ лара йогIу. И шатайпа, башха хатI долу поэт ша ма-воггIу веара нохчийн литературе шена хьакъйоллу меттиг дIалаца. Шех тоьшуьйтуш, ша баккъал а волу халкъан поэт хирг хиларх шеконаш ца кхоллайолуьйтуш, ехира цо кхоллараллехь шен хьалхара гIулчаш. 1940-чу шарахь «Стихаш» шен гулар арахийцира цо. Цу юкъа яханчех дукхахйолу байташ хIетахьлерчу Iедалан политикин гайтамашца йогIуш, кхайкхаме – агитационни елахь а (и иштта бен хуьлийла а дац тоталитарни урхалла долчу пачхьалкхехь), нохчийн поэзе кхин а цхьа башха поэт веана хилар гуш

дара. Лакхахь ма-аллара, шен заманан лехамашна, тIедахкаршна жоп луш йолчу говзаршца цхьаьна, лап-олий, юкъ-кара цаьрца цхьа а зIе йоцуш, поэзин лехамашна жоп луш, кхиъна яьлла лирика го цу гуларехь.

Дуьххьара иза го «Буьйсанан бере» поэми тIера далийнчу дакъошкахь. ГондIарчу Iаламан вастехь го и вина мохк – Чурча-Ирзе: «эндаже лечарчий», «чIу ца баллал» луьста хьаннаш, «пепнаш тIехь чардакхех дартанийн баннаш», «кIорнешца жаргIа ловзу уьшале Iаннаш», «некъаш а, сар-сарахь борз йолу эккхий», ткъа цаьрца цхьаьна ша, оцу поэмин турпалхо, воккхавеш воллу «цу хIонсах, бIаьстенах алкханчаш санна». Цуьнца цхьаьна ешархо а воккхаве баккъал а исбаьхьчу оцу Iаламан тойнах, цунна а дагайогIу ша винчу меттиган хазаллаш. Амма цу чекхъялаза, яздан кхиийна дакъош а дерриг а схьакароза йолчу поэмин вайгахь йолчу кийсакан тIаьххьарчу строфахь, я, Гадаев Мохьмад-Салахьа ма-аллара, жутехь, турпалхочо шен дог дастарца цхьаьна цуьнца гIайгIане долу ешархочун дог а. Дуьххьара цуьнан дахар бераллел тIаьхьа дуьйна бохаме хилар вайна схьакъеда «со хIетахь, лам-агIох боккха чхар санна, керчина воьдура жималлин бердах» аларехь, ткъа жималлехь йинчу дашочу ойланийн шайн Iалашоне цакхачар дахаран къизчу гIиллакхех цхьаъ хилар дийцарехь а го изза: «Некъаш дIакъестара ойланийн лардах». Бераллин ирсе мур адамашна сов боца белла хиларх йоьзна гIайгIа а хеза чаккхенехь «хьаьттарал бен доцчу бераллин уьрдахь» аларехь.

Гадаев Мохьмад-Салахь похIме лирик санна кхуьург хиларна угтар а нуьцкъала тоьшалла ду цу тIехь «Йисите» байт. Кхузахь дуьззина схьаделлало безаман лирически турпалхочун васт. Шех «безам» олучу цу цIенчу синхаамах лаьцна дуьйцучохь нохчийн гIиллакхоьздангаллица чекхволу иза. ХIара вайн оьздачу гIиллакхийн бехкамаш, тоьхна дозанаш лардеш, эвхьазаллин цхьа хьаса а шеца боцу догдастар ду. Жоп доцчу безаман хало ловш волчу цуьнан «ойланехь цхьа довха догдахар къеда». Амма цо лардо беттанашкахь, шарахь йоьIан дагна вас хила тарло муьлхха а бахьана:

Ас лерира! Хьо хIетахь
гIайгIане йоьжна

Яра, шайн везачу
дадех а яьлла.
ТӀаккха ас, вайн яртийн
гӀиллакхе оьзна,
Чидам бира дагарна,
къайла а ваьлла.

Оцу безамах хьегаррий, садеттаррий вогуш, сатийсарца къуьйлуш, сецош схьавогӀучу шегара гӀайгӀане хьал тӀеттӀа совдалар гайтарехь авторо пайда оьцу хӀетахь а, цул тӀаьхьа а ша бен нохчийн исбаьхьаллин маттахь пайда ца эцначу дешнийн кепех:

...Амма цу хьегаро,
даз-дазлуш денна,
Буьзнера сан кийра,
къажбора, охкуш...

...Ткъа карладолура
хьежар со корах,
Хьан сурт а, сар-сарахь
шовдане дуьйлу...

Гадаев Мохьмад-Салахьан лирикин васт кхолларан говзалла лаккхарчу тӀегӀане елира 1940-чу шерашкахь. И мур цуьнан синхаамаш кӀаргбаларан, шайн лаккхарчу ираллe кхачаран шераш дара. Цуьнан бахьана дара Сталинан Ӏедало адамашна ницкъаш бар а, цхьадолчу халкъашца цхьаьна нохчийн халкъ шен дайн латтта тӀера дерриг а дӀакхалхор а, хӀара ша бехк боцуш набахти чу воллар а. 1940–1960-чу шерашкахь кхьчна Гадаевн поэзи шен исбаьхьаллин уггар а лекхачу лакхене. Оцу муьрехь язйинчу стихотворенех цхьаерш ешархошна дика евза, ткъа схьакароза ерш а шен цхьана замане хьуьйсуш Ӏа. Вай теша, царна а ваьш тӀаьхьакхуьург хиларх. ХӀинца ала лаьа гӀараяьлла евзаш йолчу «ЦӀен-Бердах» лаьцна.

Ӏожалло Ӏехаво, оьций дӀахьой,
Ял йоцуш вирзинарг лар йоцуш вов.

Уьйрашна вицвелчахь, Далла а вицлой,
Базло, бах, лахьти чохь упханан тхов.
Даим со хьегначу ЦIен-Берде гIой,
Цуьнга бIаьрг тохалаш, аьтто хилахь.
Цигахь диънера ас бераллин той,
Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь.

Йоккхачу гIайгIанца билгалдоккху цо дахаран къиза гIиллакх – дуьненах воккхавеш, Iехавеллачохь Iожалло хIора а дIавахьар, шел тIаьхьадуьсуш цуьнан синна ял лур долу дика гIуллакхаш дацахь, иза – кхелхинарг – шех дисна хIума доцуш, лар йоцуш вовш хилар а. Юха билгалдоккху, адамашца йолу юкъаметтигаш, уьйр-марзонаш, гергарлонаш, доттагIаллаш, безамаш дIатесна ваьхнарг, Делан къинхетамах волий, кошан Iазапехь висар а. Уьш, и ойланаш, цо ша-шена, шен дахарна деш долу жамIаш ду, хIунда аьлча хIетахь Гадаев набахти чохь хан токхуш хилла, цо стихотворенин юьххьехь ма-яздарра, чIогIа цамгар кхетта а волуш. ХIета, дахаран а, Iожаллин а зил тIехь лаьтташ волчу стеган гIайгIане ойланаш ю-кх уьш. Бакъду, дуьненан а, цул тIаьхьа хиндолчу эхартан а хьокъехь дуьххьара, лен сахьт тIехIоьттина аьлла хетаделлачу хенахь, ян йолийна ойланаш а яц уьш.

Ешархочунна ма-гарра, «ЦIен-Бердан» хьалхара жут (иштта олу Гадаевс шен йозанашкахь стихотворенин дакъойх, оьрсийн «стопа» олург ю и) чуьра могIанаш дуьнен тIе догIучу хIора адаман дахаран, цул тIаьхьа хилаза ца йолучу Iожаллин къаьхьа жамI ду. Цо циггахь дIахадийнехь а, и биъ могIа афоризм хилла буьсур бара, хIунда аьлча дахаран доккха зеделларг долчу стеган жамI и хиларна. Бен а дац, вехийла иза цхьа бIе, доьзткъа я шовзткъа шарахь. Кицанахь ма-аллара: «Дукха ваьхначуьнга ма хатта, дукха гиначуьнга хатта». Дахаран чолхечу хьелашка дукха мел хIуьтту а, кIорггера ойла яло адаме.

Тамашийна дерг кхин ду стихотворенехь. Хьалхара жута тIаьхьадогIучу жуташца цхьа а зIе йоцуш гар, амма хIетте а цхьа къайлаха зIе церан хилар а хьоьху даго.

ШолгIачу жуте автор валар хьалхарчу жутехь бина цхьа а кечам боцуш ду. Ша гуттар а ган сатийсинчу ЦIен-Берде дахна, цуьнга, нагахь аьтто хилахь, вай бIаьрг тоха лаьа цунна. ТIаккха, хIора ешархочун синхаамаш меттахбохуш, ши могIа а балабо:

Цигахь диънера ас бераллин той,
Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь...

Юха а цецвоккху авторо шен ешархо оццул дагна хьомсара болу ЦIен-Берд ша буьйцучу хенахь. Цуьнан дагалецамашкахь иза «гIеллой Iаш хетало», цуьнга бIаьрг тохар а «малх хьуллуш» болчу хенахь ду цуьнан, ЦIен-Бердах «хьерчаш Iен дохк гуш санна, вогIалой», дуккха а ханна латта вуьсу оцу стихотворенин турпалхо. И иштта хиларан къайле ю хIетахь вайн халкъ дерриг а махкахдаьккхина хиларехь. Вайна дика ма девза хIара могIанаш:

Вай дина ярташ го
тишъелла, гIийла,
Го сирла шовданаш
дай боцуш мийла,
Вайн хьомсар ков-керташ,
каш санна, шийла,
Сов ирча карайо,
я Зал жалала...

«Даймахке сатийсар» стихотворенехь а, «ЦIен-Бердехь» а шена дукхабезачу дайн махках къастийнчун дог-ойла ю гойтург, кхин шайн хьомсара лаьмнаш гур ду я дац бохучу жоп доцчу хаттаро кхоьллина йолу. Цо чIагIъеш а ю «ЦIен-Бердан» бохаме агIо – трагизм. Амма вайн халкъ Даймахка юхадоьрзург хиларх тешам онда а бу авторан. И цо гойту ешархочуьнга ша дечу дехаршкахь:

Даим со хьегначу ЦIен-Берде гIой,
Цуьнга бIаьрг тохалаш, аьтто хилахь...

Амма иза а кхочушхила лаац цунна, нагахь вай, ЦIен-Бердан суьртехь берриг Нохчийчоьне болчу безамо дегнаш дуьзна, вовшашца йолу хьаьгIнаш дIаяьхна, бертахь ца гуллахь:

Дог мерза гул а лой, ЦIен-Берде гIой,
Дегнийн хьу ясталаш бIаьста-гурахь...

Гадаев Мохьмад-Салахьан лирикин вастийн башхалла ю ойланийн кIоргалла а, синхаамийн гIоьнца хIораннан даг чу цуьнан байташ юьйшуш хилар а. Цуьнан кхолларалехь, цо яздинчу кехаташ тIехь гуш ду, мел лерина тидам тIебохуьйтуш хилла цо исбаьхьаллин дашна. Шен йозанаш тIехь цо хьехамаш бо яздан буьйлалуш болчарна язъярехь меттан маьIна коьрта хиларх лаьцна.

Вай лакхахь дийцинчун жамI дича, гуш ду Гадаев Мохьмад-Салахь адамийн синхаамаш говза схьабастаран, уьш дIагайта хааран воккха говзанча хилла хилар. Цуьнан кхоллаpалла хIинцца бен йовза а, талла а ца йолийна. Амма, бакъду, шен йозанех лаьцна дийца дуккха а дитина цо».

## «ДАЙМАХКЕ САТИЙСАР» стихотворенин исбаьхьаллин башхалла

«Даймахке сатийсар» стихотворени вайн халкъ цIера даьккхинчу хенахь язйина ю. Иза гойту стихотворени тIехь ялочу меттигийн цIерша: ГIум-Ази, Тянь-Шань. Поэто бIаьрг бетташ Тянь-Шанан лаьмнаш делахь а, цуьнан ойла Нохчийчоьнах, Кавказах хьерчаш ю. Деле дечу доIанан кепехь язйина йолу и стихотворени дешархочун дагах кхеташ ю. Цхьана а идеологина муьтIахь хилар а доцуш, маьршша шен а, халкъан а бала балхабо поэто вай кхоьллинчу Деле. Деле орца дохуш, Цуьнгара бен, кхин гIо хир доций хууш. Стихотворенехь гойтуш болу лирически турпалхочун синхIоттам дерриг а къоман синхIоттамах хьакхалуш бу. Язйинчу заманахь араяккха йиш йолуш ца хилла и стихотворени. Цунделла, нохчийн литературица бала болчу наха, вовшашка кар-кара а луш, дагахь Iамийна иза.

«Даймахке сатийсар» стихотворени еа гIулчан дактилан барамехь язйина ю. Стихотворенин хьалхара строфа (байт) къаьсташ ю тIаьхьа тIейогIучарех. Оцу строфан (байтан) хьалхара ши

могIа вовшашца рифма еш (шалгу рифма), тIаьхьара ши могIа вовшашца рифма еш бу. Вукху строфашкахь хьалхара кхо могIа бу вовшашца рифма еш. ТIаьххьара могIа цхьаьнцца а рифма еш бац. Иза хIора строфан чаккхенехь балош, Деле кхайкхаран кепехь могIа бу. Оцу стихотворенин кхин цхьа башхалла а ю: дактилан цхьацца дешдакъа эшадо поэто хIора могIанехь. Вайна ма-хаъара, дактиль кхаа гIулчан барам бу, ткъа хIокху стихотворенехь могIанан тIаьххьара гIулч шина дешдекъехь лаьтташ ю:

Тезетахь техкаш го вайн бошмаш, хьаннаш,
ГIайгIанех юьзна го тогIенаш, Iаннаш…

«Даймахке сатийсар» стихотворени поэто йоккхачу синкарзахаллица, синIаткъамца язйина ю. Цундела ешначун дагах кхета. Цу Iалашоне автор кхочу дуккха а болчу исбаьхьаллин гIирсех пайда а оьцуш. Стихотворени йолалуш далочу «чурт санна лаьтта со…» дустаро билгалдоккху авторо юьйцург гIайгIа, сингаттам хилар. Шен лаамза махкахваьккхина, хийрачу лаьмнашка бIаьрг бетташ, Даймехкан сурт даг чохь дуьхьалхIитто дезачу хьолехь ву иза. Сингаттамех дуьзна де дIа а даьлла, тIейогIу суьйренан сурт иштта хIоттадо поэто:

...Малх, буза бегийна, регIа лахбелча,
Суьйре а, даш санна, суна язъелча…

Амма, кхидолу маьрша адамаш санна, шен хIусаме верза сиха вац лирически турпалхо. Иза, даг чохь ойланийн дарц долий, Даймахка вуссу. Сингаттаме, дог Iовжош суьрташ ду цунна цигахь гуш дерш. Тезетахь техкаш ю дай боцуш йисна бошмаш, хьаннаш. ГIайгIанех Iаржъелла Iохку тулгIенаш, Iаннаш. ТIехь дола дан да воцуш доьхна го дай дIабоьхкина кешнаш. Иштта ярташ тишъелла, гIийла го. И ирча суьрташ гича, уьш даге лан ца луш, мохь-цIогIа долу поэте, цара Iадавой, иза юхаверзаво къизчу бакъдолчу дахаре. Лирически турпалхочунна синтем луш ду Деле доггах орца дехар, мацца а ша Даймахке кхочург хиларх тешна ву иза. Стихотворенехь далочу дустарша (*чурт санна, даш санна,*

*каш санна),* эпитеташа (*ойлане дарц, генара Даймохк, хIиттина бIаьргаш, яьсса тогIеш, тишъелла, гIийла ярташ, сирла шовданаш, хьомсара ков-керташ*) гIо до авторна шен дог-ойланийн бIаьрла сурт хIотто.

Поэто Сулейманов Ахьмада 1977-чу шарахь «Пхьарматхошца» шен хиллачу цхьаьнакхетарехь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан юкъарIойлехь № 75 йолчу цIа чохь йийшира и стихотворени. Оцу заманахь и байт Iедална хезачохь еша йиш йолуш яцара, хIунда аьлча цIерадахархой яздар дихкина дара, поэтан шен цIе а санна.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. ХIун зама, хIун меттиг ю поэто шен стихотворенехь юьйцург?
2. Схьакарае стихотворенехь юьйцучу заманан билгалонаш.
3. Ойланаша мича вуьгу лирически турпалхо?
4. Билгалдаккха стихотворенин коьрта маьIна.
5. Дагахь Iамае стихотворени.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалбаха «Даймехкан сатийсар» стихотворенехь исбаьхьаллин гIирсаш.
2. Схьакараде стихотворени юкъара дустарш. ХIун маьIна леладо цара?
3. Билгалбаккха стихотворени язъяран барам, рифма яран башхаллаш.
4. МогIанийн исбаьхьаллин чулацаман башхалла билгалъяккха:

Тезетахь техкаш го
вайн бошмаш, хьаннаш,
ГIайгIанех юьзна го
тогIенаш, Iаннаш,
Дайн кешнаш доьхначохь
упханийн аннаш
Хьулдан да воцуш го,
я Зал жалала.

5. Муьлхачу дешнашца гойту поэто Даймахке сатийсар шен дагна даздалар?
6. Фольклоран муьлхачу жанрана гергара ю стихотворени шен кепаца? Масалш даладе.

***Ешначух ойла е вай***

1. ХIун ойланаш кхоллало шун стихотворени йоьшуш?
2. МогIанашкахь долу васташ маьIница даста:

Малх, буза бегийна,
регIа лахбелча,
Суьйрс а, даш санна,
сайна язъелча,
Ойлане дарц даьлла,
со айавелча,
Даймахка вуссу со,
я Зал жалала.

3. Ойланашца ша цIа кхаьчча, Даймохк муьлхачу аматашца дуьхьалхIуьтту поэтана?

***Проект***

«Нохчийн къам цIерадаккхар а, хийрачу махкахь цуьнан хилла дахар а» темина реферат язъе.

## «ЦIЕН-БЕРД» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин маьIна а

«ЦIен-Берд» стихотворени весетан кепехь язйина. И весет цо, шен гергарчаьрга дина ца Iаш, шен берриг махкахошка деш ду. Поэтан сагатдо шена мерза хеттачу уьйраша ша вицвийр ву бохучу кхерамо. Ша виц ца веш, ша хьегначу ЦIен-Берде гIой, цунах бIаьрг тохар тIедуьллу цо тIекхуьучарна. Цигахь гулдаларо махкахошна юкъахь болу барт чIагIбийриг хиларх тешна ву иза. Цундела боху цо:

Дог-мерза гул а лой, ЦIен-Берде гIой,
Дегнийн хьу ясталаш бIаьста-гурахь.
Сан метта бIаьрг тохий, сан бIаьрга гой,
Сан берд аш хьасталаш, ганза со лахь.

***Текстана комментари***

Стихотворенехь поэто юьйцуш йолу ЦIен-Берд боху меттиг бак-къал а йолуш ю. Гадаев Мохьмад-Салахь винчу Чурча-Ирзе юьртана уллохь ю иза. Оцу хазчу меттехь, поэто весет ма-дарра, хIора шарахь гуллой, «бIаьста-гурахь, дегнийн хьу йостуш», поэт дагалоцуш, цунна Деле гечдар доьхуш, доIанаш деш, поэтан байташ йоьшуш, царна тIехь

даьхна иллеш олуш, цхьа мерза цхьаьнакхетар дІахьо. И цхьаьнакхетарш вовшахтухуш, Гадаев Мохьмад-Салахьан безамна тІулг-хІоллам бугІуш беркате къахьегнарг ву вайн махкахь дика вевзаш волу Іилманча Дадашев Райком. Дала Шен дуьхьа лорийла цо хьоьгу къа, вайн къоман воккхачу яздархочун иштта сийдар.

Гадаев Мохьмад-Салахьан поэзи шен хьомсарчу лаьттан, билггал иза винчу а, ваьхначу а меттигийн мутт муьйлуш, цигарчу Іаламан басаршца къегина, аьзнашца юьзна ю.

### *Хаттарш, тІедахкарш*

1. Муьлхачу кепехь язйина ю стихотворени?
2. ХІун весет до поэто шел тІаьхьабуьсучаьрга?
3. Лерина еша стихотворени, дагахь Іамае иза.

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Муха дийр дара аша дешнийн маьІна: «Ял йоцуш вирзинарг лар йоцуш вов»? Муьлха меттиг хета поэтана Даймехкан символ?

2. Васт, маьІна достуш, талла: «Пепнаш кІел тІулг богІий, гонаха берд хьой, безамна бІарлагІа елаш цигахь». Фразеологически карчам билгалбаккха.

3. Стихотворенехь исбаьхьаллин гІирсаш билгалбаха.

### *Ешначух ойла е вай*

1. Шуна хетарехь, муьлхачу синхІоттаман хьолехь язйина ю стихотворени поэто? Ойла е, хІун ала гІерта поэт:

> Дог-мерза гул а лой, ЦІен-Берде гІой,
> Дегнийн хьу ясталаш бІаьста-гурахь.

2. МаьІна де могІанийн:

> Цигахь диънера аса бераллин той,
> Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь...

## «ДАЙ БАЬХНА ЛАТТА» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин шатайпаналла а

«Дай баьхна латта» стихотворенин чулацам кхуллу шен хьомсарчу махках воккхавечу авторан ойланаша. Уггар хьалха иза воккхаве Даймехкан исбаьхьчу Іаламах. Цуьнан бІаьргашна хьалха

хIуьтту хIора а нохчичун сийлахь-еза меттигаш: чехка Терк, токхе аре, хьена рагI, лаьмнаш. ТIаккха лирически турпалхочун воккхавер гучудолу шен къоман турпалаллин хилларг дагалоьцуш, иштта цо хьахабо вайн историхь йоккха лар йитина болу турпалхой а. Къаьсттана доккха хазахетар хуьлу лирически турпалхочунна оцу лаьтта тIехь хьанал къахьоьгуш:

Хьенан дог деладац
Хьеначу лаьтто –
Хьоьжуш а,
Хьоьшуш а,
Хьедеш а нохца;
Iуьйренца ловзадеш,
Суьйренца товжадеш,
Эсала маргIал цо
Ластош а мохца?

И исбаьхьа хазалла, хьанал къахьега йиш йолуш долу маьрша дахар хьарамчу куьйгех лардан дезаш хилар хьахадо поэто. Иза тешна ву нохчийн яхьйолчу кIенташа дай баьхна латта лардийриг хиларх:

Маьрша хьан кIентий
Майра дIахIиттина
МостагIа човхо.
КIентийн дог
Дахчадан,
МостагIий
Чахчабан,
Боккха ницкъ
Беца хьан –
Дайн лаьттан
Йовхо!?

Стихотворени шен куц-кепаца а ю шатайпана. Уггар хьалха тидам тIебоьду стихотворени строфашка екъаран башхаллина. Уьш тайп-тайпана ю. Цхьаерш 8 могIанех лаьтта, вуьш – 12 могIа-

нех, вуьш – 11, 12, 13 могIанех латташ ю. Шатайпана ю поэто оцу байтехь пайда оьцу рифмаш а. Уьш, могIанийн чаккхенашкахь хилла ца Iаш, могIанашна юккъехь нисло. Масала:

Хьенан дог деладац
Хьеначу латто –
Хьоьжуш а,
Хьоьшуш а,
Хьедеш а нохца?

Поэто иштта говза пайда оьцу цхьатера аьзнаш юх-юххе нисдарх – аллитерацех. Масала, кхоалгIачу строфахь «хь», «ш», «с», «ц» аьзнаш юх-юха даладо, цо стихотворенин шатайпа мукъам кхуллу. Авторо даймахке болу шен безам гойтуш говза пайда оьцу тайп-тайпанчу эпитетех: чехка Терк, токхе аре, хьена рагI, къорза куз, сий дина латта, цIийдина латта, бIешерийн баланаш, хьена латта, эсала маргIал, цаьпцалгийн оза, къонахийн латта, хьере нах, хьарам куьг, маьрша кIентий, боккха ницкъ, шийла хиш, ийна кхаш, сийна гIаш. Оцу стихотворенин мукъам даймахке болчу безамах детталучу деган эшарехь хаало вайна.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Къастош еша стихотворени.

2. Муьлхачу суьрташца дуьхьалхIутту дай баьхна латта лирически турпалхочунна?

3. Муьлха турпалхой дагалоьцу поэто Даймехкан дIадахнарг хьехош?

4. Дагахь Iамае стихотворени.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалбаха стихотворенехь исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш.

2. Дийца стихотворенин мукъаман, рифма яран шатайпаналлех.

3. Билгалъяха поэто Iаламан исбаьхьалла говза гойту меттигаш.

4. Муьлха дешнаш даладо поэто стихотворенехь шен коьртачу ойланийн жамI деш?

5. ХIун маьIна леладо стихотворенехь цхьанатайпанчу меженаша, хаттаран а, айдаран а аламаша?

***Ешначух ойла е вай***

1. Дешнийн чулацаман историн а, оьздангаллин а маьIна даста:

Имама Шемала
Сий дина латта!
Шериповс шен цIийца
ЦIийдина латта!
Хийла кIант хьийзина,
Хийла лом цIийзина,
БIешерийн баланаш
Бохийна латта!

2. Муьлха васташ карадо поэтана дай баьхначу лаьтте болу безам буьйцуш?
3. Муха билгалйоху поэто лаьттан дикаллаш?
4. Муха го поэтана дай баьхна латта тайп-тайпанчу заманашкахь: бераллехь, къоналлехь, къаналлехь?
5. ХIун ницкъ го поэтана Даймехкан лаьттан?

## «ГЕНАРА КЕХАТ» стихотворенин исбаьхьаллин башхалла

«Генара кехат» стихотворени лирически турпалхочо шен езаре дохьуьйтучу костан кепехь язйина ю. Стихотворенин цIарца «генара» эпитет ялорца авторо билгалдоккху ша, езарна тIекхача йиш йоцуш, хийрачу меттехь хилар. Цундела барта дIаала йиш-йоцург кехатца яздеш, шен безам чIогIа хилар, и цкъа а бухург цахилар дуьйцуш тайп-тайпана васташ даладо лирически турпалхочо. Цуьнца цхьаьна, ша дахар девзаш хиларе терра, хьехарш а до цо.

Стихотворенехь хьалхарчу беа могIанехь поэто боху, шайн безамах шеконаш ма кхоллаялийта, хIунда аьлча «шеконе диллинарг шеллуш долу дела».

ШолгIачу байтехь авторо дагалоьцу шайн хилла мерза юкъаметтигаш, тешайо йоI, и дерриг а, диц ца луш, шеца дехаш хиларх.

Шен йоIе болу безам цкъа а бицлур бац бохуш, дуьйцу лирически турпалхочо, кхидIа долчу дахарехь мел дукха диканаш хьегарх: «Зезагийн бошмашкахь заманаш яхарх…». Шен безам

чIогIа хиларх йоI тешийнчул тIаьхьа лирически турпалхочо балхабо цунах къастар бахьанехь шегахь болу сингаттам:

...РегIа малх тевжича, цIен басар кхетта,
Iаьршан йист[1] хIоьттича, ша хазахетта,
Седано болийча лаьтта бIаьрг бетта, –
Хьегаро хьовзавой, гатлуш ву хьуна...

КхидIа йолчу байташкахь поэто шен безамах, дахарх йолу ойланаш йовзуьйту йоIана дечу хьехаран кепехь:

Безамехь шалхонаш тарло, ма мотта,
Безамах ловзучарна юххе ма хIотта,
Даима Iийжа дIовш кийра ма дотта, –
Безамца телхинарг то ца ло хьуна.

Телхачу ойланийн урх дIа ма хеца,
ЧIогIаллехь къовсамна мокхазар эца,
Оцарна ахь улло оьздалла леца:
Ойланийн урх тосург вовш хуьлу хьуна.

Стихотворенин кхоалгIачу декъехь лирически турпалхочо йоккхачу дегайовхонца дуьйцу шаьшшиъ маццa а вовшаххкхетар хиларх. Царах долу могIанаш безамах, бIаьстенах дуьзна, сирлакъегина ду:

Буьйса цкъа дIатилча, сирла де санна,
Шийла Iа кхачалуш, бовха мур санна,
Сийначу бацала байн полла санна,
Безаман зевнаца кхочур ву хьуна.

«Генара кехат» стихотворени еа гIулчан дактилехь язйина ю, тIаьххьарчу гIулчан цхьа дешдакъа а эшош. Шен куц-кепаца и стихотворени тера ю нохчийн халкъан барта кхолларалин назма жанрах. Стихотворенехь, назманахь санна, хьалхара кхо могIа вовшашца рифма еш бу. ТIаьххьара могIа, шех тераниг боцуш, ша цхьалха бу.

[1] Iаьршан йист – стигалан лакхенс.

ХIора байтан чаккхенехь болу могIа чекхболу «ду хьуна» дешнашца. Оцу рефрено къамелан кеп чIагIйо, даггара хилар лакхадоккху. Дуккха а исбаьхьаллин гIирсех пайда эцна поэто: исбаьхьчу дешнашца диллинчу суьртех: «регIа малх тевжича, цIен басар кхетта», «седано болийча, лаьтта бIаьрг бетта»; дустарех: «сирла де санна», «бовха мур санна», «полла санна»; эпитетех: «боккха бала», «кхоххийна юьхь», «мерза дешнаш», «кIайн дуьне», «зезагийн бошмаш», «цIен басар», «Iийжа дIовш», «телха ойланаш», «ойланийн урх».

### *Хаттарш, тIедахкарш*

1. Шуна хетарехь, хьаьнга яздина ду хIара кехат?

2. ХIун билгалдоккху поэто шен стихотворенина «Генара кехат» цIе тилларца?

3. ХIун хьехар до хьалхарчу байтехь лирически турпалхочо шен езарна?

4. Шайн безам кхоллабалар муха дуьйцу лирически турпалхочо?

5. Безаман чIогIалла муха гойту поэто?

6. Муха билгалдоккху поэто безам дахаран «кхача» хилар? МаьIна даста байтан:

Телхачу ойланийн урх дIа ма хеца,
ЧIогIаллехь къовсамна мокхазар эца,
Оцарна ахь улло оьздалла леца, –
Ойланийн урх тосург вовш хуьлу хьуна.

7. Дагахь Iамае стихотворени.

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Билгалбаккха стихотворенин барам а, рифма яран башхалла а.

2. Нохчийн халкъан поэзин муьлхачу жанрана герга ю стихотворени?

3. Муьлхачу исбаьхьаллин гIирсех пайда оьцу поэто стихотворенехь?

4. Схьакараде поэто диалектехь далийна дош.

5. Стихотворенехь поэто пайдаэцначу дешнийн маьIна де: хIуьрлаIа, Iаьршан йист, урх, шалхонаш, мокхазар.



## ГАЙСУЛТАНОВ Эдилсултанан Іумар

*(1920–1980)*

### Дахар а, кхолларалла а

Гайсултанов Іумар нохчийн литературе деанчу шолгІачу чкъуран яздархойх хилла. Иза литературехь къахьега волавелла махкахдаьккхина нохчийн халкъ цІа дирзинчул тІаьхьа. Цуьнан дуьххьарлера книга араяьлла 1959-чу шарахь.

ХІетахьлерчу яздархоша шайна хьалха хІиттайора къоман мехала долу декхарш кхочушдаран Іалашонаш. Иштта Іумара билгалбаьккхина шен кхоллараллин некъ, кегийрхой кхетош-кхиорехь Іаламат мехала йолчу шина темина лерина: нохчийн турпалаллин исторех, шен заманан берийн, кегийрхойн дахарх лаьцна говзарш язъяр. Оцу новкъахь беркате къа а хьегна цо, нохчийн берийн литература кхиош.

Бурчаев Хьаьлима иштта яздина цуьнан кхолларалех:

«Гайсултанов Іумаран кхолларалла нохчийн литературехь йоккха меттиг дІалоцуш ю, цо шен исбаьхьаллин говзарш леррина берашний, кхиазхошний, кегийрхошний язйина хиларна а, вайн литературехь дуьххьарлера берийн яздархо иза хиларна а. Цуьнан цІе гІараяла юьйлира дІадаханчу бІешеран 50-чу шерийн чаккхенгахь дуьйна. Деккъа цхьана 1959-чу шарахь цо шен иттех говзар зорбане яьккхина «Ленинан некъ» газетан а, «ДоттагІалла» альманахан а агІонаш тІехь. Уьш берашна яздина дийцарш дара. Оццу шарахь арахийцира къоначу, амма похІмечу яздархочун

«Болат-гІала йожар» повесть а, цуьнца цхьаьна дийцарш а долуш дуьххьарлера книга а. «Болат-гІала йожар» повесть доккхачу хазахетарца тІеийцира ешархоша, критико дика мах а хадийра цуьнан. Цу повесто гІараяьккхира Гайсултанов Іумаран-яздархочун цІе. Кхузахь ала догІу, Гайсултановн цхьайолу говзарш оьрсийн матте гоч а йина, «Дружба» журналан агІонаш тІехь 1958-чу шарахь араевлла хиларх а.

1960-гІа шераш а иштта беркате хилира Гайсултанов Іумаран кхолларалллина. Оцу муьрехь евзира ешархошна цуьнан «Кавказан лаьмнашкахь», «Сема лергаш», «Къийсаман новкъахь», «Керлачу дахаре», «Тешаме доттагІ», «Малика», «Массарна а боьлийла малх», иштта оьрсийн маттахь язйина «Арби», «Пусть солнце смеется всем» дийцарийн, повестийн гуларш. Ткъа «Мила ву хьо?» повесть Гайсултановн а, нохчийн литературехь а керла агІо яра. Цу тІехь вайн литературехь дуьххьара гайтира цу заманан къоначийн лехамаш, церан Іер-дахарехь нислуш йолу галморзахаллаш. Иштта боккха кхаъ хилира кегийчу ешархошна «Іарби» повесть арахецар а».

Гайсултанов Іумарца болх бинчу яздархочо Исмаилов Абус иштта дагалоьцу и воккха яздархо, меттан говзанча:

«Гайсултанов Іумарх лаьцна ала диканиг бен дац. Иза адамашца марзо йолуш, нахаца тарлуш оьзда стаг вара. ПохІме яздархо а вара.

Суна иза вовзале хьалха евзира цуьнан говзарш: дийцарш а, повесташ а. Со школехь доьшуш волчу хенахь цо язйина йолу «Болат-гІала йожар» повесть еша таро хилира сан.

ХІетахь, 1960-гІа шераш дуьйлалучу муьрехь, юкъаелира «Мамлюк» кинофильм. Гуьржийн яздархочо Татаришвили Кондратийс язйинчу изза цІе йолчу повесть тІехь яьккхина яра иза.

Хаалора цу шина а повестийн тема а, церан чулацамехь кхуьуш долчу гІуллакхийн дІахІоттам-сюжет а тера хилар. Шиннахьа а бераш лечкъош, уьш лолле бухкуш, кхечу мехкашка дІакхуьйлуш Кавказехь хиллачу талорех а, и зуламаш дечу талорхойх а, декъаз-

чу берех а, церан дай-нанойх а, оцу берех хьалакхиъначу турпалчу бIахойх а долу дийцарш чIогIа цхьатера хеталора.

Делахь а и цхьатералла дукха яхлуш яцара. Нагахь санна гуьржийн яздархочун турпалхой генарчу мехкашкахь кхечу паччахьийн лаамаш кхочушбеш хIаллакьхиллехь, Гайсултановн турпалхо, шен Даймахка цIа а вогIий, шен тешамечу накъосташца цхьаьна халкъ Iазапехь латтош болчу талорхошца тIаме хIутту. Цо цу тIамехь толам а боккху.

Гайсултановн повесташ, дийцарш уггар хьалха берашна, кегийрхошна лерина делахь а, хазахеташ тIеоьцура массара а.

Нохчийн мотт шера хууш, берийн амалш, церан лехамаш, сатийсамаш дика бевзаш вара яздархо. Нохчийн мотт-йоза кIорггера довза а, Iама а сан дог-ойла кхоьллинчарех цхьаъ вара иза. Шеко йоцуш, Гайсултанов Iумар нохчийн литературехь уггар хьалха берашна лерина яздан волавеллачарех цхьаъ ву. Цу тIехь цо баккхий кхиамаш а баьхна. «Сема лергаш», «Тешаме доттагI» дийцарш а, «Къийсаман новкъахь», «Малика», «Массарна а боьлийла малх» повесташ а дика тIеийцира къоначу ешархоша а, баккхийчара а.

Къоначу хьовсархойн самукъадоккхуш яра тайнигийн театрехь хIиттош йолу цуьнан пьесаш а. Ешархошна доккха совгIат хилира Гайсултановн «Александр Чеченский» повесть зорбанера араяьлча. Иза чIогIа езаш тIеийцира дешархоша. Арахецна кIира а далале эца карош яцара повесть.

Суна цуьнан кхолларалла евзинчул тIаьхьа маситта шо даьлча, сан ирс хилира Iумар вовза а, цуьнца цхьана кабинет чохь болх бан а.

Иза дара 1975–1978-чуй шерашкахь. Цу хенахь со Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь болх беш вара. Юьхьаьнца – корректор, цул тIаьхьа дешаран редакцехь редактор вара со, Iумар сан куьйгалхо а волуш. Иза хилла ваьлла нохIме яздархо а, меттан говзанча а вара, ткъа со цу халчу новкъахь дуьххьарлера гIулчаш йохуш вара. Iумар, догдика а волуш, тидаме а волуш, дика накъост вара. Суна дуккха а гIо дина цо редактура муха ян еза хьоьхуш, дийцар я повесть муха дIайоло еза, муха язьян еза а хьоьхура цо.

Шена хуьлуш йолу хало а, шен сина хуьлуш болу цатам а нахала боккхур болуш вацара иза. Даим а векхавелла хуьлура балха тIехь а, арахь а.

Цо Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь дакъалаьцнийла ца хаьара суна цу хенахь. Шен дахаран и агIо цо хьаха а ца йора. ТIамехь чевнаш хиларна, заьIаьпхо лерина, цIа вайитина хиллера Iумар. Оцу чевнийн хьу хиллачух тера дара-кх цуьнан дегIана ницкъ беш. Шен кхузткъа шо кхачале дIакхелхира Iумар. Дала декъалвойла иза.

Ша кхалхале цхьа шо хьалха цо йовзийтира суна хиндолчуьнца йоьзна йолу шен ойланаш. Ша мел яздина долу куьйгайозанаш а, талламаш а, кхидолу тептарш а, кехаташ а гулдина мужалтан гIутакхаш чу а дерзош, гуттаренна а Iалашдан пачхьалкхан архиве дIаделла ша, элира цо. Ша кху дуьнен чуьра дIаваьллачул тIаьхьа шовзткъе итт шо даьлчий бен оцу кехатийн чулацам гIарабаккха мегар дац аьлла, весет а долуш, оцу архивца бина барт а бара цуьнан.

XXI бIешарахь хинболчу Iилманчаша а, талламхоша а шен архивах пайдаэцаре сатесна а вара.

Iумар бакъдуьнен чу дIавахна шовзткъа шо герга хан яьлла. Нагахь санна вайн махкахь и къиза ши тIом ца хиллехь, итт-цхьайтта шо даьлча хинболчу къоначу Iилманчаша Iумаран архивах пайда эца а тарлора. Дуккха а къайленаш, инзаре хIуманаш довза мегара царна. Амма тIаьхьенашна иза хаа доьгIна ца хилла...

Iумар сайна вовзаро, цуьнца цхьаьна болх баро сайн аьтто бина аьлла, хета суна.

Таханлерчу кегийрхоша Гайсултанов Iумаран говзарш еша а еза, Iамо а еза.

Иза шен заманан векал вара. Шен зама а, цу хенахьлера адамийн дахар а, къаьсттана берийн дахар, къеггина гайтина цо, нохчийн литературехь хьакъйолу меттиг дIа а лоцуш».

## «АЛЕКСАНДР ЧЕЧЕНСКИЙ» романан дӀахӀоттам. Чеченский Александран васт

Гайсултанов Ӏумаран «Александр Чеченский» повесть зорбанера араялар къаьсттана доккха совгӀат дара цуьнан похӀма къобалдечарна. Лаккхара мах хадийра цуьнан исторически кхолларан критикаша а.

Вевзаш волчу литература таллархочо Арсанукаев Ӏабдуллас яздина:

«Повестехь вайна гайтина Чеченский Александран ойланаш, цуьнан цӀена безам, йовха доттагӀаллин уьйраш, даймахкана, халкъана иза хьанал хилар. Ша вина меттиг, дай баьхна мохк – Нохчийчоь – дагаеача, цуьнан дог дуткъадалар хаало вайна. И дерриг а яздархочо кхочушдина дагах хьакхалуш долчу исбаьхьаллин васташца, суьрташца. Говза язйинчу произведенин билгалонаш ю уьш. Нохчийн исторически прозехь дикачарех ю «Александр Чеченский» повесть».

Нохчийн Республикин халкъан поэто Кусаев Ӏадиза дагалоьцу:

«Суна дика дагадогӀу, мел чӀогӀа резахиларца тӀеийцира ешархоша Гайсултанов Ӏумаран «Александр Чеченский» повесть. Цу тӀехь цо вовзийтина нохчашна шайн гӀараваьлла махкахо, доза доцуш майра къонах, 1812-чу шеран Даймехкан тӀеман турпалхо, партизанийн баьччин Давыдов Денисан бӀонакъост, доттагӀ хилла волу нохчийн кӀант… Фельдмаршале М.И. Кутузовга ша бечу хаамаш тӀехь Давыдовс цецваларца дуьйцура Чеченский Александран бӀахаллин хьуьнарш».

Вай юьйцучу повестах а, Гайсултановн ерриг кхоллараллех а лаьцна иштта аьлла литература талл арх очо, Нохч-ГӀалгӀайн книжни издательствон редактор хиллачу Яблокова Г.И.:

«Яздархо (Гайсултанов Ӏумар) шен говзаршкахь ешархо Ӏехорхьама цхьацца даздина, тӀех хаздина хӀуманаш юкъадалочех вац. Шен турпалхойн ойланаш, сатийсамаш гойту цо, исбаьхьаллин меттан гӀирсашца царна варкъ а доккхуш. Цуьнан кхолларшкахь дуккха а дуьйцу ламанхойн Ӏер-дахарх, цундела цо яздеш дерг бакъдерг хиларх теша ешархо».

Литературоведо Бурчаев Хьаьлима «Александр Чеченский» романах язйина «Гайсултанов Іумаран кхолларалліехь исторически тема» статья. Цу тІехь, цо романан идейни маьІна достуш, йовзийтина вайна романан мехалла:

«Гайсултанов Іумара, дукххахболчу яздархоша санна, шеггара кхоьллинарг ца лорура коьрта ша хІара повесть язъечу хенахь, ткъа документийн хаамех, билггал хилла долчух пайда оьцура. Повесть тІехь ша бина болх буьйцуш, цо яздора: «Александр Чеченский» повесть язъяр дІадоладале хьалха аса дукха гулйира книгаш тІера, архивашкара материалаш. Хууш ду, исторера хиламаш буьйцуш йолчу кхолларшкахь документашца, дІабаханчу хиламашца, цу заманахь билггал баьхначаьрца доьзна долчу бакъдолчуьнца цхьаьна пайда оьцуш хуьлу авторо шеггара кхоьллинарш а, цунна хетарш а. Сайн повестехь уьш мелла а кІезиг хилийта гІиртина со. Цу тІехь суна доккха гІо хилира Давыдов Денисан йозанех, Задонский А. «Денис Давыдов» романах, историкан Потто В. книгех, кхечарех а. Масала, В. Поттос яздо: «Александр нохчи вара, нохчийн халкъах схьаваьлла а волуш. И жима йийсархо шен доьзале дІа а вигна, иза кхиийнарг вара Нижегеродски полкехь тІеман гІуллакх деш хилла волу Раевский Николай Николаевич. Раевскийс гІайгІа бира Чеченский цу заманахьлера Іилма девзаш кхиорна – кІанта кхиамца чекхъяьккхира Москвара университет. Чеченский Александран васт кхолла гІо дира суна «ГІашлойн эскаран инарла-майора Чеченский Александра гІуллакхдарх» аьлла долчу тоьшаллин кехато а. И суна карийра Пачхьалкхан коьрта тІеман-историн архивехь. Боккха пайда ийцира аса Пушкин А.С., Лермонтов М.Ю., Задонский А., иштта кхечеран а дагалецамех».

1974-чу шарахь араелира Гайсултанов Іумаран «Александр Чеченский» повесть. Бакъ а долуш, доккха хазахетар а, совгІат а дара и нохчийн ешархошна. ХІетахьлера шераш цхьа шатайпа мур бара нохчийн халкъан исторехь. ХІинц-хІинцца махкахдахаран бохамах хьалхадаьлла, шайн дайн латта тІе юхадирзина декъаза нохчийн къам юхакогахІотта, юхадендала гІерта шераш дара уьш.

Даймаххах къастаран халонаш гина, дехха шерашкахь Нохчийчоьнах хьегна, и шайн доӀанашкахь Деле ехна нохчийн халкъ хӀинца мукъана а ша баланех хьалхадаьлла хир дац-те бохучу сатийсамца, дегайовхонца дехара. Нохчашна шайн дайн латта мел чӀогӀа деза, царна иза мел сийлахь-деза ду, гира дуьненна а. И нохчаша гойтура шайн дайн лаьтта тӀехь къахьегарца, мел йолу халонаш а, харцонаш а эшош, цара шайн бохийна мохк, бошмаш, ярташ юхаметтахӀотторехь къахьегарца.

Ларамза дацара, цу муьрехь нохчийн интеллигенцин барам лакхабалар, культура, литература сиха кхиар. Нохчийн халкъ сиха кхиаран зама яра и. Иза хьаьгнера СССР-н халкъашна юкъахь шена хьакъболу меттиг дӀалаца, кхидолу къаьмнаш санна, ша а хилар дӀахаийта шен истори а, культура а, литература а йолуш.

1968-чу шарахь Мамакаев Мохьмадан «Зеламха» роман а, 1972-чу шарахь Айдамиров Абузаран трилогин хьалхара книга «Еха буьйсанаш» а араевллачул тӀаьхьа, Гайсултанов Іумаран «Александр Чеченский» повесть а нохчийн исторически проза кхиарехь йоккха бӀаьрла гӀулч яра. ХӀетахь дукха бацара Чеченский Александр вуьйцу хезнарш. А. Задонскийн «Денис Давыдов» роман тӀехь Чеченскийх лаьцна дуккха а хаамаш бара, амма нохчийн ешархошна тӀекхача шуьйра яьржина яцара и Нохч-ГӀалгӀайчохь.

«Александр Чеченский» повесть историера дуккха а хиламаш шена чулоцуш ю. Царах авторо пайда эцна шен турпалхочун дахаран некъ буьззина гайтарехь а, цуьнан амалийн шатайпаналла йийцарехь а.

1785-гӀа шо ду Олхазаран кӀентан Іалин (хинволчу Чеченский Александран) дахар шен буьхера дуьйна хийцадаларан юьхь дӀайолийнарг. Иза схьаваьллачу Алда юьртан хилла ца Іаш, ерриг Кавказан а хинболу кхоллам къасторан юьхь лара догӀу и шо. XVII бӀешеран юьххьехь дуьйна дӀадолийра Россин империс Кавказ шен дозанашна чулацар кхочушдар. И цо дӀадолийра уггар хьалха къармаза нохчий муьтӀахьалле балоран Іалашонца.

1708-чу шарахь Астраханан губернаторан эла Апраксинан пхи эзар салтех лаьтта бӀо а, 1718-чу шарахь Россин император

Петр I-ниг ша коьртехь Дон-хи тIера гIалагIазкхех вовшахтоьхна эскар а Терк, Соьлжа, Орга хишца Нохчийчоьнна тIелатар кхиамза хилира. Амма цу заманахь а, цул тIаьхьа а дуьненахь а нуьцкъала йолчу Россин сутара бIаьргаш дегайовхонца хьуьйсура нохчийн лаьтте, цигахь бехаш болу нохчий къарбан, шен лолле берзоран лаамца.

ТIамехь а, тIеман хьелашкахь а дуьнен чу бовлура, кхуьура нохчийн доьзалшкахь кIентий, церан кхоллам массеран а цхьаъ бара – дайн латта, Даймохк мостагIчух ларбан бIахой хилла дIа-хIиттар. Иштта кхоллам хиллачех вара Алдара Олхазаран кIант Iали а, амма цунна язбелла кхоллам хиллера, шен дех-ненах, Даймахках ваьккхина, Оьрсийчоь ларъяр.

Iаламат чолхе, буьрса, бохамечу хиламех юьззина еара XVIII бIешеран зама Нохчийчоьнна а, къаьсттана – цуьнан шолгIа дакъа. 1759 (1760)-чу шарахь Элистанжара схьаваьллачу Алдара вахархочун доьзалехь дуьнен чу волу кIант Ушурма (хинволу Шейх Мансур) – хIетахь нохчий дераллица дуьхьало еш бара Россин эскаро шайн таIзардаран Iалашонца чудалийнчу эскаршна.

Ушурмин пхи шо кхаьчначул тIаьхьа ГIизлара-гIопехь дуьнен тIе волу оьрсийн эскаран хинволу гIараваьлла инарла Петр Багратион. 1785-чу шарахь хинболчу тIамехь алдахоша йийсаре вуьгур ву чевнаш хилла волу къона Багратион. Амма цуьнан къонахаллин лаккхара мах хадийнчу нохчаша, шаьш дIавуьгий, оьрсийн эскаран туьпахь мах ца боккхуш, дIалур ву иза. 1812-чу шарахь Наполеонна дуьхьал хиллачу тIемашкахь Петр Багратионца бIахаллин некъаш морзахдуьйлур ду Алда йохош 1785-чу шарахь йийсаре вигначу нохчийн жимчу кIентан Iалин. Цу хенахь иза оьрсийн эскарехь гIуллакх деш хир ву.

Олхазаран кIант Iали байлахь вуьсу 1785-чу шеран июнь беттан 26-чу дийнахь. Шейх Мансуран бIахо Олхазар гIазотехь вужу Алдахь хиллачу тIамехь (Iалин нана иза жима волуш кхелхина хилла).

И хиламаш Гайсултанов Iумара говзачу исбаьхьаллин кепехь гайтина. Повестан дIахIоттам чолхаллаш йолуш бац, турпалхойн васташ а дуьззина гайтина. Шен Iалашоне автор кхаьчна хиларан билгалонаш ю уьш. Повестера хиламийн географи шуьйра яьржи-

на ю, амма, Кавказера, Россера, Францера хиламаш ша буьйцуш, бакъдолчунна тIера ца волу автор.

Повестан юьххьехь Шейх Мансуран боламах лаьцна дерг довзийтина авторо, амма и цо доцца кхочущдина, эла Потемкинан карзахе, йоьхна ойланаш йовзийтарх тоам а беш. Кхузахь билгалдолу авторан коьрта Iалашо нохчийн гIаттамхойн бIахаллин хьуьнарех а, маршонехьа дIахьочу тIеман къизаллех а лаьцна дийцар цахилар. Уьш цо гайтина повестан хьалхарчу дакъошкахь, амма доцца а, шен турпалхойн диалогашца а. Гайсултанов Iумаран повесть язъяран коьрта Iалашо хилла шен турпалхочух Чеченский Александрах ницкъ ма-кхоччу алсам яздар, цуьнан дахар а, дар-лелор а шен ешархошна кIорггера довзийтар.

Алда ягош, цунна гонахара кIотарш йохош тIом хиллачул тIаьхьа гIопе схьабалабо кегий а, баккхий а йийсарш. Цаьрца ву вайн жима турпалхо Iали а. Кхузахь хаьа кIантана шен да тIамехь воьжнийла. ХIинца кхин цхьа а ца висна декъазчу кIентан юххера гергарчех.

И санна, бохаме кхаж баьлла, гIопе схьадалийнчу берашка вистхуьлу къена Жума, Iалин лулахо: «ЛадогIал, кIант, аша а, бераш. Вайн аьллар хилча, шу шайн цIа дохуьйтур дара. Ницкъболчун карахь ду Iедал. Цу генарчу оьрсийн махкахь шайн ирс каро а мега шуна. Хьанна хаьа! Шаьш тIедиссинчу хIусамна хьанал хилалаш, тешнабехках ларлолаш. Шайх бехк боккху болу хIума ма делаш. Чета эхь диллий ма лелалаш. Шаьш хьанах схьадевлла, диц ма делаш, мел хала киртиг шайна тIехIоттарх. Къонахий а болуш, дика дай хилла шун!

Егочуьра тийра Iалин белш. Корта хьалаайъира цо. Леррина ладоьгIура Жумега. ХIора дош а, тIулга тIе яздина йоза санна, даг чу дуьжура…»

Жумас кегийчу йийсаршка аьлла некъан дешнаш ду Iалина гуттаренна эсехь диснарш (вукху йийсарийн кхоллам муха хилла, вайна хууш дац), ша схьаваьллачу къоман хьакъволу кIант хилар, къонахий хилла гуттар а билгалбевлла баьхначу шен дайн сий лардар ду цо шен дерриг а дахаран некъа тIехь лардеш дIадаьхнарг.

ПхуьйтталгӀачу шаре валлалц Раевский Николайн (цу заманахь прогрессивни хьежамаш болчух лоруш волчу оьрсийн эпсаран) доьзалехь хьалакхиъна Чеченский. Иза тӀеэцначу доьзало шен ницкъ мел кхочург дина цунах йоза-дешар хууш стаг хилийтарехь, Москвара университетан гимназехь а дешийтина.

Цигахь дешар кхачамболуш хилла эскаран гӀуллакхе ваха а. Ткъа Чеченский боккха лаам болуш хилла тӀеман гӀуллакххо хила. Цуьнан сатийсам хууш волчу Раевскийс ша командир волчу Нижегородски драгунийн полке, Кавказе, схьавалаво кӀант. ХӀетахь дейтта шо кхаьчна волу Александр, вахтмистран чин а луш, полкан штабан адъютант хуьлу.

Йийсаре вуьгучу хенахь пхи-ялх шо бен хан кхачаза ша хиллехь а, Чеченскийна гуттар а дагахь лаьттара шен дайн латта, хьоме юрт. ГӀопе ша дӀавигначу хенахь вада гӀоьртира кӀант. Юха а изза ойла цуьнан хир юйла хуучу Раевскийс Россеха, шен доьзал бехачу, дӀахьажаво иза. Даймахках къастар жимчу кӀантана мел хала дара доццачу дешнашца гайтина Гайсултанов Ӏумара:

«Жима бер санна, воккхавера Дмитрич (Дмитрич кӀант РаевскийгӀеран доьзале дӀакхето вогӀуш волу салти ву. – Б.Х.) ша винчу махка кхаьчна.

– ХӀара шун Кавказ яц, сан доттагӀ. Хьажал хӀокху беркатечу аренашка. Цхьа а лам, барз ца хаало. Кхуьу ялташ муха ду! – куьг хьежадора цо гонаха.

Ткъа Александрана хӀумма а исбаьхьа ца хетара гуш дерг. Кога вахчахьана дуьйна бӀаьргашна хаалуш хилла лаьмнаш тоххара дайнера, цхьаммо дӀашардича санна. КӀантана моьттура, дуьненан йистера хьаьжча а, уьш гуш хир ду…»

ГӀизларехь лаьтташ хилла 1794-чу шарахь Чеченский Александра тӀеман гӀуллакх ден полк. Шен декхаршца дика ларвала гӀерташ хиларца билгалваьлла а вара иза. Амма дайн лаьттан кхайкхам хаддаза даг чохь лелаш волу кӀант сингаттаме ву.

«Цхьа наггахь догӀура, хӀаваэхь хӀума доцуш, йовхонан тов хьийзаш, Ӏаь ца гӀуьттуш денош. Ишттачу дийнахь вуно гена дӀа Ӏаламат шера къаьсташ гора дерриг а. Говрахь ГӀизларах ара

а волий, геннахь йолчу раьгIнашка, царна дехьарчу лаьмнашка дIахьоьжура Александр. «Цигахь ю-кх со вина юрт. Муха ду-те цигахь? Дийна вуй-те цхьа а со дагавогIург? Гича, вевзар варийтє?» – ойланаш хьийзара коьртє.

ЧIогIа лаьттара ойла, цкъа вахна а, цу меттигашка хьажа…»

Хьекъалечу Раевский Николай Николаевича сацам бо къона Александр ша схьаваьллачу юьрта бIаьрг тоха вахийта, цуьнга харжам байта а: мичахь хир ду цунна тоьлашха – кхузахь я цигахь.

«Сихделла тохаделира Александран дог. «Сан юрт… хIара ю-кх со вина юрт», – бохура цуьнан балдаша. Лерина дIахьежарх, девзаш хIума дацара. «Комарийн дитт… дитт мукъане гахьара», – хьаьвзира коьрте… Цхьана меттехь цIенош лаьттина хилла ахдохийна пенаш гира. Дехьара беш къух даьлла гора. Цигахьахула бIаьрг кхарстийнчу Александрана гира лекха комаран дитт. И девзина, сихха элира цо:

– Дитт! Дитт! ДIо ду!

– Девзи-кх хьуна, – цецвелира цуьнан некъахо.

Говрара охьа а иккхина, яраш юккъехула хьаьдда вахара Александр. Адам санна, марадоьллира цо диттагIан гIад, безамца хьалахьоьжура генашка. Цуьнан бIаьргаш чу хи хьаьвзира, дагалецамаша дог дуткъдина…»

Амма винчу юьртахь аддам а дац Iалин-Александран гергарчех, иза вевзачех. Цу тIе, Кавказехь цкъачунна тийналла а хIоьттина. ТIом боцуш, машарца дIаберза тарлуш бу Россин, ламанхойн вовшашца болу Iоттабаккхам. Цундела оьрсийн эскарехь гIуллакхдаран некъ кхидIа а дIабахьа сацам бо Чеченскийс.

Бакъду, машаре хьал дукха ца лаьттира Кавказехь. 1804-чу шарахь шайн элашна дуьхьал гIевттира гIебартой. Элаша оьрсашка гIо дехча, и гIаттам хьаша Нижегородски драгунски полк а яхийтира тIеман кхечу дакъошца цхьаьна. Цул тIаьхьа цхьа шо даьлча шозлагIа а гIевттира гIебартой, тIаккха а цига хьажийнчех яра Чеченский Александра гIуллакх деш йолу полк.

Цу тIе, Нохчийчоь а яра гIаттамна айаелла. ХIетахь ерриг а Кавказехь гIараяла юьйлира нохчийн къоначу баьччин Таймин Бийболатан цIе.

Чеченский лууш а, дезаш а вацара шен къомана дуьхьал я ша винчу мехкан лулахошца тIемаш бар. «Шайн паргIато къуьйсучу нахаца тIом хIун аьлла бийр бу?» – карзахъюьйлу цуьнан ойланаш. «Кхечахьа эскаре ша ваккхар доьхуш рапорт яздира Чеченскийс, амма цуьнан дехар къобал ца дира», – яздо Гайсултанов Iумара.

Мацах хIорш йийсарш бигча, шаьш дIасакъастадале воккхачу Жумас дина хьехар гуттаренна а даг чу дIаязделла волу Александр, ша мила, мичара ву хууш, шен схьавалар нохчех хиларх ийза ца луш, мелхо а, цунах дозалла деш, схьавогIу. И вайна гайтина повестан авторо. Шена езаеллачу оьрсийн дворянийн цIийнах йолчу йоIе цо олу:

«Цкъа веана волуш, хьан дас баьхнарг а, ахьа делла жоп а хезира суна ларамза. ТIеман ара, сайн полк лаьттачу, дIавахале хьоьга вистхила веана со. Со схьаваьлла бух а, сайн тукхам а долуш, Кавказера нохчо ву хьуна, дворянийнчул вон доцуш кхеххаш пхенашкахь цIий а долуш. Хьан ден а, кхечийн а суна ала хIума дац.

Йистхила йоьлла Софья, дуьхьал куьг а тесна, сацийра Александра:

– ХIетахь суна хезна дешнаш, хьан дегара а ца довлуш, кхечо аьлла хиллехьара, тарраша бен тхо къастор дацара… Марша Iойла хьо!»

Цул тIаьхьа дуккха шераш дIа а дахна, Наполеонна дуьхьал Даймехкан тIом а хилла, оьрсийн эскарш Францин коьрта гIали чу, Париже, кхаьчча, цигахь ларамза цхьаьнакхетар хуьлу Чеченскийн Софьяца. Иза хIинца шен цIийндеца-французца ю. Французо Русскос ша сийсазвеш дешнаш алар, бина тIехтохам ца лайра Александра. Цуьнан коьрте хьаьвзира: «Мичара кхетар вара, ша культурни стаг лоруш, дуьнен чуьра доллучу къаьмнел шен къам оьзда хеташ волу хIара француз сан дагарчух! Кхунна шен къам санна, суна а хета со схьаваьлла сайн къам гIиллакх долуш а, оьзда а. Дац, хьаха, со схьаваьллачу къомана ала хIума цхьана а дегIан, – шайн лулахо хиллачу Жумин дешнаш дагадаьхкира Чеченскийна. – Оьзда а, доьналла долуш а ду сан къам. Аса и кхунна хоуьйтур а ду!»

Чеченскийс дуэле кхойкху Русскога. Дуэлехь Русскон тапчин хIоъ, тилкхазболий, Александрана зен ца деш, тIехтуьлу. ХIинца рагI нохчичуьнгахь ю, амма Чеченскийс шена цкъа мацах езначу йоьIан дуьхьа къинхетам бо цуьнан майрачух. «Кавказхочо дахар ло хьуна», – аьлла, цунна хьалха юха а ша шен къомах мел дозалла до дIа а гойтуш.

Паччахьан цIийнехь бал луш, Раевский Николайс цига вуьгу шена дукхавеза кIант Александр. Цигахь хилларг баккъал а хилла ду бохучунна тоьшаллаш а ду, амма талламхоша и шина кепара дуьйцу.

Гайсултанов Iумара вай юьйцучу повестехь иштта дуьйцу. Цига гулделлачу адамашка бендоцчу, курачу кепара хьоьжуш лаьтта паччахь Александр I-ниг. Шена юххехь лаьттачуьнга цхьаъ олу цо, бIаьра хьажарца Чеченский а гойтуш.

«Амма Чеченскийна хезира цо аьлларг:

– И хIун Iаьржа маймал ду?..

Паччахьна гира, ша аьлларг дIахазарна, иза цIийлуш а, дика-ниг хьоьхуш боцуш, цуьнан богу бIаьргаш а, цо оьгIазе кхолийна цIоцкъамаш а.

– Хьан возалла, – цхьа гIулч хьалхахьа а яьккхина, татанца кIажош вовшахтуьйхира Чеченскийс. – Виц ма лолахь, со эпсар хиларна а, сайн сий соьга ларлург хиларна а!

Зала чохь берш Iадийнера.

– Хьай даьдала хьан! – цецвелира паччахь. – Хьо-м, доллучунна а тIе, атта карзахволуш а ву.

– ХIан-хIа, хьан возалла. Тхан къомана, нохчашна, юккъехь сийсазвар ловш дац.

– Паччахьо дича а?

– Муьлххачо дича а!..»

Чеченскийн дахар а, дар-лелор а толлуш ша кхочушбинчу боккхачу барамехь болчу «Так вот он, этот герой...» балха тIехь журналисто, публицисто Вахидова Марьяма а далийна Чеченскийн заманахьлера цхьа дийцар:

«Александр I-ниг, гвардин эпсаршца цхьана магIарехь лаьтташ волу Чеченский Александр а гина, цецваьлла:

– Азиатех а бовла тарло ткъа тоьлла эпсарш?

– Цу кепара сийсазалла йича, дуэле кхойкхуш ду тхан! – жоп делла Чеченскийс.

– Шен паччахь хилча а ду?

– Муьлхха а, сийлахьчу Делал лахара верг!

– ХӀета, хьан аьтто хир бу хьайн къонахалла тӀеман арахь гайта, – сихха цунна юххера дӀавелира император».

Эскарера мукъаваьллачул тӀаьхьа, шен шовзткъе итт шо дуьзча, Псковски губернехь дӀахьо Чеченскийс шен дахаран тӀаьхххьарлера диъ шо. Цигахь бу цунна совгӀатана Ӏедало белла мохк. Цунна хӀинца диснарг шен дахаран жамӀаш дар ду, ткъа и дахар ду Нохчийчуьра Алда-юьртара Соьлжа-хи тӀера дуьйна Россин Псковски губернера Тясьма-хи тӀе, цигара Петербургера Нева а, Парижера Сена а хишна тӀе кхаччалц, бӀахаллин гӀуллакххехь мел лайнарш а, «хӀинца хӀара езаелла бешан маьӀиг, кхузара тоьла, юххехь долу ножан хӀара доккха дитт а. Цо Алдара деанчу ножан хӀух Каменкехь дийнна хьун гӀаьттинера. Цигара деана доьгӀнера цо, шен мехкан безамна, ножан цхьа синтар. ДогӀанаш догӀуш хилча а, мох баьлча а, ножо гуттар а гӀовгӀа йоккху гӀашца. ГӀенах санна, дуьхьалтуьйсу цунна шен хьоме эвла Алда, баьццарчу басца догӀу Соьлжа, шен юьртара лохий цӀенош...»

ДоттагӀчун Ржевскийн доьзалехь хьошалгӀахь хуьлура Чеченский кест-кеста.

«– Дера Кавказхо валийна аса! – олуш, мохь тухура Ржевскийс, Чеченскийца ша чоьхьаволлушехь.

Схьахьодура Ржевскийн жима ши кӀант. ЦӀогӀанаша ойура чоьнаш.

– Ваша Александр, дийцахьа Кавказах лаций… туьйра.

Охьахуура Чеченский, ши кӀант цхьацца голи тӀе а воккхий. Долалора цкъа а кхачош доцу туьйра. СадеӀар а сацадой, ладоьгӀура шина кӀанта. Соьлжан баьццара хиш. Цунна дехьа а, сехьа а йистошца кӀайн чхернаш. Хин йистехь ирхдахна лекха дитташ, гӀовгӀанца леста гӀаш. Коканийн коьллашна юккъехула схьагӀерта ча. Генавоццуш говрана хи малош волу нохчо...»

ГIеметтахIоьттинчу инарла-майоран Чеченский Александран, эскаран гIуллакхах мукъаваьккхинчул тIаьхьа, шортта хан яра хIинца шен гIуллакхашка хьажа. Цо дуккха а къахьоьгу шен долахь йолу юрт, мохк тобарехь а, ахархойн хьашташна гIоленаш хилийтарехь а. Шен боккха доьзал дIатарбарехь а дуккха хIума кхочушдан лараво Чеченский.

Хан мел ели а, дайн латте, хьомечу юьртe сатийсар а тIеттIа алсамдуьйлу Чеченскийн. «Дукха хан йоццуш юха а Алда ваха лиира Чеченскийна. Тишъелла Алда. Амма Олхазара доьгIна ножан дитт-м кхуьуш, дехаш ду. Соьлжина аьрру агIорхьа инарла Ермоловс, Грозный аьлла цIе а туьллуш, гIап йиллина. Ткъа цул тIаьхьа хилларг хIун ду?

ХIан-хIа, ца тийна нохчий, хьалхачул а чIогIа лета уьш. Чаккхе маца, мичахь хир ю а, хаац. Массанхьа а тIом, летар ду», – дуьйцу Гайсултанов Iумара повестехь шен турпалхочун синхIоттамах лаьцна. Жима бер долуш дуьйна шен халкъах, даймахках а къастийна, байлахь вуьтуш, Россеха дIавигначу Чеченский Александра цкъа а диц ца дина, ша мила ву, мичара схьаваьлла. Нохчичун цIий хилла, иза къонахаллех ца вухуьйтуш, йохье вохуш, цуьнан дегIан пхенаш чохь кхехкаш. Ша хьалакхиийнчу РаевскийгIеран доьзална а, шена шолгIа даймохк хиллачу Россина а тешаме хилла чекхваьлла иза, ша мел вевзинчарна нохчийн къоман дика амалш а, тоьлла гIиллакхаш а гойтуш, шен халкъан цIе хIумма а осалчу агIор а ца йоккхуьйтуш. Гайсултанов Iумаран «Александр Чеченский» повестан коьрта Iалашо а и яра – йийсар дина дIавигначу кIентан кхидIа хиллачу кхолламан масална тIехь нохчийн къоман бакъйолу юьхь, шатайпаналла гайтар. И дика кхочуш а даделла авторе шен кхета атта болчу нохчийн исбаьхьаллин маттаца».

***Текстана комментари***

Гайсултанов Iумар, коьрта долчунна, берашна а, кегийрхошна а лерина говзарш язъеш хилла. Кхоллараллин некъан юьххьехь цуьнан коьртачу тидамехь хилла Нохчийчохь XX бIешо долалуш хилла хийцамаш а, оцу хийцамашкахь бераша лаьцна дакъа а. Царах яра цуьнан

повесташ «Массарна а боьлийла малх», «Iарби», «Лаьмнашна майраниш беза», «Керлачу дахаре». Шен дахаран чаккхенехь Iумар историн темина тIевирзира.

1974-чу шарахь араелира цо язйина повесть «Александр Чеченский». Повестан коьрта турпалхо ву оьрсийн исторехь йоккха лар йитина волу, ткъа шен схьавалар нохчех долу Чеченский Александр. Алдара Ушурма коьртехь а волуш, нохчаша а, Кавказан кхечу къаьмнаша а шайн паргIатонехьа дIахьош къийсам болчу хенахь, Алда-Юрт йохош, оьрсийн эскархоша дIавигначу кегийчу йийсарех цхьаъ хилла нохчийн кIант Iали.

Повестехь буьйцу хиламаш Чеченский Александран дахарехь хилларш ду. Алда-Юрт йохош, мостагIех дIалечкъина дитта тIехь волу Iали, йийсар дой, Росси дIавуьгу. Иза инарлин Николай Раевскийн доьзалехь хьалакхуьу. Раевскийс цунна керла цIе а, фамили а ло. Александра тIеман говзалла караерзайо университетехь доьшуш. XIX бIешеран юьххьехь французашца хиллачу Даймехкан тIамехь дакъалоцу цо. ТIамехь яхь йолуш, каде, майра, кхерамна хьалха бIокъажор боцуш, къонах санна гойту цо ша. И бахьанехь цунна дуккха а совгIаташ, мидалш ло. Инарла-майоран чин а ло. Эскарера мукъаваьллачул тIаьхьа, зуда а ялайой, доьзал кхуллу цо, цунах воккха лаьттан доладархо хуьлу. Шен лаьтта тIехь болх бечу ахархойн Iер-дахар тодан гIерташ, къахьоьгу цо.

Чеченский Александран васт массо агIо билгалйоккхуш, кIорга гайтина авторо. Цуьнан бIахаллин кхиамаш бийцина ца Iаш, цо билгалйоху цуьнан Даймахках йолу ойланаш, шен хьомечу юьртан безамна, Алдара деана хIу дIа а дуьй, шен Даймахкахь ма-хиллара хьун кхиайо цо ша ваха хиъначу Каменка олучу меттехь. Цунна цкъа а дагара ца долу жимчохь шена Жумас дина хьехар. Иза диц ца деш, шен леларшкахь а, къамелашкахь а эхьах, юьхьIаьржонах ларлуш муьлххачу а меттехь шегара къонахалла, оьздангалла гойтуш чекхволу иза.

Яздархочо боккха тидам тIебахийтина Чеченскийн синхаамашна, ойланашна, Софьяга болчу цIенчу безамна, доттагIашца лелочу гергарлонашна. Шен турпалхочун адамаллин агIо бIаьрла гайтина цо цу юкъаметтигашца.

Чеченский Александр шена гуш долчун, хуьлуш долчун веккъа цхьа теш хилла ца Iа. Муьлххачу а хиламан духе кхиа гIерташ ойланаш йо цо. 1825-чу шарахь Петербургехь хиллачу эпсарийн гIаттамехь дакъа-

лоцуш вацара Чеченский Александр. ХIара ларвеш, цунах лачкъийнера накъосташа. Декабристийн гIаттам аьлла историна юкъабахначу оцу хиламо ойлане ваьккхира Чеченский Александр: «Пугачевн гIаттам», «Мансуран гIаттам». Кхин масане хир бу уьш? Аьчкан гура чу волла тарло Пугачев а, Мансур а, амма дерриг халкъ делур дац». Маьршачу къомах схьаваьлла Александр кхета, ахархошна, мискачу нахана маршо елчий бен, Россин пачхьалкхан хиндерг дика хирг цахиларх.

БIешарахь гергга хиллачу Россин империн, нохчийн къоман тIамца дуьхь-дуьхьал латтарехь тайп-тайпана гIуллакхаш нисделла: дуккахьолахь къиза хиламаш, наггахь шина а агIор адам ларар, къинхетам гучубийлар а. Къинхетаман къеггина масал ду Чеченский Александран кхоллам. Шен хьалакхиар оьрсийн юкъараллехь хиллехь а, Iалис шегахь Iалашйо бакъйолу нохчийн амалш: тешаме хилар, къонахалла, майралла, хьекъале а, оьзда а хилар. Дуьненан аьттонна шен фамили хийца а ца хуьйцуш, Чеченский аьлла йитаро а, цуьнца иза чекхваларо а гойту, мел лоруш хилла цо шен къам. И фамили еллачу Раевскийс гойту ша нохчийн къам лоруш, оьзда стаг хилар, ша тIамца Кавказе веанехь а.

Къизчу тIеман хьелашкахь адамалла гучуйолуш меттигаш кестксста нислуш хилла оцу заманахь. Масала, Дадин-Юрт йоккхуш йийсар вина дIавигначу нохчийн жимчу кIантах дуьненна а вевзаш суртдиллархо, академик хилла. Цо шен хIора суьрта бухахь яздеш хилла «Петр Захаров Нохчех верг» я «Петр Захаров Дадин-Юьртара».

Оццу юьртара дIавигна Барон Розена шен доьзалехь хьалакхиийна, тIаьхьо оьрсийн литературехь шен заманахь дика вевзаш хилла волу поэт Розен Айбулат.

Оьрсийн критико Белинскийс шен статьяшкахь хьахаво Розен Айбулат. М.Ю. Лермонтовн «Мцыри» поэмин коьрта турпалхо суртдиллархочун Захаровн кхолламах язйина лору цхьаболчу Iилманчаша. Поэмин турпалхочо а, иштта цхьатерра кхолламаш нисбеллачу историхь хиллачу Чеченский Александра а, Захаров Петра а, Розен Айбулата а биц ца бо шайн Даймохк, иза церан эсехь бисна тайп-тайпанчу суьрташца, нохчийн аматашца. Даймахках йолчу ойланаша ницкъ ло царна, муьлхха а хала киртиг тIехIоьттича, юьхьIаьржа ца хIуьттуш, чекхбовла, хьуьнаре дахар дIакхехьа. Таханлерчу къоначу тIаьхьенаша шайгара масал эца хьакъдолуш турпалхой бу уьш.

Повестан коьрта хиламаш чехкбевллачул тӀаьхьа Александран кхидӀа хилла дахар авторо довзуьйту эпилогехь. Гайсултанов Ӏумара «Александр Чеченский» повесть язъечу заманахь нохчийн къоман хиллачу дахарх дика дийцар, хӀетахьлера турпалхой бовзийтар товш дацара Ӏедална.

Цу заманахь хиллачу идеологи дӀакхоьхьучара чӀагӀдора, 1917-гӀа шо кхаччалц, нохчийн исторехь турпалаллин, сийлаллин агӀо хила а ца хилла, ткъа нохчий шаьш тӀаьхьадисна, акха къам хилла бохург. И харцо даррехь ца йийцахь а, амма хӀетахьлерчу юкъараллина беш болу тӀеӀаткъам нехан кхетаме и бакъдеш, тӀелацийта Ӏалашо йолуш беш бара. Дихкина дара нохчийн генарчу а, гергарчу а исторех яздар, цхьана октябрехь хиллачу карчамах, граждански тӀамах лаьцна доцург.

Цундела 1972-чу шарахь Айдамиров Абузаран нохчашна Кавказан тӀамехь дакъалацарх йолу роман араялар боккхачу синъайамца тӀеийцира халкъо. Ӏилманчаша билгалдаккхарехь, романо нохчийн къоман синкхетам самабаьккхира. Амма цу романо халкъана бина тӀеӀаткъам ца тайра хӀетахьлерчу советан Ӏедална. Цундела и роман юха ара ца хоьцуш, трилогин шолгӀа книга «Лаьмнашкахь ткъес» романна зорба ца тухуш ткъех шо делира.

И бахьанехь историн говзаршна хӀоьттина халкъан хьогалла йойуш яра Гайсултанов Ӏумара 1974-чу шарахь арахецна «Александр Чеченский» повесть. Оцу хенахь нохчех ваьллачу и роман язъяр а, арахецар а оьрсийн эскаран инарлех, 1812-чу шарахь хиллачу Даймехкан тӀеман турпалхочух йолу повесть арахецар яздархочун граждански майралла а, хьуьнар а дара.

### ***Шуна, хӀума довза луурш***

Александр Чеченский, оьрсийн дошлойн эскаран инарла-майор, вина 1780-чу шарахь Алда-Юртахь.

1812-чу шеран Даймехкан тӀамехь дакъалацарна, Россин пачхьалкхан дуккха а орденаш, совгӀаташ а делла цунна.

ДӀакхелхина Дрезден-гӀалахь 1834-чу шарахь.

1794-чу шарахь дуьйна 1824-чу шаре кхаччалц оьрсийн эскарехь гӀуллакх дина.

Александр Чеченскийс дакъалаьцна Гудштандехь, Прейсиш-Эйлау цӀе йолчу меттехь, Бородинон арахь хиллачу тӀемашкахь.

1814-чу шарахь Париж-гӀала йоккхуш а хилла иза.

Брокгаузан а, Ефронан а «Энциклопедически дошам» тIехь ишт-та яздо: «Къармазалла, майралла, каде-тIахъаьлла, доьналла долуш, къийсамехь стогаллех ца бухуш хилар – массара а, церан мостагIаша а цхьаьна, нохчийн амалан билгалонаш хиларна мукIарло до… Нохчийн шайн Даймахке болу безам барам боцуш кIорга бу».

Цу книги тIера хиламаш 1785-чу шарера дуьйна бийцаре беш бу оцу заманахьлера Россин историн дакъалацархой Шейх Мансур – Екатерина II – Потемкин – Раевский – Чеченский – Багратион цхьаьна хьахош.

Даймехкан тIамехь толаман 200 шо кхачарна лерина инарлина Чеченский Александрана хIоллам хIоттийра 2012-чу шарахь Псковски областан Бежаницы кIоштан центрехь.

Псковски областехь йолу Александр Чеченскийн цIарх юрт а, Бежаницехь урам а бу. Нохчийчохь, Соьлжа-ГIалахь, Александр Чеченскийн цIарх урам бу. Цо гойту нохчех ваьлла турпалхо Россехь а, Нохчийчохь а вицлуш цахилар.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Муьлха хиламаш гойту яздархочо повесть йолалуш?
2. Муха кхочу жима Іали, цуьнан накъост Хьаси йийсаре?
3. Мила ву Жума, хIун ирча кхаъ хеза Іалина Жумера?
4. Стенна ца веза Хьасина талмаж?
5. ХIун хьехар до Жумас кегийчу йийсаршна?
6. Раевскийна хIун амалш тов жимчу Іалигахь?
7. ХIун хийцамаш хуьлу Іалин дахарехь Раевский бахьана долуш?
8. Ша винчу юьрта кхаьчча, Чеченский Александран хилла дог-ойла, бераллин шераш цунна карладовлар муха гайтина повестехь?
9. Шуна хетарехь, хIун маьIна ду Александра винчу мехкан Іодика яр гайтаран?
10. Муха гойту яздархочо Бородинохь хилла тIом, оьрсийн-францийн эскаршна юкъахь хилла тасадалар? Муьлхачу хьуьнаршца билгалволу цу тасадаларехь Чеченский Александр?
11. Муха гайтина авторо оьрсийн турпалхойн М.И. Кутузовн, Д. Давыдовн, А. Чеченскийн вовшашца йолу юкъаметтигаш?
12. Муха гайтина повестехь Наполеон?
13. Муха ю Чеченский Александран дахаран тIаьххьара шераш гайтаран башхаллаш?
14. Софьян цIийндеца Русскоца хиллачу дуэлехь ша муха гойту Александра?

15. Муха кхоьллина Чеченский Александран васт?
16. Муха дог-ойла хуьлу хьан повесть ешча?
17. Муха ду повестан маьIна?

### *Ешначух ойла е вай*

1. Повестан турпалхой билгалбаха. Царах муьлха ву шун дагна гергара?

2. Билгалъяха Раевскийн, Чеченский Александран шайна товш йолу амалш.

3. Шуна хетарехь, хIун кхоллам хир бара Iалин, Оьрсийн махка дIа а ца воьдуш, Нохчийчохь виснехьара?

4. Муха дог-ойла хуьлу шун повесть ешча?

5. Муха ду повестан маьIна?

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Гайсултанов Iумара шен говзаран жанр историн повесть аьлла билгалъяьккхина. И иштта хиларан масалш даладе.

2. Муха хIоттийна яздархочо повестан сюжет? Билгалбаха оцу сюжетан коьрта хиламаш.

3. Муха гойту авторо шен турпалхойн сурт-сибаташ, церан дог-ойланийн дахар?

### *ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай*

1. Схьакараде повесть тIера Жумас кегийчарна дина хьехар. ХIун оьздангаллин маьIна карадо шуна цу къамелехь? Вайн заманахь мехала дуй и дешнаш? Шайна хетарг тIечIагIде таханлерчу дахаран масалшца.

2. Мажин вастаца нохчийн къоман хIун гIиллакхаш билгалдоху яздархочо?

3. Бакъволчу нохчийн къонахчун хIун гIиллакхаш гойту Чеченский Александра? Повестехь кара а дай, билдгалдаха уьш.

### *Культурийн диалог*

«Александр Чеченский» повестехь юьйцучу заманах, цу заманан хиламех язйина ю оьрсийн литературехь дуккха а говзарш. Царах цхьаъ ю дуьненна а гIараяьлла йолу Толстой Л.Н. роман «ТIом, машар» («Война и мир»). Историехь хилла болу турпалхой Кутузов, Довыдов, Наполеон муха гайтина шина а яздархочо дустаран кепехь?



**ЭДИЛОВ Эдалан Хасмохьмад**

***(1922–1991)***

## Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Нохчийн гIараваьлла поэт, прозаик Эдилов Хасмохьмад нохчийн литератури юкъа веара шен керлачу, мукъамечу поэзица. Цо шен кхоллараллехь хьехархо лорура Мамакаев Iаьрби. Цуьнан поэзехь бIаьрла гуш ду Мамакаев Iаьрбин поэзино бина беркате тIеIаткъам. Иза хаало стихийн мукъам шера а, шатайпа а, рифманаш а, рифма яран кепаш а керла хиларца.

Поэт, прозаик Эдилов Хасмохьмад вина 1922-чу шарахь Нохчийчоьнан Ачхой-Мартанан кIоштарчу ВаларгтIехь, ахархочун Эдалан доьзалехь.

Эдилов Хасмохьмада юьхьанца цIахь дешна. Юьртара школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа, 1936-чу шарахь, хьехархойн училищехь а, тIаккха Нохч-ГIалгIайн АССР-н Халкъан дешаран комиссариатехь йиллинчу политпросветшколехь а дешна цо. 1941–1944-чуй шерашкахь цо белхаш бина Халкъан дешаран комиссариатехь школийн инспектор волуш, республикин Халкъан кхоллараллин цIийнан инструктор волуш, Ачхой-Мартанехь суьдан исполнителан даржехь. Дуккха а тIаьхьа Хасмохьмада чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институтан историко-филологически факультетан оьрсийн меттан, литературин, нохчийн меттан, литературин отделени.

Литературоведо, Iилманчас Арсанукаев Iабдуллас иштта яздо Эдилов Хасмохьмадах:

«Нохчийн халкъан барта кхолларалле чIогIа шовкъ йолуш хилла Эдилов Хасмохьмад. Цо дукха ешна къоман барта произведенеш, цаьргахула веана лорура цо ша исбаьхьаллин литературе а. Ша яздан волалуш Мамакаев Iаьрбис чIогIа гIо дина шена, олура цо. Поэзехь шен хьехархо а лорура цо и нохчийн гоьваьлла волу поэт Мамакаев Iаьрби».

Эдилов Хасмохьмад яздан волавелла 1937-чу шарахь, хьехархойн училищехь доьшуш волчу хенахь. Амма шина-кхаа шарахь а шен стихотворенеш зорбане ца елла цо, уьш ледара хеташ. Дуьххьара цуьнан стихотворени зорбанехь араяьлла 1939-чу шарахь.

Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болабелча Нохчийчоьнан яздархоша арахийцира «Фашисташна дуьхьал стихаш» книга. Оцу книги тIехь, кхечу поэтийн стихотворенешца цхьаьна, зорба тоьхна яра Эдилов Хасмохьмадан масех стихотворени а: «ТIемало – хьоьга!», «БIаьрзе стаг», «Кавказан аьрзу», «Суьрте». Даймахка тIом бохьуш веанчу мостагIчунна дуьхьал луьрчу къийсаме хIоьттинчу бIахочун дог-ойла, иза эшо болу цуьнан лаам, доьналла гайтина авторо оцу стихотворенешкахь – исбаьхьаллин басаршца кхоьллина шен мохк йистйоцуш дукхабезаш, иза ларбеш инзаре майралла гойтуш волчу тIемалочун васт. Шен дахар а, са а дIадала кийча ву иза фашисташна тIехь толам баккхарехьа къийсам латтош, Даймохк царах паргIатбаккха.

Даймохк ларбеш волу тIемало – иза гуманист ву, къинхетаме дог ду цуьнан, амма «бекхаман ойланаш малхбузе керча». Шен махка Iазап дохьуш веанчу мостагIчух дера лета иза, цунна тIехь толам баккхархьама, эшахь, шен са а дIадала кийча ву. Иштточу бIахочун васт хIутту Эдилов Хасмохьмада тIеман хенахь язйинчу стихотворенешкахь. Буьрсачу тIамехь чIагIло фашисташна дуьхьал гIаьттина ойла, алсамболу мостагI эшаваран лаам. «БIаьрзе стаг» стихотворенехь поэто гайтина тIамехь «бомбано чов ярна» бIаьрса дайна салти. Иза шегара бала балхош вац, мелхо а, шех къахетачеран дог иракарахIиттадо цо. «Болатал чIагIло шу фашисташ бохо!» – иштта бу салтичун даггара лаам.

«Кавказан аьрзу», «Суьрте» стихотворенешкахь авторо хIоттийна вайн Даймехкан сийлахьчу кIентан, Советски Союзан Тур-

палхочун Нурадилов Ханпашин васт. Нурадилов Ханпашас шен къона дахар дIаделла Даймохк ларбеш. Ханпашина дукхабезара ша кхиийна Даймохк, цуьнга ца лалора фашистийн йовсарша иза аьшнашбеш. Шен лаамехь фронте вахна волу Нурадилов чIогIа летара мостагIех, цаьрга болчу цабезамех дуьзнера цуьнан майра дог. Луьрчу тIамехь цхьа эзар гергга фашист вожийра турпалчу пулеметчико. Поэто исбаьхьаллин васт хIоттош билгалдоху къоначу тIемалочун бIахаллин хьуьнарш, Даймехкан а, халкъан а дуьхьа цо шен дахар дIадалар. Нурадилов Ханпаша, шен са кхоош, Iожаллех кхоьруш вац. Иза Даймахкана орцахваьлла, хьашт хиллачохь Iожалла тIеэца кийча ву. «Ша винчу халкъана дахар дIа а делла, герзаца Iожаллин тIаме дIахIоьттира», – яздо цо стихотворенехь.

Говза язйина ю «Суьрте» стихотворени. Турпалхочун хьуьнар гойтучу чулацамца йогIуш ю цуьнан форма. Айаме ю метафораш а, стихан интонаци а. Вовшашца хуьйцуш далийна риторически айдарш, хаттарш, тIедерзарш. Цара гIо до бIахочун турпалалла гойтуш долу васт кхолла:

Къона юьхь, горга юьхь, хьан паргIат хьоьжу
Ламанан майрачу аьрзун ши бIаьрг.
«Цо вийна исс бIе ткъа фашист», – ас доьшу –
Къонаха, стогаллех ца оьшуш хьаьрк!

Курра схьахьоьжу хьо, Кавказан аьрзу,
ТIам тохий гIаттахьа – хьайн турпал тIам!
Хьо веца, мохк ларбеш, «Максимца» хьаьрса
МостагIий цоьстуш, цIийн хIоттийнарг Iам!

Хьо вуй и нохчийн кIант – со хьайха хьоьгург,
ТIаьхьешка вийцийта даьккхинарг сий?
Турпалчу халкъашна майралла хьоьхург,
Дийнаниг, пхенашкахь ца кхехкаш цIий?!

Халкъана паргIато йоккхуш велларг даим а адамийн дегнашкахь вуьсу, цуьнан цIе цкъа а йицлуш яц. Цундела поэто Ханпаша дагалоцуш кхечанхьа боху: «Декар ду халкъан аз дуьне мел деха, декар ду иллеш а, хьан хьуьнар дуьйцуш».

Эдилов Хасмохьмадан тIеман хенахьлерчу стихийн лирически турпалхочун дог-ойла къеггина гучуйолу 1943-чу шеран сентябрь баттахь язйинчу «Сий делахь, Латта!» стихотворенехь. КIорггера маьIна а, лаккхара исбаьхьалла а ю оцу стихотворенин. Стеган дахар, ирс, сий цуьнан Даймахкаца йолчу юкъаметтигах дозуш ду. Даймехкан латта ду стаг сийлахь веш дерг, цуьнга ирс кхочуьйтург. Иза лардар хIоранна а тIехь ду. Цуьнан дуьхьа валар а сийлахь ду:

Дахаррий, Iожаллий
Летачу арахь,
Кешнаша шагйина,
ТIом хилла хьаьтта.
«Гечдойла» аьн долчохь,
Турпалхойн магIарехь, –
Кху арахь каш хилар
Ирс хетта, Латта.

Эдиловн лирически турпалхочо чIагIо йо «кхехка цIий саццалц» и лардан. Нагахь мостагIчуьнца къийсамехь валар нислахь: «Хинболчу сан борзах цинц тохий бIаьрга, Совцабе! Ата уьш! ХIаллакбе, Латта!» – боху цо. «Латта» дош шуьйрачу маьIнехь даладо поэто. Иза вина меттиг а ю, вайн дийнна боккха Даймохк а бу, адаман орамаш, ницкъ, доьналла, марзо шеца йолу массера а юкъара меттиг ю Латта. Иза лардар хIоранна а тIехь ду:

Чов йоцуш, цIий доцуш
ТIом хилла бац-кха,
Ирсан стом ларбан а
Дац цуьрриг атта.
Ас дегI ца кхоийна
Сайн дуй чекхбаккха:
«Кхехка цIий саццалца
Хьо лардан, Латта!»

Лирически турпалхочун кхоллам Даймахках, Лаьттах дIакъасталур боцуш бу. «Турпалхойн магIарехь» шен Iожаллин сахьт

тIехIоьттича а, бовхачу безамах юьззина йолчу сирлачу ойланца боху цо: «Чурта тIе яздан хьан баркалла оьшу, ирс къуьйсуш веллачун сий делахь, Латта!»

«ТIемало – хьоьга!», «БIаьрзе стаг», «Кавказан аьрзу», «Сурте», «Сий делахь, Латта!» стихотворенеш Хасмохьмадан кхолларуллин хьалхарчу муьрехь араевллачарех елахь а, уьш исбаьхьаллица язйина говза поэтически произведенеш ю. Ма-дарра аьлча, тIеман хенахьлерчу нохчийн поэзехь тоьллачарех ю и стихотворенеш. Нохчийн литературе исбаьхьаллин похIма долу поэт веана хилар гойтура цара. ХIетахь дуьйна къоман литературехь шен цIе йолуш, къеггина хатI долуш поэт хилла дIавахна Эдилов Хасмохьмад.

Нохчийн къам махкахдаьккхинчу хенахь Казахстанехь цхьана муьрехь юккъерчу школехь хьехархо хилла Эдилов Хасмохьмад. Цул тIаьхьа цхьацца бахамаллин меттигашкахь белхаш бина цо.

1955-чу шарахь Алма-Атахь нохчийн маттахь арахеца долийра «Къинхьегаман байракх» газет. Оцу газетан редакцехь литературни белхахо хIоттийра Хасмохьмад. Деган айамца болх бина цо газетехь. Цу газет тIехь кест-кеста зорба тухура нохчийн яздархойн произведенеш, керла очеркаш, дийцарш, стихотворенеш тIехь йолуш кечъеш хилла дийнна литературни агIонаш. Нохчийн яздархой кест-кеста гуллора газетан редакцехь, йийцаре йора керла произведенеш. Эдиловн поэтически говзалла кхиарехь мехала хан хилла иза. Поэто цу муьрехь а язйина алссам произведенеш. Царах ю: «Даймехакан байракх», «Ненан ирс», «Билгало», «Буьйса», «Машаран урам», «Бер дийна нана», «Алжирка», «Дацоран байракх», «Апрелан буьйса», «Или», «Ло догIуш», «Бетпак-Дала есаллехь», «Ма кховдаде лазар», кхиерш.

Республика юха метта а хIоттийна, нохчий цIа берза буьйлабелча, Соьлжа-ГIалахь юхаарахеца долийра «Ленинан некъ» газет. 1957-чу шарахь цу газетан редакце схьавалийра Эдилов Хасмохьмад. Еххачу хенахь «Ленинан некъан» редакцехь культурин отделан куьйгалхо лаьттина иза. Цул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн книжни издательствон исбаьхьаллин литературин редакцехь лакхарчу редакторан болх бина.

Эдилов Хасмохьмадан дуьххьарлера стихотворенийн хаза кечйина гулар «Октябран серло» араяьлла 1958-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь. Поэтан шовзткъе пхиъ стихотворений, шиъ поэмий яра цу тIехь зорба тоьхна. Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болчу хенахьлера а, цул тIаьхьа махкахваьккхинчу хенахь Казахстанехь язйина а стихотворенеш яра гулар юкъа яхнарш. «Турпалхо», «Сийлаха» поэмаш а яра. «Турпалхо» поэма теллинчара билгалдаьккхина, иза «идейни чулацам кIорга хиларца, исбаьхьаллин агIонгахьара дика хиларца, говза композици йолуш хиларца къаьсташ ю» аьлла. Оьрсийн Iилманча-геолог, географ Мушкетов Иван Васильевич гайтина поэмехь. Иза Казахстанан мохк толлуш, Iилманца цIинбан Iалашо йолуш ву. Мушкетов санна болчара шайн хьаналчу къинхьегамца караерзайо хьалха эрна лаьттина гIамарийн аренаш, йохку керла заводаш, лаладо болат, кхиабо бамба. Уьш бу заманан турпалхой, цара кхуллу керланиг, хаздо дахар. Къинхьегаман турпалхочунна хастам бо поэмин говза кхоьллинчу стихашкахь. «Турпалхо» поэма поэтан кхоллараллехь лиро-эпически жанр кхидIа а кхуьуш хиларан билгало яра.

Стихийн, поэмийн хьалхара гулар араяьллачул тIаьхьа цхьаши шо масазза дели керла книгаш арайийлина поэтан. Царах ю «Лаьттан цинц», «Ненан безам», «Дуьненан юкъ», «Кханенга воьду», «ДоттагIийн дош», «Заманан лараш», «Баьццара алу», «Деган доккхадер», «Сан ирс», оьрсийн маттахь «Улица мира», кхийолу а поэтически книгаш. Поэзин эпически жанрехь кхиамца болх бина Хасмохьмада. Зорбанехь арахецна цуьнан «Шиннан къайлс», «Аьчкан борз», «Турпалхо» цIерш йолу поэмийн гуларш. Дика тIеийцира яздархочун прозехь язйина произведенеш: повесть «Кхел», дийцарийн гулар «Акхаройн лорах».

Эдилов Хасмохьмадан кхолларалла шуьйра чулацам болуш ю. Иза нохчийн къоман дахаран дозанашкахь сецна вац. Тайп-тайпана мехкаш, тайп-тайпана дахаран хьелаш го вайна цуьнан произведенешкахь. Яздархочун турпалхой дуккха а къаьмнийн векалш бу: нохчий, оьрсий, казахаш, гуьржий, украинцаш, алжирхой, немцой.

Исбаьхьаллин дешан кlорггера говзалла хилла Эдиловн. Къоман барта поэзина тlе а тевжаш, шел хьалхарчу нохчийн яздархошкара мехалниг схьа а оьцуш, шен исбаьхьаллин некъ биллина цо литературехь.

Эдилов Хасмохьмадан стихотворени нохчийн поэзин ламасташца йогlуш ю. Поэтически сурт кхолларан гlирсашца, маттаца, исбаьхьаллин басаршца чолхенаш яц, чуччадаьхна хlуманаш дац. Цуьнан произведенеш гlиллакх-оьздангаллин проблемаш ойуш, дахаран кlорггера ойла йойтуш ю.

Доккха гlуллакх дина Эдиловс кхечу къаьмнийн литературин произведенеш нохчийн матте йохуш а. Цо гочйина луларчу къаьмнийн а, оьрсийн а поэтийн стихаш. Нохчийн матте яьккхина Лермонтов Михаил Юрьевичан «Измаил-Бей» поэма а, дуккха а кхийолу цуьнан стихотворенеш а.

Эдилов Хасмохьмад кхелхина 1991-чу шеран 11 ноябрехь Соьлжа-Гlалахь.

Цо шен исбаьхьаллин произведенешца мехала хазна йиллина къоман литератури юкъа.

## Эдилов Хасмохьмадан поэзин башхалла

Тайп-тайпана чулацам болуш ю Эдилов Хасмохьмадан стихотворенеш, амма уьш массо а поэтан стихотворенин говзалла шайца гучуйолуш ю. Масала, «Или» стихотворенин строфаш:

Или кхобу шанийн бено,
Тlулгийн матто ловзадо.
Лаьмнийн бердийн апарино,
lуьйдуш санна, гlовгlа йо.
Цинцаш детташ я мотт хьоькхуш,
Тlулган пенаш къегадо.
Шен гlовгlанца lаннаш декош,
Оьгlазе кхес гlиттайо.

Цу гаттонехь арадолий,
Цо шен чабол йохайо.
Кхаьчча санна дикчу хьоле,
Кура болар доладо.

Еа гIулчах (стопах) йолчу хорейн барамехь язйина ю стихотворени. Ерриг стихотворенехь беа могIанах лаьтташ йолу исс строфа ю, жIарийн хьесапехь рифмовка а йолуш. Зударийн рифмаш божарийчаьрца хийцалуш ю. Цхьана а меттехь ритм, рифма, рифмовка талхийна йоцуш, юьххьера дуьйна чекхъяллалц шера ю стихотворени. Меттан исбаьхьаллин гIирсаш – эпитеташ, дустарш, метафораш – шайца чолхенаш йоцуш, гIеххьачу барамехь лелийна стихотворенехь. «Или» стихотворени шен дIахIоттамца, стихан барамца, хьалхарчу кхаа строфан чулацамца Лермонтов М.Ю. «Теркан совгIаташ» («Дары Терека») стихотвореница юххера йогIуш ю. Амма Эдилов Хасмохьмадан стихотворенин тема а, маьIна а кхин ду. Мехкан Iаламах адамо пайда эца безаран а, пайда оьцург хиларан а ойла ю стихотворенехь коьртаниг. Или-хинан «хIонсан тулгIеш» Балхаш-Iам чу эрна ца оьхуьйтуш, «гаьллаш багахь, эмалк санна, кIайн кхес егош, гIаттор ду! Дацор ду хьо ерриг ханна – хьал совдаккха, дацор ду!» Шен заманан лехамашца доьзна ду Эдилов Хасмохьмадан стихотворенин маьIна.

Лермонтовн «Измаил-Бей» поэма а, цуьнан стихотворенеш а нохчийн матте яьхнера Эдилов Хасмохьмада, и гочдарш нохчийн литературехь дикачарех лоруш ду. Эдилов Хасмохьмадан стихотворенешна Лермонтовн поэзино беркате Iаткъам бина хилар къеггина гуш ду «Или» стихотворенехь.

1957-чу шеран май баттахь «Къинхьегаман байракх» газетан агIонаш тIехь зорбане яккха йолийра Эдилов Хасмохьмадан дуьххьарлера поэма «Сийлаха». Драматически чулацам болу и поэма хиллачийн буха тIехь язйина яра. Шен цIена, оьзда безам ца ларбина йолу поэмин турпалхо Сийлаха ша дакъаза а йолу, и бахьанехь нахана даккхий зуламаш а хуьлу. Шен ойланехь, гIуллакхашкахь, леларехь ша-шена а, нахана хьалха а стаг жоьпалле хила везаран

ойла йойту авторо поэма йоьшуш волчуьнга. ГӀеххьа йоккха лиро-эпически поэма ю «Сийлаха». Поэмин дӀахӀоттамехь хьалхара дош а, итт дакъа а, дерзор а ду. Иттаннах хӀора дакъа шена хьалха ялийна эпиграф йолуш ду. Цхьайолу эпиграфаш халкъан иллешний, мехкарийн эшаршний тӀера схьаэцна ю, вуьш нохчийн кицанех лаьтташ ю, кхиерш яздархойн произведенеш тӀера ялийна ю. Масала: «Марж-яӀ, зингат, хьо а гӀерта-кх даха» (Мамакаев І.), «Хила я ца хила! – Иштта ду гӀуллакх!» (Шекспир. «Гамлет»). Хьалхара дош а, дерзор а авторера ду. Поэмин эпически агӀо цуьнан сюжетаца ю. Ардаме сюжет ю поэмин. Шайн доладалар, кхиар, дерзар долчу хиламех лаьтташ ю иза. ИбрахӀим, Сийлаха, Эдалха, Аружа – цу персонажийн леламаш бу поэмин сюжстехь.

Шен безамца, шен лаамехь ИбрахӀиме йоьду Сийлаха. Цена, хьанал ду къоначу доьзалан дахар. Амма совдегаран Эдалхин безам бахна Сийлахе. Нехан цӀе тӀехь йолу зуда, Аружа юкъа а лоьлуьйтуш, шена тӀе а ерзайой, ялайо цо. Сийлахас ца ларбина ИбрахӀиме хилла шен мерза безам. Цуьнан цӀийндех ИбрахӀимах цуьрриг ийзалуш вац Эдалха, иза цхьалха стаг ву, шена тӀаьхьахӀитта нах болуш вац, къоьлла токхуш ву, цундела цуьнгара зуда яккха а мегар ду, боху цо шен дагахь. Амма ИбрахӀим шен сий лардийр долуш ву. Эдалха а, цуьнан цӀийнах кхо стаг а вуьйжира ИбрахӀиман карах. ИбрахӀим а кхелхира церан карах. Цу тайпана, Сийлахас шех инзаре доккха зулам далийтина.

Оцу хиламех лаьттачу сюжетаца билгалболу поэмин эпически чулацам. Къеггина шен лирически агӀо а ю поэмин. Иза авторан ойланца билагалйолу. Поэмин хьалхара дош а, дерзор а авторера ду. Поэми тӀехь алссам ду юьстахдийларш. Авторо, сюжетана юьстах а вуьйлуш, цу тӀерачу хиламех лаьцна йолу шен ойланаш, синхаамаш гучубоху. Цара поэмин чулацам кӀаргбо, текстан исбаьхьалла совйоккху. ИбрахӀиммий, Сийлахий хин йистехь мерза захало дуьйцуш гайтинчул тӀаьхьа авторо сирлачу ойланца боху:

Шабарш деш догӀучу
Валарган йистехь
Дуьххьарий, тӀаьххьарий

Балхабац безам.
Хийла йоI, елалой,
КIаг хIуттуш юьхь тIехь,
Суьйренца цIа йоьрзу,
Хуьлий дог реза.

Ткъа кхано тIаьхьа, ИбрахIиман, Сийлахин барт ийгIина, и шиъ халонца дIасакъастар гойтучу хенахь, кхечу кепара ю авторан ойла:

Малх бу шен болар деш,
ГIушлакха баьлла,
И стенна оьшура
Дуьненна кхета?
Сирла бу, бовха бу
Цунна хьан аьлла?
Мила ву цо вохвеш?
И хьанна къеда?

Авторан ойла, синхаамаш шен турпалхойн ойланашца, церан синхаамашца цхьаьна богIуш бу. Иза ИбрахIиман, Сийлахин накъост ву. Церан хазахетарех самукъадолу цуьнан, халахетарш сингаттамца Iаьткъа цунна.

Иштта авторан шен турпалхошка йолу шовкъаш гучуйовлу поэми тIехь цуьнан юьстахвийларшкахь.

Поэмин драматизм цуьнан сюжетехь ю – иза Эдалхин, ИбрахIиман юккъерчу къовсамца ю. Бакъду, цу шинна юкъара къовсам хилла ца Iа иза, цуьнан социальни маьIна ду. Социальни тайптайпанчу тобанах ву и шиъ.

Цу тайппана, лирически, эпически, драматически билгалонаш цхьаьнаийна ю «Сийлаха» поэмехь.

«Сийлаха» поэма нохчийн литературехь эпически поэзин керла кхиам бара. Иштта лаккхара мах хадийна цу хенахьлерчу критико Эдилов Хасмохьмадан дуьххьарлерчу поэмин.

Оцу шерашкахь язйина Эдилов Хасмохьмадан шуьйра евзаш йолу стихотворенеш «Алжирка», «Дацоран байракх», «Бер дийна нана», «Буьйса», «Билгало», «Ненан ирс», «Даймехкан байракх»,

«Машаран урам» стихотворенеш. Дуьненан муьлххачу маьIIехь белахь а, адамийн бала бакъволчу поэтан дагах хьакхало. Шен паргIатонехьа къийсам латтош хиллачу Iарбийн халкъан деган Iийжамех лаьцна ю «Бер дийна нана», «Алжирка», «Дацоран байракх» стихотворенеш.

Махкахдаьхначу адамийн дегнашка кхочуш, Даймехкан марзо хаайолуьйтуш яра поэтан «Даймохк кхойкху» стихотворени.

КIентий цIа берзаре
Кавказ ю хьоьжуш,
Токхе мор баржийна
Кечъелла ю.
Хьомечу лаьмнаша,
Баххьашца къоьжа,
КIенташна кечбина
Аьхна мотт бу.

И кхойкху кIенташка,
Мехкаршка кхойкху,
Кийча ю хIоранна
Барт баккха и.
И кхойкху хи мала
Теркан я ГIойсун –
Цул чоме хи хир дац
Дуьненахь кхин.

И кхойкху дайн хIаваъ
Техкачу метта,
И кхойкху дахаре,
Баьхначохь дай.
Хьацарца я цIийца
Хьандинчу лаьтта,
Зезагца дог хьаста
ГIоттучу бай.

Кхойтта шарахь адамийн кийрахь лаьттинчу сатийсамашна жоп луш яра стихотворени, нохчийн дегнашна аьхна дара дешнаш.

## «Сийлаха» поэмин чулацам

Эдилов Хасмохьмада «Сийлаха» поэма язйина 1956-чу шарахь. Поэто ша дийцарехь, дахарехь хиллачу бакъдолчун буха тIехь язйина ю иза. Поэмин коьрта турпалхой бу ИбрахIим, Сийлахий. Цушинна юккъехь сирла синхаам кхоллало – безам:

Хин йистехь суьйрана
ИбрахIим вацахь,
Дог доьхна хуьлура
Сийлаха гуттар.
И хилча, сихлора
Хин йистс кхача,
И тоъал чохь хилча,
УьйтIа а дуттий.

Некъаца ИбрахIим
ТIехволу вайча,
Хьадалча хохкура
Хаийта гойла.
Ткъа шена и ца гуш
Ши-кхо де даьлча,
Хуьлура сахьаьвзий,
Яржалой ойла...

ИбрахIим къинхьегаман стаг ву, шена езаелла Сийлаха яло рицкъ вовшахтоха дийнахь а, буса а болх бо цо. Эххар а и шиъ вовшахкхета. Вовшех даккхийдеш, даха хуу ИбрахIим, Сийлахий. Сакъералуш, шен дахарх йоккхаеш до Сийлахас чуьра-арара гIуллакх. Авторо цу масалшца гайтина, мел ирсе хилла Сийлаха. Цо чIагIдо шина адамна ирсе хила кхин доккха хIума цаэшар, баккхийчу хьал-бахаме сатийсар а доцуш, шайн кIезиг долчух тоам беш хилчахьана:

Ал басахь сир къега
Шен кхийра пхьегIаш
Йоккхаеш нисйора
Пенаца, уьн тIехь.
Цунна ца оьшура
ХIумма а хьеха,
Оьздаллий, гIиллаккхий
Сов дара цуьнгахь.

«ХIай стаг, вайн дисний
Кхин даза гIуллакх?» –
ИбрахIиме дора
Кест-кеста хаттар.
Кхана цIа хазлора
Таханачул а,
Вовшийн уьш дезар а
КIоргене хьаьдда.

Воккхаве ИбрахIим
Шегарчу хьолах,
Воккхаве Сийлахах,
Вахарах, ирсах.
ХIинццалц цо мел йинчу
Ойланийн хола
Нускало башийна
Безаман нуьрца.

Цкъа хьалха, керла доьзал кхоллабеллачу юьххьехь, ишттта хеташ ю Сийлаха ша а. Амма безаман уггар воккха мостагI къастар ду, гуттар а шен безамна уллохь цахилар. Сарралц латта охуш, къахьоьгуш волчу ИбрахIиман аьтто ца хуьлу дуккха а хан шен езачуьнца дIаяхьа. Цо кхуллу Сийлахин даг чохь резаяцаран ойланаш. ИбрахIиме йолу безаман тешаме ойла йоха йолало цуьнан, цкъа цхьана дийнахь иза Эдалхин туькана кIади эца яхча.

Цигахь Эдалхас цIар тIехь йолчу зудчуьнца дан хьакъдоцу къамел до Сийлахица. Сийлахас кхин дуьхьало ца йича, Эдалхас урх хоьцу шен оьзда боцчу лаамна:

Гlуьржа бlаьрг таlийра,
Сийлахе хьаьжна,
Цlоцкъамаш саттийра
Совдегаро.
Цlечу шен беснешца
Вела а къежна,
Элира: «Шен лору
Хьо сан даго…»

Сийлахас, ишттачу меттехь ала дезарг олий, човха ца во Эдалха. Иза цIа йоьду шен кегаеллачу ойланашца. ИбрахIимах лачкъадо цо Эдалхица шен хилла цхьаьнакхетар. Ша дIааьлча, зуламе доьрзур ду бохуш, шена кIелхьаръяла бахьанаш лоьху цо. Амма Сийлахас ша аьллачунна даррехь дуьхьало цаярна майраваьлла Эдалха аьллачух тоам бина Iаш вац. Цо шена Iалашо хIоттайо, ИбрахIиман, Сийлахин юкъаметтигаш йоха а йина, Сийлаха яло. Цу тIехь Эдалхина гIо деш ю совдегаран дикане сатесна йолу Аружа. Шен аьтто хилчахьана, нехан ирс дохарх шек йоцчу Аружас доггах кхочушдо совдегаро шена тIедиллинарг. Доьзалхой юI дуьнен чу яьллашехь, Аружас галъяьккхинчу ойлано бохург до Сийлахас. ИбрахIиме шен цIе а тосуьйтий, иза ден цIа йоьду. Шарахь ша лелор ду аьлла тIелаьцна бер охьа а кхуссий, Эдалхе маре йоьду. Шена тIееанчу юьхьIаьржонна кхин са ца детталуш, ИбрахIим, герз оьций, Эдалха волчу воьду. Амма, ишттачу хьолахь ИбрахIим шена дуьхьалвеача а, дохковалар доцуш, сонта, ца вешаш къамел до Эдалхас. Эдалхас карзахваьккхинчу ИбрахIима герзаца шен дог Iабадо. Цо Эдалха а, цуьнан кхоъ гергара стаг а воь. Циггахь Iожалла тIеоьцу ИбрахIима. Иштта зуламца йоьрзу ирсаца дIайолаелла Сийлахин, ИбрахIиман юкъаметтиг.

Сийлахин Iехаяларан бахьана цуьнан бераллехь дас-ненас, шаьш бан беза тIеIаткъам беш, иза декхарийн-оьздангаллин хорша

цахIоттор ду. Иза гучудолу Сийлахин дас шегара гIо-накъосталла оьшуш веанчу ИбрахIимца дечу къамелехь. Жоьпалла шена тIе а ца оьцуш, бахьанаш дуьйцу дас. Цунна моьттуш хилла, «юучу сискалца» доьзална ша гIайгIа бичахьана, шен декхар чекхдолу, йоI кхетош-кхиор ненехь а дитина. Амма нанас а кхочуш ца дина шена тIехь долу декхар. Цундела ду иштта Сийлахин дахаран бохаме жамI.

Эпилогехь вайна гучудолу, Сийлаха, кхин керла доьзал ца кхуллуш, дIакхелхина хилар Талды-Курганехь. Шен да вийначул тIаьхьа шина баттахь бен ца еха ИбрахIиман, Сийлахин жима йоI. Доьзална, цIийндена хьалха долу оьздангаллин декхарш дицдина, шен дегIан лаамаша, синхаамаша бохург дича, духу ирс, хуьлу зулам – иза ду авторо шен говзарехь гайтина коьрта маьIна. ХIора стагана хаа деза, хIокху дахарехь ша цхьалха цахилар, шена тIехь дуккха а декхарш хилар. Уггар коьрта Далла хьалха долу декхар, цул тIаьхьа – дений-нанний, шен доьзалний, юьртаний, махканий хьалха долу декхар. Иза хууш, шегара гIалат ца долуьйтуш, шена нахана ала вон дош ца дуьтуш, ваха веза хIора а. Иза ду хIора стага лара дезаш. Цунна хаа деза шена тIехьа лаьтташ шен ворхI да хилар, шегара даьлла вон-дика царна дакъа кхочуш хилар. Иштта цунах дакъа кхочу хинйолчу ворхI тIаьхьенна а. Стагера даьлла вон-дика халкъо диц ца до адамийн ворхI чкъор хийцадаллалц.

## ИбрахIиман васт

ИбрахIим, уллора гергара нах боцуш, цхьалха стаг ву. Дукхахьолахь, дас-нанас, йиша-вашас дIадерзо дезаш долу гIуллакхаш – зуда ялор, бахам вовшахтохар – ИбрахIиман ша шен ницкъаца дан деза. Цундела деза цуьнан, нехан стерчий а лаьцна, церан ардаш охуш, къахьега дийнахь а, буса а. ИбрахIиман дахар къагадо Сийлахе болчу безамо. Цо ницкъ ло цунна мел хала болх бан а, кIад ца луш къахьега а. Иза дог тешна ву Сийлахица долу ирсе дахар даим а лаьттарг хиларх. Амма и ирс, халахеташ делахь а, дах ца ло. Дагахь а доцчу агIор, цIаьххьана тIейогIу цунна ямартло,

юьхIаьржо, амма оцу бохамах, нохчийн оьздангаллех-гIиллакхах ца вухуш, чекхвала гечо лоьху ИбрахIима. Цкъа хьалха иза Сийлахин да-нана долчу воьду, шен доьзал ца бохийта орца доьхуш, амма цаьргара гIо ца хуьлу цунна. Цуьнан ирс, лаьттах тоьхна кхийра пхьегIа санна, кескаш хуьлий, духий, дIадоьду. ИбрахIим кхета, и пхьегIа шега юхахотталург цахиларх. Цул тIаьхьа ша, нохчийн къонахчо, дан дезарг до цо, дуьнен чу ваьлла доьзалхо шарахь лело Сийлахе тIе а лоцуьйтуш. Амма ИбрахIиман тIаьххьара собар кхачадо, шена делла дош а дохош, доьзалхо шаре а валале, Сийлаха Эдалхе маре яха араяларо. И харцо чекх ца ялийта, герз лохий, араволу ИбрахIим. Шена дагадеанарг кхочушдан сих ца луш, цIий ца Iанош, чекхвала некъаш лоьху цо Эдалхин кертахь. Амма Эдалхас динчу сонтачу къамело зуламна тIевуьгу иза.

Цхьалха велахь а, ИбрахIим нохчийн оьздангаллин буха тIехь хьалакхиъна, доьналла, къонахалла йолуш стаг ву. Дахаран чолхенаш, халонаш эшо яхь, собар долуш ву иза. Амма цо ловр доцуш кхо хIума ду: харцо, эхь, тешнабехк.

## Сийлахин васт

Сийлаха шен ден-ненан Iуналлехь хьалакхиъна йоI ю. Цара жимчохь дуьйна шена хьехнарг, магийнарг дирзина цуьнан амале. Дахарх, оьздангаллех болу кхетам а ден-ненан тIеIаткъамца кхоллабелла цуьнан. Поэмин юьххьехь вайна го Сийлаха доггаха ИбрахIим везаш, цуьнца ирс кхолла лууш, догдика йоI санна:

Некъаца ИбрахIим
ТIехволу вайча,
Хьадалча хохкура
Хаийта гойла.
Ткъа шена и ца гуш
Ши-кхо де даьлча,
Хуьлура сахьаьвзий,
Яржалой ойла:

«Кхин езаелла-техьа?
Я цамгар кхетта,
Хи дала стаг воцуш,
Іуьллу-техьа цхьалха?
Дижна-техьа ховха дегІ
Бекъачу метта?
Езий-техьа везачунна,
Елале, елха?..»

ИбрахІиме маре а яхна, шен ирсах йоккхаеш, каде хьийза Сийлаха. Амма и ирс Іалашдан ницкъ, хьекъал ца тоьу цуьнан, шена тІехІоьттина дуьххьарлера зер ца лов Сийлахас. Цуьнан хьекъал ца кхочу Эдалхин а, цуьнан къамелан а нийса мах хадо. Эццахь шеконаш кхоллало цуьнан ИбрахІимах а, цуьнан безамах:

Со хьанна ган оьшу,
Я хьанах кхоьру?
Со яц со сайн дегІан,
Сайн коьртан да?

Туькана яхначохь Эдалхас шега эвхьаза къамел дича, ша-шена тоххал холчухІоьттина хиллехь а, Сийлахас сихха диццдо иза, Аружин къамелашка ладегІа а йолалой. Эдалхица хила йиш йолу ирсе дахар дуьйцуш, цуьнан хьал-бахам хестош, Аружас пана йоху иштта а галйовла кийча йолу Сийлахин ойланаш. Кхузахь гучудолу Сийлахин оьздангаллех болу кхетам кхоччуш чІагІбелла цахилар, шен дегІан лаамаш хьалха а баьхна, эхь-бехк, наха олу дош диццдан и кийча хилар. Хаттар кхоллало: хьенан бехк бу иза? Цу бехкан декъехь ду Сийлахин да, нана, церан лулахо Аружа. Уггар боккха бехк Сийлахин шен бу, авторо, ша билгал ма-даккхара, и бохам хиларан бахьана вайн нохчийн юкъараллехь хилла долу социальни декъадалар ду бахахь а (ИбрахІим къен стаг ву, Эдалха – совдегар, хьал долу стаг). Поэмин чулацам теллича гучудолу, цуьнан коьрта маьІна, идея, къоман синмехаллаш йицйича хуьлу и тайпа зулам бохург иза хилар. Цундела хІора нохчичунна хаа

деза, олучу дешан, боккхучу коган, динчу гІуллакхан ша жоп луш вуйла Далла хьалха а, нахана хьалха а.

## «Сийлаха» поэмин исбаьхьаллин башхалла

«Сийлаха» поэма лаьтта дІадолорах, итт декъах, дерзорах. ДІадолорехь авторо хаам бо, ша яздийриг билггал хиллачу бохаман буха тІехь кхоьллина ду олий. Иза ирча гІуллакх хилар билгалдоккху цо хІокху дешнашца:

Пхьоьханахь гулбелча,
Наха и дуьйцура,
Іуьйкъана гІаьттинчо
Ойланехь луьстура,
ХІораммо даггара
Емалдеш и дара.
Буьрса и хиларна,
И дара инзаре.

Ша и дийцаран бахьана даладо авторо: кхин и тайпаниг ца хилийта. Поэма ерриг а, цхьа дерзор доцург, дактиль барамехь язйина ю. ХІора строфа бархІ могІанах лаьтташ ю. Рифма яран кеп жІарийн ю. Шаьш рифманаш дукххаьолахь шина дешдекъехь лаьтташ ю (зударийн), амма наггахь авторо пайда оьцу цхьана дешдекъехь лаьттачу (божарийн) рифманех. Зударийн рифманех авторо пайда оьцу дахар синтеме гойтучу хенахь:

Замано йорт етта,
Шерех деш къурдаш,
ГІа-бецаш соьналле
Ийзош ю бІаьсте.
Декаш ду олхазарш –
БІаьстенан туркхаш.
ХІор денна ИбрахІим
Сийлахех къаьста.

Ткъа дахаран я турпалхойн карзахалла юьйцуш авторо дукхахьолахь ялайо божарийн рифманаш, и бахьанехь хиламийн сихалла, церан Iаткъаме хилар бIаьрла гучудолу:

Зуз цIарх кхерстира
Сийлахин дегIах,
Лергашкахь татанца
Туьйхира ов.
Юьхьаралецира
Боьду некъ цIехьа,
Совдегарца доцуш
Я тар, я дов.

Поэмин хIора а декъан чулацам бостуш ю авторо ялийна эпиграфаш. Оцу эпиграфашкахь вайна го нохчийн барта кхоллараллин юккъера иллеш, эшарш, кицанаш, цхьаццаболчу яздархойн (Мамакаев Iаьрбин, Шекспир Уильяман) дешнаш. Иштта Сийлахин, ИбрахIиман марха йоцу сирла безам гойтучохь даладо халкъан эшаран юкъара могIанаш: «Хьоме кIорни догIий хьежна, сан бIаьргийн нур кхулуш лаьтта». Шина адаман безам гойтучу декъана хьалха даладо кица: «Баханчу безамна хазалла эшац», ткъа ИбрахIима къахьегар гойту дакъа долало Мамакаев Iаьрбин дешнашца: «Марж-яI, зингат, хьо а гIерта-кха даха». Авторо ялайо хIора эпиграф ю шен исбаьхьаллин маьIна долуш – поэмин хIора а декъах нийса кхета аьтто беш, турпалхойн васташ достуш, тIедузуш, хиламийн маьIнаш кIаргдеш. Эпиграфашкахь а, поэмин байташкахь а билгалдолу автор нохчийн халкъан барта поэзи а, кхийолу жанраш а евзаш, царах хаарца пайда оьцуш хилар. Иштта поэмин исбаьхьалла лакхайоккху тайп-тайпанчу дустарша, эпитеташа: «башломан цу коьртахь кIайн марха санна», «дохк-марха санна, хьо хIунда макхъелла», «мох санна …», «лазархо санна», «ховха дегI», «шийла пеш», «кийрара дилха дог», «къегина де», «йиллина буьйса», «аьхкенан дийнан тов», кхечара а. Турпалхойн синхаамийн дуьне достуш ю поэмехь ялийна «Аружин йиш» а, ИбрахIима беш болу узам а.

### Проект

«Стагана тIехь долу декхарш а, церан оьзданґаллин маьIна а» темина реферат язъе.

### Хаттарш, тIедахкарш

1. Муьлхачу заманахь хилла гIуллакхаш ду поэмехь дуьйцурш?
2. ХIун маьIна леладо поэма дIайолош ялийнчу байташа?
3. Муха гайтина авторо ИбрахIиман, Сийлахин безам?
4. Билгалъяха коьртачу турпалхочун ИбрахIиман амалш.
5. Стенна духу ИбрахIиман, Сийлахин ирс?
6. Шуна хетарехь, хIун бахьана ду Сийлахин, ИбрахIиман ирсе дIадоладелла дахар бохамца дерзаран?

### Исбаьхьаллех дийца вай

1. Билгалбаккха поэмин барам а, строфикин, рифма яран башхалла а.
2. Поэмин хIора декъана хьалха ялош эпиграф ю. ХIун маьIна леладо цара?
3. Билгалдаха поэми тIехь долу лирикин юьстахвийларш.
4. Муха пайда оьцу поэто нохчийн барта кхолларалех?
5. Билгалдаха поэмехь далийна кицанаш.
6. Билгалбаха поэмехь авторо пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.
7. ХIун маьIна леладо поэмин чаккхенехь далочу дерзоран дашо?

### ГIиллакх-оьзданаллех дийций вай

1. Муьлха нохчийн гIиллакхаш, ламасташ гайтина поэмехь?
2. ХIун Iалашо хIоттийна авторо поэма язьеш?
3. Стенна доьхна Сийлахин ирсе дахар?
4. Муха гайтина поэмехь Сийлахин да ЧIолла?
5. ХIун дакъа лоцу Аружас доьзал бохош?
6. Нохчийн доьзал гуттар гIиллакх-оьзданаллин гура чохь латтош хилла. Иза дахарехь мехала хилар муха гучудолу поэмехь?

## XX бIешеран 80-чу шерашкахь нохчийн литературе баьхкинчу яздархойн кхолларалла

ТкъолгIачу бIешерахь нохчийн литературн юкъа еара къоначу яздархойн шиъ нуьцкъала тулгIе. Царах хьалхарниг 1960-гIа шерашкахь яздан буьйлабеллачу яздархойх кхоллаелира: Арсанукаев Шайхи, Кибиев Мусбек, Дикаев Мохьмад, Гацаев СаьIид, Хасбулатов Ямлихан, Сатуев Хьусейн, Шайхиев Iалвади. Уьш, дукхахьолахь, поэташ бара. Махкахдаьккхинчу кхойтта шарахь вайн халкъан дагахь IаьIнарш, цIа дирзича цунна хилла хазахетар а оцу поэтийн зевнечу могIанашца Iорадуьйлура, лаьмнийн кийрара малхе дуьйлучу шовданех терра. Цара нохчийн литература кхиаран керлачу тIегIане а яьккхира.

Цул тIаьхьа ткъа шо зама яьлча нохчийн литературе керлачу, йоккхачу литературин тулгIенца юкъабаьхкира къона яздархой, коьрта долчунна, «Пхьармат» литературин-цхьаьнакхетараллин декъашхой. Советан идеалогин гуранаш, дозанаш дохош, дуьненан гIарабевллачу яздархоша юкъадеанчунна, церан исбаьхьаллин зеделлачунна тIетийжаш, нохчийн фольклоран вастех хаарца пайда оьцуш, шайна хьалха яккхий Iалашонаш хIиттош, цига кхачархьама хаддаза къахьоьгуш, кхоллараллин керлачу дозанашка буьйлура уьш.

ДIадаьллачу бIешеран 80-чу шерашкахь а, цул тIаьхьа а нохчийн литература кхидIа кхиош, беркате къахьийгира «пхьарматхоша»: поэзехь – Исмаилов Абус, Абдулаев Лечас, Яралиев Юсупа, Бисултанов Аптис, Цуруев Шарипа; прозехь – Бексултанов Мусас, Эльсанов Ислама, Тагаев Сайд-Хьасана; прозехь, поэзехь – Яшуркаев Султана; прозехь, поэзехь, драматургехь – Ахмадов Мусас.

Массо а жанрашкахь язйинчу башхачу говзаршца тIеюьзира цара вайн къоман литература. Царна юкъахь стихаш, поэмаш, дийцарш, повесташ, пьесаш, романаш яра. Царах цхьаерш йовза таро хир ю 10-чу классан дешархойн.

## ЯШУРКАЕВ СайдаIелин Султан

***(1942–2018)***



Поэташ-м бара, сан мохк, хьан,
иза-м цкъа эр ма ду сох а,
ткъа хьуна везара илланча –
дог долуш хьо шена биллал чу!

*Яшуркаев Султан*

### Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Яшуркаев Султанан дахарх, кхолламах язйина поэто Яралиев Юсупа:

«Веданан кIоштарчу Хорача юьртахь ваьхна волу Дошуйн Йошуркъа, шен кIентан кIант дуьнен чу валале цхьа шо гергга хьалха дIакхелхинера. Цул тIаьхьа, диъ-пхи шо даьлча, нохчийн къам махкахдаьккхира. 1944-чу шеран май баттахь Казахстанерчу Iедалан белхалоша дIаязбан болийра махкахбаьхна нохчий. Герггарчу хьесапехь ши шо хир ду аьлла, тIехьаьжна хан билгал а яьккхина, дIаязвира казахаша дегIана эгIаза волу Султан а. Беран йолуш йолу хан ма-ярра йийца да-нана уллохь а дацара, я и йозанаш бен-башха хеташ стаг а вацара. Иштта официальни документаш тIехь дисира «Яшуркаев Султан вина 1942-чу шарахь» аьлла долу йоза.

«Нохчийн къам махкахдоккхучу дийнахь, массо а садагийна хьийзаш, сайн нана лоьхуш, ши бIаьрг а къарзийна, поездан бохалла дIасауьдуш, тилавелла лелаш волу со, цхьана салтичо

яьIни тIера схьа а лаьцна, сан дуткъа лаг лаза а деш, ласттийна, поездан вагон чу кхоьссира. И дика дагадогIу суна, деа шаре ваьлла хир вара со хIетахь, – бохуш, дуьйцура Султана. – Оцу дийнахь дуьйна дех-ненах къаьстина, дикка воккхахиллалц, масех шарахь, да-нана дийна доллушехь, байлахь хан яьккхина ву со, ненах хаьдда берзан кIеза санна, сайн хьекъалца, самонца ва́ха везачу хьолехь, – олура цо, – шаьш хене муха девр ду а ца хууш, шаьш шайна хIун дер а ца хууш, цкъа ден ненахоша шайца вуьтуш, тIаккха ненахоша дIавуьгуш…»

Кан лахьо воьдуш, беже воьдуш, кога юха мачаш йоцуш, бежанийн керлачу кхо тIехь когаш бохбеш, бераллехь ша яьккхина и къиза хан, ша, шен халкъо цигахь лайна хало, ба́ла, деган Iийжамаш – дерриг а – стихашкахь, прозехь, публицистикехь – дIаяздан гIиртина Султан ша дуьнен чохь йоккхучу хенахь.

ЦIа даьхкинчул тIаьхьа Хорачахь Iийна бу СултангIеран доьзал. Султанан да СайдаIела юьртда вара. 1961-чу шарахь генайоццчу хорачой бехачу Эшилхоте дIакхелхира уьш. ВорхIе дайх диснaчу Довт-Ирзехь керла хIусам юьйгIира СайдаIелас, Хьавас.

Ткъа йозанах дика кхеташ волу Султан Хорачахь висира, керла хIоттийнчу юьртдас шен секретарь а вина. Библиотека а уллехь яра. Школа а, клуб а – ерриг а юьртан цивилизаци сельсоветана уллехь яра. Библиотекица гергарло чIогIа дара жимчу стеган. Истори йовза лууш, шен къам мичара маца дуьйна ду, къоман амал, къоман ойла хIун ю, нохчий махках хIунда баьхна, цигахь хьегна бала мича бехкенна хьегна, юха цIа хIунда даьхкина, дуьненахь стага хIун лело деза, муха ваха веза, хаа лууш вара иза. Селхана хIун хилла? Тахана хуьлуш дерг хIун ду? Кхана мича кхача тарло нохчийн къам?.. – хаттаршна жоьпаш лоьхура цо.

Амма оьшуш йолу книгаш ца карайора. Массо зорбанера ара мел йолу хIума – книгаш, газеташ, журналаш – коммунизм юьйцуш, советски ирсе зама хестош яра. Султана исбаьхьаллин литература йоьшура. Школехь хьехархо воцуш меттиг еача, урок яла а кхойкхура цуьнга. Хьехархой тоьуш бацара. Дешна специалисташ Iаламат кIезиг бара. ПохIма долуш верг ша билгалволу-кх.

Книгаш ешаре болчу безамо аьтто а бина, Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институте заочно деша вахара Султан.

Ткъа Москва де́ша вахар цхьа тамашийна нисделира.

1969-гIа шо дара.

Кхуьнан накъост, юьртахо вара деша ваха кечам беш, книгаш йоьшуш, справочни литература кегош, тIевирззина Iамош, школехь мел Iамийнарг карладоккхуш. Цхьадолу хIума Султане а хоттура, хIара, библиотекера ара ца волуш, книгаш чIогIа йоьшуш а, масех шарахь школехь хьехархочун болх беш а волу дела. ЧИГПИ-хь доьшуш йиъ курс чекх а яьллера. Деша ваха кечам бечу юьртахочо элира, дависа, хьо а велара шеца деша вогIуш, шена ма дика накъост хир вара хьох. Дера, веза ша а, хIета, цуьнца ваха аьлла, хIара а вахара Москва. Ерриг а Советски Союзера дIагулбелла дукха хиллера деша баха луурш. ХIора экзамен дIа мел ели, жимлора абитуриенташ. ХIара шиъ, дIаяла езаш йолу йиъ экзамен дIаеллехь а, конкурсах чекх ца велира, баллаш тIе а ца тоьана. Цхьа балл тIе ца тоьуш хилла волу Султанан накъост, дог а диллина, цIа веара, ткъа хIокхунна пачхьалкхан столицера иштта атта дIаваха ца лиира, шена ши балл тIе ца тоьуш хиллашехь. Деша воьду аьлла оцу дуьнен тIе дIа а вахча, Iалашоне а ца кхаьчча, кIант эрна дIасахеххкавалийта таронаш яцара ден-ненан.

Султан ойланашка велира, хIун дича, хIун хир дара-те аьлла.

Советски Союзан маршал Баграмян И.Х. Нохч-ГIалгIайн автономни республикин цIарх хаьржина СССР-н Лакхарчу Советан депутат вара. Цо аьллера Соьлжа-ГIалахь харжамхошца ша цхьаьнакхеттачохь, шу халонаш гина ду, махкахдаьхна лелла а ду, деша ваха лууш верг велахь, шега ала, ша гIо дийр ду. Хьажа веза ша, цо хIун до аьлла, Баграмян схьа а лехна, цуьнга, ша МГУ-хь экзаменаш дIа а еллера, амма конкурсах чекх ца ваьлла, гIо де шена, ша чIогIа деша лууш, юрист хила лууш ву, аьллера Султана. Йишин бер тIедеача ненан ваша санна, Iаламат чIогIа воккхаверца верасалла деш хьаьвзина, хIара дIаэцийтинера депутато.

Ломоносовн цIархчу МГУ-хь юридически факультетехь доьшучу шерашкахь шен дена-нанна хало ца хуьлуьйтуш, шен гIайгIа ша беш, дийшира дахаран къиза зеделларг шортта долчу Султана.

Къахьега луучу стагана сом даккха таронаш пачхьалкхан коьртачу шахьарахь алсам яра.

Ша цIа веача, Кибиев Мусбек а, кхин а ширчу накъостех цхьаъшиъ схьа а оьций, Хорача-хи схьадолучу, я Пхийтта хи долучу ирзе, я Чахчаре, я ГIалай-Дукъа доьлхий, къамелаш деш Iара.

Мусбекан тайпана вара иза, цунах озалора, шел воккха ву бохуш. Мусбека олучу даше лерамца ладугIура цо: и профессиональни поэт ма варий, Горький Максиман цIархчу литературин институтехь дешна а волуш! Султан Москва деша вахар а, цхьадолчу декъана, Мусбекаца йолчу йохьана дара.

Султан ойла еш стаг вара. Йиллина ойланаш йора цо, хIун ду къам кхиош дерг бохучух.

Хаьара, къам кхиош дерг Iилма дуй, сица кхиар дуй, масалш дуй, ойла хьекъалца яр дуй, яхьах дуьзна долчу дегнашка болх байтар дуй, къоман дешна нах кхиор дуй. Угтар коьртаниг – иза къоман тIамарх схьаяьлла интеллигенци хилар ду. Махкана генаваьллачо, лаахь а, ца лаахь а, къаьсттана чIогIа еш хиллера и ойланаш.

«Нохчийн жайна» яздеш, и мел гIаддайна нислахь а, цу тIера дIадолалур дацар-те нохчийн къоман доккха къамел аьлла, къайллаха сатесна вара...

Иштта ойланаш йора Султана. Вайн къоман юьхь а, яхь а хилла, вехаш вара иза.

Дуккха меттанашка гочйина цуьнан ойланаш, цо бина тидамаш.

Маттах кIорггера кхеташ а, дешан дуьхе кхиар чIогIа долуш а вара иза. «Берашна муха хуур бу ненан мотт, наношна а хууш ца хилча?» – элира цо цкъа тхо меттан къа-бала балхош Iаш.

«Гаьргаш тIе хьекхна мIара» книга, цIахь язъян йолийна, Бельгехь чекхъяьккхира. Нохчийчохь латтийна йолу къизалла, шен бIаьргашна гинарг, шен даго лайнарг, ша теш хIиттинарг – шен, шен халкъан сих чекхдаьлларг ду цу тIехь цо охьадиллинарг. Оцу книгин тIаьхье, шолгIа дакъа, «Яйъина хан» книга тIаьхьарчу шина-кхаа шарахь язйинера Султана. Язъеш лаьтташехь «Дружба народов» журнало зорбане а яьккхира иза, авторна преми а луш. Бельгин пачхьалкхан Герардсберген олучу шахьарахь ша даьккхинчу тIаьххьарчу берхIитта шарахь цкъа а ца бинчу кепара

дукха болх бина Султана, нохчийн, оьрсийн меттанашкахь язъеш. Дукха хIума гулделлера цуьнан кийрахь. Султан Iаламат чIогIа дог лозуш вара вайн къомах; махках, вайн литературех.

Дуьненан еа а маьIIехь миччахь хиларх, нохчийн стаг нохчи хуьлий чекхволу-кх. 2018-чу шеран 30 январехь Бельгин пачхьалкхан Герардсберген шахьарахь кхелхина волу нохчийн яздархо цIа вохьуш дукха адам орцахделира. Кху дуьненахь бехачу нохчийн наха Яшуркаев Султанах бинчу кадамаша гайтира шен къомах дог лозуш, шен къоман сий лардеш, кийра буьззина яхьйолуш ваьхначу стеган къомо мел пусар до.

Султанан весет дара, ша Эшилхотехь дIаволла аьлла.

2018-чу шеран февраль беттан кхоалгIачу дийнахь Эшилхотерчу дукъарчу кешнашкахь дIавоьллира Султан.

Нохчийн къоман ойла яран мазлагIахь «яхь» олуш болу кхетам мел бу, тIаьхьарчу тIаьхьено, йиц ца еш, сий-лерам беш хир ю Яшуркаев Султанан цIе».

1. Лахарчу классашкахь Iамийна Яшуркаев Султанан биографи карлаякха.

## «Самах ду, гIенах ду» стихотворенин маьIна а, исбаьхьаллин башхалла а

Яшуркаев Султан шен кхоллараллин некъан юьххьехь поэзехь къахьегна хиллехь а, тIаьхьо прозин жанрехь говзарш язъян волавелира. ДIадаханчу бIешеран 80-гIа шераш чекхдовлуш, 90-гIа шераш дуьйлалуш яздо цо шен гIарадевлла нохчийн халкъ цIерадаккхарх долу дийцарш а: «Хорбазан чкъоьргаш», «Напсат», «Картолаш», «Пасха», повесть «МаьркIажан бодан тIехь кIайн хьоькх» а. Дахаран тIаьххьарчу хийрачу махкахь Бельгехь даьккхинчу берхIитта шарахь поэзехь къахьегар жигара даьккхира яздархочо. Цу хенахь цо язйинчу стихотворенийн коьрта тема ю Даймахках къастар, цIа верза болу сатийсам, хьомсарчу Даймахках, цигахь дехачу адамех болу дагалецамаш. Царах ю 10-чу классехь Iамо лерина йолу стихотворенеш а.

«Самах ду, гIенах ду» стихотворени Даймахках къастарх болчу цкъа а чекхбер боцчу сингаттамах ю. И сингаттам поэтана тIех Iаьткъина хилар гучудолу байт йолалучу дешнашкахь:

Самах ду, гIенах ду,  
Амма вай генахь ду –  
Дайн боцчу махкахь…

Хийрачу махкахь долу дахар, самах дерг а, гIенах дерг а къаста ца луш, поэтан кхетамехь вовшех эделла хилар гучудолу. КхидIа оцу къастаран сингаттаман тайп-тайпана агIонаш гучуйоху. Хийрачу махкахь догIанаш шийла ду, дог-ойла гIийла ю.

КхоалгIачу байтехь нохчичунна Iаламат мехала долу, цо лардан хьакъдолу гIиллакх хьахадо поэто: шен махкахойн диканехь, вонехь дакъалаца дезар, амма и декхар кхочушдан йиш яц хийрачу махкахь волчун, хIунда аьлча цигахь я дика а, вон а дац, сийлахьниг, сийсазниг къасталуш дац. Малхо вох ца во, хIусамехь сапаргIат ца хуьлу хийрачу махкахь. Ткъа махкахваьллачун гуттарлера синхIоттам бу «кийра шах боьттина, логе шад хIоьттина». Стихотворенин чаккхенехь, тIаьххьарчу биъ могIанехь, Даймахкахь вахар хIорда чохь бехачу чIеран дахарца дусту поэто: «ЧIара шен хи чохь бу – шен хIордо хьаьстина…»

Стихотворени язйина ю шина гIулчах лаьттачу дактилан барамехь. Шатайпана ду стихотворенин могIанашка екъар а (строфика), рифма яран кеп а. ХIора байт кхаа могIанах лаьтта, хIора байтан хьалхара ши могIа вовшашца рифма еш бу, ткъа кхоалгIа могIа массо а байтан чаккхенехь балош бу, рефрен санна. Иза вукху могIанехь къаьсташ бу цхьа дешдакъа эшийна хиларца, нагахь хьалхара могIанаш ялх дешдекъах лаьтташ делахь а, кхоалгIаниг пхеаннах лаьтта.

Малхаца йовхо яц,  
ХIусамехь овхо яц –  
Дайн боцчу махкахь.

Кхечарех къаьсташ ю ворхIалгIа байт. Иза беа могIанех лаьтташ ю, хIора а могIа ялх дешдакъа долуш бу, жIарийн рифма а ю. Ткъа стихотворени ерзайо вовшашца рифма еш боцчу шина могIано:

Самах ду, гIенах ду –
Дайн боцчу махкахь...

Стихотворени язйинчу мукъамах къаьсташ ши могIа бало-ро йохайо цуьнан цхьаэшаралла. Дешархочун тидам маьIнина тIеберзабо.

«Самах ду, гIенах ду» стихотворенехь поэто тайп-тайпанчу ис-баьхьаллин гIирсех пайда оьцу: аллитерацех (цхьатера аьзнаш юх-юха далорах, могIанийн юккъерчу рифманех): «догIанаш (шийла) ду, дог-ойла (гIийла) ю», «дика а, (вон) а дац, садаIа (хIо) а дац», «малхаца (йовхо) яц, хIусамехь (овхо) яц»; цхьанатайпанарчу ме-женех: «юьхь а яц, дош а дац», «самах ду, гIенах ду», «дика а, вон а дац»; рифренах (цхьа могIа юх-юха балор) а: «дай боцчу махкахь»; метафорех: «кийра шах боьттина, логе шад хIоьттина». Яшурка-ев Султана стихотворенехь юкъадаладо хIинццалц литературехь пайда оьцуш ца хилла керла дош – овхо. Цуьнан маьIна, авторо ша дийцарехь, оьздачу хIусамехь хуьлуш долу синтеме аьхна хьал бохург ду. Иза шуьйрачу дешархойн гонашкахь девзаш дацахь а, баккхийчарна девзаш, цара шайн къамелехь пайда оьцуш хилла дош ду аьлла, яздина Яшуркаев Султана.

***Хаттарш тIедахкарш***

1. Муьлхачу могIанашца гучудолу вайна поэт хийрачу махкахь хилар?
2. ХIун сингаттамаш бу лирически турпалхочун ойла йохийнарш?
3. Даймахкахь долу, хийрачу махкахь доцу хIун гIиллакхаш билгалдоху поэто?
4. Даймахках къаьстана волу лирически турпалхо цхьалха хилар муьлхачу вастаца гойту поэто? Стихотворени дагахь Iамае.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалбаккха стихотворенин барам, строфика, рифма яран башхалла.
2. ХIун маьIна лeладо стихотворенехь йолчу рефрено?
3. ХIокху вастан маьIна даста:

Кийра шах боьттина,
Логе шад хIоьттина –
Дайн боцчу махкахь.

4. Билгалъяккха стихотворенехь йолу аллитераци.

***ГӀиллакх-оьздангаллех дийциий вай***

1. МогӀанийн оьздангаллин маьӀна даста:

   Дика а, вон а дац,
   СадаӀа хӀо а дац –
   Дайн боцчу махкахь.

2. Муха кхета шу дешнех:

   Юьхь а яц, дош а дац,
   Кечваларх товш а вац –
   Дайн боцчу махкахь.

3. Оьздангаллин маьӀна даста.
4. Муьлхачу вастаца билгалдоккху поэто Даймахкахь вехачу стеган дахар?

***Проект***

«Даймахкахь доцург дош дац» темина реферат язъе.

## «ДАГАХЬБАЛЛАМАШ, ДАГАЛЕЦАМАШ» стихотворенин исбаьхьаллин башхалла

ТӀамо кхоьллинчу сингаттаман цхьа агӀо ю дагахьбаллам. *Дагахьбаллам* дашо чулоцу ша дан хьакъдолу хӀума дан ницкъ боцуш висарна хилла вас, иза кхочушдан массо а таронах пайда цаэцарна дохковалар. Поэто цунна улло хӀоттийна *дагалецамаш* дош шен синӀаткъамца *дагахьбаллам* даше ца кхочу. Дагалецамаш сингаттаме а, сингаттам боцуш а хила тарло. Дагалецамаш а, дагахьбалламаш а ловш ваха Ӏаламат хала ду лирически турпалхочунна. Хьеран тӀулгал а базло уьш поэтан синна. Уьш даг тӀе йоьссина йозалла хилла ца Ӏа, цара кийра морцу: «Самах, гӀенах а, буса, дийнахь а, цӀеран хаьштигех богуш кийрахь Ӏа…». Поэт, оцу сингаттамна къера а хилла, цуьнан йиисар хилла ца вуьсу. Баккъал а цӀа верза аьтто бацахь а, лирически турпалхо шен ойланашца цӀа вогӀу дай баьхначу махка:

Айвой, гӀаттавой, берах тахкавой,
охьавуьллу аш, винчу махка хьой…

Шатайпанчу васташца дуьхьалхӀутту хьомсара латта:

Лаьмнаш мокхазан, ирзеш баьццара,
хьалхатуьйсу аш дагна эццара...

Ойланашца Даймахка цIа вирзича, уггар хьалха цунна дуьхьалхIутту ненан васт кхача кечбан дама лоцучу куьйгашца. Нохчийн хIусамехь кхерч бовха латтош ерг, хьаша-да марзонца тIеоьцуш ерг нана ю. Дерриг а доьзалан ирс ненан вастехь го поэтана. Амма цуьнан мерза дагалецам, цIаьххьана тоьхначу стелахаьштиго санна, бохабо къизчу бакъдолчо: «Кхелха нана, хьо, уллохь воцуш со…». Лирически турпалхочун дагалецамашкахь дагахьбалламаш алссам хилар коьрта бахьана ду ненан тIаьххьарчу сохьтехь кIант уллохь цахилар. КхидIа долу Даймехкан суьрташ кхоьлина а, ирча а го лирически турпалхочунна:

Мокха чим хилла, яьгна эвла го,
хьайн цIа лаьттинчохь яраш евлла го.
Дагахьбалламаш, дагалецамаш,
буйна вуллий шайн, дIа ца хоьцу аш.

Юрт акхаяларан, мокха чим хилла, яьгна хиларан бахьана билгалдоккху поэто:

Дитташ кIурздоьлла, бац тIехь хилла стом,
кхозу царна тIехь неIалт хилла тIом!

ТIом – иза Iаламат боккха бохам бу, хьанал къахьоьгуш шайн лаьтта тIехь дехачу адамашна сатосуш кхойкхучу боргIалша бен сама ца йохуш Iихкинчу нохчийн ярташна, церан и тем, дахаран къепе йохош, аьчкан гIергIарца кочабеана, дерриг хьошуш, дагош. Цундела поэто шен хьакъболчу сардамца мах хадабо тIеман – «неIалт хилла тIом». Цо юкъахдитина юьртахойн дезарш, къинхьегам:

Аьрцнаш чIана ду, гIа дац дечкаш тIехь,
лакххахь, ломаца, ца го литтанаш…

Юрт цIинъеш, шайн дахаран токхе кхуллуш, къахьега хьакъберш кхоамза тIамо хIаллакбина:

Шийла бийшина юьртан кешнашка,
Горга лам лоргуш, мангал биттинарш…

Кхузахь авторо хьахош болу Горга лам болуш бу Хорача уллохь, поэт ша цIера цигара ву. Билггалйолчу меттиган цIеяккхаро чIагIбо поэтан лазам, цо дешархочунна беш болу тIеIаткъам.

«Дагахьбалламаш, дагалецамаш» стихотворени язйина хорей, дактиль цхьаьнаэеш, шатайпанчу барамехь. И барам керла бац нохчийн поэзехь. Иза дуьххьара юкъабаьккхина поэто Бисултанов Аптис шен «Ас хьан чIабанех гIайгIа юцур ю...» стихотворенехь. Цу хьокъехь яздина Iилманчас Минкаилов Эльбруса.

Стихотворени шишша могIа болчу строфах лаьтта. И могIанаш вовшашца рифманаш еш бу – чIагаре рифма. Тайп-тайпанчу исбаьхьаллин гIирсех пайда оьцу поэто. Масала, эпитетех: «цIеран хаьштиг», «вина мохк», «мокхазан лаьмнаш», «баьццара ирзеш», «мокха чим», «кIурздоьлла дитташ», «хилла стом»; метафорех: «буйна вуллий шайн», «айвой, гIаттавой, берах тахкавой», «логах шад боьхкий», «шийла бийшина», «цIеран хаьштигах богуш кийрахъ Iа». Авторо хаарца пайда оьцу тIедерзарх. Иза вистхуьлу дагахьбалламашка а, дагалецамашка а. Цаьрца уьш бахьана долуш шена хилла халонаш, ваьснаш йуьйцуш, дагардуьйцуш. Ткъа шолгIачу строфахь лирически турпалхо шен нене вистхуьлу: «Нана, куьйгаш хьан дама лоцуш го… Кхелха, нана, хьо, уллехь воцуш со!» Оцу тIедерзаро стихотворенин синIаткъам лакхабоккху.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Стенах лаьцна ю стихотворени?
2. ХIун дагахьбалламаш бу лирически турпалхочун сагатдеш?
3. Муьлхачу суьрташца дуьхьалхIуьтту лирически турпалхочунна винчу махках болу дагалецамаш?
4. Муьлхачу васташца гайтина поэто вайн махкахь хиллачу тIемийн лараш?
5. МаьIница даста дешнаш:

Дагахьбалламаш, дагалецамаш,
буйна вуллий шайн, дIа ца хоьцу аш.
Дитташ кIурздоьлла, бац тIехь хилла стом,
кхозу царна тIехь неIалт хилла тIом!

*Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Билгалъяккха поэто пайда эцначу бараман, строфикин, рифмин шатайпаналла (хорей, дактиль цхьаьнаэйина; шишша могIа болуш строфа лара йиш ю, юх-юххера ши могIа вовшашца рифма еш бу – чIагаре рифма).

2. Билгалбаха поэто пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.

3. Муьлхачу дешнашца гойту поэто ненан васт? Ойла е, и васт кхолларан бахьанах шайна хетарг дуьйцуш.

4. Билгалъяха стихотворенехь йолу эпитеташ. ХIун исбаьхьаллин маьIна леладо цара? Шен дагалецамийн хало муьлхачу вастаца гойту авторо?

5. Стихотворенехь ялийнчу цхьаьнатайпанарчу меженаша хIун маьIна леладо?

*Ешначух ойла е вай*

1. Шуна хетарехь, мичахь, маца язйина стихотворени? Муьлхачу дешнашца билгалйолу стихотворени язйина зама?

2. Ойла а яй, маьIница даста могIанаш:

Аьрцнаш чIана ду, гIа дац дечкаш тIехь,
лакхахь, ломаца, ца го литтанаш,
Шийла бийшина юьртан кешнашкахь,
горга лам лоргуш, мангал биттинарш.

***Дешнаш тIехь болх***

МаьIна де дешнийн: литтанаш, аьрцнаш, чIана, ирзеш, мокхаз. И дешнаш юкъахь а долуш, аламаш хIиттабе.

## Яшуркаев Султанан поэзехь исбаьхьаллин васташ

Яшуркаев Султанан поэзехь вайна дуьхьалхIуьтту авторан билггалчу синхIоттамо кхоьллина васташ: цIийнан, юьртан, Нохчийчоьнан, вайн дайн, ден дайн Iер-дахаран суьрташ – цхьа хIилла доцуш, саьхьарло, дуьненан рицкъ коьрта ца хеттачу, Iуьйрана даьккхинарг пхьуьйрахь даъал бендоцчу, хьанал баьхначу вайн дайн Нохчийчоьнан сурт. Хаалуш ду поэто, дешнаш хоьржуш, церан декар, васташ лоьхуш, язйина цахилар шен стихаш, амма иза бохург дац исбаьхьалла лахара йолуш ю бохург, мелхо а, шен чулацамца тешош хиларца, исбаьхьаллин лаккхарчу тIегIанехь хилар гойту: «КIадвелла тоххарехь байташна дешнаш леха а, иштта парггIат, цкьа хьуна улле охьа а хиъна, дагалаца лаьар-кха хилар

со хьан накха биъна». Поэто ма-аллара, дагалецамаша кхоьллинчу синлазамех лаьтташ ю цуьнан стихаш, Даймахках къастаран гIайгIано кхоьллина. Вайн дай баьхна хилла беркате, аьхна Нохчийчоь гергаялайо Султана шен стихотворенешкахь. Абдулаев Лечин цхьа метафора ю, тайп-тайпанчу шен стихотворенешкахь цо ялош – «цIера цIа», «цIера цIа богIу некъ», – цуьнан масех маьIна а ду. Лечас иштта яздо оцу кхетамах: «ЦIахь хиларрий, цIахь хетаррий – уьш тайп-тайпана хьелаш ду. Сина дегI цIахь хилар ца тоьу, сина ша цIахь хиларан Iаь, хIо деза, и ца карадо. Цунах хуьлу и цIера цIа ван лаьтта хьогалла…». Бакъволу поэт гуттар а хуьлу синлехамашкахь. Лечас буьйцучу оцу синхIоттамах лаьтташ ю Султанан байташ, эсехь юх-юха карлабуьйлучу дагалецамашка вуьгуш. ГIенашкахь, дагалецамийн ойланашкахь шен бакъдолчу цIа кхочу цуьнан лирически турпалхо. Хьо хьайн ду моьттучу цIахь, хьайн махкахь хиларх я хийрачу аренца хьан рицкъ нисделлехь, бен а дац, и бакъдолу «цIа-эс» ду вай сица лозуш, вайна ца тоьуш, цунна сагатдеш, «цIа богIу некъ лоьхуш».

Даймехкан, хийрачу мехкан аматаш дуьхь-дуьхьал хIиттош, барамал тIехдаьхна деза-даккхий дешнаш ца лоьхуш, доза доцчу синхаамийн йийсаре ца воьдуш, шен синхаамаш цхьана гурашкахь латточу къонахчун Даймахке болчу сатийсамех юьзна ю стихаш.

Ерриг стихийн цикл цхьана ойланех лаьтташ ю – Даймахкаху-ла, Нохчийчоьнехула хьийзачу поэтан ойланех. Оцу цхьана ойланех – Даймахке сатийсар бен кхин синкъерам а, сатийсам а боцчу ойланех – лаьтташ ду поэтан дахар а.

Шен махках, халкъах хаьдда дукха бу вайн нохчий дуьнен чухула баьржина. Амма Султана шен байташца тоьшалла до, стеган Даймохк – иза уггар хьалха цуьнан мотт бу, маттаца даха дуьсуш долу эс а. И эс дийна мел ду, нохчий бехар бу дуьнен чохь нохчи а хилла, кхечу къаьмнех дIа а ца уьйш.

Яшуркаев Султана нохчийн литературехь сирла лар йитина. Нохчийн мотт мел бу, цуьнан цIе йицлур яц.

Дилхан дегI миччахь а лелар ду деккъа ша,
Амма са дехар ду ворхIе ден бенахь….



**ИСМАИЛОВ ТӀурин Абу**

**(*1949*)**

**Дахар а, кхолларалла а**

Нохчийн поэт, прозаик, публицист, гочдархо, мотт таллархо Исмаилов Абу вина 1949-чу шеран 11 августехь Казахстанера Чимкентски областехь. Хьалха-Мартанан кӀоштара Мартан-Чохь хьехархочун болх беш дӀаболийна цо шен къинхьегаман некъ.

Школехь доьшуш волуш дуьйна стихотворенеш язъян волавелла Абу. Цуьнан дуьххьарлера говзарш араевлира 1965-чу шарахь «Ленинан некъ» газетан агӀонаш тӀехь, тӀаккха «Орга» альманах тӀехь а зорбане ехира уьш 1966-чу шарахь.

Эскарехь гӀуллакх динчул тӀаьхьа Исмаилов Абус белхаш бира электрик, слесарь, гӀишлошъярхо волуш. ХӀетахь, XX бӀешеран 70-чу шерашкахь, жигара боккху цо кхоллараллехь къинхьегам. Нохч-ГӀалгӀайн книжни издательствехь корректоран, редакторан белхаш бо, цул тӀаьхьа радион, телевиденин, «Ленинан некъ» газетан, кхечу изданийн корреспондент волуш а. Карарчу хенахь «Орга» литературин-исбаьхьаллин журналехь поэзин декъан редактор ву Исмаилов Абу.

Цо эвсараллица язйира оцу муьрехь стихотворенеш, поэмаш, пьесаш, дийцарш, республикера зорбанан изданешкахь зорбане а яьхна уьш. Поэзин, прозин юкъарчу гуларшкахь а арайовлу Абун говзарш: «Гуьйренан аьзнаш» (1977), «Сахуьлу хан» (1984). ХӀетахь

дуьйна араевлла цуьнан шен книгаш а: «Бирдолаг» (1988 шо, шолгIа арахецна 2007-чу шарахь), «Дош» (2005). ТIаьххьарчу муьрехь «Вайнах» журнало зорба тоьхна Исмаиловн «Iумар-Хьаьжа» повестана, «Орга» журналехь араяьлла «Эдал», «Операци», «Лаьмнаш» (2004), иштта кхийолу говзарш.

Исмаилов Абус оьрсийн матте гочйина яздархочун Ахмадов Мусан «Буьйсане доьдура хи» роман, «Мангалхой» повесть, иштта Iеламстеган Кадыров Хож-Ахьмадан, журналистан Заурбеков МасIудан «Исламан сирлачу новкъахь» книга а.

1985–1996-чу шерашкахь публицистикин жанрехь дуккха а статьяш зорбане яьхна Абус меттигерчу прессехь, Москвара «Российский колокол» журналехь, «Московский литератор» газетехь.

Россин яздархойн а, журналистийн а Союзийн декъашхо, Нохчийн Республикин культурин хьакъволу белхахо а ву Исмаилов Абу.

Нохчийн къоман, мехкан дуъхьа беркате къахьоьгучех цхьаъ ву иза. Уггар хьалха билгалбаккха беза цо нохчийн мотт Iаморехь, цуьнга безам кхолларехь бина мехала болх. Шовзткъа шо сов хан яйъира Исмаиловс шен гIараяьлла «Дош» дошам тIехь. Iаламат боккха къинхьегам а бу иза. Цу тIехь ду берхIитта эзар нохчийн дош, уьш цо оьрсийн маттахь а даладо, царах кхетор а далош. Оцу Iилманан балха юкъахь цо ша-ша къастийна нохчийн меттан синонимаш, омонимаш, антонимаш, иштта композитиваш, архаизмаш. Цаьрца цхьаьна авторо йовзуьйту нохчийн меттан исторех, тахана и муьлхачу хьолехь бу хаийтарх йолу шен ойланаш. Карарчу хенахь нохчийн хIора доьзалехь коьртачех цхьаъ хилла дIахIоьттина и дошам.

## Исмаилов Абун поэзин башхалла

Исмаилов Абун кхоллараллех литературоведо Бурчаев Хьаьлима яздина:

«Исмаилов Абун кхолларалла юьзна ю адамийн юкъараллин лазамаш, хьежамаш, лехамаш гайтарх, цунна чIогIа дика хаало хIора а заманан башхаллаш. Цаьрца догIуш долу ира, хьекъале дош а карадо цунна. Цуьнан поэзин лехамийн, ойланийн коьрта

къилба хилла дуьсу адамалла, догдикалла, къинхетамалла. Шен синхаамийн, дог-ойланан, дахарехь шена уггар а сийлахь дерг «ДоIа» стихотворенехь схьаолу цо:

ХIай веза Дела,
Ас доьху хьоьга,
Тилвелла лелахь
Нийса некъ лоьхург,
Ахь цунах къинхетам белахь.
БIаьрзечунна серло лолахь,
Къорачунна мерза аз лолахь,
Сиханиг собаре велахь,
Парталниг жимма сих а велахь!

«Пхьармат» литературин цхьаьнакхетаралла кхоьллинчех цхьаъ ву Исмаилов Абу. ХIетахь, XX бIешеран 70-чу шерашкахь, цхьаьнакхеттачу оцу тобанера къоначийн дог-ойла а, церан дуьнене болу хьежамаш, Іалашонаш а гойтуш язйина ю цуьнан «Пхьарматхошна» стихотворени. Шайн цхьаьнакхетараллин декъашхойн сирла, халкъан дуьхьа йолу Іалашонаш йовзуьйту авторо цу тIехь:

…Замано, махкана
Оьшуш а хилла,
Хан кхаьчна,
Кан баьлча,
Кхоьллира вай.
Пхьарматан серлоно
Къагийра илли,
Гуьйренан Іуьйрено
Сенбира бай…

Пхьарматан сирла, сийлахь цIе санна бара хIетахь оцу кегийрхоша нохчийн халкъалахь даржийна шайн къона, хIетте а Даймахке, Нохчийчоьне, жимчу халкъе даржадо аьзнаш. «Пхьарматан» «пхьалгIахь» бахчийна, шен халкъана гIуллакх дан кийча хиллачех цхьаъ ву Исмаилов Абу. Поэт хилла дIахIоттар а цу цхьаьнакхетараллин тIеIаткъам болуш хилира цунна.

Исмаиловн поэзи ешархошна евза дикка хан ю. Стихийн эвсаралла яцахь а, ша мел язъеш ерг маьIна долуш, чулацаман а, дIахIоттаман а леррина тидам беш язйо цо. Дахаран философи, шена зеделларг, хетарг ешархошна хьалха охьадилла ийза ца ло Абу. Цуьнан поэзи – иза хиламийн, хиндолчун, дIадаханчун духе кхиа гIортар ду. Масала, «Вай а, уьш а» стихотворенехь адамийн юкъаметтигех ларьцна:

...Ма хала,
Ма хала
Тарлой вай
Кху лаьттан
Шуьйрачу
Букъ тIехь...
Ма паргIат,
Ма бертахь
Iохку уьш
Цу лаьттан
Готтачу
Кийрахь!..

ХIокху лаьттахь вай мел хьагI-гамо, кураллаш, дозаллаш, вовшех цадашарш леладарх, Делан кхеле вирзинарг Далла хьалха цхьаъ ву, Цо ийир ю нийсо. Цундела дуьненахь йоккху хан бертахь яккхар деза а, сийлахь а хилар гойту авторо. Ткъа хIара дуьне-м шен гIиллакхашца, къиза, дагахь доццу тохарш деш хилар гойту хIокху могIанаша:

...Хиларо велийнарг
Дацаро велхавеш.
Цхьа дуьне ду-кха хьо...
...Инзаре дуьне...

Шен «дахарх, леларх токх хилла», тIейогIучу къаналлин ойла а ца еш, нахана хьалха шен декхарш дицциначуьнга иштта хотту поэто:

...Хьо мел ву,
Хьо хIун ю
Хаий-те
Хьуна, хIай
Декъаза
Сан ваша?

Ямартхойн, Iесачийн а ю хIокху лаьттахь шайн меттиг, шайн дуьнене хьежамаш, шаьш лелош дерг хIун ду а хууш, и харц делахь а, шайн бакъдерг цунах а дина:

– Дуй буур барий ахь
И Орга хьаладоьду, аьлла?
– Цо баахь, хьо тхоьца вац.
Хьайна кхин некъ лаха.
Юьстах а валий...

Ткъа церан:

...Харцонах цецбаьлла,
ЦIийбелла хьоьжуш бу малх...
...Башламан баххьаша,
Эхь хеташ, Iожа бос ийци...

Iаламан сурт хIоттош, шен басарш, дустарш карадо Абуна. «Башлам» стихотворенехь Башламан латтар «стигала кховдийна наьртан пIелгаш даржийна куьг» санна го цунна. Адамашна гуттар а кIайн гина цуьнан баьххьаш «мацах цкъа наьртийн нанас тIе шура Iанийча санна» дустар далорца гайтина поэто, «абаде хьаьддачу кIайчу динан кхес ю-те и?» хаттар хIоттадо цо.

Кхузахь авторо Пхьарматан къоьжачу месех а даладо дустар. Нохчийн халкъан барта кхолламраллера генарчу мифийн мукъамех пайдаэцар го поэтан хIокху стихотворенехь. Нохчийн халкъо эзарнаш шерашкахь хьегначу баланийн тIулг хилла лаьтта-те и шийла Башлам? Цундела бIаьрхих леша и лам:

Башламан бIаьрхиш –
Даймехкан хиш – ...
...Хулхуло... Орга...

Марта... Гих...
...Сoьлжа... Роьшна...
Валарг...
...Валарг... Валарг...
Башламан бІаьрхиш...

Нохчийчохь деха адамаш, кхузара Іаламан исбаьхьалла гайтар – иза хІокху латтах вайн дахаран маьІна, хІора а стеган дахаран къилба муьлха ду бохучу хаттаршна хала жоьпаш лехар ду Исмаиловн поэзин чулацамехь. Цу тІехь доккхачу маьІнехь хета поэтана вайх хІораммо а ша дуьнен чохь дІаболош болу некъ кхечу адамийн дуьхьа вахарна билгалбоккхуш хила безар. «Некъ» стихотворенин турпалхо, шен аганара гІаьттина, вогІу дуьненахь. Кхузахь авторо хаттар хІоттадо цунна хьалха:

Цкъа цхьаммо идийнарш
Ахь хІунда идадо некъаш?

Юха оцу шен хаттарна жоп-хьехам а бо цо шен лирически турпалхочунна:

Айхьа хьайн некъ билла,
Некъ бита нахана ала:
«Ма даьсса ца хилла
Хьан нанас техкийна ага!»

Нохчийчоьнан исбаьхьчу Іаламах лаьцна олучохь Исмаиловна карадо шен мет-меттахь догІу дош. Кхузахь гуьйре, Іа, бІаьсте, аьхке – шеран муьлхха а мур – шен-шен тайпана мерза, хьоме бу цуьнан лирически турпалхочунна. Цуьнца цхьаьна адаман йоцачу оьмаран, шен декхарш кхочушдан иза йоца хиларан дагахьбалламе мукъамаш а болабо цо. Мерза ов хилла, дагах лета «бекаш бераллин мерз», аьрхачу къоналлин гІалатийн, кхиамийн шераш, гІеметтахІоьттинчун дахаран хьесап, маьІна, жамІ дан гІерта ойланаш а. «Заманан къайленаш йовза», «харцонца къийсаме вийла, адамна дика болх бан», «цхьаммо ирс оьцур-кха бохуш», беркате кан кхио дагалаьцна дуьнен чу веанчу стеган дахар цхьацуьрриг

а сингаттаме, паргІата, дуьненах воккхавевийр волуш дац, амма адаман шатайпаналла ю-кха хІетте а хІара чолхе дахар дезар:

Лаьтта охьадахна генаш
Наггахь бешех тийсало.
КІайн кІур боккхуш, охьаІенаш,
Когаш кІелахь цІийза ло.

Ца лиъначу генах къаста
ГІа тІехь Іуьллу дато гІов.
Дахар! Хьуна бу-кха хастам!
Хьох ца къаста, хІун ца лов?!»

## «ВОГІУРА ВОККХА СТАГ» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин шатайпаналла а

«ВогІура воккха стаг» стихотворенехь Исмаилов Абус жимчу стага воккхачуьнца хІотто деза гІиллакх гойту. Воккханиг гича, цунна уллохула я хьалхахула тІех ца волуш, сацаваларца. Цуьнца цхьаьна воккхачо жимчуьнца лело деза гІиллакхаш а билгалдовлу оцу йоццачу говзарехь. ХІора а воккха стаг декхарийлахь ву жимчун дола дан, хьехар дан, цунна гІиллакхаш хьеха. Цунна шен дахарехь шена зеделларг довзийта. Воккхалла – иза доккха дукъ ду, сийлахь декхар а ду. ТІекхуьучу тІаьхьенна хьалха долу шен жоьпалла хууш волу воккха стаг ву поэто стихотворенехь вуьйцург. Цундела, жимхица къаста сих а ца луш, воккхачо хьехар до жимчунна, шена гергахь цунна уггар хьалха хаа деза декхарш билгал а дохуш. Царах хьалхарниг: воккханиг лара дезар ду, хІунда аьлча жимчо воккханиг ларар – иза оьздангаллин коьрта билгало ю. ШолгІаниг – иза шел жимчуьнца бегаш беш, эвхьаза цавийлар ду, хІунда аьлча воккхачунна хаа деза шений, жимчунний юкъахь хила еза юкъаметтиг. Жимчуьнца бегаш баро, эвхьазваларо бохабо цушинна юкъахь хила беза ларам. ТІаьххьара хьехар ду: дика-вон тІекхачарх, хьайн нийсархошца йолу ях йиц ма е. Ях – иза дикчу хІуманна тІехь кхечарел соввала гІертар ду, ях хІорангахь хила езаш ю.

Иза дагадоуьйту воккхачу стага шен хьехарехь.

«ВогӀура воккха стаг» стихотворени еа гӀулчах лаьтташ йолчу дактилан барамехь язйина ю. Стихотворени, строфашка екъа а ца йоькъуш, еккъа цхьана текстах лаьтташ ю. Цхьадолу могӀанаш, дактилан барам буьззина кхочуш ца беш, цхьацца дешдакъа эшийна ду. Кхидерш шишша дешдакъа эшийна ду. Цхьацца дешдакъа эшийначара вовшашца рифма йо (зударийн рифма), ткъа шишша дешдакъа эшийначара вовшашца рифма йо (божарийн рифма).

Дукххаьолахь авторо пайда оьцу чӀагаре рифма яран кепах.

Воккхачу стага шен доццачу къамелехь билгалдоккху дахаран бакъдерг – дахарехь дика а, вон а нислуш хилар. Ткъа хӀора а стагана тӀехь ду, дикано ловзаварх дуьненах Ӏеха ца луш, воно хьовзаварх дог доьхна, ваьржина дӀа ца воьдуш, гуттар а Делан дикане сатесна волуш вахар, шен диканаш алсамдохуш. Стихотворенехь жимчо шегара гучудоккху цхьа гӀиллакх – воккхачунна некъ битарца. И бахьана долуш воккхачу стага кхин кхоъ мехала гӀуллакх довзуьйту жимхина. Стихотворенехь билгалйолу Ӏаламат мехала агӀо, нохчийн къоман гӀиллакх оьшуш. И гучудаккха деза меттиг миччахь а хуьлу: цӀахь, чохь, урамехь, новкъахь, балхахь.

Нохчийн гӀиллакх-оьздангаллин культурехь йоккха меттиг дӀалоцу воккхачун сий-ларам баро. Иза уггар хьалха гучудолу жимчо воккхачуьнга леррина ладогӀарехь, цо дуьйцучун ойла ян, воккхачун зеделларг схьаэцца хаарехь. Дахарехь дика а, вон а гинчу, девзинчу воккхачу стагана хаьа диканиг, воииг къасто. Диканиг хьеха а, воииг дӀатаса ала а. Кегийрхошна тӀехь ду цхьа хан дӀаяьлча бен шаьш тӀаьхьакхуьур доцу дахаран бакъдерг баккхийчу нахера довзар, цунах кхетамца пайдаэцар.

Вайн зама Ӏаламат чолхе зама ю. Дуккха а стагана оьшу а, ца оьшу а хаамаш бу интернет-машанехула баржош. Амма цхьана а интернето дала йиш яц воккхачу стага а, хьехархочо а луш долу хьекъал. Кху дахарна ша-шех, интернет чу а хьоьжуш, Ӏама а ца гӀерташ, хӀоранна а хила веза дуьненан доккха зеделларг долу хьехамча. И хьехамча хила хьакъ ву уггар хьалха цуьнан да, ден да, ден ваша. Уьш бацахь, юьртахь лоруш болу баккхий нах.

***Хаттарш, тӀедахкарш***

1. Воккхачу стага жимхин тидам хӀунда бо?
2. ХӀун хьехар до воккхачу стага жимхина?
3. ХӀун маьӀна долуш ду воккхачу стеган хьехарш?
4. Стихотворени дагахь Ӏамае.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалъяккха стихотворенин барам а, рифма яран кеп а.
2. Дийца воккхачу стеган къамелан башхаллех.
3. МаьӀна де могӀанийн: «Дикано ловзаварх, хьовзаварх воно…».

***ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай***

1. ХӀун гӀиллакх хӀоттадо жимчу стага воккхачуьнца?
2. Дийца шайна хуучу воккхачу стеган ларам беш долчу гӀиллакхех.
3. Воккхачу стага дахарехь оьшуш долу муьлха гӀиллакхаш хьоьху жимчу стагана?
4. Цӏерш яха стихотворенехь юьйцучу нохчийн къоман синмехаллийн.
5. Дешнийн маьӀна даста.

Ткъа кегийчаьрца
Эвхьаза ма вийла,
Бегаш а беш.

## «КХИЙРА КХАБА» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин башхалла

Стихотворенина «Кхийра кхаба» цӀетиллар шен кӀорггера маьӀна долуш ду. Хьалха заманахь массо а пхьегӀа кхийранах еш хилла, шатайпанчу сацкъарх, йина евлча уьш пешахь ятта а йоттуш. *Кхийра* эпитето вайн дайн ширчу дахарх дуккха а ойланаш кхуллу. Нагахь лирически турпалхочун кхин пхьегӀа хиллехьара, цуьнан чулацам мелла а кхечу кепара хир бара.

Лирически турпалхо садаьржаш самаваккхаро вайна дагадоуьйту нохчийн кица: «Ӏуьйрана гӀаьттинчун балха тӀехь кадолу». Кхузахь юьйцург дуьххьалдӀа Ӏуьйре хилла ца Ӏа. Иза стеган дахаран юьхь ю. КӀентан кара яьсса кхаба ялар шен символин маьӀна долуш ду. И бохург ду лирически турпалхочун дахар цӀена, даьсса ду, цо шовданан хица (дикчу гӀуллакхашца) хьаладуза дезаш:

Со хийлазза хьажавора, новкъавоккхий:
– Хи да, – олий, – шовда долчу хьалагIой.

«Шовда долчу хьалагIой» дешнаша билгалдоккху дахаран некъ атта цахилар, иза чунехьа боьдуш цахилар, иза локхалле боьдуш хилар. Стихотворенин шолгIачу байтехь авторо билгалйоху шовдан тIе дIавоьдуш, цигара цIа вогIуш (дахарехь) Iиттало халонаш:

Юьзна кхаба голех къиза етталора,
Доккхуш наггахь бIаьргаш чуьра дуьра хи.
Когаш Iуьйра, гIора кхачош, со вогIура,
Сайн ма-хуьллу, ласта ца ян гIерташ и.

Эхеяьлла кхаба йохьуш, цIа кхаьчча, сатедан, догъэца адамаш хиларо, дахарехь кхидIа а ваха, къийса, халонаш эшо ницкъ ло лирически турпалхочунна:

ТIулгаш, коьллаш, со галвохуш, тийсалора.
Эхеяьлла кхаба йохьуш, кхаьчча цIа:
– Шовда кхачош ма дац, – бохуш, сатедора.
Амма суна бехк хетара берриг сайн…

Стихотворени адаман дахарх, заманан сихаллех йолу поэтан философин ойланаш ю. Шовдан тIе а вахна, кхийра кхаби чохь сирла хи эцар а – иза, дуьхьалIиттало тайп-тайпана халонаш эшош, цIакхачор а стеган дахар ду. Жималлехь дикчу дас-нанас хьехаршца, шайн масалшца кхиош долу бер сирлачу ойланех, къинхетамех дуьзна хуьлу, шовданан хих юьзна кхаба санна. Амма шераш дIадовларца ойланаш басайовлу, уьш хийцало, берте кхаччалц юьзна кхаба а ахъяллалц яссало. Стеган хиллачу сирлачу сатийсамех, Iалашонех бакъдолчу дахарехь цхьаерш бен кхочуш ца хуьлу. Къаналлехь стагана дуьсург оцу бераллех, жималлех, хIетахь хиллачу шен ойланийн, сатийсамийн цIеналлех болу дагалецам бу.

И дагалецам, хьаьъна хи санна, сирла хилийта, шен дахаран кхаба дикчу, шовда санна сирлачу гIуллакхашца юзуш, ваха веза:

Юха а эхеяьлла йоьду кхийра кхаба.
Мича даха ас хьо юьзна, шийла хи?
Хьан чу хьаьжча, бухахь лепа, куьзга санна,
Дагалецам, дагалецам – хьаьъна хи.

И стихотворени ялх гIулчан хорейн барамехь язйина ю. ХIора строфа биъ могIанех льтта, царах хьалхарниг, кхоалгIаниг вовшашца рифма еш бу. ШолгIа могIа боьалгIачуьнца рифма еш бу, цунах *чIагаре рифма* яран кеп олу. И стихотворени ерриг а цхьа метафора лара хьакъ ю, стеган дахаран васт кхуллуш. Кхузахь дуьйцург дуьххьалдIа хилларг доцуш, тIедеанчу маIнехь ду. Цундела цо тайп-тайпана ойланаш а, хеттарш а кхуллу ешначун дагахь. Поэто говза пайда оьцу эпитетех: «яссаелла кхийра кхаба», «юьзна кхаба», «дуьра хи», «эхеяьлла кхаба», «лета жIаьлеш», «кхуьйсу тIулгаш», «шийла хи», «хьаьъна хи».

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Авторо шен стихотворенин цIе «Кхийра кхаба» хIунда тиллина?
2. Стихотворени йолалуш бераллера муьлха сурт дагадоуьйту поэто?
3. ХIун Iалашо йолуш новкъаволу жима кIант?
4. ХIун халонаш Iиттало жимчу кIантана новкъахь?
5. Муха догъоьцу ах хих юьзна кхаба а йолуш цIа кхаьчначу кIентан?
6. МогIанийн маьIна де:

...Гена новкъа вала дагахь, кечам бечохь,
Берте кхаччалц хих юьзира кхаба сайн...

ХIун некъ бу кхузахь авторо буьйцург?
7. ХIун жамI деш ерзайо поэто шен стихотворени?
8. Дагахь Iамае стихотворени.

***Исбаьхьаллех дийци вай***

1. Муьлхачу стихкхолларан барамехь язйина ю «Кхийра кхаба» стихотворени?
2. Билгалъяха стихотворенехь йолу рифмаш а, рифма яран кеп а.
3. Стихотворенехь хIун символан маьIна лелош ду дешнаш: кхаба, хи, некъ?
4. Билгалбаха поэто пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.



**АБДУЛАЕВ Шарипан Леча**

***(1953)***

## Дахар а, кхолларалла а

Нохчийн яздархой шаьш историн майдана бевлча дуьйна хилла, халкъан юкъара гIуллакх шайна тIе а лаьцна, уьш кхочушдан гIерташ. И дукъ нохчийн юкъараллехь гуттар а дIакхоьхьуш яханчу заманахь Iеламнах, эвлаяаш хилла. Амма цкъа хьалха паччахьан Iедало а, юха советийн Iедало а, цара нехан кхетамна тIеIаткъам лагIбан гIерташ таIзарш деш, хIаллакбира уьш. Цу хенахь и дукъ – нахана беркате, оьзданаллин тIеIаткъам бар – шайна тIелецира нохчийн яздархоша. Царах бу Мамакаев Мохьмад, Ошаев Халид, Сулейманов Ахьмад, Арсанукаев Шайхи, Айдамиров Абузар, Дикаев Мохьмад, кхиберш а.

«Даймахко ха хоьрцучу заманахь» шен къомана сийлахь-деза хIуманаш диц ца дайта, заманан чехкачу боларца хуьлучу карзахе хийцамашкахь къоман са лардеш, иза аз ца далийта, жимделла, дан ца дайта, гIаролехь лаьттачарех ву поэт Абдулаев Леча. Шена Дала деллачу похIмица хьекъална, кхетамна тIе а тийжаш, хьесап доккхуш, ойланаш еш, нохчийн меттан жайна яздеш ву иза.

Абдулаев Леча вина 1953-чу шеран февралан 15 дийнахь Казахстанан Кустанайн областан Семиозерни кIоштан Аман-Карагай станцехь.

1957-чу шарахь АбдулаевгIеран доьзал Даймахка, Котар-Юьрта, цIа бирзина.

1960-чу шарахь циггахь школе вахна, 1970-чу шарахь иза чекхъяккхира. Оццу шарахь Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан хьехархойн институте деша вахара Леча (шолгӀачу шарахь университет йира цунах). Юха 1975-чу шарахь и университет чекхъяьккхинчул тӀаьхьа ша дешначу Котар-Юьртарчу №1 йолчу школе хьехархочун балха хьажийна. Нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин дарсаш хьоьхуш, 1977-чу шеран февраль батте кхаччалц болх бира Лечас школехь. Цигара редакцин куьйгалло кхайкхарца ТӀехьа-Мартан кӀоштан «Ленинизман байракх» газетан корреспондентан балха вахара. ХӀетахь дуьйна белхаш бира республикин кӀоштан газетийн гочдархо, корреспондент, редакторан заместитель волуш а, иштта республикин берийн «СтелаӀад» журналан редактор, жоьпаллин секретарь волуш а.

1990-чу шарахь республикин «Ленинан некъ» газетан коьрта редактор хӀоттийра Абдулаев Леча. Цо уггар хьалха газетан цӀе хийцира – нохчийн коьртачу газетан цӀе «Даймохк» тиллира.

1993-чу шарахь, нохчий вовшашна тӀе герзаш детта буьйлабелча, газетах хила кхин цхьа а шапаӀат доцийла кхетта, цу балхара дӀавахара. ШолгӀа тӀом болабеллачу чолхечу муьрехь а (2004–2012-гӀий шш.) оццу «Даймохк» газетан коьрта редактор волуш болх бира Лечас.

«Хьалхара тулгӀе» (1982), «Орамашший, тӀемашший»(1987), «ГӀенех сан ГӀенаш» (2002), «Нохчийчоь, сан Нохчийчоь» (2005), «ХӀолламашший, кӀарлагӀашший» (2008), «Хаьржинарш» (2014) книгийн автор ву Абдулаев Леча. Цо гочдина дуьненахь а девза Антуан де Сент-Экзюперин баккхийчарна лерина «Жима эла» («Маленкий принц») туьйра а, оьрсийн а, дуьненан а литературин классикийн а, дӀадаханчу бӀешеран гоьбевллачу поэтийн а говзарш.

НР-н халкъан яздархо а, хьакъволу журналист а, НПУ-н сийлаллин профессор а ву Абдулаев Леча. Цо бина хьехархочун болх билгалбина РСФСР-н серлонан отличник цӀе йолчу знакаца (1997).

## Абдулаев Лечин поэзин башхалла

Абдулаев Лечин поэзи – иза дуьххьара нохчийн меттан философи ю – нохчийн матто ларйина, заманан карчамашкахь шеца Iалашйина, нохчийн меттан истори. Цуьнан хIора стихаца вайн къоман дахаран, цуьнан амалан керла-керла агIо гучуюьйлу. Исторехь санна дуьйцуш терахьаш дацахь а, цуьнан поэзехь ойланаш ю къоман селханех, таханенах. ХIунда, мичахь, маца дицди, дайъи вайн къомо шен сийлахьниг? Мила ву цунна бехке? Дуьнен чохь долчу кхечу къаьмнаша санна, бийца бух вайна цакарор хIун ду, цу буха тIера вай лораза тило гIертар муьлхачу бахьанина ду? – Талла гIерта Леча шен ойланашкахь, цуьнца цхьана лардан а гIерта юх-юха а цхьатера дуьйлучу гIалатех:

Къамел де вай, нана ДегIаста,
Ламаз карахь Далла дуьхьал дерзий.
Къамел де вай, Далла хаззал деха,
Вайн тилделла эсан дой цIа дерззалц…

«Тилделла эсан дой» кхузахь Лечас ялийна метафора ю, вайн сийлахь истори, дIадахнарг вайна диццдар бахьана долуш, вай тиладелла хилар гойтуш, муьлхачу новкъа довла ца хууш, вай хьийзар. Цундела боху поэто, дагалаца, вай муьлш хилла, хIун некъаш идийна, сийлахьниг, сийсазниг хIун хилла вайн дайн. Юхахьовса, тIаккхий бен хьалха дерг гур дац вайна.

Бексултанов Мусас шен «Матто кхуллу Даймохк» эссехь Абдулаев Лечин поэзех иштта яздо:

«Абдулаев Лечин поэзин са «интуитивно», шеггара (цкъацкъа хилларг ша-шена юха а кхуллуш) цхьацца хIуманна тIаьхьакхуьу – «истина» дашна я кхетамна, уьш жамIашца шена чIагIдеш, суфиша юьту притча санна. Цуьнан ойла юькъа ю, кIорге, кIех буьзна кан санна, юьзна, боданехь суй санна, къегаш. Абдулаевн поэзин са, Кибиевн санна, авторх дIакъаьстина дац, цуьнца шеца ду, авторца цхьаьна ойлане дуьйлуш, абадехь схьабина некъ мичара дуьйна болабелла, мича некъашца юхабоьрзу шаьшшиммо цхьаьна талла гIерташ, кхин юкъара стаг а воцуш, сино бечу хьехамех поэзи а хуьлуш. И ойланаш кхета цкъацкъа хала а хуьлу (Кибиевн а, Абдулаевн

а): дикчу произведенийн башхалла кхета хала хилар а ю. Уьш массарна а яц. Лечин цхьайолу ойла Мамакаев Мохьмадна гергайоьду (со ала гӀертарг ойланан ницкъ бу, шоралла, халкъах болу кхетам), амма дӀа ца оь. Цо цхьа кеп хадайо, гураш лоцу, «тхо» бохург дӀа а доккхий, «со» бохучуьнца кхетадо, юкъара тема цхьалхаяккхарца, ша дуьйцург шен а долуш. Цуьнан поэзин ша-шега дан хеттарш ду, шен къаьсттана жоьпаш, шена хетачух долу жайнаш а. Иза ша ву, шеца – цхьаъ, нохчийн поэзин ша къаьсттана киртиг, дукхахйолу поэзи синан дуьне таллар а долуш».

Абдулаев Лечин поэзехь Даймохк – иза уггар хьалха къоман мотт бу. «ЦӀа», «Даймохк» маттаца карадо поэтана маттаца бен дехаш доцчу къоман эсехь. Мехкаш, дуьненаш хийцарх, шен мотт ца бицбинехь, миччанхьа а «цӀахь» ду вай. Цуьнан дешнашца аьлча, «Мохк матто бaькkхинарг бен бац цхьана а къоман».

> ...Сан мотт цӀера баккха амал хилча,
> Арахь иза хаза хилла да;
> Вай нохчийн мотт кху дуьненна хиъча,
> Вайн нохчийн мотт – и вайн ворхӀе да!...
> ……………………………………………
> …Со вайн меттан меттамотт гуш сеца,
> Меттан боцург синна Даймохк бац…
> ………………………………………..
> …Вай ца дуьйцу, нохчийн матто дуьйцу,
> Къасто гӀерташ хьан, сан букъах харц.

Бексултанов Мусас Абдулаев Лечин поэзех йолчу шен эссе тӀехь иштта яздо:

«Лечин поэзи цкъацкъа шерра ца екаш санна а хета, вайна йовза Ӏемина рифма йоцуш санна.

Цигахь кхин рифма ю – ойланийн – дешдекъан рифма а йоцуш (иза а ю, хьуна еша хиъча), ритман, тактан, блокийн рифма.

Лечин поэзехь дешархо дош девзаш хила веза, дешан маьӀна хууш, дош дакъошка декъа а.

ХӀора а дешан шен-шен бу чам, декар, иштта ду дош хазар а.

Баккъал а волчу поэтан поэзи са кӀамдеш хуьлу, тем бойуш, юха, цуьнца цхьаьна, – синтеме а.

Хьан бӀаьрсина гучул а доккха ду дуьне, арц ломаца бустуш хуьлу, ойла – Ӏаьршашца.

Суна Лечин поэзехь хӀорда тӀехула лела айсберг го, бухахь иза кхин а йоккха юйла а хууш.

Поэт шен поэзел а шуьйра, лекха, воккха хила вогӀу, вайна гуш дерг мискъалан заррат бен а доцуш.

Вай йоьшург цхьа стихотворени ю, авторан цхьа ойла, эза-эзар тӀаьхьа а йолуш.

Ша вайна гайтинарг бен, кхин хӀума доцчух поэт ца хуьлу. Поэт цхьаьнцца а вуста ца ло – бакъволу поэт вуьйцу аса – цо алаза тӀаьхьадитначуьнца бен, цо кхин дош ца аьллехь а.

Суна Леча царах хета.

Поэзин урд – иза са ду (лозунгаш яц, я пирамидаш), хӀинца а таллаза, мила я муха ву ца хуучу стеган са, ойла я цуьнан синхаамаш. Иза цуьнан доӀа ду, куьзган чохь сурт санна, Ӏаьршашка оьхьна амат.

Лечас охкург а ду и са, шен са, цуьнца – вайн синош а. Иза поэтан коьрта декхар ду, ша баккъал а поэт велахь, рифмаш нисйийриг а воцуш:

ХӀума дац бӀаьргашна ирча,
Дог делахь дерриге дезаш,
Малх санна, схьаккхета кийчча,
Малх санна, чудуза реза.

Лечин поэзехь масех стихотворени ю программни олучех: «Нийсонца нисдала гӀертий», «Къамел де вай, Нана-Нохчийчоь», «Толамхо», «ТуьтмӀаьжгаш», «Схьа мел вогӀург – тайна», «Кху дуьненна ма дага а боьхна-кх», иштта кхин а, Мамакаев Мохьмадан, Сулейманов Ахьмадан, Арсанукаев Шайхин халкъана езаелла «Даймехкан косташ», «Шуьнехь дош», «Ненан мотт» саннарш.

Дуьненан поэзин даржехь йилла мах болуш ю «Маьлхан каш» поэма а я хӀора стих а цхьаьна.

Кху стихашкахь дерриг а ду: халкъ а, эс а, мохк а, царна юкъахь гуш волу илланча ша а, цу дерригенна а цхьаъ бен воцу Ӏу хилла,

шен дерзинчу эхьаца, кадоцчу декхарца, цхьалхачу орцанца ша-шега кхойкхуш волу, юха вайга – массаьрга а...

Поэташ-м дукха бу, яздийраш а бу шортта, илланча ву-кх шира хьаша, – наггахь бен ца кхочуш. Наггахь верг – наггахь вогІу, бІешарахь цхьаъ я шиъ. Наггахьчех ву Леча а.

Суна поэташ кІезиг бевза. Аса илланче сатийсина, шен мукъамца вогІучуьнга, цу мукъамна дош а дохьуш, шен кийрара даькккхина дош. Суна дош деза, дешан аз, цу дашах болу мукъам а. Дош яздайша, деккъа цІена дош, цхьа мерза лазам бохьург, сан къинош дайдийриг, суна сайца цхьаъ виса лууш, суна со вицвойту дош».

Иштта мах хадабо Лечин поэзин Бексултанов Мусас.

Абдулаев Леча цкъа а вацара куц-кеп чулацамал лакха хІиттош. Цуьнан стихотворенешкахь цкъа а дацара дуьххьалдІа хазаллина далийна васташ, басарш я рифма лоьхуш дешнашна ницкъбар. Стихотворенин маьІно, чулацамо билгалйоккху Лечин произведенин куц-кеп. Цуьнан поэзехь гуш ду, автор маьІница кІаргвелла ца Іаш, цо нохчийн маттахь говза яздеш, цуьнан анайисташ шоръеш хилар. Шен муьлхха а ойла, маьІна довзийта дешнийн къоьлла ца хаало авторан, цо караерзийна дешнийн шорто. И шорто цо вайн меттан дешнийн хазнех (лексикех) хаарца пайдаэцаро кхоьллина ца Іа, иза иштта кхуллу Лечас шен поэзи (ткъа иштта вайн маттана а) юкъа далочу Іарбийн маттерчу дешнаша а, нохчийн лексикин буха тІехь кхуллучу керлачу дешнаша (неологизмаша) а.

Абдулаев Лечин поэзи кхоччуш а, ондда а дІахІоьттина бакъйолчу философин буха тІехь. Цу философин цІе «Ислам» ю.

***Шуна, хІума довза луурш***

(Абдулаев Лечица хиллачу интервью тІера.)

– *Таханлера нохчи муха хила веза?*

– Таханлера нохчи, ша муьлхачу къомах ву, ша муьлхачу динехь ву, кхета хьажа веза уггар хьалха. ...Вай гуттар а нехан кхашкахь цхьаъ ара гІерта. Нехан кхашкахь наха дІадийнарг бен орур дац. Шайн кхаш тІехь вайна лерина хІу тесна, дІадийна хІумма а дац нехан. Сискал, топ, мижарг, куьйра, ага, пхьоьха, хин йист, захало, нускал, замой, ирахьІер,

баркалла алар – и дерриг а диццина, вай нехан кхетамашна тIе гIертарх, вайгахь къоман синкхетам а кхуьур бац я къоман кхетам а хир бац. Вай ваьшна нохчийн меттан массо а неI а, кор а схьаделла деза, цу корах хьожуш, неIарх довлуш ваьш, къам санна, юха довза хьовса а деза. Ваьш нохчий маца хуьлу, нохчаллех маца довлу, хаа а деза. Нохчалла бохург хIун ду а хиъна, бусалбалла санна, нохчалла лардеш а хила веза вайх хIора а. Маьрша стаг боху кхетам бара вайн цхьана хенахь. Цунна тIекховда йиш йолуш вацара цхьа а да. Маьрша стаг вийначун цIе неIалтаца кхайкхош а, и неIалт а тIехь тIаьхьенашна йовза юьтуш а яра. Муьлхха а къонах жимчунна дена метта, къеначунна воIана метта, шен хенарчунна вешина метта вара. Воккхалла, жимхалла дара юкъахь. Цуьнан а, вукхуьнан а шен-шен меттиг яра. Зударийн, берийн меттиг а яра шайн-шайн. Къонахчуьнгахь дурс-аьлла хилар, ткъа оьшучохь кIеда, гIиллакхехь хилар а дара, зударшкахь – нийсса дуьхьал, бIаьргаш чу хьаьжна а доцуш, некъ буьтуш, охьатаьIна, цIийлуш хилар дара. Тахана дукха атта лела божарех верг а, зударех ерг а. Цундела эвхьазлонаш совъевлла. Эхь дIадаьлча, адамех акхарой хуьлу…

*– Юха а маттах дийца лаьара ахьа, Леча. Дала мотт балар са далар санна хIума хетта-кх… Мотт, са цхьаъ долуш санна, маттехула бен (ойла маттана гергаярца) син хьашташ довза йиш йоцуш санна…*

– Ша бахкийтинчу пайхамаршка Дала (СТ) делларг хIоразза а Дош ду. Мотт ойланийн гIирс бу. Ойлано кхетам тIе валаво, кхетамо иймане кхачо декхар ду. Меттан маьIна доккха ду. Кхин хьесапаш ца дийцича а, Веза-Воккхачу АллахI-Дала Шен Сийдолу Къуръан Мухьаммад Пайхамаре (с.I.в.с.) цуьнан ненан (Iарбийн) маттахь доссийна хиларо, ненан меттан маьIна вай Кхоьллинчун гергахь а мел деза ду, гойту. Цул сов, вай ваьш лелочух кхета а кхеташ еш йолу Iамал еза ю Далла гергахь, Деле деш долу доIа хьайна хуучу (хьайн) маттахь де олуш ду. Ненан маттахь бен ойла юьззина хила йиш яц, юьззина йолчу ойлано бен дуьззина долчу иймане кхачор вац аьлла, кхета мегар ду цунах…. Нагахь санна адам цхьана къомах делахь, цу къомах иза хиларан коьрта билгало мотт бу. Вай даккхий зерех чекхдевлла. Вай гIел а делла, хIитта а хIиттина. Цундела уггар кхераме киртиг ю тахана вайна тIехIоьттинарг – вай кхоччуш вайн культурех дIахада тарло киртиг. Оцу культурин тIум а, букъсурт а мотт бу. Уггар хьалха Делан (СТ) чуханах, цул тIаьхьа вайн меттан чуханах вай чIогIа ца тасалахь, цкъа-делахь, «шу тайп-тайпана кхоьллина Ша» бохучу Дала вайна къастийнчу кхо-

жах духий, къа латадо вай; шозлагIа, къам санна, вайн кханенах догдуьллучу хьоле кхочу. Хилларг хIун ду а ца хууш, къилба стенгахь ду а ца кхеташ, дуьненна гергахь дов, эхартах а туьлу. Нохчийн мотт, хьаьжкIан буьртиг, коканийн колл – и дерриг а ю вайн культура. Бусалба дин, нохчийн вад – уьш ю вайн къоман сингIортораш. Дала лардойла вай вайн культурех а, нохчаллех а дохарх…

## «ВЕСЕТ» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин башхалла а

«Весет» стихотворени чIогIа мехала ю шен чулацамца а, синкхетамна бечу тIеIаткъамца а, исбаьхьаллица а. Нохчийн къам хила тарлучу бохамех лардан Iалашонца, бохамийн бахьанаш далош, язйина ю иза. Вайн къоман исторехь хиллачу кхаьхьачу хиламийн жамI дина, тIейогIу тIаьхье маьрша, Iилманехь кхиахьара бохучу весетан кепехь ойланаш ю хIокху стихотворенехь. Стихотворени дIайолош далочу могIанаша гойту нохчийн юкъараллин хьал, хила дезачу кепара доцуш, галдаьлла хилар:

Къонаха мел вериг вицвина кхайкха,
Къонаха мел воцург кхайкхаза вогIуш,
Йиллинчу юьртана пхьоьха ца тайна,
Тхов латто ца тоьъна цхьа аьрда бIогIам.

Хууш ма-хиллара, нохчийн иллешкахь, цхьа мехала гIуллакх къастош, къонах мел верг кхайкхина валош хуьлу. Амма хIокху стихотворенехь къонах верг вицвина, боху. Цундела юьртан пхьоьха а товш ца хуьлу. Ткъа нохчийн хIусаман тхов латто, цIаьнкъа юккъе боьгIна беза, аьрда бIогIам бац. Пхьоьха йохар а, тхов латто аьрда бIогIам цатоар а бахьана дуьйцу поэто шолгIачу байтехь:

– Аса аьлларг хилла ду! – куьйга мекх хьийзош.
– Ца аьлларг хилла дац! – кур аркъалсеттош,
Мусостан цхьа тIаьхье барч баккха хьийзаш…

Мусостан тIаьхье барч баккха гIертар ду бохаман бахьана. «Мусостан тIаьхье» аьлла кхузахь билгалваьккхинарг «Адин

Сурхо, эла Мусост» нохчийн иллин турпалхо ву. «Эла Мусостан тIаьхье» аьлла поэто билгалбохурш вайн халкъана гуттар а ямарт хилла, цуьнан кхолламан бала а боцуш, шайн аьттонна арабевлла нах бу. Царах теший, гал ма довла, боху поэто:

Жена тIаьхьа жIаьла санна, ма гIолаш, кIентий.

Илли тIера халкъан гIуллакх хьалхадаьккхина араваьллачу турпалхочун, къонахчун масал хилла Адин Сурхо хьахаво поэто. Халкъан дуьхьа, иза бохамах кIелхьардаккха, шен кIант дIавала реза хилла йолу нана хьахайо поэто:

Ша веххалц Iен хилла и Адин Сурхо,
Вехча, кIант дIавелла и Сурхон нана…

Цушиммо, нанас а, кIанта а, гайтинарг Къуръан чохь сийлахь дуьйцу собар хилар билгалдоккху поэто. Стихотворенин йоьалгIа байт йолош авторо цIе йоккху нохчийн фольклоран кхечу турпалхочун: «Пхьарматан пхьалгIа е хIора а пхьедахь». И ду тIекхуьуш йолу къона тIаьхье хьаналчу къинхьегамна тIеерзае бохург, ца оьшучу, пайда хир боцчу къийсамаш тIехь хьуьнарш гайта а ца гIерташ. И дерриг а хила деза Далла Iамал ярца цхьаьна. ЙоьалгIачу строфан тIаьххьарчу шина могIанехь авторо билгалдоккху вайн къомана хьалха лаьтта деза декхарш:

Iилманца дебар вайн къилбанна хьедай,
Латтана вайн наьртан хIу Iалашделахь.

«Весет» стихотворени язйина еа гIулчан дактилан барамехь, хIора могIанан чаккхенехь цхьа дешдакъа а эшош. Стихотворенехь пайда эцна жIарийн рифма яран кепех: хьалхара могIа кхоалгIачуьнца рифма еш бу, шолгIа могIа – боьалгIачуьнца. Ерриг стихотворени йиъ строфах лаьтташ ю. Стихотворенин маьIна къеггина билгалдоккхуш авторо пайда оьцу нохчийн барта кхолларалин (иллин) турпалхойх. Цуьнца цо гойту вайн историхь цкъа мацах хилларш, вайна гуттаренна а масалш хилла, дисна хилар. Нохчийн халкъан кица (ЙоIана – цу, кIантана – хIу) юкъа а далош, вайн наношна доьзал кхио хьанал рицкъ а, дайшна оьзда

тIаьхье а ло аьлла, Деле доIа дар тIедуьллу авторо халкъана.

Стихотворенин йоьалгIачу строфахь хьахош волу Пхьармат нохчийн ширчу дийцаран турпалхо ву, цо вайн къам шелонах, мацаллех кIелхьардаккха цIе еана, инзаре яккхий халонаш ловш. И бахьана долуш, доккха Iазап хьега дезна цуьнан. Вайн махкахь дуьххьара пхьалгIа йинарг Пхьармат лоруш ву.

Стихотворенехь поэто хаарца пайда оьцу ширчу дешнех (архаизмех): аьрда бIогIам – тхов латтош, цIаьнкъа юккъе бугIуш хилла беза бIогIам; пхьоьха – юьртан юкъара гIуллакхаш дийца, вовшахкхета меттиг; барч баккха (кхузахь) – хьалхе яккха; пхьалгIа – эчигах гIирсаш беш йолу меттиг; пхьа (кхузахь) – кица; наьрташ – нохчийн фольклорехь цкъа мацах даьхна бохуш дуьйцу турпала адамаш. Оцу дешнех пайдаэцарца поэто вайн къоман дахаран шатайпаналла билгалйоккху, цуьнан дахарца доьзна долу массо маьIне-сийлахь хьаьрк вайна еза хета дезар.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. ХIунда ца тайна лирически турпалхочунна стихотворенехь юьйцу юрт а, юьртан пхьоьха а?

2. ХIун хьехар до поэто кегийрхошна?

3. Поэто нохчийн фольклоран муьлха турпалхой хIиттабо вайн заманхошна масална? Фольклоран турпалхойн хIун амалш билгалйоху поэто шен стихотворенехь?

4. ХIун весет деш ерзайо поэто шен стихотворени?

5. Стихотворени дагахь Iамае.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалъяха стихотворенин барам а, рифма яран башхаллаш а.

2. Нохчийн халкъан муьлхачу илли юкъара васташ карадо стихотворенехь?

3. Билгалдаккха поэто стихотворени юкъа далийна нохчийн халкъан кица. ХIун маьIна лeладо цо?

4. МаьIна а деш, чулацам баста могIанан: «Пхьарматан пхьалгIа е хIора а пхьедахь». Мила ву Пхьармат, хIун халкъан шира дийцар ду цуьнца доьзна?

***ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай***

1. Муха билгалдоккху поэто стихотворенехь юьйцу юрт йилларехь нохчийн гIиллакх дохор?

2. Нохчийн къоман муьлха оьзда гIиллакхаш хьехадо поэто шен стихотворенехь? Нохчийн къоман муьлха синмехалла билгалйоккху цо масал эца бохуш?

3. МаьIница даста дешнаш:

Мусостан цхьа тIаьхье барч баккха хьийзаш,<br>
Жена тIаьхьа жIала санна, ма гIолаш, кIентий.

### *Дешнаш тIехь болх*

МаьIна де дешний, нохчийн меттан дошамах пайда а оьцуш: *пхьоьха, аьрда бIогIам, барч, пхьеда, пхьа (пхьанна).*

### *Текстана комментари*

Тайп-тайпана ю Абдулаев Лечин поэзи шен чулацамца а, куцкепаца а. Чулацамца иза екъа тарло шина тайпане. Царах цхьа тайпа ду поэто къомана а, махкана а мехалчу гIуллакхех дуьйцучу говзарех лаьттарг. И тайпа стихотворенеш дешархойн кхетамна тIехьажийна ю, цара дуьйцу нохчийн юкъаралло кхочушдан дезачу декхарех лаьцна. Уьш, дийцина ца Iаш, кхочушдан некъаш хьоьху поэто. И стихаш хьехаман кепехь язйина ю. Царах ю: «Историн дарсаш», «Хьан йина, хьо, Нохчийчоь», «Къамел де вай, нана ДегIаста», кхиерш а. Иштта ю «Весет» стихотворени. Оцу стихотворенехь авторо весетан кепехь дуьйцу вайн къоман историхь нисделла гIалаташ а, бохамаш а. Уьш карла ца дийлийта вайн къоман векалша дан деза гIуллакхаш хьоьху цо. Поэто чIагIдо, хIокху заманахь вай коьрта тидам тIебахийта беза Iилма Iаморна, хьекъал кхиорна, цу новкъахь вай гайта еза вайн майралла а, доьналла а. Кху заманахь бохамах лардала, ницкъ болчийн лаамашка шаьш ловза ца дайта, хьекъал, кхетам, собар хила деза, дуьненан ницкъ, хьал карахь долчу нехан хIилланашна тIаьхьакхуьуш, уьш вайна тIехь чекх ца довлуьйтуш, къийса говза хила а деза.

Абдулаев Лечин поэзин шолгIа тайпа кхуллу поэтан синхаамех, ойланех лаьттачу говзарша. И тайпа стихотворенеш билгал ю шайца шовкъ а, синкарзахалла а хиларца.

## «ДИКАНИГ ХЬАХАДАН КХОЬРУ СО...»
### стихотворенин маьIна а, исбаьхьаллин башхалла а

«Диканиг хьахадан кхоьру со» стихотворени кхоллаяларан коьрта бахьана ду вайн къоманна тIехIоьттина боккха бохам, къиза тIом, хала киртиг. Оцу бохамаша кхоьллинчу синхаамех лаьттащ бу сихотворенин чулацам. Стихотворени Нохчийчохь шолгIа тIом чIагIбеллачу хенахь язйина ю. Амма авторо буьйцург тIом бац, цу тIамо кхоьллина лирически турпалхочун синхIоттам бу. Хьалхарчу могIанера дуьйна хаалуш йолу авторан синкарзахалла стихотворенин чаккхенехь лаккхарчу тIегIане йолу. И говзар къизалло хьовзийнчу адаман, нохчичун дог-ойла гойтуш, язйина ю. Амма, иштта халчу хьолехь а, халкъо дог ца диллина Делан диканах. Иза тешаш хилла, Iаьржа денош чекхдевлла, Нохчийчоь малха ер ю бохучух.

Стихотворенин хьалхарчу строфахь авторо билгалдоккху ша диканиг, хазаниг хьахадан цахIоттарх. «Диканиг хьахадан кхоьру со, хазаниг хьахадан кхоьру со» дешнаша лирически турпалхочун бохам кхин а алсамбоккху. Дуьнен чохь хаза а, дика а хIума дисна ца хилча, иза боккха бохам бу. Дикчух, хазчух хьаьгна хилларг елхарна кхоьру иза. ШолгIачу беа могIанехь авторан синхаам кхин а чIогIа базло, хIунда аьлча цо кхузахь хьахош ву данана дIадаьлла бо виснарг а, доьзалхо дIаваьлла хIухаьддарг а. Цул тIаьхьа авторо хьахадо нохчийн хIора къонахчуьнгахь хIоьттина бохаме хьал – «го талла, бIов а йоцуш, букъ тоха, берд а боцуш», шен мохк белш гIортош латто ницкъ боцуш висна хилар. ЙоьалгIачу байтехь нохчийн мехкан символаш – Орга а, Терк а, цул тIаьхьа Нохчийчоь ша а, хьахо кхоьру ша, боху, хIунда аьлча уьш хьахийча, къонахий а боьлхур болу дела.

Стихотворени нохчийн фольклоран узаман жанрехь язйина ю. «Кхоьру со» дешнаш юх-юха далоро стихотворенехь болу синIаткъам чIагIбо дешархочунна. Дуьхьало ян ницкъ боцуш, «го талла, бIов йоцуш», «букъ тоха, берд боцуш» тешнабехкаца кочабеана бохам лан Iаламат хала ду. Къонахийн бIаьргех хи доккхуш болу бохам ерриг а Нохчийчоьнна тIекхаьчна бохам бу. БIаьргех

хидалар – и дац бохамна, харцонна къера хилар, мелхо а, бIаьргех хидаларца кхидIа болчу къийсамна дог чIагIдалар ду. Шен махках къахеташ, дог лозуш къонахий хилар – иза вайн къоман ницкъ а, сийлалла а ю. Стихотворенин маьIна иштта ду: тIамо дуьнен чу эрчалла йохьу, бала боссабо нехан дегнашка, хазаниг, диканиг хьул а деш. Адамийн сирла сатийсамаш дIабоху. Вайн махкахь хиллачу шина тIамо йина чевнаш, адамийн дегнаш чохь йитина лараш юьйцу Абдулаев Лечас шен стихотворенехь.

Стихотворенин барам кхаа гIулчан дактиль ю. Хьалхарчу шина строфан, тIаьххьарчу строфан могIанаш вовшашца рифма еш бу. Церан массеран а цхьа рифма ю – «кхоьру со». КхоалгIа строфа кхечарех къаьсташ ю. Цигахь вовшашца рифма еш ду хьалхарий, шозлагIий, боьалгIий могIанаш. КхоалгIа могIа, рифма еш боцуш, цхьалха бу.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. ХIунда кхоьру лирически турпалхо диканиг, хазаниг хьахадан?

2. Хьуна хетарехь, стихотворенехь буьйцуш болу синхIоттам маца кхоллабелла лирически турпалхочун? Нохчийчохь хиллачу муьлхачу бохамаша кхоьллина авторан и стихотворени язьян лаам?

3. ХIунда кхоллабелла лирически турпалхочун шолгIачу байтехь болу кхерам?

4. Уггар боккха дагахьбаллам, цуьнца цхьаьна кхерам стенца бу поэтан?

5. Муха гайтина поэто шен стихотворенехь къонахийн васт?

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалъяха стихотворенин барам а, рифма яран башхаллаш а (дактиль; юх-юххерчу могIанашца еш рифмаш ю).

2. ХIун маьIна леладо байташкахь юх-юха далочу «кхоьру со» дешнаша?

3. Билгалдаха тIедеанчу маьIнашкахь долу васташ:

Го талла, бIов йоцуш висначохь,
Букъ тоха, берд боцуш висначохь,
Куьг делла, белш гIортош, гIаттийна,
Хьо латто гIо доцуш висначохь…

4. Стенца го поэтана Даймехкан символш?

## «ЛАЗИЙНИЙ? ЛАЗИЙНА, ХЬАХА...»
## стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин шатайпаналла а

Вайн махкахь къиза тIом лаьттинчу хенахь язйина ю стихотворени. Оцу халчу, къизчу хенахь, цхьаболчу наха дог диллина, хIара балане зама дIаер юй-те бохуш, шеконаш кхоллаеллачу хенахь шен махкахошна орцахволу поэт. Шатайпана ду стихотворенин куц-кеп. Иза лаьтта поэто ша-шега хIитточу хаттарех а, цо царна лучу хадам боллуш долчу жоьпех а. Цо даре до Нохчийчоьнна тIекхаьчнарг хала киртиг хилар, амма ондда чIагIдо вайн мостагIашна хетарг бакъ цахилар. Царна мел ца лаахь а, Нохчийчоь Iожаллел тоьлла, иза юха а къегина дIахIуттур ю. Стихотворенин бухе диллина халкъан шира дийцар-кица. И дийцар иштта ду.

Нохчийн махкахь цхьа хала, къиза зама йогIур ю. И къизалла нахана чIогIа Iаьткъина, дийна верг веллачух хьоьгуш хир ву. Амма иза дIаяьлча, ирсе, беркате хан йогIур ю, хIара ирс ган, кху хазчу заманахь ваха велларг а схьавелар бохуш. Дуьйцу, оцу хенахь, охьадоьжна дешин ахча хьалаэца а карх ца долуш, хьал долуш а, ларалуш а хир бу нохчий бохуш. И дийцар шатайпанчу ойланашца, керлачу маьIница дуьзна Абдулаев Лечас шен стихотворенехь. Муьлхха а бохам, хало тIехIоттарх, къонахаллица и ловш, харцонна къар ца луш, цунна тIехь толам боккхуш, Делан диканах дог ца дуьллуш, бIешерашкахь даьхна нохчийн халкъ. Иштта кхидIа а дехарг хиларх тешна а ву поэт. И ду стихотворенин коьрта маьIна. Стихотворенехь поэто пайда эцна нохчийн поэзехь дика яьржина йолчу кепах – кхаа гIулчан дактилах. Оцу дактилан башхалла ю хIора могIанан чаккхенехь цхьацца дешдакъа эшор. МогIанехь тIаьххьара шина дешдекъехь лаьтта дош рифма еш ду: хьалхара могIа – кхоалгIачуьнца, шозлагIа могIа – боьалгIачуьнца. Уьш жIарийн рифмаш ю.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. ХIун дешнаш карийна поэтана Нохчийочоьнах дуьйцуш?
2. ХIун бахьана долуш кхоллаелла поэтан и стихотворени?

3. Автороро Нохчийчоьнан кхане ирсе хир ю бохучу ойланна тIе муха валаво дешархо? Шуна хетарехь, маца язйина стихотворени?

4. Стихотворени дагахь Iамае.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Муьлхачу стихкхолларан барамехь язйина ю стихотворени?
2. Билгальяха стихотворенехь рифманаш а, рифма яран кеп а.
3. ХIун маьIна леладо поэто далочу хаттарша?
4. Билгальяккха стихотворенин нохчийн барта кхоллараллица йолу зIе.
5. ТIедеана маьIна билгалдаккха:

...ГIоттур ю, гIоттучу малхах,
Яха, кхин малхах ца туьлуш.



## БЕКСУЛТАНОВ (АДАМОВ) Мозин Муса

*(1954)*

### Дахаран а, кхоллараллин а некъ

«Къам хиларан билгало – иза культура хилар ду, цу юкъа литература а, искусство а – дерриг а догІу. Литература къоман эс а, мотт а, Іадат а, мохк а бу-кх, цу къоман селхане, тахане, кхане а. Литература истори ю. Къоман истори шен къоман векалша язъян а еза…»

Бексултанов Муса (бакъйолу фамили Адамов ю, ден цІе – Мози) вина 1954-чу шеран август беттан тІаьххьарчу кІиранах (кехаташ тІехь лоруш 1 июль ду) Кустанай олучу казахийн махкахь, нохчийн къам цІерадаьккхина итт шо даьлча. БексултановгІеран доьзал, массо а бохург санна, 1957-чу шарахь бирзина Нохчийчу цІа, бахаховшар Олхазар-КІотарахь а долуш: ламарой шайн хиллачу яrташка – лам чу – хьала ца бахийтара, уьш Іедалан харцонна, обаргаш а хилла, дуьхьалбовларна кхоьруш. Олхазар-КІотарара юккъера школа 1972-чу шарахь чекхъякккхинчул тІаьхьа, цу шарахь Нохч-ГІалгІайн Пачхьалкхан университете филологин факультетан къоман отделене деша вахара Муса. Университетехь доьшуш волчу хенахь а, цул тІаьхьа а цо жигара дакъалоцура нохчийн къоначу литераторийн «Пхьармат» цхьаьнакхетараллехь.

Бексултанов Мусан «Мархийн кІайн гІаргІулеш» хьалхара книга араелира 1985-чу шарахь. Оцу книги тІехь уггар ирачу кепехь, еллаелла чов санна, лазаме гучуелира цуьнан гІайгІанаш,

иза резавоцуш, цо емалдеш дерш, цуьнан синмехаллаш. И дерриг а – цунна деза дерш а, гIайгIанаш а – цуьнан шен цхьаннан хилла ца Iара, уьш юкъара дара цуьнан а, дерриг къоман а. Иза исбаьхьаллин гIирсашца дерриг а къоман цIарх долуш долчунна дуьхьало яр дара. Амма цуьнца цхьаьна кхиамца исбаьхьаллин литературин лаккхарчу тIегIане а кхевдира иза. И книга араяларца дуккха а хIума хийцаделира нохчийн литературехь: похIма долу яздархо гучуваьлла ца Iаш, нохчийн къоман, цуьнан культурин, меттан, гIиллакхийн бала болуш, дола дан доьналла долуш кхин цхьа да а дIахIоьттира – Сулейманов Ахьмад, Айдамиров Абузар а санна.

1986-чу шарахь республикин исторехь дуьххьара «СтелаIад» берийн журнал дIадиллира. Иза дIадоьллуш къахьегначех цхьаъ ву Муса. ХIетахь дуьйна цу журналехь болх беш схьавеана иза. Яздан ойла жимчохь дуьйна кхоллаелла, пхийтта-ялхитта шераш долуш.

Прозехь язйинчу пхеа книгин автор ву Муса: «Мархийн кIайн гIаргIулеш» (1985); «Юха кхана а, селхана санна» (1988); «Наггахь, сайн сагатделча» (2004); «Я хьан тухур буьйсана хьан неI» (2005), «Сан вешин тIехьийза йоI» (2013); «ЙоI-бIаьсте» (2018).

Россин яздархойн Союзан декъашхо а, Нохчийн халкъан яздархо а ву Муса.

## Бексултанов Мусан прозин башхалла

Къоман эс дан ца дайта, къоман йозанан мотт кхиош, къахьоьгучех ву яздархо Бексултанов Муса. Цуьнан кхолларалин лакхенех цхьаъ яра дуьххьара 1985-чу шарахь араьлла книга «Мархийн кIайн гIаргIулеш». Цу тIехь нохчийн бакъйолу амалш шатайпанчу васташца гойтура цо. Книги тIехь гуш бара цуьнан дийцаран жанрехь болу исбаьхьаллин лехамаш. 1988-чу шарахь араьллачу «Юха кхана а, селхана санна» прозин гуларца цо кхин тIе а шорбира и лехамаш, шена карийна йозанан кеп, хатI, кхидIа а кIаргдеш, тодира. Оцу книгехь дара яздархочо керлачу жанрехь – повестехь «Юха кхана а, селхана санна» – шен ницкъаш зеран жамI.

Цул тӀаьхьа Мусас дика караерзийра повестан жанр. Иза автор ву еа повестан: «Юха кхана а, селхана санна», «Иза бегаш ма бацара», «Дахаран хин генара бердаш», «Болийнчу юхабоьрзу некъ».

Бексултанов Мусан кхоллараллин шолгӀа тӀегӀа дара 2005-чу шарахь араяьлла «Я хьан тухур буьйсана хьан неӀ» книга. Оцу книги юкъа дахна дийцаршкахь цхьана я масех стеган буьззина кхолламаш гойту авторо; царах дийцарш-кхолламаш ала а тарло. Амма оцу дийцаршкахь керланиг, чулацамехьчул сов, хормехь, куц-кепехь ду. Цу дийцаршкахь яздархочун йозанан хатӀ кхоччуш дӀахӀутту, мотт тайп-тайпанчу васташца къега, турпалхойн дог-ойла гайтар а кӀаргло. Лакхадолу цо дашна тӀехь болх бар, совболу, базло дешан мах а; оцу дийцаршкахь цхьа а дош карор дац ойла ца еш далийна, шен меттахь доцуш, маьӀна доцуш. Амма оцу дийцаршкахь шена исбаьхьаллин агӀор карийнарг мел мехала, мел деза делахь а, цунах тоам бина ца Ӏаш, шен лехамаш кхидӀа а хьо Мусас. Церан стом бу «Сан вешин тӀехьийза йоӀ» книга, 2011-чу шарахь араяьлла йолу, иштта «Орга» журналехь зорбанехь арадуьйлуш долу дийцарш. Уьш яздархочунна вайн таханлерчу дахарехь гина маьӀне суьрташ а, царах кхоллаелла ойланаш а ю; шайн философин чулацам кӀорга а, васташ дуькъа а хиларца къаьста уьш. Вайн сихачу, чолхечу замано кхоьллина произведенеш ю уьш, вайн махкахь лаьттачу хьоло карзахе динчу син кхайкхар а, орцадахар а ду.

Бексултанов Мусан произведенеш йоьшуш хаало цунна дуьненна а бевзачу баккхийчу яздархойн исбаьхьаллин зеделларг девзаш хилар. Амма цуьнца цхьаьна церан цхьаннан а доцург а ду Мусан произведенешкахь: чулацамехь бакъйолу нохчалла а, цо билгалдина цхьаннах а тера доцу йозанан хатӀ а. И бахьанехь дуьненан кхечу къаьмнийн дешархой цецбаха, тӀеберзо ницкъболуш а ю уьш. Цуьнан говзарш гочйина оьрсийн, ингалсан, немцойн, гуьржийн, балкхаройн меттанашка. Швейцарехь немцойн маттахь шиъ книга араяьлла Мусан.

## «ДАХАРАН ХИН ГЕНАРА БЕРДАШ» повестан идея а, чулацам а

Бексултанов Мусас «Дахаран хин генара бердаш» шен повестех иштта дуьйцу:

«Со жима бер долуш – кхузткъа шо хьалха, я жима стаг волуш – шовзткъе пхийтта шо хьалха, хиллачу вайн дайн (нохчийн доьзалан) гIиллакхаш а, оьздангалла а, Iер-дахар а дIадолуш сайна тахана гича, тIаьхьарчу тIаьхьенна церан дай хьалха муха хилла царна хаийта, язйина аса «Дахаран хин генара бердаш» повесть. Со кхоьру, тахана санна вай дIадолхахь – чохь, арахь, доьзалехь лелош хьалхалера гIиллакхаш а, лерам а, оьздангалла а йоцуш, – вай хIаллакьхиларна кхоьру со, «нохчийн къам» бохург, хилам санна, дIадицлуш, дIа а даьлла. Къоман шехалла цуьнан гIиллакхаша латтош ю, цуьнан Iадаташа, цу къоман векалийн вовшашца болчу лерамца. Сайн дех я хIетахьлерчу къонахех тера кIезиг нах го суна тахана Нохчийчохь. Оцу повестехь аса буьйцуш болу хьалхалера нах цIенна кхачалуш, дIабовлуш а гина, церан хаза гIиллакхаш, вовшашца хилла болу лерам хIинцалерчу кегийрхошна гайтархьама, уьш кхетийта, баккхийчеран хаза масал цара шайна юккъе даржадахьара аьлла болчу лаамо язъяйтина соьга «Дахаран хин генара бердаш» повесть, со цу баккхийчу нахах хьерчаш, уьш лоруш, церан хIилладацарх хьоьгуш, уьш хиларх воккхавеш кхиъна дела».

«Дахаран хин генара бердаш» повестан коьрта турпалхо дийцархо ша ву. Цо дуьйцу шен а, шен доьзалан а дахарх лаьцна. Повестан хиламаш дIабуьйлало дийцархочо шен генарчу бераллера суьрташ дагалоьцуш. Уьш бIаьстенан суьрташ ду, турпалхочун дахаран юьхь гойтуш. Беран бIаьргашца цунна го юьртан шатайпа Iалам, юьртана гонаха лаьтта баьццара аьрцнаш, кIайн уьстагIий санна, стигалахь кхозу мархаш, юьйцина керт, дехха татол (арик), цу йисттехь хьаладевлла можа зезагаш а. И исбаьхьа суьрташ дендо чIегIардигийн аьзнаша, царах тарвала гIерташ, уьш санна тIома вала хьаьдда, охьакхеттачу жимчу кIентан озо а. Циггахь орцахйолу цунна нана, цо ша эсала хьастарца дагахь

дисна кӀантана шен ненан васт. Иштта дӀадолало кӀантана шен гергара нах а, дуьне а довзар. Юха кӀантана дуьхьалхӀутту шен жималлера ден сурт, цуьнан шеца хилла шатайпана юкъаметтигаш. Да кӀанте вистхуьлу, бегаше хаттарш деш, вела а воьлуш. Жимчу кӀантана ца хаьа, дас ечу забаршна дуьхьал иштта нийса жоьпаш дала ца дезийла. Цунах болу кхетам хан яьлча бен ца кхоллало. Дагалецамийн суьрташ хийцало. КӀантана ойланашкахь дуьхьалхӀутту шайн юрт Хилдехьа, шаьш цигахь даьхни дажош хилар, ден нана ХӀати а. Иза гуттар а узам беш хуьлу. Шатайпана маьӀна долуш бу ХӀатис кест-кеста беш болу узам:

Хьеший-дай ду аьлла, тхуна тӀе даьхкина,
Йиша-ваша ва хилла, гергарло хьедина,
Шайгара тешнабехк къайлаха сецийна,
Хьешан мотт буьллуьйтуш, тхох хӀусамдай дина,
Цу метта дийшина, шаьш хьеший ва хилла,
Тхан кхача ва биъна, шайн кийрош дузийна,
Тхан шовданаш мийлла, шайн зорхеш Ӏабийна,
Дузийна, Ӏабийна шаьш паргӀат ва даьхча,
Шайгара тешнабехк схьагучубаьккхина,
Ка йохош махкаха дехира аша тхо.

Жима кӀант ца кхета узаман чулацамах. Дикка хан яьлла, воккха хилча, тӀахьакхуьу иза цу узаман маьӀнина: цу тӀехь буьйцург ден ненан а, цуьнан доьзалан а, нохчийн къоман а кхоллам хилла. Цу тӀехь дуьйцург нохчийн къомана советан Ӏедало бина тешнабехк, дийнна къам цӀерадаккхар ду. Дагалецамийн тулгӀе керча. Гучуйолу керла тулгӀе. Оцу тулгӀено дохьу кӀентан шина ден вешин васташ, и шиъ кхуьнан ден жимахволу ши ваша ву, дас Ӏуналла а деш хьалакхиийна. Шайн воккхаволчу вешин лаамс ладоьгӀна ву и шиъ гуттар а. Шен берийн санна дола до вашас шен кегийчу вежарийн. Баккхий а хилла, шайн-шайн доьзалш кхоьллича а, уьш цхьана кертахь беха, массо хӀума юкъара а долуш. Нохчийн оьздачу доьзалан куц-кеп гойту авторо шен повестехь, оцу доьзалан Ӏер-вахарера масалш далош.

«Тхо дукха дара, итт-цхьайтта бер, шина зудчо цхьана дена дина, хьан-сан аьлла, нана а йоцуш, хьанна-муьлха ду а ца хууш. Дас цкъа а, суна дагадан, цкъа а тоьхна яцара тхуна, я хьоьстуш а ца кхиадора, наггахь бIаьра хьажар бен, цхьа ша-шена вела а луш. Гуттар а хьалха, со жима волуш, цо сайна хьастаран кепехь коьрта тIе куьг доьхкуш хилча санна хета суна хIинца, бере ма-хеттара, цхьацца хIуманаш а хоьттуш».

Бераш кхетош-кхиорехь йоккха меттиг дIалоцу оцу хIусаме хIуьттучу хьешаша а, церан оьздачу юкъаметтигаша а, церан къамелаша а. Оцу къамелашкахь гуттар а хьехабо Нохчийчохь баьхна цIеяхна шайн гIиллакхашца, къонахаллица гIарабевлла нах: Адин Сурхо, Эвтархойн Ахьмад, Шелахойн ТIелхаг, Харачойн Зеламха, МартантIера Исмайлин Дуда, Зумсойн Дуйн Iума. Шайн заманахь оцу наха гайтина хилла хьуьнарш, оьзда гIиллакхаш ладоьгIуш Iачу кегийрхошна дахарехь масал хила хьакъ ду.

Хьаша-да тIеэцар уггар сийлахь гIиллакх ду нохчийн хIусамашкахь. Повестехь далийнчу хIокху масалца вайна дика го иза: «Царах муьлхха а цхьаъ волчу хьаша-да веача, и кхоь а цхьаьна дIагуллора, хьан-сан аьлла, хьаша а воцуш, долуш дерг юкъахь а долуш». Кхузахь вежарий барт, марзо йолуш бехаш хилар гойту. «Хьада, дIавало, – хийлазза дагадогIу хьуна, – Сайд-Хьасан волчу хьаша веанчух тера ду, кху чуьра а, дехьара а (тхан ден ши зуда хуьлу) йолуш ерг схьа а гулъяй, дIакховдае цу чу», – хьо шайн дас дIахьежийна, кхано юха, хьаша паргIатваьлла хир ву-кх аьлла хеттачу хенахь ша а цига дIа чу а воьдуш. «Хьаша-да веача, вагийча санна, хьовза веза стаг, – олура цо, – бетта етт бен, кхин хьайба дацахь, цу аттана урс хьаькхна а».

Хьеший дIабахча, дас, жамI деш, берашка олу: «И нах дийна а болуш, ша царна гуш санна ваха веза шуна къонах, дерриг а хIума цаьрца дуьстина, церан когийн лар а гуш. Яхь цигахьара схьа хила еза, цара дитначу гIиллакхашца. Шен махкахь бен къонах ца кхуьу шуна». И бохург ду шен махкахь ваха веза стаг, ша а, шен дай а бевзачу махкахь, шен диканийн, шен оьздачу гIиллакхийн мах хадо нах болчу махкахь.

Повестан башхаллех цхьаъ ю иза автобиографически хилар, хуьлуш дерг билггал йолчу меттигашкахь гойтуш хилар, билггал баьхначу нехан цIерш а, леламаш а авторо дийцарна юкъаозор. Оцу агIор иза герга ю баккъал а хилллачарна тIехь язйинчу прозина.

## Ден васт

Повесть дIайолалуш авторо ялийнчу эпиграфехь ден амалан коьрта башхаллаш билгалйовлу:

***Дена, Дерказан Адаман Мозина.***

*Хьо санна да хуьлда-кх, Ваши, Нохчийчохь мел волчу кIентан, со-м воI аьлла хIума дацара, Хьан цIарца дIалелар бен.*

*Хила ма-везза Да вар-кх хьо: да а, ваша а, доттагI а.*

***Далла кIелахь, хьо цхьаъ бен, кхин эла воцчу кIентан лерамца – Автор.***

Шен берийн да хилла ца Iаш, церан ваша а, доттагI а хилар, хила лаар йоккха говзалла, собар, хьекъал оьшуш хIума ду. И дерриг а шегахь ду боккхачу доьзалан ден Дерказан Адаман Мозин. Цуьнан дахаран коьрта Iалашо ю массо хIуманна тIехь шен берашна масал хилла вахар. Уьш юьхьIаржонах, вочух ларбан, шайн сийлахьчу дайн хила хьакъйолу тIаьхье а хилла, царна деза хеттарг деза а хеташ, цара лардина дозанаш а лардеш, дуьнен чохь шайн дайн санна, яккха цIе йитар. Цу Iалашонна тIе хьажийна ду дас мел до къамел, цо мел даладо масал, цо мел дуьйцу цIеяхначу къонахех долу дийцарш. Да нохчийн къоман истори а, цуьнан сийлахь хилларг а, цуьнан меттан кIоргалла а, хьекъал а, кхетам а шеца йолуш стаг ву. Халкъан сийлахьчу дахаран масалш тIехь кхиъна волчу дас шен бераш а кхиадо иштта. Шен Iалашоне кхачархьама, цо кест-кеста даладо халкъан хьекъале киcанаш, халкъан эсехь дисна шайгара эца хьекъал долу мацах цкъа хилларш-лелларш. Ден амалан коьртачу билгалонех ю доьзалан дола деш даим а семахилар. Царна хьехар дина ца Iаш, царах даьлла гIалат, диканиг гуш хилар а, церан мах хадор а, доьзалца нийсса

шен гергара нах а, шеца уьйраш латтош болу накъостий а тидамехь латтор, нехан диканехь, вонехь дакъалацар а. Иштта дас масал гойту берашна, оьзда яхь муха хила еза, шена бевзачу къонахийн масалш тIехь. Цуьнца шеца а хилла и яхь жимчохь дуьйна къона-къанваллалц, тешанбехк бекхам боцуш ца буьтуш, юьхьIаьржонах ларлуш, оьздачу юкъаметтигийн, марзонийн хама беш, уьш ларъеш, Iалашъеш. Дас, шен хилла яхьйолу дай, къонахий дагалецна ца Iаш, тидам бо таханлерчу заманан, хIокху заманан кегийрхойн дезарийн, гIиллакхийн. Цо хала лов дайша деза лерина Iадаташ кегийрхоша атта дIатуьйсуш хилар. Шайха гонахарчу адамашна зулам даьлча а, ца даьлча а бен ца хеташ, уьш бохамна юкъагIертар. Цунна Iеткъа цIерадахар, цIадерзар, массо а бохам лайна аьлла хеттачу хенахь вайн халкъана коча беана тIом, адамийн боьхна барт. Амма оцу боккхачу бохамехь воьхна ца хьийзаш, цо гечо лоху халкъан хьекъалехь а, цIеяхначу къонахийн дахарехь а.

Повесть язъяран коьрта Iалашо ю, нохчийн бакъдолчу гIиллакхашна тIехь, халкъан сийлахьчу дахаран масалшна тIехь тIекхуьу тIаьхье кхетош-кхиор, царна тIехь лаьтта даккхий декхарш довзийтар, ткъа и декхарш уггар хьалха Далла хьалха дерш ду, тIаккха шен доьзална а, махкана а, халкъана а хьалха дерш ду.

**2.** ***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Билгалбаха повестан коьрта турпалхой.
2. Хьенан цIарх дIахьош ду повестехь дийцар?
3. Муха гайтина повестехь дийцархочунබералла?
4. ХIун маьIна ду ден нанас бечу узаман?
5. Муха гайтина авторо доьзалан юкъаметтигаш?
6. Муха дIахьо дас бераш кхетош-кхиор?
7. ХIун маьIна долуш ду повестехь дас нохчийн тоьллачу къонахийн дахар масална далор?
8. ХIун тIеIаткъам бо кхуьуш вогIучу кIентан амалне, лам чохь жа а дажош, хьанал къахьегаро?
9. Билгальяха ден коьрта амалш.
10. Муха гайтина авторо ден ненан васт?

11. Муха дуьйцу дас вайн махкахь хиллачу тӀемаша бинчу эшамех лаьцна?
12. ХӀун хьехамаш бо дас къоман а, доьзалан а барт хила безарх?

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Хьанна лерина ю авторо шен повесть?
2. Муьлхачу кепехь хӀоттийна ю повестан сюжет?
3. Муха пайда оьцу авторо нохчийн барта кхоллараллех?
4. Схьакараде повесть юкъа далийна киц анаш. ХӀун маьӀна леладо цара?
5. Муха гайтина Даймехкан Ӏалам?
6. ХӀунда тиллина авторо шен повестана «Дахаран хин генара бердаш» цӀе?
7. ХӀун исбаьхьаллин маьӀна леладо повестехь авторо пайда оьцучу диалекташа, ширделлачу дешнаша?

### *ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай*

1. Муха гайтина повестехь берийн деца-нанаца хила еза юкъаметтигаш?
2. Повестехь гойту доьзал хьанах лаьтташ бу?
3. ХӀун гӀиллакхаш леладо бераша шайн гергарчу нахаца?
4. Муха гайтина повестехь хьаша-да ларар?
5. Хьешана хьалха хӀоттош болчу кхачанах хӀун дуьйцу дас шен кӀантана?
6. Муьлхачу масалшца билгалдоху дас ара-чохь лело деза гӀиллакхаш?
7. Махкана пайде хилар, халкъана шех зен цадалийтар мел мехала ду аьлла, дуьйцу дас?

### *Вайн мотт кхиабе вай*

Повесть юкъара схьаязъе диалектизмаш, архаизмаш. Уьш шайн белхан тетрадь тӀе дӀаязъе, маьӀна а деш.

### *Проект*

«Нохчийн доьзалан дахарехь ден хила еза меттиг» темина реферат язъе.

### *Текстана комментари*

Бексултанов Мусан «Дахаран хин генара бердаш» повесть нохчийн доьзалх язйина ю. Повестан сюжет шен дех болчу дагалецамех, цо динчу хьехарех лаьтташ ю. И повесть хӀора нохчичунна дахаран Ӏамат хила йогӀу, нохчалла бохург хӀун ду, дуьнен чохь сий долуш чекх муха вала веза, муьлхачу декхарщца ваха веза, хӀун Ӏалашонаш хӀитто еза шена хьалха: «И Хьенех дика къонах ву шуна, – олура цо тхоьга кхано. – Иза ларалаш, цу юьртахула шаьш нисделча, чухӀотталаш иза волчу: дика

къонаххий, дика динний баьлла меттиг лийрина шуна вайн дайша, – олий. – Ден цIе яьккхина ца Iаш, мехкан цIе а йолу шуна дика къонах кхиъча: Зумсойн Дуйн Iума, Эвтархойн Ахьмад, Харачойн Зеламха, Мартанхойн Исмайлин Дуда, Шелахойн ТIелхаг… И меттигаш лара а еза шуна, и къонахий дийна болуш санна. Нехан сий дар – шен сий дар ду шуна, нехан цIе ларар – гIиллакхан хьукма а долуш. И нах дийна а болуш, ша царна гуш санна ваха веза шуна къонах, дерриг а хIума цаьрца дуьстина, церан когийн лар а гуш. Яхь цигара схьа хила еза, цара дитинчу гIиллакхашкара. Шен махкахь бен къонах а ца кхуьу шуна».

Бераллехь дуьйна ден масалш тIехь, цуьнан хьехарш тIехь кхиъна волчу Бексултанов Мусан кхоллараллин турпалхой бу шатайпа, доьналлин амалшца къаьсташ болу нах. Церан Iалашо дуьнен чохь шен цIе йита езар ду, стаг ша велча а, дийна юьсу йолу цIе: «Неха-м дашо раьгIнаш хилахьара, къонах боху дош дуьсийла-кх сох даха».

Шайн белшаш тIехь дуьне латтийна болу къонахий биц ца болуьйту Мусас шен говзаршкахь. Церан турпалаллин васташ кхуллуш, церан доьналлин некъаш карладохуш, даим вайн эсехь баха буьсу уьш: ТоргIа, Iаьзим, Овтархин Юсуп, Керим, кхин дуккха а.

«Дахаран хин генара бердаш» повесть шен куц-кепаца а, чулацамца а вайн къоман амалехь, цуьнан эстетикехь язйина говзар ю. ДIаяханчу заманахь вайн халкъан йозанан литературин ламасташ кIезиг хилла, амма кхиъна хилла барта кхоллаpалла, шуьйра яьржина хилла иллийн, эшарийн, дийцарийн жанраш. Царна юкъахь шакъаьстина меттиг дIалоцуш ю вокккхачу стеган хьехаман жанр. И жанр шатайпанчу васташца, йозанан хотIаца денйо Бексултанов Мусас шен говзарехь. Шен къамелаш дас дIадоладо цхьацца дахарехь Iиттаделлачу гIуллакхийн, хиламийн маьIна деш, хьалха баьхначу нахана тIеIиттаелла киртигаш хьехош, царна оцу халчу хьолера довла карийна оьзда некъаш масална а далош.

Повесть мехала ю цу тIехь нохчийн доьзалехь хила еза юкъаметтигаш, бераш кхетош-кхиорехь ден-ненан, кхечу гергарчу наха дакъалацар къеггина гайтина хиларца, хIора доьзалхочо лардан деза дозанаш, цунна тIехь долу декхарш билгалдахарца.



**ЯРАЛИЕВ Сардал-Іелин Юсуп**

***(1955)***

## Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Нохчийчоьнан Веданан кІоштарчу Хорача эвларчу Яралиев Сардал-Іелин кІант Юсуп дуьнен чу ваьлла 1955-чу шеран 1 майхь Казахстанан Кзыл-Орда-гІалахь.

Кхоллараллин некъ дІаболийна Хорачарчу бархІшеран школехь дешархо волуш, йолхалгІачу классехь. Пхийттара ваьлчахьана зорбане вуьйлуш ву.

Веданара №1 йолу юккъера школа чекхъяьккхинчул тІаьхьа дешна Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан университетан филологин факультетехь (1973–1978 шш.). Цигахь доьшуш волуш Юсупа жигара дакъа лаьцна университетан юкъараллин балхахь: литературин суьйренашкахь, университетан нохчийн маттахь долу «Къоналла» пенагазетан редактор волуш а. 1975-чу шарахь, цо жигара дакъа а лоцуш, вовшахтоьхна «Пхьармат» цІе йолу нохчийн къоначу литераторийн цхьаьнакхетаралла.

Юсупа дуьххьарлерчу шен стихашца гайтина ша нохчийн поэзе шатайпана некъ лоьхуш веана хилар. И лехамаш кхиаме хуьлура къоначу поэтан. Цуьнан поэзин башхалла халкъан дахаре, къаьсттана юьртан дахаре иза тидамца хьоьжуш хиларца билгалйиийлина. Нохчийн Іер-дахаран културин билгалонашна шатайпана маьІнаш ло Юсупа шен стихотворенешкахь. Цигахь къеггина гучудолу нохчийн гІиллакх-оьздангаллин синмехаллаша

поэтан кхолларалла юзуш хилар. Лерамца, боккхачу къинхетамца хьоьжу иза баккхийчу нахе, церан дахарехь шатайпа исбаьхьалла а, кIорггера хьекъал а карош и тайпа стихотворенеш ю: «ГIиллакх», «Безам». Цуьнан поэзин коьртачех цхьаъ ю хьаналчу къинхьегаман тема. Масала, стихотворени «ЦIа вогIуш»:

Со кхана гIоттур ву мангална.
Лам хьакха гIур ву со малхбаса.
ДIагIур ву бацах, тхи диллинчу,
Аш векалвина шун илланча…

Юсупан къинхьегаман дахар дIадолийна 1976-чу шарахь нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин хьехархочун болх беш Соьлжа-ГIалин кIоштарчу Алда-Юьртан №39 йолчу школехь. Цул тIаьхьа Хорачара, ХIинжа-КIотарара, Элистанжара, Веданара школашкахь, республикин газеташкахь, «СтелаIад» журналехь, телевиденехь, культурин министерствехь белхаш бина.

Къоначу поэтийн конкурсашкахь дакъалаьцча, шолгIа меттиг а (1978), хьалхара меттиг а (1982) йоккхуш, республикин премин лауреат а хилла.

Литературоведо Гайтукаев Асламбека Header Ялиев Юсупах йолчу статьяхь яздина:

«XX бIешеран 70-гIа шераш чекхдовлучу муьрехь Ялиев Юсуп Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультет чекхйоккхуш вара, со цу хенахь оццу хьукматан математикин факультете деша веанера. Вовшашка дистхуьлуш тхо девзина ца хиллехь а, «Студентийн бIаьсте» олучу кхолларалин къийсамашкахь Юсупа бохучу толамийн тешаш а, цо цигахь говза йоьшучу байтийн ладогIархой а хуьлура математикаш долу тхо а. Оцу «бIаьстенашкахь» евзинера тхуна Ахмадов Мусан «Нохчийчоь», Бисултанов Аптин «Джоконда», Ялиев Юсупан «Кад» цIерш йолу башха байташ. И говзарш церан авторша боккхачу деган айамца, тIех говза, корматаллица йоьшура. Йоьшура, жимма хилла а, шен къоман дахарца, маттаца бала болчун даг чу ца йийша йиш йоцуш.

Университетерчу оцу цхьаьнакхетаршкахь, ткъа иштта «Орга» журналан, «Даймохк» (хьалха – «Ленинан некъ) газетан, иштта муьран кхечу изданийн агIонаш тIехь йовза йолаелла дешархошна дуьххьара Юсупан кхолларалла.

1989-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь араелира цуьнан «Шовданехь суьйре» байтийн гулар. Цундела, авторан кхоллараллех дош ала лиъча, Юсупан оцу (цхьаъ бен йоцчу) гуларна тIетовжа дезаш нисло».

«Сатийсамийн анайисташ» (1978), «Даймехкан мукъамаш» (1985), «Нохчийн поэзин антологи» (2004, 2011), «Туьйранаш» (2007), «Дашо латта» (2012) гуларийн авторех цхьаъ ву Юсуп. 1989-чу шарахь арахецна «Шовданехь суьйре» поэзин тептар.

Цхьайолчу байташ тIехь нохчийн композиторша даьхна гIарадевлла иллеш, эшарш: «Оршот-буьйса», «СтелаIад», «Дог ду холчахь», «ГIиллакх», «Дала ма лайла вай, кIентий!», «Бакъ ду хьуна…», «Хьоьга хьоьжуш», «Буйннал бен йоцу сан Нохчийчоь», «Собаре бIаьргаш».

Нохчийн маттах а, Нохчийчоьнан ширчу яртех а лаьцна Iилманан декъехь дуккха а публицистикин белхаш язбина Яралиев Юсупа.

Яздархойн а, журналистийн а Союзийн декъашхо ву.

Вехаш-Iаш ву Веданахь.

## Яралиев Юсупан поэзин башхалла

*Литературоведо Гайтукаев Асламбека «Деган тIорказахь гулбелла бахам» статьях яздо:*

«Яралиев Юсупан лирически турпалхо «ас-со» бохуш вац. Иза, шен мотт, мохк, цуьнан Iалам, адамаш дезаш, халкъан истори, Iадаташ, гIиллакхаш, ламасташ девзаш, къоман таханенах, кханенах доглозуш, халонех ца кхоьруш, онда амал йолу стаг ву. Буьрсачу дарцо ша бIарзвича, цо боху:

Зевнечу шен озехь
Луш суна гIора,

Сел холчухIоьттина
Со йохье вохуш,
Малх санна, цу дорцехь
Сан кхане гора.

Гонахарчу «исбаьхьа амал йолчу» Iаламна чу са диллина Юсупа. Цо дуьйцу харачойн «саоьзда чахчар-шовда ду шен сирла аз, амат долуш, историн абат ешна, нохчийн маттахь мохь бетташ»:

Яхь яйна ша хьийззал,
атта
кIелдиссал,
са доцуш дац и…

Лирически турпалхочунна «даим а лаьмнаша некъ хьехна». Оцу Iаламах, цуьнан седарчех, малхах, лаьттах масал эцаре, «яхьдуьйлуш» беркате, хьанал гIуллакхаш даре, кIайн хабарш Iаддитаре кхойкху цо. «Соьмо гIант нисдина, партбилет а кисанахь курхаллаш дечаьрга» поэто дIахьедо:

Лечкъийна хIун до вай,
Гуш ма ду кIайн хабарш.
Вай стенна хIиттор ю кеп?
Халкъана курхалла
Деш леллий пайхамарш?
Я эшний цхьа а билет?

Яралиевн «ХIетахь» байто говза а, башха а схьагойту, халкъан цхьа а бехк боцуш, аганахь долу бер а бехке деш, тIехIоьттина харцо. И бохам тIе ца беана нохчийн доьналла долу къонахий боцуш, цаьргахь яхьйоцуш, «халкъан бала кхочурш боцуш». 1944-чу шеран Iаьнан чиллахь тIееана, «бIаьрса гIорош» йолу ирча Iуьйре кечйинера къоман гIад кагдан, «гIиллакхаш юьхьIаьржахIитто»:

Нохчий иштта
арабаьхна,
весет доцуш, шерет доцуш,

ков-керт, даьхний
дIа а даьхна,
Бакъонаш дIаяьхна.

Ала догIу, оцу темина маьрша зорбанехь яздан бакъо яьлла хан яра иза. Юсупан «ХIетахь» стихотворени нохчийн школийн Iаматаш юкъа яха хьакъйолуш байт ю. Назманан кепехь а дIаала (дагардан) тарлора и могIанаш цунна охIла болчара. «Iаьнан шело, нехан шело, тIеман шело, къоман эшам» къоначу тIаьхьенашка бицбайта йиш цахилар гойту байтан могIанаша. «Шовданерчу суьйрено» тидам тIебохуьйтучу кхачамбацарийн, баланийн, хеттарийн тай вай лакхахь дагардинчаьрца хедаш дац. Дерриг а Делан йозанца делахь а, Сийлахьчо вайн аьтто бина дика а, вон а къасто. ЦIа догуш йогу цIе зен деш ю, яй кхехкош йогучо пайда бо. «Пхьеро бина цIена кад» санна лору авторо дахаран некъаш. Амма, чIагIдо Юсупа:

Хаьий ткъа кхиволчо цу чохь хIун лелор?
Цхьа ямарт, дIаьвше хьоькх цо пхьерах елор
Я дашо седарчий кеда чохь къегор…
Адамех доьзна ду дерриг а Iедал –
Кеда чу дахаран тIадамаш эгар.
Адамо диннарг хир ду цу кедан…

Ларамза дац, Яралиев Юсупан стихотворенеш иллийн мукъаме йирзина хилар. Уьш ю «Дала ма лайла вай, кIентий», «Мох хьоькху», «ГIиллакх», «Оршот-буьйса», «Ас сайн ойла…», кхийолу стихотворенеш а. Оцу могIанаша гучудоху лирически турпалхочун гIиллакхаш, амал, эс, оьзда-сирла лаамаш, гергарлонийн уьйр-марзонаш, безам, сатийсамаш, синхьийзамаш, «лаьмнийн поэзи айа лаам»... Мохк, къаьмнашлахь цуьнан сий, иза лакхарчу тIегIане доккхур долу некъаш, Даймехкан «кхерчахь хьоькху сиркхонийн мох», мехкан некъах «хьерча осала некъаш» – дерригенах доглазар, дерригенна орцахвала ша хьакъхетар ду цаьрца.

МаьIне, хьекъал долуш, дог ойуш ду цуьнан башха могIанаш:

Догуш дац, дIадовш дац гIиллакх,
Йогучу цIерга и тилларх,
Шеллуш а дац оьзда гIиллакх,
Шийлачу шелонга дилларх…
– ГIиллакх, кIант, кхоьллина наха.
И гIиллакх, хьо дукхавахарг,
Кхоьллина лелочун дуьхьа,
Сий дайта лелочун юьхьан.

Авторна вуно дика девза вайн дахаран бакъдерг, диканаш-вонаш, беркате а, беркате хила йиш йоцу а хийцамаш, вай нис ца делча, вайх хила тарлург. Уьш бахьанехь илланчин дог лозу, и лазам шен турпалхочуьнгахула цо дешархочуьнга говза дIакхачабо исбаьхьаллин басаршца:

Гергарло латто цIе йов,
Вовшашна вай тIеттIакхачо
Некъ сецча, тIечIаьгIча ков,
Товханна тосуьйтуш маша.

Алахь а, «чугIур ду вай»,
Лулахо, хьуний а дайна,
Дог хилча рицкъанан лай,
Чу-кере ца оьшу вайна.

Кхерчара цIе хIунда яй?
Дог гIерта дог долчу кхача!
Рицкъанаш-м долуш ду вайн,
Къийбелла-кх ден дайн синкхача.

Яралиев Юсупан лирически турпалхочун (коьртачу декъана, иза ша автор хиларх теша вай) деган тIорказахь, вайна ма-гарра, кIезиг дац гулделларг. Лаьмнийн кIентан дуккха а ду доглезнарг, иза бала кхочург винарг. Вай тешна ду, поэт, гочдархо, говза хьехархо, меттан говзанча а волчу Яралиев Юсупан байтех марзо

эцнарг соввер ву шен мотт, мохк, цуьнан лазамаш, сатийсамаш, дахаран Іилма-зеделларг довзарехь, тІаьхьешна иза дІадала а хьашт хиларехь».

## «ГІИЛЛАКХ» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин башхалла а

«ГІиллакх» стихотворени цкъа юьртахь шена евзинчу йоккхачу стаге вистхиларан кепехь язйина ю поэто. Стихотворенин юьхьера дуьйна схьа вайна хаало авторо шен говзарна «ГІиллакх» цІе нийса тиллина хилар, хІунда аьлча поэт йоккхачу стаге могуш-паргІат хаттарца дІаволало шен ойланаш ян. Поэто хьалхарчу строфахь дуьйцу, йоккхачу стага цкъа мацах аьлла долу дешнаш шена хІинца, хан яьлча, карийна хилар, цо хІетахь бинчу хьехаман бакъдолчу маьІнина ша хІинца тІаьхьакхиъна хилар.

Стихотворенин шолгІачу строфахь авторо халахетарца билгалдоккху хІуманан нийса мах шен хеннахь хадо дукхахьолахь кайолуш цахилар, ткъа кхоалгІачу строфахь чІагІдо йоккха стаг бакълийна хилар, иза шен дахаран некъо бакъдина, боху лирически турпалхочо. Цунна сел дагахь дисна дешнаш хІорш ду:

Догуш дац, дІадовш дац гІиллакх,<br>
Йогучу цІерга и тилларх.<br>
Шеллуш а дац оьзда гІиллакх,<br>
Шийлачу шелонга диллархъ.

Стихотворенин кхоалгІачу строфахь авторо юха а могуш-паргІат хотту дешнаш даладо, тІаккха къамел чекхдоккху йоккхачу стеган дешнашца:

– ГІиллакх, кІант, кхоьллина наха.<br>
И гІиллакх, хьо дукхавахарг,<br>
Кхоьллина лелочун дуьхьа,<br>
Сий дайта лелочун юьхьан.

Сихотворенин тІаьххьарчу шина могІанца къоман гІиллакхан маьІна шатайпанчу дешнашца досту йоккхачу стага. Шена тІе

тидам бохуьйтуш, къьсттана мехалла ду авторо жимчохь дечу хьехарийн ойла ян а, цуьнан маьIна дан а я хан а, я хьекъал а кегийчеран кхочушцахилар билгалдаккхар. Ткъа и хьехар оьшуш хилар тIечIагIдо лирически турпалхочо шех дахарехь Iоттаделла масал а далош.

Яралиев Юсупан «ГIиллакх» стихотворени кхаа гIулчан дактилан барамехь язйина ю, хIора могIанан чаккхенехь цхьацца дешдакъа а эшош. Стихотворенин строфа ялх могIанех лаьтташ ю. Юх-юххера могIанаш вовшашцца рифма еш ду: хьалхарниг – шозлагIчуьнца, кхоалгIаниг – боьалгIачуьнца, пхоьалгIаниг – йолхалгIачуьнца. Иза чIагаре, зударийн рифма ю. Стихотворенин шатайпаналлех аьлча, иза билгалйолу авторо риторикин хаттарех, тIедерзарх пайда оьцуш хиларца. Ша стихотворени исбаьхьаллин басарш дукха доцуш, дечу къамелан кепехь язйина ю. Амма поэто говзачу маттаца дуьйцучу мехалчу, хIора стагана хаа дезачу гIиллакхо базбо цуьнан мах. Иза бахьанехь стихотворени гергара а, дагах кхеташ а ю хIора а нохчичунна.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Стенах лаьцна дуьйцу стихотворенехь?

2. ХIун бахьана ду авторо йоккха стаг дагалаца?

3. Йоккхачу стеган хьехам маьIне хилар маца гучудолу лирически турпалхочунна?

4. Шен хеннахь хIуманан мах хадо стенна ца хаьа стагана? Стихотворенехь схьа а карадай, дIадеша цу хаттарна жоп луш долу могIанаш.

5. Дагахь Iамае стихотворени.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалдаха стихотворенехь тIедерзаро а, риторикин хаттарша а леладо исбаьхьаллин маьIна.

2. МогIанийн исбаьхьаллин маьIна даста:

> ...Йоккха стаг, ахь аьлла дешнаш
> Ас хенан тептар тIехь дешна...

3. Стихотворенин куц-кепан шатайпаналлех дийца.

4. Муьлхачу стиххIотторан барамехь язйина говзар?

5. Билгалъяккха рифма яран кеп.

***ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай***

1. Муьлха мехаллаш билгалйоху поэто нохчийн гIиллакх-оьздангаллин?
2. Баккхий нах ларар, цаьрга ладогIар мел оьшу кегийрхошна?
3. Дахарера масалш а далош, дийца цу гIиллакххех лаций.

## «ЛУЛАХОЧУЬНГА» стихотворенин чулацам а, исбаьхьалла а

«Лулахочуьнга» стихотворенехь авторо дуьйцу дайшкара дуьйна схьадогIу цхьадолу гIиллакхаш карарчу хенахь гIелделла хилар. Царах цхьанна тIе тидам бохуьйту поэто: нах, лулахой вовшашца тIекеребовларна, чу-кере латтаярна. Шен стихотворенин хьалхарчу байтехь авторо билгалдоккху адамийн хьал-де дуьненан хIуманца дикчу агIор хийцаделла хилар:

Лулахо, ладогIал цкъа,
Цхьа а вац хIинца къен-миска.
Цхьа а вац шех хета къа.
Цхьадика, шу а бац къийса.

Байтан тIаьххьарчу могIанца авторо дагайоуьйту цкъа цхьана хенахь вайн халкъан лаьттаца хилла къоьлла. Латта къен долчу хенахь нислуш хилла дIаяханчу заманахь шунаш къийсар. ХIинца лаьттан къоьлла а дIаяьлла, «цхьадика, шу а бац къийса».

Стихотворенин шозлагIчу строфахь поэто хаттарш хIиттадо, таханлерчу дийнахь адам синтеме цахиларан бахьана лоьхуш. Кхерчахь латийна цIе а, товхахь еттина сискал а хиларх ца тоьу, боху поэто, нагахь тIевогIуш хьаша-да вацахь. Хьаша-да тIеэцаро дохдо адаман дог. Цундела шелъялийта мегар дац «хьаша-да лаьттина товха». Гергарло латтош йолу цIе йов, нагахь хьаша валош богIу некъ сацош, тIечIаьгIнехь ков, чIагIдо авторо стихотворенин кхоалгIачу строфахь. Ткъа товхан тIе маша тасар хIусам дIатесна, шийла, яьсса хиларан билгало ю. Товхан тIе маша тосу, хIусамдас дайн Iадаташ диццича.

Стихотворенин йоьалгIачу строфахь авторо билгалдоккху гIиллакхаш, дукххачу а наха, даггара доцуш, цIерхазмана, лелош хилар. Цуьнан бахьана иштта го поэтана:

Дог хилча рицкъанан лай,
Чу-кере ца оьшу вайна.

Стихотворени ерзош поэто юха а хаттар до: кхерчара цIе хIунда яй? Цунна жоп луш, Ябралиев Юсупа билгалйоккху вайн заманан коьрта цамгар:

Рицкъанаш-м долуш ду вайн,
Къийбелла-кх ден дайн синкхача.

«Лулахочуьнга» стихотворени язйина кхаа гIулчан дактилан барамехь. Стихотворенин формин шатайпаналла ю цуьнан хьалхарий, кхоалгIий могIанаш вукху шиннал цхьа дешдакъа кIезиг хилар:

Лулахо, ладогIал цкъа,
Цхьа а вац хIинца къен миска,
Цхьа а вац шех хета къа.
Цхьадика, шу а бац къийса.

Поэто пайда оьцу жIарийн рифма яран кепах. Стихотворени лулахочуьнга вистхиларан кепехь язйина ю: «Лулахо, ладогIал цкъа…». Иштта стихотворенехь поэто пайда оьцу риторикин хаттарех.

Стихотворенехь дуккха а ду халкъан Iер-дахар билгалдоккхуш долу, амма тIаьхьарчу хенахь кIезиг пайда оьцуш долу дешнаш: кхерч, сискал, юкъ, товха, маша.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Стенах лаьцна ю стихотворени?
2. Муьлхачу гIиллакхашна тIе тидам бохуьйту поэто?
3. Адамийн юкъаметтигаш шелъяларан муьлха бахьанаш билгалдоху поэто?
4. Дийца хьалха чIогIа а лелийна, хIинца гIелделлачу гIиллакхех.
5. Стихотворени дагахь Iамае.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалъяккха стихотворенин куц-кепан шатайпаналла.
2. ХIун маьIна леладо автоpo пайда оьцучу хаттарийн аламаша?
3. Муьлхачу барамехь язйина стихотворени?
4. Билгалъяха стихотворенехь йолу рифманаш, церан башхаллаш.
5. Билгалдаккха байтан исбаьхьаллин маьIна:

Кхерчара цIе хIунда яй?
Дог гIерта дог долчу кхача!
Рицкъанаш-м долуш ду вайн.
Къийбелла-кх ден дайн синкхача.

***Проект***

«Хьаша-да тIеэцаран гIиллакх» темина реферат язъе.



**АХМАДОВ Мохьмадан Муса**

***(1956)***

ДІадахначу бІешеран 70-чу шерашкахь нохчийн литературина юкъабаьхкинчу яздархойх цхьаъ ву Ахмадов Муса. Ткъе итт сов шо ду цо эвсараллица прозехь, поэзехь, драматургехь болх бо. Цул сов, цо дуккха а литературин-критически белхаш язбина. Дешархошна лерина Іаматаш а язйина.

Яздархочун дуьххьарлера книга араяьлла 1983-чу шарахь («Десачу цІа чохь буьйса»). Цу юкъа даханчу дийцарша а, «Воккха стаг» повесто а довзийтира волалучу яздархочун дуьнене хьежар, тІетовжамаш, билгалдаьккхира кхолларалллин хатІ.

Ахмадов Мусан цхьа керла тІегІа хилла дІахІоьттира 1986-чу шарахь араяьлла «Сатоссуш, седарчий довш» книга. Нохчийн литературина керла яра «Сатоссуш, седарчий довш» роман. Нагахь санна цу хенахьлерчу кхечу яздархойн вайзаманхойн дахарх йолу проза дукхахьолахь идеологин лехамашка хьаьжжина елахь, Мусан романехь турпалхойх дийцар даим а сийлахь йолчу мехаллех дара. ХІора стаг, тІечІагІдора яздархочо, ваха волало адамийн декхарийн беза мохь а оьций; цхьаболчара и дІакхоьхьу, мел хала делахь а, кхечара дІатосу, шайна атта бахархьама... Романехь коьрта ойла «халкъан ойла» ю. Шен романехь и ойла ма-ярра йовзийтира яздархочо: халкъан, мехкан хиндерг доьзна ду ша хьанах схьаваьлла, мила ву, шен дахарехь хІун декхар ду хууш волчух.

1989-чу шарахь араелира яздархочун «МаьркІажехь дитташ» роман. Советски системин маьркІаже ю цу тІехь гойтуш, сатирин

а, гротескан а гIирсех пайда а оьцуш. 2004-чу шарахь «Орга» журналан агIонаш тIехь араелира авторан кхоалгIа роман – «Буьйсане доьдура де». ГIиллакх-оьздангаллин проблемаш ястар го вайна цуьнан тIаьххьарчу романехь. Иза нохчийн гIиллакхаш гIелдаларан бахьанаш гойтуш, синкарзахаллица язйина произведени ю. Шатайпа язйина а, дахаран чолхе проблемаш хIиттош а ю Мусан повесташ: «Стагана анайист оьшу», «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош», «Зингатийн барз ма бохабелахь», «Иштта, дIавоьдуш, цу некъах ца туьлуш, чекхвала», «Мангалхой», «Сирлачу хийистехь акха кхор», кхиерш а.

Алссам болх бина яздархочо драматургехь. Тайп-тайпанчу жанрийн ткъех сов пьесин автор а ву иза. Прозехь санна, драматургехь а вайн халкъан дахаран тайп-тайпанчу хиламашна шен тидам тIебохуьйту Мусас. Масала, «Алдара Ушурма» трагедехь цо кхуллу XVIII бIешарахь хиллачу халкъан гIаттамах, «Берзалой» драмехь – 1944-чу шарахь нохчий махкахбаьхначул тIаьхьа хиллачух, ткъа «Барзнакъин Борззий, кхибершший», «Ша тIехь йина гIала» а хIокху тIаьххьарчу итт-пхийтта шарахьлерчу гIуллакхех дуьйцуш ю…

*(Лахарчу классашкахь шаьш Iамийна йолу Ахмадов Мусан юьззина биографи карлаяккха).*

### ***Шуна, хIума хаа, довза лууриш***

Дукхахболчу дешархошна Ахмадов Мусан кхолларалла евзаш ю цуьнан прозица, поэзица, амма цаьрца цхьаьна цо дукха беркате къахьегна драматургехь а. Вайн къоман театран искусство евзачу хьовсархошна гина Мусан пьесашна тIехь хIиттийна спектаклаш, ткъа берашна лерина йолу пьесаш тайнигийн театран репертуарехь лаьттира дуккха а шерашкахь. Цуьнан сценари тIехь яьккхина дуьххьарлера нохчийн мультфильм. Цо язйина берашна а, баккхийчарна а лерина ткъе итт сов пьеса, киносценари. Уьш зорбанехь араевлла нохчийн, оьрсийн, французийн меттанашкахь. Тайп-тайпанчу шерашкахь Ахмадов Мусан пьесаш хIиттийна нохчийн пачхьалкхан, гIалгIайн пачхьалкхан, лезгинийн пачхьалкхан театрашкахь. 2002-чу шарахь «Берзалой» пьеса

французийн матте а яьккхина, Парижехь ша къаьсттана книга санна, арахецна. Иза цигахь 2006-чу шарахь хIотта а йина, гайтина. «Лаьмнел лекха» пьеса хIоттийна Нохчийн Пачхьалкхан театро, цуьнан премьера хилира нохчийн меттан дезчу дийнахь – 2017-чу шеран 25 апрелехь. Оцу шарахь иза гайтина Москвахь Россин Академически кегийрхойн театран сцени тIехь.

2017-чу шеран ноябрехь Владикавказехь дIаяьхьначу 8-чу дуьненаюкъарчу къаьмнийн театрийн фестивалехь «Лаьмнел лекха» пьеси тIехь хIоттийнчу спектакло шина номинацехь толам баьккхира, иза фестивалехь гайтинчу белхех тоьлларг лоруш.

1993-чу шарахь режиссера Гузуев Хьусайна Ахмадов Мусан драматургехь бинчу белхан мах хадош, яздора: «Дуккха а шерашкахь шен Iалашонех ца вухуш схьаван, къаьсттана вайн заманахь, алссам собар а, доьналла а оьшу, хIунда аьлча хийла бахьана хIутту стеган некъ лоций, иза юьстахтоттуш, шен ойланах къастош, некъах вохош… Амма цхьана а новкъарлоно юхавоккхур вац шен Iалашонах цхьа а, нагахь санна и новкъаваьккхина дог-ойла иза дуьнен чу волуш Дала цунах йоьзна елахь. ТIаккха иза стеган кхоллам хуьлу, цуьнан дахаран некъ хуьлий дIахIутту. Ишттачарех ву, аьлла хета суна, вайна массарна а вевзаш волу яздархо, драматург Ахмадов Муса. Цуьнан кхолларалин лехамаш-некъаш, повесть и елахь а, роман и елахь а, цхьана я шина декъехь пьеса и елахь а, – дерриг а цхьана ирхене хьажийна ду – стеган син локхалле. Амма цо кхуллучу вастийн шера а, атта а ца хуьлу оцу некъан болар. ХIораннан я къаста, я охьадилла дезаш хуьлу шена цамоьттинарг, шена уггар тешаме хетарг, уггар хьоме хилларг. Цхьаболчеран иза дахар хуьлу, вукхеран – безам, кхоалгIачеран – дегIан паргIато…»

## Драматургех кхетамбалар

Литература кхаа тайпане екъалуш ю: поэзи, проза, драматурги. Драматургин говзарш масех жанрашка екъало: трагеди, комеди, драма, трагикомеди.

*Пьеса* – драматурго язйина литературин говзаран кеп ю, турпалхоша вовшашца дечу къамелех, авторан хаамех (ремаркех) лаьтташ. Пьеса театрехь хIотто а я дуьххьалдIа еша а лерина хуьлу.

Шен бараме хьажжина, драматургин говзар цхьана декъах (актах), шина декъах, масех декъах лаьтташ хуьлу. Драматургин говзар тайп-тайпана хьежамаш болчу турпалхойн къовсам тIехь хIоттайо. И къовсам марсабалар, лакхарчу тIегIане кхачар, цхьаннан толамца я кхечун эшамца берзар дIадоьду сюжет кхиарца цхьаьна. Драмин коьрта башхаллаш ю персонажийн амалш драматически къовсамехь гайтинчу церан гIуллакхашкахула, къамелашкахула, ойланашкахула билгалйовлуш хилар.

Нохчийн литературехь драматургин жанр кхиа йолало XX бIешеран 20-чу шерашкахь. Цу хенахь Шерипов Денилбека язйо «Iаьлбиг-хьаьжа» пьеса, Яндаров Мохьмада «Макажойн имам», Бадуев СаьIида Эльдарханов Iийсаца цхьаьна язйо «Дайн Iедал» драма. Нохчийн драматургин бухбиллархо лара хьакъ ву Бадуев СаьIид. 1930-чу шерашкахь цуьнан пьесаш тIехь лаьтташ яра нохчийн театран ерриг а репертуар. Цу хенахь цо язйо пьесаш: «ПетIамат», «Большевикаллица ялта дерехьа», «ЦаIебина зуда ялор», «ЦIен гIап» кхиерш. Цул тIаьхьа нохчийн драматурги кхиош къахьийгира Ошаев Халида, Хамидов Iабдул-Хьамида, Мусаев Мохьмада, Гайсултанов Iумара, Гацаев СаьIида, кхечара а.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. ХIунда тиллина авторо шен драмина «Лаьмнел а лекха» цIе?
2. Муьлш бу пьесин коьрта турпалхой?
3. Мила ву Байбетар а, Элси а?
4. ХIун хазахетар эцна воьду Элси хийисте?
5. ХIун Iалашо йолуш дуьйцу ГIойсума нохчийн къоман шира дийцар?
6. ХIун къовсам бу Нажина а, Къайсарна а юкъахь?
7. Мехк-Кхело шен сацам хийцаран хIун бахьана ду?
8. ХIун ирча кхаъ кхочу ловзарна кечйинчу ГIойсуман керта?
9. Муха тIсоьцу ГIойсума шен кIант вер?
10. Муха вистхуьлу ГIойсум дехарца шен керта баьхкинчу нахе?
11. ГIойсуман вастан коьрта амалш билгалъяха.
12. ХIун кхоллам нисло ГIойсуман кIант вийначул тIаьхьа Элсин а, Аматин а?
13. ХIун некъ дIакхоьхьуш ву Аматин кIант Улби?

14. ХІун дехар до Улбис ша йийсаре лаьцначу полколаге?

15. Мила волу Улбина орцах?

16. Муха хуьлу Улбин кІелхьарвалар?

17. Дагахь Іамас пьеси юкъара шайна хазахста монолог.

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Билгалъяха «Лаьмнел лекха» пьесехь нохчийн фольклорца йолу зІенаш.

2. Муха пайда эцна авторо нохчийн ширчу дийцарех, легендех?

3. Билгалъяха нохчийн эпически иллешца а, мехкарийн эшаршца а йолу зІенаш.

4. Пьесехь яздархочо пайда эцна исбаьхьаллин гІирсаш, масалш далош, билгалбаха.

5. ХІун маьІна леладо пьесехь ялийнчу монологаша, кицанаша турпалхойн васташ достуш?

### *ГІиллакх-оьздангаллех дийца вай*

1. Муьлхачу нохчийн гІиллакхашна тІе тидам бохуьйту авторо пьесехь?

2. Муха гайтина драмехь нохчийн ламасташ: хийистехь захало дийцар, зуда ялор, ловзар?

3. ХІун маьІна лелош хилла нохчийн дахарехь чІиро а, чІир йитаран гІиллакхо а?

4. Муха гайтина кегийрхойн баккхийчаьрца йолу юкъаметтигаш?

5. ХІун хийцамаш го шуна, и юкъаметтигаш таханлерчу заманца юьстича? Масалш а далош, дийца.

6. Муха гучуйовлу турпалхойн амалшкахь къоман синмехаллаш: къинхетам, собар, къонахалла?

### *Ешначух ойла е вай*

1. Пьесехь далийна нохчийн шира Іадат довзуьйтуш долу сурт. Цигахь синъоьздангалла гайтинчу ГІовдин мах муха хадор бара аша?

2. ХІун ду ГІойсумна, ша юьртахошна делла дош ца дохош, чекхвала, ницкъ белларг?

3. Шуна хетарехь, яздархочо хІун Іалашо хІоттийна и пьеса язъеш?

### *Текстана комментари*

Ахмадов Мусас «Лаьмнел лекха» шен драмехь къоман дуьнене болу хьежам дукха къегина гайтина хиларна, иза нохчийн оьздангалла, гІиллакхаш довза луучарна доккха совгІат ду.

Пьесехь хIора дош а мехала ду, драматурго югIучу оьздангаллин бIаьвнан тIулг бу иза, цо шен кхетамца, сица шар а бина. Цу тIехь цунна гIо до халкъан барта кхоллараллo, оьздангаллин а, цIеначу гIиллакхийн а масал долчу. Пьесин чулацам нохчийн барта кхоллараллица буьйцина бу: бIахойн гуламе тIаьхьависначу жимчу стагах, шен кIант вийнарг витинчу дех, шех жа тешийнчу барзах долчу дийцарех а, иштта кицанех, аламех, халкъан, авторан шен метафорех, дустарех а.

Драмин тайп-тайпана суьрташкахь халкъан дуьнене хьежаман а, гIиллакхийн а агIонаш евза ешархошна. Цара массара а цхьаьна нохчийн къоман дахаран чолхе сурт кхуллу: ширчу заманахь орцане кхайкхаран гIиллакх, Мехк-Кхелан хьекъал, ловзар, чIирхо витар, вовшийн дезачу йоьIан-кIентан – Элсин, Аматин – оьздачу юкъаметтигийн хазалла, дуьненан тайп-тайпана киртигаш тIеIиттаелча гучуйолу дешан мехалалла – йоIа кIантана дош далар, ша цуьнга маре ян реза ю аьлла; шен ден дош ца дохо, йоIа беш болу харжам; обаргаллин кхераме некъ бита Улбис шен нанна дош далар; иштта тангIалкха тIе юхаван полколагна делла дош Улбис лардар.

«Собар», «сихалла» синмехаллаша нохчийн къоман кхетамехь хIун меттиг дIалоцу, бIаьрла гойту авторо шен пьесехь. Сихалло оьздачу аьчкан пхьерах Элсих чIирхо во, цу сихалло бехке воцчу Тойсуман дахар хададо, Амате а, воккхачу стаге ГIойсуме а лан ца баллал боккха бала кхочу. Элси, ша хила тарлучу ирсах хедаш, дакъазаволу.

Хьалхарчу дийцарера бIахойн гуламе тIаьхьависначу ГIовдас, шен хьагI а, оьгIазалла а эшор бахьана долуш, цуьнан езачу йоьIан тIехьийза кIант Iожаллех хьалхавоккху. Ийман, собар шегахь хиларна, Делан кхелана реза а хилла, йоккха адамалла гойтуш, шен кIант вийначунна гечдан ницкъ кхочу ГIойсуман. КIант вийначу драмин турпалхочун даг чуьра къийсам, цуьнгара бала, Дела реза волу некъ лахар къеггина гучудолу ГIойсуман къамелехь-доIанехь.

Шатайпанчу маьIнехь ека Элсис пхьалгIах нуьйжан тIе етта варзап – иза ГIойсуман оьздангалла, ийман чIогIа хилар зер ду. Ткъа Элсина варзапан татано ша дина зулам диц ца долуьйту, деган чевнаш Iийжайо.

Ийман, тешам, собар, дош лардар, къинхьегам, нана къинтIераяккхар, къинхетам, уьйраш, иштта дахаран кхиболу сийлахь кхетамаш бовзуьйту драмехь. ХIора а васт къоман амал гойтуш ду. Ала деза, и оьздангаллин мехаллаш массо а къоман юкъара лара мегар долуш ю, амма пьесехь

гойтучу нохчийн дахаран башхаллаша дуьйцург билггал вайн къам хиларна тIеюьгу ойла.

Массо а къаьмнийн культурашкахь, царна юкъахь яккхий башхаллаш елахь а, цхьацца юкъара билгалонаш хаало. Уьш, дукхахьолахь, къинхетамца йоьзна ю. Адамо шена тIехь дуккха а болх, нийса харжам а бан беза, синлокхалле кхачархьама.

Ломан шовдан юххехь йоьIан, кIентан безам кхоллало, цуьнан цIенчу хи чохь юьлу ша дуьххьара йина шаьлта аьчк-пхьеро. ТIаьхьа цу шовдан йисте йогIу, тIехьийзачу кIанта ойла а ца еш динчу зуламо ирс дайъина йолу йоI. ДIадахнарг а, долуш дерг а цхьаьнадузуш, тIаьхьенна хилларг довзийта хиндолче доьдуш ду хи. Лаьтта тIехь хуьлучун леррина тидам а беш, хьийзаш малх бу. ТIулган бIаьвнаш тIера шира хьаьркаш а, къанойн гIовталш тIера билгалонаш а ширчу заманан дийцаршна а, тах括налерчу дахарна а юккъе доза тухуш ду, кху дуьнен тIехь массо а хIума вовшашца зIе йолуш, цхьа а хIума эрна доцуш хиларна тоьшалла деш.

Кхаа дийцарх лаьтташ бу чулацам, фабула башха елахь а, къоман оьзданаллин юкъара тема йолуш. Безаман дуьхьа Iожалла харжарх ду цхьаъ – бIахойн гуламс тIаьхьа а висна, къаноша вен кхел йинчу (бердах чукхосса везаш ву иза) жимчу стагах ду хьалхарниг. ШолгIачу дийцаран коьрта маьIна ду къонахчо муьлххачу а хьолехь шен дош лардан дезаш хилар. Къона обарг ву Iедало таIзар дан кечвина – иза Обарг Варин некъ хаьржина Улби ву. ГIизларан банкана динчу тIелатарехь лоцу иза. Зуламхо хьалауллур ву олий, шен кхел а кхайкхайой, цунна тIаьххьара дош ала бакъо ло оьрсийн гIопан полковнико. Ша юхавогIур ву олий, дош а лой, цхьана денна мукъавитар доьху Улбис. Полковник реза хуьлу, нагахь цуьнан метта (Улби ша билгалйинчу хенахь юха ца вагIахь, иза хьалауллур волуш), цунна тешамна хIотта стаг валахь. ХIунда лаьа жимчу стагана цхьана денна цIа ваха? Шен нана йолчу воьду иза, нана къинтIераяккха, обаргалла кхин ца лело цунна дош дала. Жима стаг цIавахаран бахьана шена хиъча, къинхстамах дузу полковникан дог: Улби мукъавуьту цо.

Шина а дийцарехь, яхьйолу къонахий орцах а бовлий, Iожаллех хьалхаволу турпалхо. Гуламе тIаьхьависна волу бIахо хьалхарчу дийнахь зуда ялийна ву, амма, яхь дIа ца луш, таIзар тIелаца кийча ву иза. Шен лаамехь Iожалла хоржуш къастам бина волчу шолгIачу бIахочо кIелхьарвоккху иза. Ша тIехьийзаш хиллачу йоьIан ирс бахьана долуш, хала харжам

а бой, иза маре йигначунна гечдой, цуьнан кхаж шена тӀелоцу цо. Иза бахьана долуш шира, къиза Ӏадат дӀадоккху къаноша.

Обаргах долчу дийцарехь вевзаш воцчу стага гӀо до турпалхочунна, цо дош а ца лардина, иза юха ца вагӀахь, цунна метта тангӀалкха тӀе вала кийча ву ша олий. Ша къона волуш стаг верна дохковаьлла, цу бехко кӀелвитина, Ӏожалла лоьхуш лелаш ву иза. Шен зуламашна даггара дохковаьлла, жима стаг Ӏожаллех хьалхаваккхар шен декхар лору цо. Обарг Улби а, воккха стаг а дӀахоьцу полковнико. Цул тӀаьхьа цуьшиннан дахаран некъаш цхьаьнакхета. Тесна лаьттачу пхьалгӀи чу вогӀу и шиъ, цу чохь юха а цӀе лета, варзап болх бан йолало, бӀешерийн ламасташ денло.

**ГӀойсуман васт.** Кхаа декъехь лаьттачу оцу пьесин коьрта турпалхо лара хьакъ ву воккха стаг ГӀойсум. ГӀойсум, даггара Делах тешаш, Далла Ӏамал еш, бусалба стаг ву. Цуьнан дуьнене хьежаран кӀоргенехь Ислам дин ду. Цуьнца цхьаьна ГӀойсумна девза шен халкъан дӀадахнарг, цуьнан шира гӀиллакхаш. Цкъа цхьана хенахь къоман хиллачу дахарера таханенна пайдениг, сирланиг шегахь Ӏалашдеш ву иза. Иштта ду цо дуьйцуш долу, тахана а кегийрхоша масал эца йиш йолу цкъа мацах хилла бохуш халкъан эсехь диснарг. Цхьана нохчийн жимчу стеган къонахаллех, оьздангаллех долу дийцар далош дӀайолайо и говзар. ТӀаккха ГӀойсумна шена тӀехӀутту лан хала киртиг. Нагахь ширчу заманахьлера турпалхо шена езначу йоьӀан, цо къастийнчу кӀентан ирс, шена Ӏожалла тӀеэцна а, лардан кийча хиллехь а, ГӀойсуман заманахь вехачу жимчу стеган ницкъ ца кхочу шен оьгӀазалла яйа. Ша тӀехьийза йоӀ ГӀойсуман кӀанте луш ю аьлла болу хаам ца лалуш, и лан хьекъал, стогалла ца тоьуш, цо воь зуда ялийна чуверза кечвелларг. И хала киртиг тӀехӀоьттича, гучуйолу ГӀойсуман бакъйолу амал. Бекхаме кхойкхуш долу шен дог саца а дой, Сийлахь-Веза волчу АллахӀан дуьхьа, цо чӀирах хьалхавуьту шен кӀант вийнарг. Бекхамал деза ду цунна Дала эхартахь дийр ду аьлла совгӀат. Цо кьона аьчк-пхьар хьалхавуьту, пхьалгӀи чохь къахьегар цунна тӀе а дуьллуш, цуьнца цхьаьна цо пхьерана доьхку герзаш дар. Герзаш дар дехкарца цхьаьна ГӀойсума гойту шайн юьртахь кхин зуламаш ца хилийта болу боккха лаам. Хьанал къа а хьоьгуш, хьайна тӀера бехк байбе, боху цо зуламхочуьнга. Элсис пхьалгӀахь етта варзап масазза

хеза, карзахдолу ГӀойсуман дог. Амма шайтӀано дагатуьйсу бекхаман ойланаш улле ца юьтуш, иза хьанал вуьсу ша делчу дашна, шен цӀенчу нигатна. Иза бӀаьрла гуш ду ГӀойсума ша-шеца дечу къамелехь: «Юха а етта жӀов. Буьйсана пхьалгӀи чохь сецча а, набаран тар тесча а, ца сецца даг чу етта жӀов. Лан хала ю иза. Лан хала ю хенакӀуьран зӀок а, хаддаза хьан коьрта чу етталуш хилча. Саца, дог, соьга сайн нигат дохадайта гӀерта хьо? Ма карзахдели хьо, караӀамоза айгӀар санна. Ца сацахь, аса саца-м дийр ду хьо, айгӀарна санна, бага дуьрста а тесна. «Къонах, собар кхачийча а, собар карош хила веза», – олура дас. Диканиг дан-м хала дац, олура цо, и дика доха а ца деш, чекхвала ду хала. Везан Дела, лолахь суна ницкъ а, собар а, сайн нигатна хьанал а вуьсуш, Хьайна дуьхьал ван!»

**Элсин васт.** Элси нохчийн гӀиллакх-оьздангаллин гурашкахь хьалакхиъна жима стаг ву. Иза аьчк-пхьеран говзалла Ӏамо воьду юьртарчу пхьалгӀа. Боккха лерам бу цуьнан ша Ӏамочу пхьераца Байбетарца. Цо деллачу хаарех пайда а оьцуш, дуьххьара ша болх кхочушбо цо шаьлта ярца. Воккхачу пхьеро хастабо цуьнан болх: «Хьо бакъволу пхьар хилла», – олуш. Шаьлта йина ваьлча, шен хазахетар шена езачу йоӀаца Аматица декъа воьду Элси шовдан йисте. Аматис доггах доькъу цуьнца хазахетар. Циггахь кӀантана дош ло цо, ша цуьнга ян реза ю олий. Амма шаьлтано ирсе ца во Элси.

Оцу шаьлтанца зулам до цо, ГӀойсуман кӀант Тойсум вуьйш. Оцу хиламо гойту, Элси шен лааман лай хилар, шена тӀехӀоьттина муьлхха а киртиг лан цуьнан собар цахилар (езаш йолу йоӀ кхечуьнга маре ялар). Боккха мах бала дезна Элсин собар цахилар бахьана долуш. И мах Элсин дерриг дахар ду. ХӀетахь дуьйна, цхьана а дийнахь шегара даьлларг диццдан ницкъ а, шена хӀусам кхоьллина охьахаа синтем а боцуш, декъаза дуьне даа деза цуьнан. Дикка хан яьлча, пхьалгӀа а йитна кхечу юьрта ваха дӀавахча, кхин цхьа киртиг тӀехӀуьгту Элсина, цуьнан аьтто беш, ша латийна долу къа дайдан. Воккхаверца цунах пайда эца гӀурту Элси, оьрсийн полковнико вен кхел йинчу Аматин кӀантана тешамна хӀутту иза,

цуьнан метта Іожалла тІе а эцна, шена таІзаре дирзина дахар сацо дагахь. Амма цуьнан аьтто ца хуьлу шен дахаран зил цу тІехь сацо: «ГІойсум, ахьа дахар дитира суна, амма и дахар суна таІзар дара. Адам дацара соьца бала болуш… ДІатеттира со Аматис а… Ма галваьлла хиллера со, цу зуламна араволуш суна хІунда ца хаьара, стаг вийначу стаге иза гІур йоцийла? Собар цахиларо, сихалло дохийра сан дахар а, цуьнан ирс а, хийла дена сингаттам латтийра, хийла ден дог Іовжийра.

Ма яхъели хьо буьйса… Иштта еха яра-кх, кхана нах со витийта ГІойсумна тІегІур бу аьлла, аса яьккхина буьйса а. ХІумма а дац, кестта чекхъер ю буьйса, кестта чекхдер ду дахар а…

Хьан цхьаъ бен воцу кІант ирх а оллийтина, юха а хьан дог ца дохадайта, Амата, аса тІеоьцур ю Іожалла…».

Улби метта хьалаолла хІара кечвина волуш, салтий ца кхуьу полковникан кхел кхочушъян, йиллина хан чекхйолуш, вогІий схьакхочу обарг Улби. Дуьненахь ша динчу зуламах кІелхьарвала хилла Элсин лаам буху, амма Дала къинхетам бой, иза а, Улби а Іожаллех хьалхаволу. Цушиммо цхьаьна дІадоладо ширчу пхьалгІахь хьанал къахьегар. ХІинца Улби ву Элсех Іемаш. Иштта, гонаш дохуш, хьийза долало дахар, жимчо воккхачуьнгара говзалла, диканиг, ламасташ схьа а оьцуш.

**Аматин васт.** Сирла ду Аматин дахар. Иза къагийна цуьнан къоналло а, Элсига болчу цІенчу безамо а. Керла доьзал кхуллур бу бохучу дегайовхоно кхин а алсамдоккху цуьнан дахарх йоккхаер. Амма иза цІаьххьана духу, дас шен йоІ ГІойсуман кІанте яла реза ву ша олий, юьртарчу лерамечу нахана дош делча. Нохчийн фольклорехь дуккха а ду и тайпа масалш, дас, нанас йоІ ца везачу кІанте маре луш. Дукхахьолахь йоІ реза ца хуьлу ден-ненан лаам кхочушбан. Масала, цунах лаьцна ю хІара мехкарийн йиш:

Я, хи хилий, яша, боху,
Я, цІе хилий, яга, боху,
Я, лахьти чу ерза, боху –
Дагна везнарг вита, боху.

Я, хи хилла, ешар ма ю,
Я, цIе хилла, йогур ма ю,
Я, лахьти чу йоьрзур ма ю,
Дагна везнарг вуьтур ма вац.

Амма Амата тера яц цу халкъан эшаран турпалхойх. Аматис шен деган лаам лекха ца хIиттабо дахарал, ден дашал. Цо, шена мел хала делахь а, шен дас бохург до. Амма керла кхолладелла долу захало гергарлоне дерза ца кхуьу: Аматис дош деллачу Элсис ГIойсуман кIант воь. Ишттачу ирчачу хиламца безамна хилла дуьхьало дIаяьллехь а, Амата реза ца хуьлу кхидIа шен дахар Элсица доза. Иза реза яц иштта беза мах белла шен хила тарлучу ирсана. Цо дIатотту Элси. Цхьа хан яьлча шен дахаран нескъан кхин накъост караво цунна. Кхузахь билгадаккха деза Аматин амалан мехала башхаллаш. Цкъа-делахь, иза бусалба динан буха тIехь кхиъна хилар гучудолу вайна – шен дас бохург до цо. ШолгIа-делахь, вон-дика къасто хьекъал долуш, шен деган лаамна дола дан ницкъ болуш ю иза. Безам бохарх дахар чекх ца долий, хаьа цунна. Безамал деза ду адаман дахар. Цхьана стеган дахар хадийнчуьнца шен ирс хир доцийла, хаьа цунна. Цу хьокъехь Аматис ша дуьйцу шен кIанте: «Сан кIант, йоьIан безам – и ангалин пхьегIа ма ю, ца хууш куьг кхетахь, йоьхна дIайолуш. Цуьнан даг чохь юьйхира и пхьегIа. Ткъа цунна везнарг, хIетахь дуьйна адаме вист ца хуьлуш, ткъе итт шарахь кху пхьалгIахь жIов йиттина, ГIойсум дIакхелхича, цхьанхьа дIавахна, вайра. Иттех шо а ду цу пхьалгIахь цIе латоза, ахьа хьалалатае и, сан кIант. Аьчк-пхьар оьшуш ву юьртахь».



## ЭЛЬСАНОВ Исраилан Ислам

*(1956)*

### Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Эльсанов Ислам вина 1956-чу шеран август беттан 20 дийнахь ГІиргІизехь, Ала-Бука юьртахь, Джалал-Абадан областехь.

1973-чу шарахь Аргунера №2 йолу юккъера школа чекхъяьккхинчул тІаьхьа, 1974-чу шарахь эскаре ваххалц Ислама Іамийна слесаран, токаран говзаллаш.

Литературе безам школехь дуьйна кхоллабеллера цуьнан.

Нохчийн яздархойх уггар хьалха Ошаев Халид вевзира кІантана, цуьнга 1977-чу шарахь хьалхарчех шен дийцар деша дІа а делира. Халида цу дийцаран хадийнчу мехо кхин а яздан дог дайийтира. Исламан хьежамашна къаьсттана тІеІаткъам бира оццу хенахь ешначу Ошаев Халидан зорбане ца яьллачу публицистико. Уьш дара яздархочо компартин обкоме а, яздархочуьнга Х.-М. Мугуевга а яздина кехаташ. Царах цунна яздархочо бакъонгахьа латточу къийсаман дика масал хилира. Оцу кехаташа кхоллабалийтира историга безам, историн халчу киртигашна тІе тидам а бохуьйтуш.

1977-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн университетан филологин факультете деша вахара Эльсанов Ислам (нохчийн мотт, литература; оьрсийн мотт, литература). ЙоьалгІачу курсера дІа а ваьлла, 1981-чу шарахь деша вахара М. Горькийн цІархчу Литературин институте, прозин семинаре.

1982-чу шарахь, гурахь, Нохч-ГIалгIайн АССР баьхкинчу артисташа а, культурин кхечу декъахоша а Москвахь яккхий концерташ елира «Нохч-ГIалгIайчоь шен лаамца Россин юкъаяхна 200 шо кхачарна» лерина.

Ала деза, XX бIешеран 70-гIа шераш юккъедевлча дуьйна КПСС-н Центральни комитето харцисторин и харцконцепци тIеэцнера. Оцу концепцино дIахьулбора XIX бIешеран историн дийнна мур. Л. Толстойн, М. Лермонтовн произведенеш арахецахь а, ара ца хоьцуьйтура оцу хенах лаьцна церан хенарчу кхечу яздархойн а, хIинцалерчу яздархойн а книгаш. Масала, иштта вайн республикин библиотекашкара дIаяьккхира Айдамиров Абузаран «Еха буьйсанаш» роман. Цуьнан деккъа цхьа бахьана дара – и роман оцу харцконцепцица цаяр... Иштта Iилманан-талламан институтера балхара дIабаьхнера историкаш Музаев М., Вацуев I, филолог Вагапов Я. Уьш балхара дIабахаран бахьана цара оцу концепцина конференцешкахь критика яр дацара, ткъа шайн коллегашца историн хьокъехь къамелаш деш, оцу концепцех шайн шеконаш хилар гучудаккхар дара...

1986-чу шарахь Литературин институтера дешар чекхдолуш, Нохч-ГIалгIайн книгийн издательстве редактор балха вахара Ислам. Оцу тIехь шайн рекомендацешца цунна гIо дира «Орга» альманахан редакторо Шайхиев Iалвадис а, издательствехь болх беш волчу Саракаев Хьамзата а. Оццу шарахь араелира Исламан хьалхара книга «Малх чубузуш».

1989-чу шарахь шолгIа книга араелира. Оцу а, цул тIаьхьарчу а шерашкахь республикехь пайденна хилла а, пайденна ца хилла а цхьацца боламаш дIабуьйлабелира. Литература а, культура а дуккха а юхакхоьссира цара.

Книгаш арахецар галдаьлча, 1992-чу шарахь, Пачхьалкхан Радиокомпане председателан заместитель балха вахара Ислам. Цигара берриг а куьйгалхошца цхьаьна 1993-чу шарахь Iедало дIаваьккхира.

Оццу шарахь Iилманан-талламан институте Iилманан белхахо балха вахара, цу хенахь нохчийн-оьрсийн дошам вовшахтухучу тобанна куьйгалла дан. Амма 1994-чу шеран апрелехь Iилманан-талламан институт а Iедало дIакъевлира.

1995-чу шарахь дуьйна литературин-исбаьхьаллин «Орга» журналан коьрта редактор волуш болх бира Ислама, тӀеман хьелашкахь иза арадаккхаран халонаш а ловш.

Хьалхе дуьйна а киногa шовкъ-безам хиларна, «Орга» журналан коьрта редактор волчуьра дӀа а ваьлла, 1999-чу шеран мартехь Москварчу сценаристийн, режиссёрийн Лаккхарчу курсашка деша вахара. Уьш 2001-чу шарахь режиссурехула чекх а ехира.

Карарчу хенахь Норвегехь Ӏаш ву.

## «ЦӀЕГӀАЧУ ДЕКХНИЙН БОЬЛАК» повестан чулацам

«ЦӀегӀачу декхнийн боьлак» повесть лерина ю 1824–1859-чуй шерашкахь хиллачу, «Кавказан тӀом» аьлла, истори юкъа баханчу хиламна. Нохчийн литературехь историн говзарш дукха яц. Уьш язйина Арсанов СаьӀид-Бейс, Мамакаев Мохьмада, Ошаев Халида, Гайсултанов Ӏумара. Ткъа билггал Кавказан тӀамах лаьцна говзарш язйина Айдамиров Абузара – «Еха буьйсанаш», «Калугера йийсар».

Эльсанов Ислама шен повестехь буьйцу исторехь хилла турпалхой а, хиламаш а вайна бовза таро ю Айдамиров Абузаран говзаршкахь а. Амма «ЦӀегӀачу декхнийн боьлак» повесть къаьсташ ю и турпалхой а, хиламаш а авторо шатайпана гайтина хиларца. Масала, Бенойн БойсагӀар хӀинццалц вайна майра, юхавер воцуш, тӀемало санна вевзаш хиллехь а, Эльсановс шен повестехь БойсагӀаран дог-ойланийн дуьне гойту, иза къинхетаме, дахаран хазалла гуш, езаш хилар билгал а доккхуш. БойсагӀаран вастаца авторо бӀаьрладоккху нохчийн халкъана тӀом кӀордийна а, машаречу дахаре сатесна а хилар.

Харцонна къар ца луш, нийсонехьа къуьйсуш, шен са дӀадала а кийча волчу нохчичун васт го вайна ГӀубашехь. Шен бӀаьргаш а дохуш, тешнабехк биннашехь, цунна доьналла а, къонахалла а карайо шегахь имаман муртазекхех масех вен а, Шемална шийтта чов ян а.

Исторехь баьхначу нахах лаьцна дийцина ца Ӏаш, Эльсановс шен тидамехь латтабо оцу заманахьлера магӀарера нах а, хӀунда аьлча тӀеман зулам, Ӏазап хӀора нохчичо лайна ду. Царах ю оцу къизчу тӀамо шен жималла, тӀаьхьа кхоьллина болу доьзал а

дIабаьхьна йолу йоккха стаг а. Повесть мехала ю нохчийн къоман юкъараллин институтах – Мехк-Кхелах – болчу шатайпанчу хаамашца а. Оцу заманахь Мехк-Кхелан тхьамда хилла волу Исхьакъ Шемална тIевоьду, халкъ, тIамо гIаддайъина, кхачош ду, Россица машар бан беза вай аьлла, имамо машар хьахийнарг вуьйш вуй хуъушехь. Исхьакъана шен дахарал деза хета халкъан хинболу кхоллам. Шена тIелаьтташ Iожаллин кхерам боллушехь, машар бан гIурту иза. Амма Шемала тIе ца оьцу Исхьакъа кховдийна некъ, цунна тоьпаш тухуьйту цо.

И говзар ешча, вайна девза иштта, Мехк-Кхело оьрсийн эскаран коьртачу куьйгалхочуьнца бина машаре барт хилла хилар а, шина а агIоно кхочушдан деза декхарш билгал а дохуш. Иза Iарбийн, оьрсийн йозанца кехат тIе дIа а язбина, Мехк-Кхелан декъашхошкахь Iалашбеш хилла. Амма Шемал йийсаре вахарца и барт Россин Iедало бохийра, молланаш, шейхаш леца болийра, цаьргара Iарбийн маттахь долу машаре кехаташ схьа а дохуш, хIаллакдира. И тешнабехк лан ца луш, Барятинский чIирана вуьйр ву ша аьлла, Соьлжа-гIопе вахна, амма ша леринарг чекхдаккха аьтто ца болуш, цIа вогIу ТIелхаг. ТIаьхьа оцу сингаттамах хорам хуьлий, дIакхелха иза.

«ЦIегIачу декхнийн боьлак» нохчийн къоман турпалаллин, хьуьнарийн, бохамийн хилларг гойтуш мехала говзар ю. ХIора а нохчичунна довза деза шен къоман хилла дахар, диканиг схьаэца а, вочух ларвала а хаа деза.

**Шемалан васт.** Нохчийн литературехь Шемалан васт хьалха гайтина Айдамиров Абузара шен «Калугера йийсар» повестехь. Эльсанов Ислама шен повестехь хIоттош долу Шемалан васт дукха къаьсташ дац Абузара хIоттийнчух, хIунда аьлча церан тидамехь ду историхь хилла бакъдерш.

Ислама Имам Шемал гойту цуьнан олаллин чаккхенехь. Ткъа шарахь сов бахбелла тIом хьаьхна нохчийн къомана. Цундела Шемална резабоцу нах а, дийнна тайпанаш а гучудуьйлу. Шен доха кечделла долу олалла чIагIдан гIерташ, Шемала цхьа а тайпа маслаIат, машар ца лоьху шен некъана резабоцчаьрца. Цо

уьш йоккхачу къизаллица хIаллакбо. Цунна хаьа, чIогIа низам ца хилча, имамат юхур юйла, кхидIа а Россин эскаршца тIемаш бан шен ницкъ кхочур боцийла. Иштта къинхетам боцуш шаьш беха-чу бIаьвнаш чохь багабойту цо шаройн тайпанан къаной. Цигара ваьлча иза вогIу шена муьтIахь доцу Гухойн тайп дехачу юьрта. Цигахь иза тIевуссу Гухойн тайпанан лераме стаг волчу ГIубашна. Цуьнан хIусамехь, талмажан ямартло бахьанехь, Шемалан дов долу ГIубашца. Цу чохь хиллачу тасадаларехь Шемалан хехоша къизаллица воь иза. Шемала шена муьтIахьалла йоцург кхин хIума тIелоцуш цахилар, Россица тIом бен, кхин некъаш иза лаха резацахилар гучудолу Мехк-Кхел повестан декъехь. МаслаIате некъ бохьуш шена тIевеана нохчийн лераме стаг Исхьакъ, цуьнга ладогIар а доцуш, вен кхел йо Шемала. Амма масех шо даьлча и маслаIате некъ шена а, шен доьзална а тIелоцу цо, йийсаре а воь-дий, гонахарчу наха а, шен хIусамнанас а неIалтийн маьхьарий детташехь. Эльсановс гайтина, Шемал муьлххачу гIирсашца а, мел къизачу а, шен Iедал чIагIдан лууш стаг вуй. Оцу Iалашоне кхача цо ца кхоадо адамийн дахарш, амма ша кхайкхийнчу гIазотехь шен дахар дIадала кийча ца хуьлу иза. Цундела халкъан эсехь иза висна нохчийн къомана маршо йиххина, иза къизачу Iедалан гура чохь нисдан гIиртина къинхетам боцу баьчча санна. Нохчийн фольклорехь Шемална лерина цхьа илли а дац. Иллеш нахах къахеташ, нехан маршо ларъеш, къоман маршонан дуьхьа дахар дIадала кийча болчу турпалхойх бен дохуш ца хилла.

**ГIубашан васт.** ГIубаш нохчийн бакъдолчу дахаро кхиийна стаг ву. Нохчийн къонахчуьнгахь хила езаш йолу амалш го вайна ГIубашан вастехь: доьналла, майралла, хьаша-да ларар, хьешан сийдар, дешан йозалла йовзар, мискачу нахана орцахвала кийча хилар. Шемала Нохчийчохь дIахьучу политикина ша дикка реза-воццушехь, ГIубаша кечам бо ларамца хьаша тIеэца. Цо хьалххехь балабой, кечбо хьешашна бен боккха, тоьлла сту: «Тхов кIелахь бихкина боккха цIен сту бара, йоций ондачу маIаш юккъехь кIеззиг хьийзина чо болуш. СадаьIча, мераIуьргаш чуьра Iаь йолура цуь-нан шинна а агIор. Стомма чкъор хебаш шалхаихна нуьцкъала ворта саттийна, кIелдIашхула хьоьжура иза…»

ГӀубаш ша дегӀана зоьртала, онда стаг хилла. Иза билгалдоккхуш Эльсанов Ислама яздо: «ГӀубаш тӀевеача, Шемал а, цуьнан уллора бархӀ стаг а лоха хетара цунна хьалха: уьш массо цуьнан белшашка я чӀенге бен ца кхочура». ГӀубаш, дегӀана онда хилла ца Ӏаш, шен амалца а, дог-ойланца а онда стаг ву. Цундела цунна хала ду Шемал, имам лоруш, цунна муьтӀахь хилла, и тӀелаца. Ша цхьанна а олаллин кӀел воцуш, маьрша ваха а, маьрша лела а, шен даго хьоьхург кхочушдан а Ӏемина ГӀубаш Шемала бохург тӀелаца лууш вац. Цунна, массо а стаг цхьана даржехь, цхьана сийлаллехь хила веза аьлла, хета. Къонахчун бакъболу мах цуьнан доьналле а, гӀуллакхашка а хьаьжжина хадо беза, цхьана наха дарже хӀоттийна аьлла ца хадош, хета ГӀубашна. Ткъа иза Шемална хетачунна нийсса бӀостанехьа ду. И ду ГӀубашний, Шемалний юкъахь дар-дацар, дов, Ӏоттабаккхам хиларан коьрта бахьана.

Эльсанов Ислама шен повестехь Шемала ГӀубашна ницкъбар а, иза вер а талмажан ямартло (ГӀубашан къамел харц гочдар) бахьанехь лору. Шена дуьхьало йина дела Шемала ГӀубашан бӀаьргаш бохуьйту. Йинчу чевнех цӀий Ӏенаш, вихкина ГӀубаш цӀенна уллохь динчу оти чу кхуссу, и ларван неӀарехь хехой а хӀиттабой. Цхьа хан яьлча меттавеанчу ГӀубаша, шен берриг а ницкъ гулбой, хедадо ша дӀавихкина долу доьхкарш. Цуьнан аьтто болу ша ларвеш волу хехо буй тоьхна, вожа а вина, Шемал а, цуьнан накъостий а болчу цӀа чу эккха. Уггар хьалха товхана хьалха вижначунна шаьлта туху цо, иза Шемал ву моьттуш. Чохь берш схьалелха, амма лерса ирделлачу ГӀубаша царах масех вожаво. ГӀубашна го бинчу бӀахоша эххар а вожаво иза. Хьешашна ен бугӀа охьатоьхначу муьшаца дӀавоьхку ГӀубаш. Авторо лакхахь далийна долу стеран васт хӀусамден ГӀубашан васт дагадоуьйтуш ду: сту санна, ондда ву ГӀубаш а. Шена мел ницкъ хиллехь а, ГӀубашан гӀора тоьу Шемале вистхила: «Шемал, хьо дийна велахь, алал, муха хийтира хьуна хьо веза хьаша санна тӀеэцна цӀийнда?» Сийсара вист ца хуьлуш Ӏийначу суьйличо гочдира и дешнаш шийтта чов хилла Ӏуьллучу Шемална. Ткъа Шемала жоп делира: «Хьо, шеко йоцуш, майра стаг ву. Амма хьо гаур ву. Цундела Ӏуьйрана жӀаьла санна лийр ву хьо!»

ГІубаш – иза яздархочо шегара кхоьллина васт дац, иза баккъал а исторехь хилла турпалхо ву. ГІубашах долу дийцарш нохчийн халкъан эсехь дисна. Поэто Бисултанов Аптис шен «ГІубашан узам» стихотворенехь иштта яздо:

«Гухойн ГІубаш… Со дукха лелла цуьнан лорах, доллучу шен дахарехь илли доло цхьа дош лоьху илланча санна. Гила-берзан кхоллам бара цуьнан – цхьанна а цавовзар. Курачу сен кхоллам бара цуьнан – массарна а вовзар. Къонахчун кхоллам бара цуьнан – дІахаьттинчун гергара хилар…

Суна даим а ор чохь гина иза…»

## «ЦІегІачу декхнийн боьлак» повестехь халкъан кхоллам

Повестехь шатайпа маьІна лелош ду йоккхачу стеган васт. Йоккхачу стеган цІе цатиллар шен цхьа Іалашо йолуш ду яздархочун. Цуьнца цхьаьна авторо гойту йоккхачу стеган вастехь ша нохчийн халкъан кхоллам билгалбоккхуш хилар. ХІетте а авторо билггал цу йоккхачу стеган дахарехь хиллачу хІуманашна тІе тидам бохуьйту: масала, иза кІант воцчу доьзалехь кхиъна хилар, бархІ йоІах жиманиг а йолуш. Церан да, шена хьалхара тІаме вахийта кІант вац бохуш, ша къанваллалц тІамехь дакъалоцуш ву. Цул тІаьхьа цуьнан уггар жимахйолу йоІ, шена тІе тІемалойн духар а дуьйхина, тІаме хІутту, цу тІамехь чов хилла, ша баккъал а мила ю накъосташна хаъалц. ТІаккха цо шен тІеман накъостаца доьзал кхуллу. Церан виъ кІант дуьнен чу волу. Амма йоккхачу стеган кхидІа долу дахар, хазахетар доцуш, деккъа цхьана эшамех лаьтта. Дуьххьара тІамехь цуьнан доьзалан да воь. Йоккхачу стеган дахар кхолош ду къизчу тІамо бечу эшамаша. МостагІаша, адамаш хІаллакдина ца Іаш, къизаллица хІаллакйо юьртара бошмаш. Уггар Іийжаме дара нохчаша деза лоручу, иза хадийча кхело Іожалла кхайкхочу хІора беран цІарх дугІуш хиллачу хьорматан дитташ хІаллакдар. Да вийначул тІаьхьа, вий а кІант, хьалакхиъ-кхиънарг цхьацца воьдуш, массо а тІаме воьду. Массарна а цу тІамехь Іожалла а карайо. Йоккха стаг цхьалха юьсу шен ойланашца. Цунна диснарг ду, маьлхан зІенарийн серлонан йовхо ловш, хадийнчу, лаьттах яхначу попан гуьйриг тІехь хиъна Іар, лула-

кулара берашна коьртах куьг хьакхар, наха сагIина деллачу меана хIоъ тасар. Юьртахоша дола деш еха иза, шен дахаран тIаьххьарлера де тIекхаччалц. Шатайпана хуьлу цуьнан ялар. Луларчу берашна го леш йолчу йоккхачу стагах дIакъаьсташ серлонан нур. Къизчу тIеман жамI иштта ду: йоккхачу стеган хила йиш йолу ирс ца хуьлу, цунна ца го шен бераш кхиар, кхиъна а довлале, герз кара а эцна, тIаме хIотта дезна дела, цара хьанал къахьегар шайн бошмашкахь, цара доьзалш кхоллар, берийн бераш а. Авторо йоккхачу стеган вастаца гойту тIамо халкъ хIухадаран бохамна тIедуьгуш хилар.

## «ЦIегIачу декхнийн боьлак» повестехь Iалам гайтаран маьIна

«ЦIегIачу декхнийн боьлак» повестехь («ХIинца бен садаьржаш дацара») Iаламан суьрташ доьзна ду турпалхойн чоьхьарчу дуьненца, церан синхIоттамца, ойланашца а. Иштта Шемал Орган чIожехь долчу лаьмнашка вогIу де доьхна а, шийла а хилар билгалдоккху авторо: «Цхьа бIе ткъа гIарол волуш, шаройн чIожера вогIура имам Шемал. Гуьйренан тIаьхье яра. ХIокху лекхачу лаьмнашкахь, стигална уллохь хиларна, догIанца ийна лайн ткъарш йогIуш, лакхене мел довлу, чIагIлучу махо и ткъарш ловзош, гIодаюккъалц йолу башлакх а ца тоьура шех хьарча. Имамна а, цунна гонаха долчу ханна а цхьатерра яра и шело, имаман церан санна тIеюхучун гIайгIа бан ца деззашехь. Уьш цуьнан дуьхьа са дIадала кийча белахь а, цаьрга кху шелонах лар ца лора шайн имам. Шелонна, Далла а хьалха уьш цхьаъ ма бу». Далийнчу Iаламан суьрто дешархошкахь синхьехам кхуллу, Шемал, диканна вогIуш воцуш, бохамна араваьлла хиларан. Мулкъойн чIоже кхачале доккха зулам дан кхиъна иза. Шаройн махкахь бIаьвнаш чохь шийтта воккха стаг вагавайтина цо. И бахьанехь хила мега бохуш, туьду авторо, хаддаза тIеоьху шийла догIа. Имам Органах волуш, авторо тидам бо хи жимдаларан, цу чуьра чхернаш охьайиийшинчу гомашех тера хиларан. Ткъа ша имам Органа юккъе кхаьчча, хино охьакхоьхьучу шийлачу Iоврашка хьоьжуш, корта хьаьвзий, ойлане волу: «ХIокху дуьненах-дахарх кхетар вац, хьо мел вахарх а: хих волуш ву я хино дIахьуш ву...».

Эльсанов Ислама нохчийн историс голатухучу хенахь хиллачу бохамечу хиламех лаьцна язйина шен повесть. Амма цуьнан хIора а турпалхо Нохчийчоьнан Iаламца шатайпа юкъаметтигаш йолуш ву. Церан хIораннан дахар къагош, царна синтем луш гуттаренна дагахь дисна Iаламан сурт ду: йоккхачу стагана цуьнан дахаран чаккхе къагош йолу маьлхан зIенарш а, церан аьхна йовхо а; чевнаш хилла, мостагIаша йийсар вина набахти чохь воллучу БойсагIарна дагахь дисна ду Iаламан суьрташ. Къаьсттана иза Iаламца возуш ю наг-наггахь цуьнан коьрте йогIу шатайпа гIовгIа. Цунна ца хаьара, билггал иза хIун гIовгIа ю. Амма цу гIовгIано кхуллура ойланаш. И хIун гIовгIа ю цунна хиира, набахтера ара а ваьккхина, «шена лаьтта йоьжна стигал гича». Кхунна стигал таръелларг хIорд хиллера. БойсагIарна дуьххьара гуш бара и хIорд. Оцу боккхачу хIордо кхоьллира цуьнан коьртехь хIинццалц хилла йоцу ойланаш: «Везахинволчо Шен Воккхалла гайта кхоьллина хир бу-кх хIара а. Адамашна маршо адамаша елла яц, Дала елла ю иза. Цхьана а адаман бакъо ма яц кхечу адамера маршо дIаяккха, иза, хIокху хIордера я лаьмнашкара маршо дIаяккха гIортар санна, ирча ма ду. ХIокху хIордо, лаьмнаша а, маьрша а дуьсуш, ма гойту адамашна и шайгара схьайоккхуш юй... Вовшашкара паргIато дIаяьккхича, уьш хIордашкара, лаьмнашкара иза дIаяккха хIуьттур бу-те, ма эрчо хир яр-кх иза... ХIа-ан, хIокху хIордан гIовгIа ма хилла сан лерсино набахтехь лоьцург!.. Суна бала бинарг...».

Оцу ойланашца девза БойсагIарна ша хIинццалц латтийнчу къийсаман маьIна. Иза дуьхьаллаьттина Дала елла маршо хIордера, лаьмнашкара, адамашкара дIаяккха гIертачу мостагIашна. ЦIегIачу декхнийн боьлак гича БойсагIаран хуьлу ойланаш йоьзна ю адаман маршонца: «Декхнийн боьлакна тIекхаьчча, дитташка хьаьжира къоьжа БойсагIар: «ХIокху лекхачу лаьмнаш тIехь, малхана уллехь, цуьнан зIенарша мийлина, хир ду-кх хIара докхан дитташ цIегIа», – ойла йора цо. Цунна ца хаьара, оцу цхьана орам тIера кхо-диъ гIад хьаладолучу декхнийн тайпанан иттаннаш миллионаш шераш хилар, дуьнен тIехь дуккха а кхечу хIуманех уьш уггар шира дуй. Декхнийн оцу тайпана, адам дуьнен тIе даьлча, иза дуьххьара маьрша гиний а... Иштта цIегIачу декхнийн тайпа дуьнен тIехь дукха кIезиг дисний а...»

ЦIегIачу декхнийн боьлак – иза адамо дохоза долчу, цо шен лаамийн гурашка дерзийна доцчу маьршачу дахаран символ ю. Цундела безамца тидам беш хьоьжу БойсагIар цIегIачу декхнашка.

## «ЦIегIачу декхнийн боьлак» повестехь Мехк-Кхелан маьIна

Повестехь доккха маьIна дIалоцуш ду «Мехк-Кхел» дакъа. Вайн къоман дIадахнарг довза луучунна Iаламат мехала хаамаш бу цу тIехь. Мехк-Кхел ширчу заманахь кхоллаелла хилар хьа-хадо авторо, амма, билггал иза маца кхоллаелла, цхьанна а дага ца догIура, боху цо. Цуьнца цхьаьна цо чIагIдо иза генара хан хилар, цхьанна а дага а ца йогIуш. Яздархочо дуьйцу Мехк-Кхеле хоржуш болу нах шатайпа башхаллаш йолуш хилар. Уггар хьалха уьш хьекъалца, Iилманца, оьздангаллица халкъан бала болуш, дог-ойла цIена йолуш нах хила безаш хилла. Царах харжаме нах олуш хилла. Уьш харжаме нах аьлла къастийна хилла. Мехк-Кхеле хоржуш верг исс стаг хилла, боху яздархочо. Кхело къастош хилла махках доьзна чоьхьара а, арахьара а гIуллакхаш.

Эльсанов Ислама дийцарехь, Шемалан заманахь болх беш хилла нохчийн къоман Мехк-Кхел. Нохчийчоьнан а, ДегIастанан имам а Мехк-Кхелан сацамца хаьржина, боху цо. Имам харжа хьал-хатеттина хилла ши стаг: Сесанара Ташу-Хьаьжа а, Суьйличуьра вохийча Нохчийчу веана имам Шемал а. Мехк-Кхелан тхьамда волчу Мохьмад-моллас динчу къамело къастам бойту кхелахош-ка: «Хууш верг Дела ву, сайна хетарг олу аса. Имам хоржур вай, масала, Ташу-Хьаьжа, дика бIобаьчча ву иза, Нохчийчохь дика вовза а вевзаш, амма Iаьндийчохь, Суьйлийчохь цунах имам ван гIеххьа хан оьшур ю, ткъа Шемал, вохийна велахь а, оцу мехкан имам, Нохчийчоьнан имам хаьржича, кхузара гIуллакх аьттонца дIадолалахь, юха а шен махко ойур ву, тIеоьцур ву.

Ма мотталаш, со царах цхьаьнгахьа узуш ву, Ташу-Хьаьжа дика вевзаш, сан веса[1] волуш, герга ву суна. Шемалх аьлча, «эшамо цаэшийнарг, цакъарвинарг Дала толаво» аьлла ду жайнаш тIехь.

[1] Веллачул тIаьхьа весет кхочушдийриг.

Шина а мехкан цхьа имам хилча бен, дIагIур дац вайна Дала елла маршо ларъяран гIуллакх. Нохчийчоьнан имам Шемал хаьржича, нийса хир ду аьлла, хета суна. Иза шун кхеле а дуьллу аса».

Яздархочо дийцарехь, Мехк-Кхело ша хаьржинчу имамна хьалха декхарш хIиттадо. Уьш дерриш шовзткъа хилла. Шовзткъа декхар имама Мехк-Кхелана хьалха а хIоттадо. Воккха стаг Мохьмад-молла кхелхича, Мехк-Кхелан тхьамда цуьнан кIант ШоIип хаьржира. Тхьамдалла дас шен кIанте луш ца хиллера цкъа а хIетталц. Амма Мохьмад-моллин кIант ШоIип-молла шен дега кхоччуш дешна а, хьафиз а, ткъа иштта майра бIобаьчча а волу дела кховдийра цуьнга и дарж. Ткъа имам Шемала цунах шен наиб вира. 1844-чу шарахь цIонтаройн ШоIип шайн наха вийча, Мехк-Кхел дIайоьхна лерира имам Шемала. Амма Мехк-Кхел цул тIаьхьа а къайлаха гуллуш яра. Мехк-Кхелан куьйгалхо хаьржинера Исхьакъ. Мацалло, тIамо гIелбинчу нахана машар оьшура. Цунах дика кхетара Мехк-Кхел. Цо шайн кхеташоне кхайкхира Нохчийчоьнан берриг а наибаш. Массо а цига ван а веара, цхьа-шиъ – Бенойн БойсагIар, шелахойн ТIелхаг – воцург. Цу кхеташонехь Мехк-Кхело сацам бира оьрсашца машар бан беза аьлла. Мехк-Кхелан хилла барт дIабийцар а, Ведана а вахна имам машарна тIеверзор а Исхьакъна тIедиллира.

Имамна тIекхаьчча, Исхьакъа шена хуучу говзачу маттаца дIахоуьйту Мехк-Кхелан сацам: «Шемал, со, ахьа тхайн пурба доцуш Нохчийчохь цхьа а боккха сацам тIеоьцур бац аьллачу ДаьргIахь чIагIо йинчу ХьайдарбигIеран цIийнах волу, ахьа дIайохийнчу Мехк-Кхелан тхьамда Исхьакъ ву. Тахана аса хьоьга хоьттург ахьа имамалла тIеоьцуш биъна дуй къарбар дац, тахана хIокху къийбеллачу махкахь хIоьттинчу хьелашца вай кхидIа а тIом бан йиш цахилар, халкъ кхачалуш хилар ду. Далла хьалха юьхькIайн хир дац вай иза кхочушхилахь. Нах буц, орамаш, диттийн гIаш дууш бу; бераш хIаллакхьхуьлуш ду..».

Шемална ца тов Исхьакъа деш долу къамел, хIунда аьлча керстанашца машар бе аьлларг вуьйр ву аьлла, дIакхайкхийна хилла цо. Амма Шемална ца лаьа шен омра Исхьакъна тIехь кхочушдан. Цо цунна кIелхьарвала некъ кховдабо. Шемала олу, саца, оцу къамелана хьайна массо а къинтIера а ваккхий, хьо витар деха, бусалба

керстанах теша мегар дац, церан дош дохор къилахь доцу дела. Амма Исхьакъ ша бохучунна тӀера юха ца волу. Цо кхин а чӀогӀа оьгӀазвохуьйту Шемал а, цунна уллора суьйлийн наибаш а, иштта дӀахьедар а дой: «Шемал, иштта делахь, со хьоьга деха веана вац, хьоьга, ахьа машар ца бахь, халкъ хьуна дуьхьал гӀаттор ду, ала веана». Оцу дешнаша гергаялайо Исхьакъан Ӏожалла. Цунна тоьпаш туху. И бахьанехь хӀетталц мостагӀашца барт барна дуьхьал хилла Шелара наиб ТӀелхаг машарехьа болчаьргахьа велира.

Шемал мел дуьхьал хиллехь а, Мехк-Кхело кечдо Ӏарбийн, оьрсийн меттанашкахь яздина машарбаран кехаташ. Амма Шемала цу буха куьг ца таӀадо. ХӀетте а, Мехк-Кхело кхузза кхеташо йо машарбаран хьокъехь. ТӀаьххьарчу кхеташонехь машарна дуьхьал волчу Шемалан гӀо лецира цхьана Бенойн БойсагӀара. Мехк-Кхело чекхдаьккхира оьрсийн эскарца бартбаран гӀуллакх. Иза дара 1858-чу шеран бӀаьста. Мехк-Кхелан сацам Нохчийчуьра дукхахйолчу ярташкахь тӀеэцнера. Амма паччахьан Ӏедало ша тӀелаьцна декхарш кхочуш ца дира: Нохчашкара схьадаьхна латтанаш юха ца делира. Машар беш, оьрсийн агӀоно тӀелаьцна декхарш кхочуш ца до аьлла, арз эцна Петербухе бахна болу нах тӀепаза байра. Цхьацца бахьанаш а хӀиттош, Нохчийчохь чӀагӀделлачу оьрсийн Ӏедало дешна нах леца болийра, цаьргара Ӏарбийн маттахь долу машаран кехаташ схьадохура, уьш Сибрех а хьийсош.

Шен повестехь яздархочо даладо Мехк-Кхелан долу дакъа мехала ду, цо Нохчийн юкъараллин шатайпа институт – Мехк-Кхел, цо Шемалан заманахь лелийна маьӀна ма-дарра довзийтарна. Цуьнан йозанашкахь гуш ду, Нохчийчохь Шемалан имамат чӀагӀъелча, Мехк-Кхело юкъараллехь лело маьӀна жимделла, ша и институт гӀелъелла хилар. Шемал оьрсийн эскаршна каравахарца дӀадоьрзу Мехк-Кхело къоман юкъара гӀуллакхаш къестор, хӀунда аьлча паччахьан Ӏедалан структурашна оьшуш яцара и халкъан демократин шатайпана кхеташо.

***Хаттарш, тӀедахкарш***

1. ХӀун зама ю яздархочо шен повестехь юьйцург?
2. БойсагӀаран васт гойтучу декъана «ГӀовгӀа» цӀе хӀунда тиллина авторо?

3. Муха кхаьчна БойсагIар набахтин лазартне?

4. Мила ву Шура-гIалара Соьлжа-гIопе вуьгуш БойсагIар вевзина оьрсийн салти?

5. ХIун ойланаш кхоллало БойсагIаран, дуьххьара хIорд гича?

6. Муха кIелхьарволу БойсагIар йийсарера?

7. Муха даьстина авторо «Йоккха стаг» повестан Кавказан тIамехь турпалалла гайтинчу зудчун васт?

8. Стенах лаьцна дуьйцу «Мехк-Кхел» декъехь?

9. Муха хоржуш хилла Мехк-Кхел ширчу заманахь?

10. Муха нисло Мехк-Кхело Нохчийчоьнан, суьйлин мехкан имам Шемал харжар?

11. ХIунда йиллира Шемала шен имаматан коьрта шахьар ДаьргIахь?

12. Маца хIоттийра ШоIип-молла Мехк-Кхелан тхьамда?

13. ШоIип-молла вийначул тIаьхьа Мехк-Кхелан тхьамда хIоттийнчу Исхьакъа хIун некъ кховдабо Шемале? И некъ тIе муха оьцу Шемала?

14. Муха хилира Шемал, Нохчийчоь а йитина, суьйли махка Гунибе а, цигара оьрсийн эскарна кара а вахар?

15. Стенна вахна ТIелхаг Соьлжа-гIопе?

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Повестан исбаьхьаллин хотIан башхаллех дийца. (Бакъдолчун буха тIехь язйинехь а, авторо шегара кхоьллинчу сюжетех пайда эцна.)

2. Повестан хIора дакъа шен-шен цIе йолуш ду. ХIун маьIна леладо цара?

3. Билгалбаха авторо пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.

4. Повестехь Iаламан суьрташ гайтарца хIун исбаьхьаллин Iалашонаш кхочушйо яздархочо?

5. Повестехь далочу хIордан а, цIегIачу декхнийн боьлако а муьлхачу символийн маьIна ло говзарна?

### *ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай*

1. ХIун маьIна лелийна Мехк-Кхело нохчийн къоман историхь, нах гIиллакх-оьздангаллин хоршахь латтош?

2. Муха хила дезаш хилла Мехк-Кхеле хоржучу стеган амал а, гIиллакхаш а?

3. Муха гайтина повестехь нохчийн сийлахь гIиллакхаш – хьаша-да тIеэцар, цхьалхачу нехан доладар, кхидерш а?

4. Муха гучуйовлу повестехь тIеман къизчу хьелашкахь къоман сийлахь мехаллаш – маршо езар, къинхетаме хилар, кхечу къаьмнийн векалшца оьзда юкъаметтигаш лелор?

5. ХIун хилла еххачу хенахь йоккхачу империца къийсам латто нохчийн къомана ницкъбелларг?



**БИСУЛТАНОВ Дибин Апти**

***(1959)***

## Дахар а, кхолларалла а

Нохчийн литература кхиарехь керла тIегIа хилла дIахIоьттира 1975-чу шарахь университетехь кхоьллина къоначийн яздархойн цхьаьнакхетаралла «Пхьармат». Цигахь кхиира нохчийн литература дуьненна йовзийтина болу поэташ, прозаикаш, драматургаш. «Пхьарматан» беркате тIеIаткъам лайначех цхьаъ ву Бисултанов Апти. Иза поэзин шовкъехь кхеххкаш вара литературе веача дуьйна схьа. Университетехь ша доьшуш волуш цо жигара дакъа лоцура студентийн культурин дахарехь. Ша язйина исбаьхьа стихаш доггах а, шатайпанчу карзахаллица а йоьшуш хиларца гIаравелира иза. Студентийн тайп-тайпанчу литературин конкурсашкахь хьалхара меттигаш йохура цо. Иза хилира оцу заманахь дIахьош хиллачу Бадуев СаьIидан цIарх йолчу литературин конкурсан толамхо а.

ДоьзткъалгIачу шерийн поэзи кхиаран коьрта аматаш ган таро ю Бисултанов Аптин поэзехь. Халкъан геннара дуьйна истори а, таханлерниг а цхьаьнадалош, цхьаьнадузуш, халкъан исторически меттиг билгалъяккха гIерташ, къоман яхьйолу кIентий а, церан хьуьнарш а шен стихашкахь юхадендеш къахьоьгу цо. Бисултанов Аптис шен поэзехь коьрта тидам тIебохуьйту халкъан эшаран мукъамашна, туьйранийн, назманийн васташна. Цуьнан поэзехь меттан хазалла, мукъам, исбаьхьа басарш карадо.

«Тхох (доьзткъалгIачу шерашкахь литературина юкъадеанчу чкъурах) дош хIун ду а хиъна, дешан ницкъ а бевзина, цу дашна

тIехь кхоччуш болх бан волавелларг угтар хьалха Апти ву, – яздо халкъан яздархочо Бексултанов Мусас. – Бисултанов Аптин поэзин лехамаш бIаьрсица боьзна хилар къаьста – гуш долчух, юха цунах – поэто кхуллуш долу кхин гуш дерг а долуш. Аптис гойту, хаздо, цхьаннах кхин туьдург а дуцуш. Иза аттачу маттаца а до, дош дашца дIанисдеш, дешан декар коьрта а долуш, жиргIан тата кхечу татанах схьакъаьсташ ма-хиллара. Цуьнан цхьаццайолчу стихотворенийн мукъамаш Мамакаев Iаьрбичух тера хета суна – ритм а, стихотворенин кеп а. Аптин поэзехь гуш кхин а ду, дуьненан поэзи цунна кхоччуш евзаш хилар, шен кхоллараллехь цо царах эцна болу дика пайда а, нохчийн меттан таронаш керлачу мукъамашка йохуш. Бисултановс хазаллин сибат оьхьу, дешнаш легорехь керл-керла васташ а кхуллуш».

Бисултанов Апти вина 1959-чу шеран сентябрь беттан 1-чу дийнахь Хьалха-Мартанан кIоштан СоIди-КIотарахь. Ша схьаваьллачу юьртах – СоIди-КIотарх – дуккха а стихаш ю Аптин:

Сан Даймохк бац хьуна абата тIера,
Виначу юьртара болалац и…..

Дуьххьара Даймохк сица хаабала, цуьнан хазалла, марзо, ша цунах возуш хилар хаадала долало поэтана шен юьртара дуьйна схьа. Махкана а вевзаш, похIма долуш поэт хьох муха хилира аьлла, шега хаттар дича, Аптис иштта жоп делира: «Тхан юрт жима а, ламан юрт ю, гонаха исбаьхьа Iалам долуш, цу Iаламах, дуьненах ойланаш ян аьтто беш. Со бер долуш, тхан кхин самукъадаларш дацара, юьртахь свет яцара, тилвизор а, хIинцалера телефонаш, интернет юьйцур а яц. ГондIарчу Iаламах даккхийдедора тхо: лекхачу лаьмнех, шийлачу шовданех, юькъачу хьаннех. Оцу хазаллех йолу ойланаш цхьанхьа яхьа езара. ТIаккха книгаш еша марзделира, цаьрца ойланаш йоькъура. Ойланаша кхуллура суьрташ, и суьрташ могIанашка доьрзура. Иштта кхиъначух, поэт ца хилла, кхин мила хир вара?» – аьлла.

КIотарахь ахархо дIавуьжу хан
Декъалъян, дуьненан меха
Цхьа илли, цхьа илли дахар ду сан,
ДоттагIа, со цунна веха…

XX бІешеран 80-чу шерашкахь нохчийн литературе баьхкинчу поэтийн тобанах ву Апти.

Яздан волавелла ша университетехь доьшуш волуш. Цуьнан хьалхара стихаш зорбане йийлина «Орга» альманахехь. Поэзиезархоша, литературин критикаша лаккхара мах хадош тІеийцира Бисултанов Аптин «Нох, цІе, чоь», «Цхьа илли», «Ткъесан Іиндаг1а» стихийн гуларш.

Бисултанов Аптис белхаш бина юьртарчу школехь нохчийн меттан хьехархо волуш а, книгийн издательствехь, «СтелаІад» журналехь редактор волуш а.

Халкъана дезаш а, девзаш а ду цуьнан байташ тІехь даьхна иллеш («Гой шуна, доттагІий…», «Нохчийчоь, хьо яцахьара, со мича гІур вара», «Ас хьан чІабанех гІайгІа юцур ю»).

Доккха похІма, йозанан шатайпа хатІ долуш поэт ву иза. Тешна хила мегар ду нохчийн поэзехь шен тІаьххьара дош цо аьлла цахиларх, литературехь керлачу лакхенашка иза кхочург хиларх.

### *Шуна хІума хаа, довза луурш*

Бисултанов Аптин поэзин башхачу, исбаьхьчу маттах, цуьнан шатайпанчу вастех йолу Іилманчин Сумбулатов Абузаран статья.

Меттан, вай буьйцучу меттан, цхьа шатайпана башхо ю. Вайна гонаха долу Іалам а, кхетамехь долу хІуманаш а, адамо шен синехь, дагахь, ойланийн кІоргенехь хьулдина латтош дерш а – массо хІума а матто шина декъе доькъу. Цхьа дакъа – вайн дагна, синна тамехь дерг, ткъа важа дакъа – вайна цатам, догдохораш ду. Вайн хьекъало, кхетамо а цхьа шатайпана доза туху оцу шина декъе декънач у дуьненан Іалам юккъе. И доза тохарехь, адамо, дика ю аьлла, схьакъасториггий, вон ю аьлла, дІакъасториггий билгалйолу. И ши дакъа вовшашца дустарехь, вовшех и шиъ къасто агІонаш гайтарехь баккхий аьттонаш бу поэзин.

Поэзин мотт шатайпана мотт бу. Цу меттан гІирсаш а бу шатайпана. Поэзех дечу къамелехь «шатайпана» дош сих-сиха олу, хІунда аьлча адамо кхоьллинчу исбаьхьаллина юкъахь шатайпана исбаьхьалла поэзи йолу дела. И исбаьхьалла къаьсттана дукха ю Бисултанов Аптин поэзехь. Шайх говза пайда эцначу дешнашца кхоьллина, кхелина исбаьхьалла. Дешнаш вайна девзарш, хезнарш делахь а, кхечу маьІнашкахь ду, исбаьхьа кхуллучу васташка а, мукъаме а хьаьжжина.

Ас малхе кховдор ду иллеша этIийна куьйгаш,
Сайн когийн орамаш тийсина Даймехкан лаьттах.
Со иштта лаьттар ву, сийналла сайн белшаш тIехь сецош,
Сайн бIаьргийн чIенигех Iийдалуш лаьттан мутт-марзо.
Со иштта лаьттар ву, дахаран мехаша, саттийна, вакъийна,
Дечиган пондаре верззолц.
ТIаккха ахь, Даймохк, ладогIалахь сан синан мерзе!

Цхьаволчо шен Даймахке, шен халкъе болу безам буьйцу, мехкан йозалла хестайо, гойту цуьнан исбаьхьа Iалам: йистйоцу аренаш, шовданаш, лекха лаьмнаш... Ткъа кхечо, Даймохк буьйцуш, тарбо шен цу махке болу безам, бустуш, адаме болчу безамца...

Ткъа вай лаккхахь ешна байт язйинчу Бисултанов Аптис Даймахке шен болу безам, Даймахкаца шен йолу ойла, Даймахкана хьалха шен долу декхар – шадерриг а цIеяккхарца Iора ца доккхуш, говза хьахийна: *«Ас малхе кховдор ду иллеша этIийна куьйгаш»,* – аьлла. Куьйгаш эттIа хилча, махо, малхо, безачу, халчу балхо, къинхьегамо этIийна хила ца дезара?

*«Иллеша этIийна куьйгаш...»* бохург нохчийн маттахь йолчу поэзехь цкъа а ца нисделла алар-сурт ду. Куьйгаш иллеша этIийна хилча, уьш иллеша этIош хилча, и иллеш уьш кхоьллинчо атта кхуллуш цахиларан тоьшалла, билгало ю-кх иза. Цул тIаьхьа богIучу могIано чIагIдо поэт шен Даймахкаца чIоггIа зIе йолуш хилар: «Сайн когийн орамаш тийсина Даймехкан лаьттах...»

Хьовсур вай *«когийн орамаш»* бохучуьнга. Ша-ша даьккхича, нийса, цхьа маьIна долу, амма *«сайн когийн орамаш тийсина Даймехкан лаьттах»* аьлча, кхин, тардина маьIна а хуьлуш, карчам бу и, аларехь говза нисбина. Цундела *«иллеша этIийна куьйгаш», «когийн орамаш Даймехкан лаьттах а тийсина», «малхе кховдор ду»,* – маьIна поэтически матте а дирзина, боккха чулацам а хилла, исбаьхьа васт а хилла, дIахIоьттина.

КхидIа догIучу могIанаша поэт диттан вастехь гойту:

Со иштта лаьттар ву,
Сийналла сайн белшаш тIехь сецош,
Сайн бIаьргийн чIенигех Iийдалуш лаьттан мутт-марзо.

Юьхьанца *«бIаьргийн чIенигех»* аларо кIеззиг цецваккхахь а, сихха кхета вай кхузахь *«бIаьргаш»* поэто гIа хеца кечделлачу, мутт Iийдалучу бIаьстенан диттан «чIенигашца» дустуш-нисдеш хиларх. Тидам а беш

ойла йича, хаьа вайна, мел говза, мел хаза аьлла, хIоттийна поэто и сурт: *«Сайн бIаьргийн чIенигех Iийдалуш лаьттан мутт-марзо»*.

Дикка тидам бича, дан а ду адаман бIаьргаш диттан чIенигех тера: шийла дарц хьовзийча, бохам беача, йоI-бIаьрг ларбеш, тIечIагIалуш, декхна де деача, гIа-буц даьлла, Iалам хазделча – шуьйра деллалой, даккхийдеш. *«Со иштта лаьттар ву, дахаран мехаша, саттийна, вакъийна, дечиган-пондаре верззолц»*.

*«Дахаран мехаш»* бохург а тардинчу маьIнехь ду. Амма *«дахаран мох»* ца олуш, *«дахаран мехаш»* аьлла хиларо а гойту, уьш довха а, шийла а, сиха а, меллаша а хила тарлуш хилар. Оцу *«дахаран мехаша»* дечиг-пондаре верзор волчу кхуьнга, поэте, ла ца дугIуш, ладогIа деза кхуьнан *«синан мерзе»*. Синан мерзаш дац кхузахь хьехош, буьйцург бу *«синан мерз»*. Дахаран мехаша саттийна, вакъийна, дечиг-пондаре верзийнчу кIентан, поэтан-илланчин син мерзе ладогIа дезар ду Даймехкан.

ХIинца тидамца хьовсур ду вай, Аптис кхечу шен стихотворенехь муха пайда эцна дешнех:

Нанас сахиллалц дов дора йоIана,
Нанас сахиллалц йоI чехайора,
Ткъа арахь доьлхура гуьйренан догIанаш.
Хетарехь, цара а къинхетам ца бора
Дахкаро хьулдина дайначу седарчийн,
Урамехь кхерстачу цхьалхачу илланчин.
Ма кIезга дар-кха уьш: нахана хетаршший,
Цу нанна моьттуршший, кху юьртахь хилларшший...
Ма кIезга дар-кха уьш доккхачу дагна!
Дуьххьара шен ирсах тешначу дагна!
ЦIаьххьана са акхадаьллачу дагна!
Луучу бIаьрхишца мохь тоьхна ала,
Сел къиза садетта ницкъбоцчу кхин:
«КIайн говр ю бехкениг, кIайн говр ю, нана!
Сирла сахиллалц терсийца и!»
Нанас сахиллалц дов дора йоIана,
Нанас сахиллалц йоI чехайора.

«Нанас сахиллалц дов дора йоIана, Нанас сахиллалц йоI чехайора», – аьлла, йолало и стихотворени. ХIун башхо ю «дов дора» аьлча а, «чехайора» аьлча а аьлла, хета там бу. И башхо йолуш ю. Дов дора аьлча, дийриг саццаза деш долу хIума ду, ткъа «чехайора» – аьлча, юкъ-кара

хуьлуш хIума ду. Амма «нанас сахиллалц» алар «дов дора», «чехайора» дешнашна хьалха хIотторна цушиннан маьIна гергадоьрзу.

Ткъа арахь доьлхура гуьйренан догIанаш,
Хетарехь, цара а къинхетам ца бора,
Дахкаро хьулдина дайначу седарчийн,
Урамехь кхерстачу цхьалхачу илланчин.

«Гуьйренан догIанаш доьлхура» аьлча, нохчийн маттахь «догIура» бохучу маьIнехь а хуьлу, «белхар» бохучу маьIнехь а хуьлу. Амма «хетарехь, цара а къинхетам ца бора» дешнаша, шеко йоцуш, чIагIдо «доьлхура» дешан «догIанаш дар» боху маьIна.

...Дахкаро хьулдина дайначу седарчийн,
Урамехь кхерстачу цхьалхачу илланчин... –

сурт дуьхьалхIоьттича, го вайна и гуьйренан сингаттаме буьйса.

Ма кIезга дар-кха уьш: нахана хетаршший,
Цу нанна моьттуршший, кху юьртахь хилларшший.

«ХIунда ду-те уьш кIезиг?» – аьлла, вай ойла ян кхиале, тIаьхьа-богIучу могIано шеца жоп дохьу:

Ма кIезга дар-кха уьш доккхачу дагна!
Дуьхьара шен ирсах тешначу дагна!
ЦIаьхьхьана са акхадаьллачу дагна!

*Дог* дош лург дожарехь «дагна, дагна, дагна» аьлла, кхузза тIекIел-дуьллуш, юх-юха аларца чIагIдеш, нисдина. Поэто хоуьйту, и дог, мух-мухха а доцуш, «доккха а, шен ирсах тешна а, цIаьхьхьана са акхадаьлла а» хилар.

Цул сов, вай байт йоьшуш, «дагна, дагна, дагна» аьлла, кхузза нис-деллачу цу дашо детталучу деган тата-мукъам кхачабо лерсине.

Нанас сахиллалц дов дора йоIана,
Нанас сахиллалц йоI чехайора, –

аьлла, дIайолийна и байт оцу йоьIан дог доккха хиларна тIехь, цу деган са цIаьхьхьана акхадаьлла хиларна тIехь, дог дуьхьхьара шен ирсах тешна хиларна тIехь чекхйолу. Чекхйолу, сирла сахиллалц терсаш йолу кIайн говр дерригенна а бехке а еш. Байт чекхйолу, амма лерсинехь буьсу деган деттадаларан мукъам, дагна, дагна, дагна бохуш.

Бисултанов Аптин поэзин меттан шен хатI ду. Мотт дика хаарал сов, оцу меттан дешнийн керла, «къайлехь» лаьттина маьIнаш гучудохуш

язйина стихаш кlезиг яц цуьнан. Цунна хаьа дешан маьlна шордан, хlинццалц вайна девзаш хилла дешнаш керлачу уьйрашкахь нисдан, тlаккха церан гlоьнца шел хьалха цхьаммо а ца кхоьллинчу тайпана хаза а, говза а синхаамс васташ кхолла.

## «НОХЧИЙЧОЬНЕ» стихотворенин чулацам а, исбаьхьаллин шатайпаналла а

Апти Бисултановн «Нохчийчоьне» стихотворени нохчийн халкъан иллийн барамехь язйина ю. Стихотворени язъеш поэто пайда эцна чlагарийн рифманех.

Вайн халкъана деза мел долу маьlне хьаьркаш ду Аптис шен стихотворенехь билгалдаьхна. Вайн халкъо лайнарг, цуьнан дахаран историн хlора мур, тидамза ца буьтуш, хьахабо цо. Стихотворени дlайолалуш lаламан билгалонаш тlера волало автор, дешархо коьртачу маьlнина кечвеш, тlевуьгуш:

Беттаса схьакхийти, эзар шо хьалха
Кхеташ ма-хиллара, гlайгlане, цхьалха.
Адамаш чудирзи, эзар шо хьалха
Доьрзуш ма-хиллара – даха я кхалха.

Хетало, хlокху могlанашкахь ерриг стихотворенин маьlна чутардина аьлла. Дей-буьйсий, заманаш, шераш хийцадаларх, хийца ца луш деза а, сийлахь а хlуманаш дуьсу. «Эзар шо» аьлла далийнчу терахьо а гойту, билггал хан ца юьйцуш, юьхь а, чаккхе а йоцуш, дукха шераш, оьмарш дlаэхарх, хийцадала йиш йоцурш ду, даим сийлахь а, деза а хиндерш, адамаллин юкъаралла мел лаьтта. Цул тlаьхьа стихотворени кхолларан коьрта маьlна шайна чулоцуш болу ши могlа балабо авторо, дlадолор чекхдаьлча:

Нохчийчоь, латта хьо, серлонан хlордах,
Эзар шо даьлча а яха ца кlордош…

Нагахь дlадолор биъ могlанех лаьтташ делахь а, стихотворенин коьрта чулацам буьйцуш йолу байташ бархl могlанех лаьтта. Хlокху могlанашкахь поэто дуьйцу Нохчийчу вогlучунна некъаш диллина хилар, массо мехашна дlайиллина вайн Даймехкан неlарш, дикчу а, вочу а дехьа-сехьара хьоькхучу мехашна. Ткъа

оцу мехашца вайн махка кхочучу наха тайп-тайпана лараш йитна шайн Iалашоне, шайн оьздангаллин сурт-сибате хьаьжжина:

Мостагlа вогIур ву – дуьсур ду дерташ,
Дуьсур ду хьан лекха, хьан хаза бердаш,
Хьаша-да вогIур ву – юьсур ю марзо,
И марзо елхайо хьан ломахь барзо,
ГIелашна гIергIачу курачу сайно,
ЦIе йоцчу коша тIехь даьллачу стайно.
И марзо елхош ду сан хIора дош а,
Хьан дато некъаш а, момсарийн бос а…

Схьадиллинчу некъашца гуттар а ца вогIу мостагI. Хьаша-да кхочу, хьешашна диллина ду вайн кевнаш. МостагI вар, цо дохьуш долу зуламаш шина могIанца дIадерзадо поэто. Хьешо йохьучу марзонах, хьешийн лорах, цуьнца долчу беркатах лаьцна ялх могIанехь дуьйцу цо. Цуьнца цхьаьна цо гойту хьаша-да вар, дехьа-сехьарчу къаьмнашца дика юкъаметтигаш лелор – мехкан аматан коьрта хьаьрк а, билгало а хилар. Хьаша-да ларар вайн къоман деза хилар гойтуш, Аптис васташца билгалдоху. Масала:

Хьаша-да вогIур ву – юьсур ю марзо,
И марзо елхайо хьан ломахь барзо...

Нохчийн фольклорехь, мифологехь борз деза лерина экха ду. Берзан цхьайолу амалш гергара ю нохчийн къоман амалшна: маршо езар, борз караIамо йиш цахилар, майралла. Накъостех, шен хиллачу маьршачу дахарх хаьдда, цхьалха йисначу барзо (къомо) елхайо, боху поэто, марзо. «ГIелашна гIергIачу курачу сайно» – хIара васт а ду нохчийн фольклорера. «Сай» илли тIера схьаэцна и васт. Кхузахь «гIелашна гIергIачу сайно» бохург марзонах, накъостех хадар, царна сатийсар ду. Нохчийн ширчу Iер-дахарца доьзна долу васт даладо поэто кхидIа: «ЦIе йоцчу коша тIехь даьллачу стайно». Стовн дечиг, цIулла дечиг, цу тIера стоьмаш беза лоруш бу нохчийн, къоман уггар а сийлахьчу, маьIнечу хьаьркех доьзна ду и васташ. Нохчийн фольклорера схьаэцна долчу оцу васташа гергаялайо Бисултановн и стихотворени халкъан дахарна.

ТӀаьххьара марзонца йолу шен тема дӀаерзош, Аптис хьахадо дош. Даше болу лерам чӀогӀа хилла вайн дайн. «Дош дош дац, дуй дуй бацахь» олуш а хилла, дош, деллехь, лардан дезаш хилла. Авторо дош хьахор ларамза дац, ша язъеш йолчу байташца дусту цо и дош. Вайн дайша, шаьш хала дахар токхуш, адамаллех ца бухуш, къизалле шайн дегнаш йийсаре ца лоцуьйтуш, ларийна йолу марзо адамашна юкъахь яржо, йийца тӀедожадо цо шена а, иза илланчин декхар а лорий. И сийлахь марзо цунна го буса беттан сино серладаьхначу, нохчийн лаьмнаш хедош Ӏохкучу некъашкахь, и марзо а, синан кӀорге а го бусалба динехь (маьждигийн момсаршкахь) а.

Хьалхара байт дӀаерзош авторо даладо рефренехь декаш долу могӀанаш, иза тера ду илланчо шен цхьа маьӀна чекхдаьллачул тӀаьхьа кхидӀа чулацам бастале кечлуш бекочу пондаран аьзнех:

Нохчийчоь, латта хьо, серлонан хӀордах,
Эзар шо даьлча а яха ца кӀордош…

ШолгӀачу байтехь поэто билггал лирически турпалхочун дахар, цуьнан кхоллам буьйцу Даймехкан васташца цхьаьна. Даймехкан историн къиза агӀонаш билгалйоху цо, поэтан кхоллам Даймехкан дахарца ийна хилар гойтуш. Нохчичунна, лирически турпалхочунна (кхокханан кӀорни) Даймахке сатийса жимчохь дуьйна дезна хилар. Нохчийн нана кхокханца юсту поэто.

Пен боцчу хӀусамехь, тхов боцчу кхерчахь,
Да воцуш кхиъна со, хьан цӀарах хьерчаш.

Оцу дешнашкахь боккха исторически чулацам бу. Вайна дагабоуьйту нохчийн къомана тӀехӀиттина болу дуккха а историн Ӏоттабаккхамаш, бохамаш. Нохчийн берийн дуьнен тӀе девлча дуьйна, тӀера дай хӀаллакбина, царах хьега дезар, къизалла, хало лан езар, маьршачу дахаре сатуьйсуш, Нохчийн къам шовзткъе итт шо мел дели а, шайн дайша гулдинарг, хьал-бахам, хӀаллакьхуьлий, юхадоло дезаш хилла. Иштта хилла авторан чкъурах болчу нехан кхоллам а. Дерриг халкъ цӀера а даьккхина, юха цӀа далийча кога-

метта ца хIуттуш, «пен боцчу хIусамехь», «тхов боцчу кхерчахь» хьалакхиа дезна церан. Материальни культурица цхьаьна яйна синан культура а, чкъураш юкъара зIе а хедаш. Дахаран халонаш царна йицйолуьйтуш, Даймахкахь хилчахьана тоьуш, хьанал къахьоьгуш баьхначу нехан кхоллам бу поэто, шен лирически турпалхочун хилла бохуш, буьйцуш:

Хьан бIаьвнийн херцаршлахь бецан хал санна,
Хьан серло тергалъян ма дезна сан а,
Хьан стиглахь аьрзунийн мохь санна шийла,
Со а дIавовр ву цкъа, тийналлех ийна…

Бецан хал санна, экама, гIо доцуш, доло да воцуш хьалакхиъна, ден безам а, цуьнан йовхо а бIаьвнашца, Даймахкаца гуш. «БIаьвнийн херцарш» вастаца поэто гойту, дIадевллачу шераша, вайна тIехIиттинчу бохамаша вайн бIаьвнаш, вайн хилла дахар, херцарш бен ца юьтуш, дагалецамаш бен ца буьтуш, хIаллакдина хилар. Амма и ерриг а халонаш – тIехь да воцуш кхиар, шело, цхьалла – дерриг а хIума ловш ваха кийча ву лирически турпалхо, шена Дала беллачу кхолламна реза а хилла, беккъа цхьа лаам кхочушхилчахьана:

Нохчийчоь, латта хьо, серлонан хIордах,
Эзар шо даьлча а яха ца кIордош…

Оцу дешнашца дIаерзайо поэто шен говзар.

ТIаьххьарлерчу ерзоран байтехь, шаьш дIадахча а, шаьш яздина могIанаш дуьсур ду, боху авторо, цуьнца цхьаьна шен байтан мах хадабо цо, дешан мах беза хилар гойту. Адамийн дахаран оьмарел а еха хан ю дешан. Билггал нохчийн къоман аматаш – дерриг а вайн дахар чулоцуш долу дешнаш, наха дола деш, гергара нах тIебогIуш кешнийн баьрзнаш – дуьсур ду, дуьсур ду доIанийн аьзнаш, нохчийн гIиллакхехь ду кешнашна тIехволучо доIа деш кешнийн охIланна, зуькарийн шовкъаш, назманаш олуш.

Стихотворенин чулацам кхин тIе а кIаргбо «юьсур ю тхан дагалецамийн овкъарш» дешнаша. Церан маьIнех иштта кхета: хIокху

дуьнен чохь массо хIума довш ду, амма дуьсур дерг ду адамийн вовшашца йолу марзо, лерам, Далла Iамал яр, беллачийн сийдар. И къоман сийлахь-деза хьаьркаш дуьсур ду, боху Бисултанов Аптис, чкъураш хийцаделча а. Вай мел хьахийна йолу и сийлаллаш шена чулоцуш ю, боху поэто, Нохчийчоь, цундела иштта ерзайо цо шен байт:

Нохчийчоь, латта хьо, серлонан хIордах,
Эзар шо даьлча а яха ца кIордош…

### *Хаттарш, тIедахкарш*

1. Стенах лаьцна ю стихотворени?
2. ХIун Iалашо йолуш язйина поэто стихотворени?
3. Муьлхачу вастех пайда оьцу поэто Даймахках лаьцна дуьйцуш?
5. МаьIна даста поэто юх-юха балочу шина могIанан:

...Хьо йиса, Нохчийчоь, серлонан хIордах,
Эзар шо даьлча а яха ца кIордош…

6. Стихотворенин хьалхара биъ могIа Iаламан сурт гойтуш, дешархойн ойла цхьана билггалчу хорша ерзо Iалашонца язбина бу. Билгалъяккха и Iалашо.
7. Къастае кхоалгIачу байтехь поэто юьйцу Даймехкан, Iаламан билгалонаш.
8. Карабе лирически турпалхочун шен кхоллам буьйцуш яздина могIанаш.
9. Заманаш дIаэхарх ца довш, гуттаренна Даймехкан хIун аматаш дуьсур ду, боху поэто?
10. Стихотворени дагахь Iамае.

### *Исбаьхьаллех дийца вай*

1. Муьлхачу стихкIотторан барамехь язйина ю стихотворени?
2. Муьлха кеп хаьржина поэто могIанийн цхьатера чаккхенаш нисъяран (рифма яран)?
3. Билгалъяккха стихотворенехь могIанаш байташка декъаран (строфикин) башхалла.
4. ХIун маьIна леладо стихотворенехь юх-юха далочу могIанаша (рефрено)?
5. Билгалдаха поэто нохчийн барта кхоллараллера схьаэцна васташ.
6. ХIун маьIна леладо стихотворенехь хьахочу дешнаша: «барзо», «гIелашна гIергIачу сайно», «цIе йоцчу коша тIехь даьллачу стайно»?
7. ХIун маьIна леладо стихотворенехь «эзар шо» терахьо?
8. Билгалбаха поэто стихотворенехь пайда эцна исбаьхьаллин гIирсаш.

## «НАНА» стихотворенин маьIна а, исбаьхьаллин башхалла а

Нохчийн а, иштта кхечу къаьмнийн поэтийн хIораннан а хир ю ненах лаьцна стихотворени. Амма хIора поэтан шатайпа хуьлу и тема ястаран кеп.

Бисултанов Аптин «Нана» стихотворени кIентан нене безам буьйцуш язйина ю. Авторо тидаме эцна ненан дахаран уггар а гIийла, гIорасиз болу дахаран мур – къаналла. Иза уггар чIогIа ненан шен беран къинхетам оьшуш зама ю. Ненан дахаран и хан билгалйоккхуш авторо даладо оцу заманан билггал долу аматаш: Iаса, беса лами, къора уьйтIе. Iасанца юсту лирически турпалхочо шен цхьалла. И дерриг а аматаш, васташ дуьзна ду цкъа а дIаер йоцчу къастаран гIайгIанах:

Iуьйренан гIайгIа ю стигалан ами,
Суьйренан гIайгIа ю хьан беса лами.
Вахаран гIайгIа ю хьан къора уьйтIе,
Нана, цу гIайгIанах со къаьстар вуй-те?!.

ХIокху могIанашкахь гучудолу автор байт кхуллуш нохчийн барта кхоллараллин суртхIотторан гIирсашна тIетийжаш хилар. «Iуьйренан гIайгIа, суьйренан гIайгIа» могIанаш нохчийн илли тIера ду. Амма уьш авторо керлачу чулацамца, керлачу басаршца тIедузу. Поэто стихотворенин шолгIачу байтехь билгалбоху ненан гIорасизалла бахьанехь хилла хийцамаш. Хууш ма-хиллара, кхерчан, цIийнан нана йолчохь йовхо, марзо хуьлу. Цундела хьеший а лаьтта цу хIусамехь, ткъа нана гIелъелча, хьаша-да валош болу кетIа мел богIу некъ акхаболу. Кертахь йолчу йоккхачу стеган гуттар а тидамехь хуьлу доьзалехь лело дезаш долу ламасташ: пIерасканан буьйса ларъяр, ков къовлар-деллар, амма хIинца, нана чохь йисча, пIераска а пебетта даьлла. Авторо юха а хьахайо Iуьйренан а, суьйренан а гIайгIа. Амма хIокху байтехь ненах йолу ойла, цунах болу сингаттам кхечу васташца билгалбоху цо:

Iуьйренан гIайгIа ю ков делла дезар,
Суьйренан гIайгIа ю хьох дисна дезарш.

Шен формица, куц-кепаца, чулацамца шатайпана стихотворени ю «Нана». Ненан васт дуьйцуш авторо ялайо бакъболчу нохчийн доьзалан дахаран билгалонаш: нана, шен доьзалан дола деш, хьанал къахьоьгуш, Далла Iамал еш, ламазца, мархица хилар, цо нохчийн гIиллакхаш шен доьзалехь лардар, доьзалан хьашташна хьалатаIа йиш йоцуш денна а къахьегар, шайн ненан ойла еш, цуьнан лааме хьаьжжина кIант, доьзал хилар.

Стихотворени йиъ гIулчан дактилан барамехь язйина ю, хIора могIанан чаккхенехь цхьацца дещдакъа эша а деш. Шина могIанехь льтташ ю строфика, чIагаре рифма а ю: юх-юххера могIанаш вовшашца рифма еш ду. Авторо пайда оьцу эпитетех: беса лами, къора уьйтIе, къаръеллла зама; дустарех: Iаса санна, ойла санна; метафорех: пIераска вайн цIенна пебетта даьлла, некъ акхабаьлла.

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Ненан дахаран муьлха мур бу поэто тидаме эцнарг?
2. Муьлхачу васташца гойту поэто шен нене болу безам?
3. Стихотворенехь ненах болу къинхетам а, къаста дезаран гIайгIа а муха гайтина поэто?
4. МаьIница даста могIанаш:

   Хьо ара ца йолуш йисина аьлла,
   Вайн кетIа мел богIу некъ акхабаьлла.

5. Дагахь Iамае стихотворени.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Муьлхачу стихкхолларан барамехь язйина стихотворени?
2. Билгальяккха рифма яран кеп.
3. Муьлхачу исбаьхьаллин гIирсех пайда эцна поэто?
4. Билгальяха стихотворенехь йолу эпитеташ.
5. Схьакараде стихотворенехь долу дустарш.
6. МаьIна а достуш, талла могIанаш:

   Хьо ара ца йолуш йисина аьлла,
   Вайн кетIа мел богIу некъ акхабаьлла.

   Хьан сагIа юкъаха дисина аьлла,
   ПIераска вайн цIенна пебетта даьлла.



**ЦУРУЕВ Мовлдин
Шарип**

***(1963)***

## Дахаран а, кхоллараллин а некъ

Нохчийн поэт, публицист, литературин критик, гочдархо Цуруев Шарип вина 1963-чу шеран 20 январехь Гуьмсан кIоштарчу Лаха Гезлой-Эвлахь.

1980-чу шарахь чекхъяьккхина юьртара юккъера школа.

1981–1983-чу шерашкахь гIуллакх дина эскарехь.

1988-чу шарахь чекхъяьккхина НГIПУ-н филологин факультет.

Белхаш бина школехь, хьехархойн институтехь, хьехархойн училищин директоран, «Васт», «Даймохк», «Хьехархо» газетийн коьртачу редакторан даржашкахь, «Орга» журналехь, НР-н Iилманийн Академин «Таллам» журналан жоьпаллин редактор, НР-н хаамийн, зорбанан министерствехь.

Россин яздархойн Союзан а, Россин журналистийн Союзан а декъашхо ву Шарип.

Язъян волавелла шийтта шо долуш. Дуьххьара зорбане ваьлла 1977-чу шарахь. ХIетахь дуьйна цуьнан говзарш зорбане йийлина республикин журналашкахь, газеташкахь. Авторан цхьайолу произведенеш гочйина оьрсийн, балкхаройн, хIирийн меттанашка.

Цуруев Шарип автор ву иттех коллективни гуларийн. «Йисалахь, Нохчийчоь» (1992), «Тешалахь, Даймохк» (2002), «Цхьа мерза-гIайгIане мукъам» поэтически книгаш арайийлина цуьнан. Иштта дуккха а Iилманан, бIеннаш публицистикин статьяш, очеркаш, интервьюш язйина цо нохчийн, оьрсийн меттанашкахь.

## Цуруев Шарипан поэзин башхалла

Цуруев Шарипан поэзин шатайпаналлех яздо Іилманчо Дадашев Райкома:

«Исбаьхьаллин вастийн, басарийн шорто хилла ца Іаш, Шарипан стихаш тІехь вайна къеггина гуш ю иштта цуьнан граждански позици. Иза шен къоман, шен мехкан кІант хилар ду. Къам холчахь хилча – Шарип холчахь ву, къомехь бала хилча – иза а балехь ву. Даймахка бала боьссича, иза юьстахсецна вац. Иштта киртиг тІекхаьчча, «бІарзвелла, лоьху цо некъаш…». Иза тешна ву:

Вайн эхь-бехк, вайн сийлахь гІиллакхаш,
Вайн яхь а, вайн оьзда мотт а,
Ларбеллехь, ларлур ма хилла-кха
Вайн синош, вайн нохчийн мохк а…

*(«Вайн эхь-бехк, вайн сийлахь гІиллакхаш…»)*

Шен башхаллаш йолуш, шен хотІаца кхечу поэтийн кхоллараллех къаьсташ ю авторан безаман лирика. Нохчийн гІиллакхах ца вухуш, кІорггера юьйцу цо шен цІенчу безаман керла агІонаш, гІийла аз декош хозуьйту шен деган, безаман мукъам. Цунна цхьатерра исбаьхьаьллица гайта хаьа, тешнабехко ницкъ бина, гІаддайна хьийза дог а, безамо тІемаш делла, Іаьршашка хьийза ойла а. Цунах лаьцна цо ша дика аьлла:

– Бекаш бу, бекаш бу цхьа мерза-гІайгІане мукъам,
Ахь серладаьккхинчу син мерзаш тІехь лоькху мукъам…

Шарипан поэзехь кІорггера философи ю, цо, чолхе хаттарш хІиттош, царна жоьпаш лоьху, иза дешархочун тІегІан тІе вала ца гІерта. Цо дешархо шен лаккхарчу тІегІан тІе хьалавуьгу:

– ХІара дуьне лаьттар ду хьуна,
Ду моттарх, цхьанне а доцуш…
ХІара дахар хаттар ду хьуна,
Шена жоп каро йиш йоцуш.

*(«Ма леха, цкъа а ма леха…»)*

Цуруев Шарипан поэзин шен хьежам бу литературоведан Гайтукаев Асламбекан:

«Цуруев Шарипан тоьллачарех лара хьакъ ю «ТІаьххьара нохчий...» байт. ТІаьххьарчу шерашкахь дуккха а хийцамаш шеца болчу муьран теш волчу цо шатайпанчу поэтически кепаца гойту схьахІоьттинчу хьолан сурт. ТІаьххьара яхьйолчу къонахийн барам лагІлуш хеталуш, махкахь гІайгІане сурт хІуттуш го поэтана. Оцу къонахашца дІаваха (дІаван) ирс доцуш висарна вогуш а, доьхначу дийнахь йоьхначу ойланца а ву автор. И ойла, и гІайгІа, и сагатдар дешархочуьнга кхачийта, вай а ойлане даха хьожу поэт. Леррина ойла ярца и дешнаш дешнарг дахаре бендоцуш хьоьжур вац аьлла, чІагІдан мегар дара.

Цара гойту лазам, цхьана Нохчийчохь хилла ца Іаш, цуьнан дозанал генна арахь хилар. Дайна а, довш а къаьмнаш ду вайн дуьненахь. Адамаш шайн орамех дІахедарна болчу кхерамах вай лардан орцахваьлла поэт.

Массо хенахь а хІумане шен хьежам болуш, диканиг, оьзданиг, даха хьакъдерг лардан, кхио дезарна а сагатдеш, цу хьокъехь шен говзачу дашца вистхуьлуш схьавогІу, ала мегар ду, Цуруев Шарип. Дуккха а вайн лазамийн, баланийн бух, бахьана – хьарам-хьанал къастош цахиларехь, ахчанах Іехалуш дохкодаларехь, нийсо цаларъярехь хилар гойту цо ша Нохчийчоьне дечу къамелехь:

...КІиллоша йоьхки хьо шайнех,
ЦІубдарша муьйлу хьан цІий...
...Букъ туьйхи – катоьхначара,
ЦІе туьйхи – цаезачара...

Поэт гІайгІане во «тийжаро-делхаро», «харцоно», «зуламо шовкъе бугІучу букар бохьо». Маьршачу, машаречу стеган дешнашца Шарипа Нохчийчоьне боху:

Лардала йиш хилча, хьанна
Оьшу, со велла хьо йисар?
Кхин вониг – хьо елла висар?

Поэтана гарехь, вайна оьшу тешар, эшам йоццачу ханна буй хаар, болх Далла тІе биллар, Даймехкан рицкъ а, ницкъ а Везачу Делехь буй хаар. ТІаккха зуламхой ларор бац Даймехкан «Сийца,

Сица». Ира хьекъал а, философски ойла а, хьежам а болчу поэто вайга даха кхойкху; доха а ца духуш, вайн гIиллакх-оьздангалла ларъяре, халонашна бIоцакъажоре кхойкху:

Гергарчу, генарчу лулахойх
ДоттагIий хир бац, вай толахь бен,
Доха ма доха – бохь богIа,
ШайтIа а, мостагI а вохавеш.

Поэтана дика го хабаршка дирзина гIуллакх, дукха дуьйцучу хабарша дан гIо доций, «цкъа хабарш хебаршка довлахьара-кх», боху цо.

«Тешалахь, Даймохк...» стихийн гулар язъярца Цуруев Шарипа довзийти шен керла, нийсонан, цIена, онда, ира, дуьззина, шовкъе, амма чов-чардо шеца доцу вайн хиллачуьнга, тахантене, хиндолчуьнга, доглозуш бIаьрг а тоьхна, аьлла дош. И дош тахана кхолладелла дац, цуьнан «эзар» шо ду, хIунда аьлча:

Билгалдан йиш яц сан, мел деха шо,
Син оьмар яц хан, йоккхург дегIа чохь.

Поэтан лирически турпалхочунна хаьа, ша мила ву, хьенан верас ву, девза шен декхарш. Цуьнгахь беха Даймохк безаш беллачаьрга (мел бу уьш!) безам. Цуруев Шарипан стихаша, авторан дог-ойла, хьежар гайтина ца Iаш, гойту къоман башхалла, диканиг, вониг, адамийн дахар – шен хиллачу низамах, къепенах тIаьхьарчу шерашкахь доьхна хилла долу.

Къизачу тIамо, бохамо, балано поэт ца вожийна, иза нацкъар ца ваьлла мехкан гIуллакхашна, нийсонан, бакъдолчун толамах дог ца диллина цо:

Хьан чевнаш дебачу дийнахь,
Хьан лазар чIагIделча некхехь,
Нохчийчоь, сан Даймохк сийлахь,
Со ву хьан кхолламан декъехь...

Вай лакхахь цIе яьккхинчу гуларна юкъахь тоьллачарех ю «Тешалахь, сан Даймохк, тахана тешалахь…», «Вайн эхь-бехк, вайн

сийлахь гӀуллакхаш...», «Нохчийчоь», «Кирхьа», «Нохчийчоьне», «ТӀаьххьара нохчий...» стихаш.

Кхин цхьа башхалла а ю Цуруевн кхоллараллин. Оьрсийн маттахь стихаш язъярца ша зен воьлла иза тӀаьхьарчу хенахь. Уьш а лакхарчу говзаллица язйина ю. Цара авторан дешархой совбаьхна».

Яздан буьйлалуш болчу а, шуьйра бевзачу а кхоллараллин нахаца шуьйра уьйраш, зӀенаш ю Шарипан. Поэте ладоьгӀча, цуьнан говзарш ешча, хетало, нохчийн, оьрсийн, кхечу мехкашкарчу къаьмнийн литература а, бевзачу философийн, хьехархойн, Ӏилманчийн белхаш а иза массо хенахь боьшуш ву аьлла. Дика ойланаш кхуллуш, дешархо кхиош, иза, ойла еш, сема хиларе кхойкхуш могӀанаш кӀезиг дац поэтан тоьллачу стихашна юкъахь.

## «НОХЧИЙЧОЬНЕ» стихотворенин маьӀна а, исбаьхьаллин шатайпаналла а

«Нохчийчоьне» стихотворени шен Даймахке вистхиларан, дагаваларан кепехь язйина ю. Хьалхарчу байтехь поэто шен стихех гӀийла назманаш олу. Цуьнца цхьаьна цо гойту шен кхоллараллех тоам бина цахилар. Иштта алар нохчийн гӀиллакхца догӀуш ду. Стихотворени дӀайолало поэто Даймахкана хьалха хӀитточу хатторшца. Массо а хаттарийн цхьа маьӀна ду: шен ойланийн стоьмаш къобалбийр буй-техьа нана-Нохчийчоьно. И хаттарш жоп доцуш дуьтий, стихотворенин шолгӀачу строфахь шен Даймехкан муьлхха а маьӀне хьаьрк хилла ша ваха резахилар, ваха лууш хилар билгалдоккху поэто. Цхьа а даржаш, сийлаллаш ца оьшуш:

Хьан хьуьн чохь, хьан диттан
ГӀа хилла, лестар ву,
Хьан ломахь, са доцу
Чхар хилла, лаьттар ву,
Лома кӀел, шовданан
Цинц хилла, лепар ву,
Хьан арахь, зов-механ
Йиш хилла, вехар ву.

Оцу дешнашца поэто билгалбоккху шен Даймахке болу йист-йоцу безам. Шен махкахь, мухха а хилла а, къомана пайдехьа хилчахьана, тоам беш ву, боху ша. Стихотворенин кхоалгIачу байтехь авторо даладо символан маьIнехь аьрзунах а, дитттах а долу васташ, лакхенах хердинарг аьрзу цахилар а, орамаш хедийнарг дитт цахилар а билгалдоккхуш. И васташ даладо поэто Аьрзуна стигал санна, диттана орамаш санна, шена Нохчийчоь оьшуш хилар, ша Нохчийчоьнах ийна хилар билгалдоккхуш. Стихотворенин ерзоран байтехь юха а Нохчийчоьне вистхуьлу поэт. Цо чIагIдо:

Маьршачу хьан сих шен
Са долуш волу кIант,
Ша эла хилла бен,
Ваха хьакъ вац.

Поэто *эла* дош хьал-бахам болу стаг бохучу маьIнехь далийна дац. Эла кхузахь лаккхара оьздангалла а йолуш, шен халкъан, шен мехкан декхарш тIехь дуйла а хууш, уьш кхочушдан къахьоьгуш волу стаг ву.

Стихотворени пхеа строфах лаьтташ ю. ХIора байт бархI могIанах лаьтташ ю. Шина гIулчан дактилан барамехь язйина ю стихотворени, жIарийн рифма яран кепехь. Поэто пайда оьцу тайп-тайпанчу исбаьхьаллин гIирсех, масала, эпитетех: «гIийла наз-манаш», «деган кхайкхамаш», «садоцу чхар», «шовданан цинц», «маьрша са». Иштта символан маьIнаш долуш ду поэто ялийна Iаламан билгалонаш: «гIа, чхар, аьрзу, дитт».

***Хаттарш, тIедахкарш***

1. Стенах лаьцна ю стихотворени?
2. Муха гойту поэто Даймахке болу шен безам?
3. ХIун хаттарш хIиттадо поэто Даймахке вистхуьлуш?
4. Чулацаме талла а толлуш, дийца цунах лаций.
5. Дагахь Iамае стихотворени.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Муьлхачу исбаьхьаллин гIирсех пайда оьцу поэто шен стихотворенехь?
2. Билгалъяха стихотворенехь эпитеташ.

3. Билгалдаха стихотворенехь символин маьIнехь далийна дешнаш.
4. Муьлхачу стихкхолларallин барамехь язйина поэто шен стихотворени?
5. Билгальяккха стихотворенин рифма яран кеп.

## «ЙИСАЛАХЬ, НОХЧИЙЧОЬ» стихотворенин исбаьхьаллин шатайпаналла

«Йисалахь, Нохчийчоь» стихотворенехь поэто буьйцу шен Даймахке болу безам. И тема керла яц нохчийн поэзехь, амма хIора поэтана шатайпа басарш, васташ карадо Даймахке болу безам гайта.

Цуруев Шарипан «Йисалахь, Нохчийчоь» стихотворени шатайпана ю чулацамца а, куц-кепаца а. Стихотворени дIайолало «хIумма а дац, хIумма а дац» дешнашца. И дешнаш юх-юха а даладо поэто, уьш далорца шен ойла кIаргъеш, синхаамийн Iаткъам совбоккхуш. Хьалхарчу строфахь авторо чIагIдо Нохчийчоь шиъ хилар, массеран а – гонаха ерг, ткъа поэтан шен даг чохь долу Даймехкан васт:

Нохчийчоь шиъ ма ю –
Цхьаъ ю ша йолуш ерг,
Важа – сан даг чохь ерг…

ШолгIачу байтехь авторо билгалдоккху царна юккъехь башхалла хилар а, хIетте а и ший а цхьаъ хилар а, хIунда аьлча и ший а поэтана гергара а, хьомсара а ю. КхидIа долчу могIанашкахь поэто чIагIдо:

ХIумма а дац, хIумма а дац
Со валарх, висарх а,
Со саннарш дукха бу,
Нохчийчоь цхьаъ бен яц…

Оцу дешнашца поэто чIагIдо муьлххачу а цхьана стеган дахарал деза ду Нохчийчоьнан, нохчийн къоман дахар.

Цундела боху ас,
Дуккха а заманна
Сайл тIаьхьа хьо юьтуш,

Дlакхалха ирс делахь,
Йисалахь, Нохчийчоь.

Ткъа мича кепара, мича куьцехь йиса лаьа поэтана шел тlаьхьа Нохчийчоь? Цу хаттарна жоп луш, поэто боху:

Духарш хьайн хийцахь а,
Амат ма хийцалахь,
Хьайн бос ма хийцалахь.
Доьху ас, кхуьйлу ас –
Йисалахь, Нохчийчоь!

«Духарш хьайн хийцахь а, амат ма хийцалахь» дешнашца авторо билгалбоккху шен сийлахь-боккха лаам. Замане хьаьжжина хийцамаш хуьлу хlора махкахь а, хlора къомехь а. Амма иза коьрта дац. Коьрта поэтана («амат ма хийцалахь») мехкан а, къоман а са, цуьнан мотт, гlиллакх-оьздангалла ю. Даймехкан коьрта и билгалонаш мел ю, Нохчийчоь ехар ю гуттар а санна.

Стихотворени язйина 1991-чу шарахь. Цу хенахь Нохчийчоьнна тlехlоьттина кхерам бацара, йиса я яха боху киртиг яцара. Амма и киртиг кхо шо даьлча тlехlоьттира, нохчийн къомана коча беара къиза тlом. Хетарехь, поэтан синхьехам хиллачух тера дара къомана тlекхочур болчу бохамех. И иштта хир ду бохуш хьоьхура къам декъадаларо а, къоман барт бохаро а.

Стихотворени шина гlулчан дактильца язйина ю, строфашка екъна яц, амма иза деа декъе екъа тарло хlора декъа хьалха «хlумма а дац, хlумма а дац» могlанаш рефренца далош хиларца. Рифма яран кеп, коьрта долчунна, чlагаре ю, юх-юххера могlанаш вовшашца рифманаш еш ду. Ткъа рефренна балош болу могlа, рифма йоцуш, цхьалха бу. Стихотворени ерзайо поэто Нохчийчоьне вистхуьлуш, дехар деш: «Йисалахь, Нохчийчоь».

***Хаттарш, тlедахкарш***

1. Стенах лаьцна ю стихотворени?
2. Билгалдаккха стихотворенин коьрта маьlна.
3. Муха кхета шу «Нохчийчоь шиъ ю» дешнех?

4. МаьӀна деш, даста дешнийн маьӀна:

Со велча, соьцанна
Нохчийчоь цхьаъ бен лац.
Гонах ерг лахь, тӀаккха
Лийр ю сан даг чохь а…

5. Стихотворени дагахь Ӏамае.

***Исбаьхьаллех дийца вай***

1. Билгалдаккха дешнийн тӀедеана маьӀна:

Духарш хьайн хийцахь а,
Амат ма хийцалахь,
Хьайн бос а ма хийцалахь…

2. Стихкхолларан муьлхачу барамехь язйина ю стихотворени?
3. Муьлхачу рифма яран кепах пайда эцна поэто?

## СОДЕРЖАНИЕ


Нохчийн меттан дешан мах ... 3
Арсанов Арсанбекан СаьIид-Бей ... 5
Романах кхетамбалар ... 10
Мамакаев Iамин Мохьмад ... 22
Гадаев Мохьмад-Салахь ... 44
Гайсултанов Эдилсултанан Iумар ... 62
Эдилов Эдалан Хасмохьмад ... 82
Яшуркаев СайдаIелин Султан ... 103
Исмаилов ТIурин Абу ... 115
Абдулаев Шарипан Леча ... 126
Бексултанов (Адамов) Мозин Муса ... 141
Ялиев Сардал-Iелин Юсуп ... 151
Ахмадов Мохьмадан Муса ... 162
Эльсанов Исраилан Ислам ... 173
Бисултанов Дибин Апти ... 186
Цуруев Мовлдин Шарип ... 199



**Учебное пособие**

**Ахмадов Муса Магомедович, Алиева Зарина Лом-Алиевна**

**ЧЕЧЕНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА**

**10 класс**

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Гл. редактор Т.И. Бураева
Художественный редактор Э.Д. Дадакаева
Технический редактор Т.И. Бураева
Верстальщик Р.Х. Моусарова
Корректор З.С. Бексултанова

Подписано в печать 22.08.2019. Формат 60x84 $^{1}/_{16}$. Усл. печ. л. 12,09.
Гарнитура Times New Roman. Тираж экз 10180. Заказ № 0809.

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35

